ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

*Наукон-методикон журнал*

# РУХСТАУÆГ

## 1 (2014)

Дзæуджыхъæу 2014

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Сæйраг редактор*** – Майрæмыхъуаты Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Дзытиаты Эммæ, Исахъты Людмилæ, Кцойты Маринæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ, Хозиты Эльвирæ, Хъамболты Тамерлан, Цопанты Ритæ.***

© СО РИПКРО, 2014
©ИПК «Литера», 2014

**НОМЫРЫ ИС:**

# ИНСТИТУТЫЛ СÆХХÆСТ 75 АЗЫ

**АРФÆТÆ, АРФÆТÆ, АРФÆТÆ**.....9

# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ

**2014 АЗЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ХУЫЗДÆР АХУЫРГÆНÆГ**.....10

**ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ ÆРЫГОН**
**АХУЫРГÆНДЖЫТЫ НОГ ФЕМБÆЛД**.....12

# АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

Куыдзойты Анжелæ.
**АИВАДОН ТЕКСТЫ ЛИНГВОСТИЛИСТИКОН**
**АНАЛИЗ ХИСТÆР КЪЛÆСТЫ**.....14

Асаты Наталья, Томайты Роксанæ
**НÆРТОН ДУНЕЙЫ КОНЦЕПЦИ ДЖУСОЙТЫ НАФИЙЫ**
**РОМАН «СЫРДОНЫ ЦÆССЫГТЫ»**.....19

Дзодзыккаты Заидæ, Хъулаты Мæдинæ
**ИРОН АДÆМЫ ЦИНЫ ХЪУЫДДÆГТЫ ЛЕКСИКÆЙЫ**
**АРÆЗТ ÆМÆ РАВЗÆРДЫ ТЫХХÆЙ**.....23

Бежаты Фаризæ
**НАМЫСОН-ЭТИКОН ПРОБЛЕМÆТЫ НЫВÆСТ**
**САНАТЫ УАРИЙЫ ТАУРÆГЪТЫ**.....29

Гуæздæрты Азæ, Созаонты Наталья
**НÆРТОН ЛÆДЖЫ УДЫХЪÆД ÆМÆ ЙÆ АИВАДОН РАВДЫСТ**.....34

Уалыты Татьянæ, Хъайттаты Мæдинæ
**РЕФЛЕКСИ КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ ИРОН КÆСЫНЫ УРОКТЫ**.....38

Исахъты Людмилæ, Солтанты Джульетæ
**НОГ АХУЫРАДОН СТАНДАРТМÆ ГÆСГÆ**
**АРÆЗТ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК**.....41

Гасанты Валерий
**ПЛИТЫ ГРИСЫ РАЙГУЫРДЫЛ СÆХХÆСТ 100 АЗЫ**.....47

## МЕТОДИУГОНДЫ РАЗАМОНÆГÆН

Хозиты Эльвирæ
**СКЪОЛАЙЫ (РАЙОНЫ) ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ МЕТОДИУГОНДЫ КУЫСТЫ ПЪЛАН 2014-2015-ÆМ АХУЫРЫ АЗÆН......51**


## СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

Гæбуты Неля
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ......54**

Ботъоты Иринæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ......59**

Къораты Жаннæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ......63**

Адеты Фатимæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 2-АГ КЪЛАСЫ......67**

Плиты Зæлинæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-ÆМ КЪЛАСЫ......70**

Козаты Альбинæ
**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ......73**

Гæззаты Татьянæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 4-ÆМ КЪЛАСЫ......77**


## ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

Цæрионты Мæдинæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 2-ÆМ КЪЛАСЫ......80**


## ФÆЛТÆРДДЗИНАД... БАФÆЗМ ÆЙ

Хъараты-Хуыгаты Жаннæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 2-ÆМ КЪЛАСЫ......84**

Хъараты-Хуыгаты Жаннæ
**КÆСЫНЫ УРОК 2-ÆМ КЪЛАСЫ......87**

Цæллагкаты Светланæ
**СЦЕНАРИ «ДЗЫРДАИВАДЫ ИРД СТЪАЛЫ»......90**

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

Битарты Светланæ
**ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ ЛЕКСИКÆЙÆ (5-ÆМ КЪЛАС)........................................................95**

Санаты Альбинæ
**ТУГЪАНТЫ МАХАРБЕДЖЫ РАЙГУЫРДЫ 130-АЗЫ ЮБИЛЕЙМÆ.............................102**

Плиты Людæ
**ЛИТЕРАТУРОН-МУЗЫКАЛОН КОМПОЗИЦИ......................................................................107**

Куыдзойты Анжелæ
**КОНТРОЛОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ (8-ÆМ КЪЛАС)..............................109**

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

Джериаты Мæдинæ, Майрæмыхъуаты Фатимæ
**ТЕКСТЫ ИУМÆЙАГ ÆВЗÆРСТ 5-ÆМ КЪЛАСЫ**
**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ.........................................................................................112**

Лохты Ритæ
**ТЕСТЫТÆ 11-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ......................................................115**

Боциты Альбинæ
**РЕБУСТÆЙ ПАЙДА КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ**
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ.....................................................................................................120**

Куыдзойты Анжелæ
**МЕТОДИКОН АМЫНДТЫТÆ 11-ÆМ КЪЛАСЫ**
**АХУЫРГÆНÆН ЧИНЫГМÆ....................................................................................................126**



## НÆ ЗЫНАРГЪ АХУЫРГÆНДЖЫТÆ!

*Ацы аз Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институтыл сæххæст 75 азы. Бирæ азты лæггад кæны институт ахуыргæнджытæн. Йе стырдæр хæсыл нымайы ахуыргæнджыты цæттæдзинадыл куыст, афойнадыл сын æмбæлгæ æххуыс бакæнын, иудадзыгдæр сæ фарсмæ æрбалæууын.*

*Нæ институты кусджытæ сæ хъус дарынц, ахуырады цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонмæ. Цæмæй ахуыргæнджытæ сæ урокты алыхуызон куысты хуызтæй пайда кæной, уый тыххæй цæттæ кæнынц ног мадзæлттæ методикон æххуыс бакæнынæн. Афтæ, институты æппæт кафедрæтæ дæр æмхуызонæй бавнæлдтой ног ахуырадон стандарты мидис, йæ хъуыды ахуыргæнджытæм фæхæццæ кæнынмæ.*

*Ныр цалдæр азы журнал «Рухстауæг» æххæст кæны фарны хъуыддаг – ирон æвзаг æмæ литературæйы теори æмæ методикæйы ног æнтыстытæ хæццæ кæны скъолайы ахуыргæнджытæм. Ацы хъуыддаджы нæ фарсмæ æрбалæууыдысты ЦИПУ-йы ирон филологийы æмæ педагогон факультеты ахуыргæнджытæ. Журналы фæрстыл нæ зындгонд ахуыргæндты куыстытимæ иумæ мыхуыргонд цæуынц скъолаты ахуыргæнджыты æрмæджытæ. Афтæмæй журнал баиу кодта республикæйы ирон ахуырад, фæндаг скодта ахуыргæндтæй ахуыргæнджытæм, сæ бастдзинад кæны тыхджынæй-тыхджындæр.*

*Нæ зынаргъ ахуыргæнджытæ! Ирон дзырды артдзæст хъахъхъæнджытæ! Ирон æвзаг рæзгæ фæлтæрæн сымах уарзын кæнут. Сымах сæм хæццæ кæнут ирон дзырды фарн æмæ намыс. Нæ зæрдæ уын зæгъы стыр æнтыстытæ. Намыс æмæ цытимæ бæрзонд куыд хæссат ирон дзырды хъару. Институты кусджытæ та кæддæриддæр уыдзысты уæ фарсмæ.*

***Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг,***
***Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ***
***уæлдæргæнæн институты ректор***
***ИСАХЪТЫ Людмилæ***



## АХУЫРГÆНÆГ

*Мæ ахуыргæнæг, арæх дæу фæмысын.*
*Мæ хъуыдыты, мæ рухс фæндты цæрыс.*
*Ды ферох дæ дæ ахуырдзаутæй, ма зæгъ.*
*Нæ фарсмæ, не стыр æнхъæлцау, цæуыс.*

*Мæн дамгъæтæн сæ асинтыл фæхуыдтай,*
*Мæ чингуытимæ де 'ххуысæй дзырдтон.*
*Дæ армæй мæ ныййарæгау рæвдыдтай,*
*Дæ цæсгомыл мæ царды фæд уыдтон.*

*Дæ цæстыты рæсугъд хъуыдытæ ахстон,*
*Уыдис дæ ныхас зарæгау мæнæн.*
*Мæ зарджыты дæ хъарм зæрдæ дæр хастон,*
*Æмæ гъе уымæн рухстауæг ысдæн.*

*Мæн никуы, никуы бауагътай фæкæлын.*
*Уыдтæ мын ныфс, цырагъ æмæ цæхæр.*
*Дæ кой æз арæх, тынг арæх фæкæнын,*
*Æнæниз æмæ амонддджынæй цæр!*

***Цæгæраты Гиго***

# НÆ УАРЗОН ИНСТИТУТЫЛ СÆХХÆСТ 75 АЗЫ

## АРФÆТÆ, АРФÆТÆ, АРФÆТÆ...

75 азы размæ райдыдта йæ куыст Республикæйы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институт. Бирæ азты дæргъы институты кусджытæ методикон æххуыс кæнынц республикæйы ахуыргæнджытæн, нæ фарсмæ æрбалæууынц, разæнгард нæ кæнынц удуæлдай куыстмæ, ахуырады цырагъы арт цырендæр кæнынмæ.

Зæрдиаг арфæ сын кæнæм сæ бæрæгбоны фæдыл. Нæ зæрдæ сын зæгъы, цæмæй цы арфæйаг хъуыддагыл лæуд сты, уым стыр æнтыстытæ сæ къухы бафта. Зæрдæрухс æмæ æнæнизæй кусæнт бирæ азты дæргъы.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ахуыртæ иууылдæр ахсджиаг сты, фæлæ уæлдай нысаниуæг ис мадæлон æвзаджы уроктæн. Уыдон сты æппæты зынаргъдæр, удæн адджындæр, зæрдæмæ хæстæгдæр. Уыдоны руаджы рæзгæ фæлтæр ахуыр кæнынц фыдæлты фæзминаг æгъдæуттыл, растдæр аргъ кæнынц æхсæнады фæзындтæн, сæ рæзгæ удты гуыры сыгъдæг уарзондзинад адæмы истори, культурæ æмæ æвзагмæ. Зæрдиагæй арфæ кæнæм Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты ректор, Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг Исахъты Людмилæйæн. Йæ удуæлдай фæллойæ Ирыстонæн лæггад кæны, ирондзинад йæ туджы æнхъæвзы, ирон æвзаг æмæ культурæйы кадыл кусы, æмæ Иры дзуæртты хорзæхæй хайджын уæд!

Бирæ ивддзинæдтæ цæуы абон ахуырады. Сæ пайдайæн æвдисæн уыдзæн рæстæг. Махмæ гæсгæ, ахуырады ног уылæнты уæндон къахдзæфтæ кæнын æппæты зындæр у институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы кусджытæн. Уыдоны раз ис уæлдай бæрнон хæстæ æвæрд. Нæй æвзагмæ гуымырийæ æвналæн, æгъдæуттыл уæлæнгайæ дзурæн. Хъавгæ æмæ хъуыдыгæнгæ хъæуы кусын, иумæйаг æвзаг ссарын ахуыргæнджытимæ, Ирыстоны æхсæнады минæвæрттимæ. Кафедрæйы кусджытæ æваллайгæйæ кусынц, сæ зонындзинæдтæ не 'вгъау кæнынц, алы ахуыргæнæджы чысыл æнтыстыл дæр зæрдиагæй бацин кæнынц. Уæдæ кафедрæйы кусджыты хъæппæрисæй цы методикон журнал «Рухстауæг» цæуы мыхуыры, уый та республикæйы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн ссис æцæгдæр рухсмæ, ног зонындзинæдтæм фæндаг.

Нæ уарзон æмкусджытæ, нæ зондамонджытæ! Зæрдиаг арфæ уын кæнæм, не 'ппæтæн дæр зынаргъ чи у, уыцы институты юбилейы фæдыл! Цыдæриддæр бæллицтæ ис уæ зæрдæты, уыдон уæ къухы бафтæд! Ирон адæмæн, Иры фидæнæн снывонд кодтат уæ фæллой, æмæ уын æнтыстдзинады асины æппæты уæлдæр къæпхæнмæ схизын бантысæд!

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты номæй:

***Дзуццаты Риммæ, Гукова Цея*** – Змейкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнджытæ;

***Гæджыты Лианæ*** – Дзæуджыхъæуы

27-æм скъолайы ахуыргæнæг;

***Саухалты Валентинæ*** – Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг;

***Джериаты Мæдинæ*** – Беслæны 4-æм скъолайы ахуыргæнæг;

***Лохты Ритæ*** – Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг;

***Гæззаты Татьянæ*** – Архонкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнæг;

***Мамытты Ранетæ*** – Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы ахуыргæнæг;

***Дзебысаты Мзия*** – Дзæуджыхъæуы 45-æм скъолайы ахуыргæнæг.

# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

## 2014 АЗЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ХУЫЗДÆР АХУЫРГÆНÆГ

Ахуырады кусджыты 'хсæн цы алыхуызон æркастытæ æмæ конкурстæ арæзт цæуы, уыдонæй сæйрагдæр æмæ кадджындæр у афæдзы хуыздæр ахуыргæнæг сбæрæг кæныны фæдыл арæзт конкурс.

2014 азы ирон æвзаджы хуыздæр ахуыргæнæджы ном райсынмæ сæ ныфс бахастой 9 ахуыргæнæджы. Уыдон уыдысты: *Бадиты Людмилæ* – Кировы районы Елхоты 1-æм скъолайы ахуыргæнæг, *Бигъаты Дианæ* – Дзæуджыхъæуы 13-æм скъолайы ахуыргæнæг, *Гусаты Эльмирæ* – Æрыдоны районы Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг, *Дыгъуызты Индирæ* – Рахизфарсы районы Бесланы 4-æм скъолайы ахуыргæнæг, *Пагæты Мæдинæ* – Алагиры районы Алагиры 3-æм скъолайы ахуыргæнæг, *Уæлыгæсты Фатимæ* – Дзæуджыхъæуы 5-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг, *Хуыдæлты Ларисæ* – Дыгуры районы Дур-Дуры 1-æм скъолайы ахуыргæнæг, *Химилонты Фатимæ* – Æрæфы районы Хæзныдоны скъолайы ахуыргæнæг, *Хъазиты Фатимæ* – Горæтгæрон районы Октябры хъæуы 2-æм скъолайы ахуыргæнæг.

Конкурсы архайджыты 'хсæн уыд, куыд æрыгæттæ, афтæ фæлтæрддзинад кæмæ ис, ахæмтæ дæр.

2014 азы ирон æвзаджы хуыздæр ахуыргæнæджы номыл арæзт конкурс кадджын уавæры байгом Е.Вахтанговы номыл Уырыссаг драмон театры. Ардæм ахуыргæнджыты сбуц кæнынмæ, ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн арфæйы ныхæстæ зæгъынмæ æрбацыдысты алы-





хуызон сфæлдыстадон къордтæ.

Дарддæр конкурсы архайджытæ сæ дæсныйад æвдыстой Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы.

Сæхи цæттæгонд презентацион æрмæджытыл æнцой кæнгæйæ, жюрийы уæнгты базонгæ кодтой сæ куыстимæ (конкурсы 1-аг хай), скодтой уроктæ (конкурсы 2-аг хай); фехъусын кодтой, ахуыргæнæджы куысты сæйрагдæрыл цы нымайынц, уый фæдыл сæ хъуыдытæ (эссе, конкурсы 3-аг хай).

Конкурсы фæстиуджытæм гæсгæ, 2014 азы хуыздæр ахуыргæнæгыл нымад æрцыд Дзæуджыхъæуы 5-æм скъола-гимназы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Уæлыгæсты Фатимæ.***

Дыккаг бынат жюрийы уæнгтæ саккаг кодтой Беслæны 4-æм скъолайы æрыгон ахуыргæнæг ***Дыгъуызты Индирæйæн.***

Æртыккаг бынат лæвæрд æрцыд Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Гусаты Эльмирæйæн.***

Конкурсы архайджытæн нæ зæрдæ зæгъы фылдæр æнтыстытæ.



# ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ ÆРЫГОН АХУЫРГÆНДЖЫТЫ НОГ ФЕМБÆЛД

Нæ республикæйы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты хъæппæрисæй 2011 азы фыццаг хатт арæзт æрцыд Цæгат Кавказы мадæлон æвзæгты æрыгон ахуыргæнджыты фестиваль-конкурс «Мир моих увлечений». Ацы мадзал сыхаг адæмты зæрдæтæм тынг кæй фæцыд, ууыл дзурæг у, иннæ республикæты дæр æрвылаз æнæ къуылымпыйæ кæй цæуы, уый. Фарон Цæгат Кавказы мадæлон æвзæгты æрыгон ахуыргæнджытæ фембæлдысты Грознайы, ацы аз та 27 июны – Кæсæг-Балхъары сæйраг горæт Налцычы.

Налцыкмæ Цæгат Кавказы регионтæй сæ арæхстдзинад равдисыны фæдыл æрцыдысты 9 æрыгон ахуыргæнæджы. Цæгат Ирыстонæй конкурсы архайдта Беслæны 4-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Дыгъуызты Индирæ;*** Кæсæг-Балхъарæй – Налцычы 32-æм скъолайы кæсгон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Максидова Анюна æмæ Налцычы 9-æм скъолайы балхъайраг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Чочаева Анжелика; Мæхъæлы республикæйæ – Карабулакы 1-æм гимназы мæхъæлон æвзаджы ахуыргæнæг Котиева Зита; Республикæ Хъæрæсейæ конкурсы архайдта Черкескы 6-æм скъолайы хъæрæсейаг æвзаджы ахуыргæнæг Гаппоева Залинæ; Адыгты республикæйæ – адыгаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ Кагазежева Сарет æмæ Коблева Зита; Республикæ Дагестанæй – Хъызлары 7-æм скъолайы авайраг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Мухумаева Сарат æмæ Магарамкеты скъолайы лезгинаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Алибутаева Анфиса.

Куыд ивгъуыд азты, афтæ 2014 азы конкурсы дæр мадæлон æвзæгты æрыгон ахуыргæнджытæ сæ арæхстдзинад æвдыстой æртæ номинацийы:

- «Все движимо любовью…»;
- «Счастьем поделись с другим»;
- «Летящее вдохновение».

Номинаци «Все движимо любовью…» уыд, конкурсы архайджытæ сæхи тыххæй кæм дзырдтой, ахæм.

Номинацийы «Счастьем поделись с другим» æрыгон ахуыргæнджытæ равдыстой, сæ дæсныйадмæ куыд арæхсынц, уый.

Номинацийы «Летящее вдохновение» æргомгонд æрцыдысты æрыгæтты сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ зарынмæ, кафынмæ, æмдзæвгæтæ аив дзурынмæ æмæ æнд.

Конкурсы уæлахиздзау ссис Дагестаны минæвар, авайраг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Мухумаева Сарат.***

Дыккаг бынат жюрийы уæнгтæ саккаг кодтой Беслæны 4-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Дыгъуызты Индирæйæн.***

Æртыккаг бынат лæвæрд æрцыд адыгаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Кагазежева Саретæн.***



Мах стыр æхсызгонæй сæмбæлдыстæм нæ мадæлон æвзаджы æрыгон ахуыргæнæджы æнтыстыл. Дыгъуызты Индирæ кæд нырма æрыгон ахуыргæнæг у, уæддæр йæхи ’вдисы тынг курдиатджын æмæ куыстхъомæй. Æрыгон уæвгæйæ, йæ дæсныйады кæны уæндон къахдзæфтæ, арæхстджынæй æвдисы йæ зонындзинæдтæ. Бæрæг у, фидæны дзы тынг хорз ахуыргæнæг кæй рауайдзæн, уый.

Фæлæ ма хицæн ныхасы аккаг у, Дыгъуызты Индирæйæн йæ куысты стыр æххуыс чи кæны, иудадзыгдæр ын ныфсы хос чи у æмæ йын цæстуарзонæй разамынд чи дæтты, уыцы ахуыргæнæг ***Джериаты Мæдинæ.*** Индирæимæ æмзонд, æмдыхæй кæй кусынц, уымæ гæсгæ æфты сæ къухы ахæм æнтыстытæ дæр. Джериаты Мæдинæ йæхædæг дæр цалдæр хатты архайдта алыхуызон сфæлдыстадон конкурсты, æмæ сын уымæ гæсгæ хорз зоны сæ сусæгдзинæдтæ. Йæ зонындзинæдтæ цæстуарзонæй кæстæртæн кæй лæвар кæны, уый тыххæй та йын стыр бузныг.

Цæгат Кавказы мадæлон æвзæгты æрыгон ахуыргæнджыты фестиваль-конкурс «Мир моих увлечений» тынг фæцыд адæмы зæрдæмæ. Æппæт регионты минæвæрттæ дæр арфæ ракодтой нæ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйæн, йæ кусджытæ ацы рæсугъд мадзал кæй æрхъуыды кодтой, уый тыххæй. Конкурс хорз фадæттæ аразы кæрæдзи хуыздæр базонынæн, кæрæдзийы сфæлдыстадимæ базонгæ уæвынæн.

Фидæн азы фестиваль-конкурс «Мир моих увлечений» цæудзæн Дагестаны республикæйы. Æнхъæлмæ кæсæм нæ ирон æвзаджы æрыгон ахуыргæнджыты æнтыстытæм.



# АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

***Куыдзойты Анжелæ,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ-йы ирон***
***æвзаг æмæ литературæйы***
***кафедрæйы сæргълæууæг***

## АИВАДОН ТЕКСТЫ
## ЛИНГВОСТИЛИСТИКОН АНАЛИЗ ХИСТÆР КЪЛÆСТЫ

Аивадон тексты лингвостилистикон анализ у, тексты арæзты, йæ сæйраг хъуыды равдисыны æмæ йæ темæ райхалыны æвзагон мадзæлттæ куыд архайынц, уый бæстон æвзæрст. Уыимæ ма, ацы куыст æххæст кæнгæйæ, æргом здæхт цæуы ахæм иуæгтæм: 1) архаизмтæ æмæ историзмтæ; 2) æнæзонгæ кæнæ зынæмбарæн дзырдтæ; 3) диалектизмтæ, терминтæ, профессионализмтæ; 4) тексты сæйраг дзырдтæ; 5) троптæ (нывæфтыд-аивгæнæн мадзæлттæ); 6) синтаксисы хицæндзиндæтæ; 7) стилистикон фигурæтæ æ.æнд.

Аивадон тексты анализæн ис цалдæр хуызы:

1) лингвистикон анализ – æвзаджы алыхуызон элементты нысаниуджыты æххæст æвзæрст (цæмæй текст раст æмæ æххæстæй æмбæрстгонд æрцæуа, уый тыххæй);

2) стилистикон анализ – тексты фæлгонцаразæг мадзæлтты æвзæрст;

3) литературæиртасæн анализ – аивадон текст куыд национ культурæйы хай, йæ бынат литературон процессы æмæ авторы сфæлдыстады, йæ проблематикæ, идейон мидис æ, æнд.

Лингвостилистикон анализ иу кæны æвзæрсты иннæ æртæ хуызы принциптæ дæр æмæ иртасы тексты æртæ аспекты: идейон мидис – фæлгонц – æвзаг.

Лингвостилистикон æвзæрсты схемæтæй иутæ – хуымæтæгдæртæ – бæрæг кæнынц тексты мидæг микротемæты нымæц, уыдоны æхсæн бастдзинады хуызтæ. Бæстондæр æвзаргæйæ, æркæсын хъæуы лексикæйы æмæ синтаксисы хицæндзинæдтæм, нывæфтыд-аивгæнæг мадзæлттæм, стилистикон фигурæтæм æ.æнд. Уыимæ цавæрфæнды анализ дæр райдайын хъæуы текст сындæггай æмæ лæмбынæг кæсынæй.

Ахуыргæнинæгтæ цас цæттæгонд уой æмæ рæстæг куыд фаг кæна, уымæ гæсгæ ахуыргæнæгæн йæ бон равзарын у дæлдæр лæвæрд схемæтæй иу. Кæнæ та, алыхуызон текстт æвзаргæйæ, спайда кæнæн ис

хицæн схемæтæй.

**1-аг схемæ**

1. Сбæрæг кæнут сæргонды нысаниуæг æмæ йæ бастдзинад тексты мидисимæ.

2. Сбæрæг кæнут ныхасы (тексты) хуыз.

3. Абарут мивдисджыты формæтæ. Цавæр мивдисджытæ арæхдæр æмбæлынц тексты æмæ цæмæн?

4. Равзарут номдартæ æмæ миногонты пайдакæнынад. Сæ пайдакæнынад куыд баст у ныхасы хуызимæ?

5. Ссарут тексты бæрæггæнæнтæ-миногонтæ. Цавæр миниуджытæ æвдисынц?

6. Ссарут эпитеттæ, сбæрæг сын кæнут сæ хуызтæ.

7. Цал абзацы ис тексты? Цал хъуыдыйадæй арæзт у алы абзац дæр?

8. Сбæрæг кæнут хъуыдыйæдты (абзацты, вазыгджын синтаксисон æнæхъæнты) æхсæн бастдзинады лексикон æмæ синтаксисон фæрæзтæ.

9. Цавæр хъуыдыйæдтæ фылдæр ис тексты? Цæмæн?

**2-аг схемæ**

1. Сбæрæг кæнут тексты темæ, йæ сæйраг хъуыды (идейæ). Цавæр у авторы позици?

2. Абзацтæ раст хицæнгонд сты æви нæ?

3. Хъуыдыйæдтæ æмæ абзацты æхсæн мидисон бастдзинад ис æви нæй?

4. Сбæрæг кæнут ныхасы хуыз.

5. Сбæрæг кæнут тексты стиль æмæ йæ сæйраг æвзагон фæрæзтæ.

6. Эмоционалон-бæрæггæнæг лексикæйы æвзæрст.

**3-аг схемæ**

Сбæрæг кæнут тексты темæ æмæ идейæ.

Куыд райрæзы архайд (хъуыды) иу хайæ (абзацæй, вазыгджын синтаксисон æнæхъæнæй) иннæмæ?

Сбæрæг кæнут тексты стиль; ранымайут уыцы стилы сæйраг лексикон æмæ синтаксисон хицæндзинæдтæ.

Равзарут тексты лексикæ, сбæрæг кæнут: 1) тематикон къордтæ; 2) сæйраг дзырдтæ; 3) стилистикон ахуырст лексикæ; 4) дзырдты ахаст ныхасы хæйттæм; 5) дзырдты æнахуыр нысаниуджытæ; 6) фæлхаткæнынад æмæ йæ функцитæ;

Тексты синтаксис: цал хъуыдыйады дзы ис, цавæр хъуыдыйæдтæ сты (хуымæтæг, вазыгджын, вазыгджынгонд æ.а.д.); дзырдты рæнхъæвæрд (равгон кæнæ инверси); хъуыдыйæдты æхсæн бастдзинады хуыз æмæ мадзæлттæ; синтаксисон параллелизм.

**4-æм схемæ**

Равзарут тексты лексикæ: бирæнысаниуæгон дзырдтæ, терминтæ, стилистикон ахуырст дзырдтæ.

Сбæрæг кæнут нывæфтыд-аивгæнæн мадзæлттæ (троптæ) æмæ сæ функцитæ тексты хъуыды равдисынæн.

Равзарут тексты фразеологи (кæд дзы æнгом баст конструкцитæ ис, уæд).

Цавæр ныхасы хæйттæ æмбæлы фылдæр тексты æмæ цæмæн?

Цавæр хъуыдыйæдтæ ис тексты, куыд баст сты кæрæдзиимæ?

Сбæрæг кæнут тексты стиль æмæ равзарут стилистикон фигурæтæ.

**5-æм схемæ**

1. Аив бакæсут текст; сбæрæг кæнут паузæты æмæ логикон цавды бынæттæ.

2. Сбæрæг кæнут тексты темæ, йæ сæйраг хъуыды. Рафыссут темæ æвдисæг сæйраг дзырдтæ (дзырдбæстытæ).

3. Раттут текстæн сæргонд. Бамбарын кæнут сæргонды нысаниуæг, зæгъут, цæимæ баст у – темæимæ æви сæйраг хъуыдыимæ?

4. Сбæрæг кæнут тексты стиль, бамбарын кæнут уæ хъуыды.

5. Бамбарын кæнут, хъуыдыйæдтæ иумæ текст цæмæн аразынц, уый; ранымайут тексты миниуджытæ.

6. Сбæрæг кæнут тныхасы хуыз, бамбарын кæнут уæ хъуыды дæнцæгты фæрцы.

7. Равзарут хъуыдыйæдты (æмæ абзацты æхсæн бастдзинады хуыз æмæ бастдзинады фæрæзтæ.

8. Бамбарын кæнут æнæзонгæ (бæрæггонд) дзырдты нысаниуджытæ.

9. Бæрæггонд дзырдтæн ссарут синонимтæ.

10. Ссарут тексты дыууæ-æртæ бирæнысаниуæгон дзырды. Сæ цавæр нысаниуджыты пайдагонд сты?

**6-æм схемæ**

(Ацы схемæ ист у Майрæмыхъуаты Фатимæйы чиныгæй «Тексты иумæйаг æвзæрст 10- 11 кълæсты»)

Текст аив бакæсут. Цавæр ныв ауад уæ цæстытыл?

Æмдзæвгæйы рæнхъытæй кæцыты æвдыст цæуы æрдз æмæ лирикон геройы бастдзинад? Цавæр у уыцы бастдзинад?

Сбæрæг кæнут тексты хуыз.

Сбæрæг кæнут хъуыдыйæдты æхсæн бастдзинады хуыз (цæгон, параллелон).

Куыд спайда кодта автор дзырдты рæнхъæвæрдæй?

Бакæсут нысангонд хъуыдыйæдтæ. Цавæр у сæ функционалон нысаниуæг тексты?

Тексты ссарут метафорæтæ, олицетворенитæ. Куыд æххус сты æрдзы нывтæ равдисынæн? Цавæр аивгæнæн-нывæфтыд мадзæлттæ ма æмбæлы тексты?

Рафыссут ставддæрæй фыст дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ, бацамонут сын сæ нысаниуæгтæ, ссарут сæм синонимтæ, семæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнут.

Рафыссут номдартæ. Кæцытæ дзы сты æнцойгæнæн дзырдтæ?

Цавæр орфографион æгъдаумæ гæс-гæ фыст цæуынц дзырдтæ? Цавæр орфограммæтæм ма ис ссарæн дæнцæгтæ тексты?

**7-æм схемæ**

1) Бамбарын кæнут дзырдты нысаниуджытæ: ...

2) Ссарут бирæнысаниуæгджын дзырдтæ, бамбарын кæнут иу-дыууæ дзырды æппæт нысаниуджытæ дæр.

3) Ссарут, сæ ахæсгæ нысаниуджыты цы дзырдтæ пайдагонд æрцыдысты, уыдон, бамбарын сын кæнут сæ комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ.

4) Ссарут дзырдтæн синонимтæ: ...

5) Баивут дзырдбаст … фразеологизмæй.

6) Тексты ссарут аивгæнæг-нывæфтыд мадзæлттæ.

**8-æм схемæ**

1) Сбæрæг кæнут ныхасы хуыз, æрхæссут дæнцæгтæ.

2) Сбæрæг кæнут ныхасы стиль, æрхæссут дæнцæгтæ.

3) Сбæрæг кæнут тексты жанр.

4) Ссарут бирæнысаниуæгджын дзырдтæ, дæнцæгты фæрцы равдисут иу дзырды æппæт нысаниуджытæ дæр.

5) Ссарут аивгæнæн-нывæфтыд мадзæлттæ.

6) Бамбарын кæнут ставддæрæй фыст дзырдты нысаниуджытæ.

7) Сбæрæг кæнут хъуыдыйæдты хуызтæ загъды нысанмæ, интонацимæ æмæ арæзтмæ гæсгæ.

8) Бацамонут, хъуыдыйæдтæ цæмæй вазыгджынгонд сты, уый.

9) Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд тексты.

**9-æм схемæ**

Сбæрæг кæнут, лæвæрд текст хицæн лингвостилистикон иуæг у æви æндæр, стырдæр, тексты хай.

Сбæрæг кæнут тексты темæ (микротемæтæ).

Бацамонут тексты бабаст æмæ райхæлд (кæд дзы сты, уæд).

Сбæрæг кæнут, авторæн цавæр ахаст ис тексты темæмæ æмæ цавæр дзырдты фæрцы æвдыст у уыцы ахаст, уый.

Рахицæн кæнут тексты структурон хæйттæ: хицæн хъуыдыйæдтæ æмæ вазыгджын синтаксисон æнæхъæнтæ.

Сбæрæг кæнут синтаксисон ахастытæ тексты хæйтты æхсæн (хуымæтæг хъуыдыйæдты æмæ вазыгджын синтаксисон æнæхъæнты æхсæн).

Ранымайут фразæты æхсæн бастдзинады фæрæзтæ:

а) вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн бастдзинады фæрæзтæ: бæттæгтæ, хайыгтæ, номивджытæ, номивæгон фæрсдзырдтæ, нымæцонтæ, мивдисджытызæгъинæгты хуызты æмæ афонты формæтæ, бавæргæ дзырдтæ æ.æнд.;

æ) хицæн хъуыдыйæдты æхсæн бастдзинады фæрæзтæ: иу хъуыдыйады мидæг сæ мидис кæмæн нæ раргом ис, ахæм

дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ; дзырдты фæлхаткæнынад; дзырдты синонимикон ивд; синтаксисон фæлхаткæнынад – структурæты параллелизм; хъуыдыйæдты хуызтæ (цыбыр, дывæрсыг, иувæрсыг, фарстон, хъæрон æ.æнд.).

8. Сбæрæг кæнут фразæты æхсæн бастдзинады хуызтæ:

а) контактон кæнæ дистантон;

æ) цæгон (лексикон фæлхаткæнынад, дзырдты синонимикон ивд) кæнæ параллелон (структурæты параллелизм, ома æмхуызон арæзт).

9. Сбæрæг кæнут тексты функционалон хуыз:

а) æрфыст;

æ) таурæгъ;

б) тæрхон.

10. Ссарут тексты æмæ ранымайут, йæ функционалон хуызæн цы æвзагон миниуджытæ ис, уыдон.

11. Сбæрæг кæнут, ныхасы цавæр стильмæ ахæсгæ у текст, уый:

а) наукон;

æ) публицистикон;

б) официалон-хъуыддагон;

в) аивадон;

г) дзургæ ныхасы.

12. Ранымайут тексты нывæфтыдаивгæнæн мадзæлттæ:

а) лексикон;

æ) дзырдарæзтон;

б) морфологион;

в) синтаксисон;

г) фонетикон (мырон).

Куысты ацы хуызæн рæстæг цас ис, ахуыргæнинæгтæ цас цæттæгонд сты, æвзаринаг текст цас вазыгджын æмæ цымыдисаг у, уымæ гæсгæ равзарæн ис ацы схемæтæй иу. Кæй зæгъын æй хъæуы, æппæты æххæстдæр, бæстондæр æмæ цæттæдзинад домагдæр у фæстаг схемæ. Уымæй спайда кæнæн ис, ахуыргæнинæгтæм æрмæст æвзаджы нæ, фæлæ литературæйы теорийæ дæр хъæугæ æмæ фаг зонындзинæдтæ куы уа, уæд. Уый хыгъд, махмæ гæсгæ, ацы схемæмæ гæсгæ куыст у цымыдисагдæр, фылдæр фадат дæтты, цæмæй ахуыргæнинæгтæ сæхи хъуыдытæ зæгъой, сæ арæхстдзинæдтæ равдисой, уымæн.

Æрхæссæм ацы схемæмæ гæсгæ куысты цыбыр дæнцæг. Анализы æрмæгæн райстам Нарты кадджытæй скъуыддзаг. Цæмæй текст æвзарын æнцондæр уа, уый тыххæй хъуыдыйæдтæ фæнысан кæнæм араббаг цифрæтæй, абзацтæ та – ромаг цифрæтæй.

**Нарты Созырыхъо цуаны куыд ацыд**

I (1)Нарты Созырыхъо йæ тыхыл фервæссыд. (2)Йæ тыхæн æмбал куы нæ разынди Нарты, уæд сфæнд кодта æнæ ’мбалæй цуаны фæцæуын. (3)Араст кодта иу бон æнæ ’мбалæй. (4)Бирæ фæрахаубахау кодта, фæлæ йе ’намондæн уыцы бон нæ сырдыл сæмбæлди, нæ маргъыл, катай кодта, ныр фæстæмæ аздæхид, фæлæ афтидармæй сæ хъæумæ куыд æрцæуа. (5) Бахызти сау хъæдмæ. (6)Сау хъæды астæу æрдуз, æмæ дзы сыгъзæрин саг хизы. (7) Созырыхъо йæ бæхы бæласыл æрбаста, йæхæдæг сыгъзæрин сагмæ марынмæ фæцæуы.

II (8)Ныхъхъавыди йæм. (9) А ныр æй фехса, афтæ йæм бацыд иу лæг сыгъзæрин сагмæ, йæ сыкъатыл ын зæлдаг синаг сæвæрдта, стæй йæ йæ фæдыл аласта. (10) Созырыхъо фæдис кодта, йæ къæхты бынæй ныуулæфыд, стæй йæм хардзау фæкасти, ома саджы ацы лæг куыд фæласы. (11) Йæ бæхыл абадти Созырыхъо æмæ йæ фæдыл ацыди. (12)Уыцы лæг ныццыди иу хъæумæ, хъæуы кæрон æй Созырыхъо дæр баййæфта æмæ йæм дзуры:

III (13) – Де ’зæр хорз уа, хорз лæг! (14) Фысым мын чи фæуыдзæн, ахæм ам ничи разына?

IV (15) – Уыцы лæг ын зæгъы хатиагау:

(16) – Фысым дын фæуыдзæни мæ фыд, фæлæ кæцон дæ кæнæ кæйонг цæуыс?

V (17) – Созырыхъо бакасти лæгмæ, фæлæ уый уыди лæппу, æмæ йын загъта:

(18) – Дард ранæй дæн, æз нæртон лæг дæн, цуаны цыдтæн æмæ ардæм æрхаудтæн.

VI (19) – Уæдæ мæ фыд нæртон лæджы цырагъы рухсæй агуры, бирæ уарзы нæртон лæджы, фæлæ йæм дзы хаугæ никуы ничи æркодта, цом мемæ, фысым дын стæм.

Ацы текст хицæн лингвостилистикон иуæг нæу, уымæн æмæ æххæст не сты йæ мидис æмæ йæ структурæ. Æндæр, стырдæр тексты хай кæй у, ууыл дзурæг сты ахæм миниуджытæ: сæрмагонд ном фыццаг хъуыдыйады (Нарты Созырыхъо – чи у, уый ацы тексты райдайæнæй бæрæг нæу), фæстаг хъуыдыйад (тексты кæронбæттæн нæу, архайд кæронмæ нæма ахæццæ ис).

Тексты ис дыуузæ темæйы. Фыццаг темæ: Созырыхъо йæхицæй тыхджындæр никæй æнхъæлы. Уый райхæлы 1-аг, 2-аг æмæ 3-аг хъуыдыйæдты. Дыккаг темæ: Созырыхъойы цуан. Æвдыст цæуы тексты иннæ хайы.

Дыккаг темæйы микротемæтæ: 1) Созырыхъойы маст, сыгъзæрин саг йæ къухы кæй нæ бафтыд, ууыл; 2) Созырыхъо æмæ, хатиагау чи дзуры, уыцы æнæзонгæ лæджы фембæлд.

Текст хибар уацмыс кæй нæу, уый тыххæй дзы тексты æппæт структурон компоненттæ рахицæнгæнæн нæй. Фæлæ иу бæлвырд цауы кой кæй кæны, уымæ гæсгæ дзы ис бабаст: Созырыхъо иунæгæй ацыдис цуаны. Уый æвдыст цæуы 2-аг æмæ 3-аг хъуыдыйæдты. Райхæлд дзы нæй, уымæн æмæ текст æххæстæй лæвæрд нæу.

Тексты æвдыст æрцыдис авторы ахаст, ныхас цæуыл цæуы, уымæ. Уый бæрæг у 1-аг хъуыдыйадæй: ис дзы дзырдбаст «йæ тыхыл фервæссыдис». Мивдисæг «фервæссыдис» дзурæг у ууыл, æмæ автор разы нæу хъайтары хъуыдыимæ, æвдисы, уый йæ тыхæй æгæр хъал кæй у, рæдигæ кæй кæны, уый.

Хицæн хъуыдыйад у 11-æм (дыккаг темæйы бабаст). Вазыгджын синтаксисон æнæхъæнтæ: 1-аг – 4-æм хъуыдыйæдтæ (Созырыхъойы цуан нæ фæрæстмæ ис), 5-æм – 10-æм хъуыдыйæдтæ (сыгъзæрин саг хъæды æрдузы), 11-æм –19-æм хъуыдыйæдтæ (Созырыхъо æмæ æнæзонгæ лæджы фембæлд æмæ ныхас).

Тексты хæйтты (хъуыдыйæдты) æхсæн ис ахæм синтаксисон (мидисон) ахастытæ: 1-аг æмæ 2-аг хъуыдыйæдты æхсæн – фæстиуæджы (кæнæ хатдзæджы) ахастытæ. 2-аг æмæ 3-аг хъуыдыйæдты æхсæн – ранымады ахастытæ. 4-æм æмæ 5-æм хъуыдыйæдты æхсæн – æфсоны ахастытæ…

Фразæтæ кæрæдзиимæ баст сты ахæм фæрæзты фæрцы: 1-аг хъуыдыйады ис сæрмагонд ном *Созырыхъо*, дыккаджы – номивæг *йæ*. 3-аг æмæ 5-æм хъуыдыйæдтæ сты æнæххæст, цухгонд сæйрат баххæстгæнæн ис контекстæй. 5-æм æмæ 6-æм хъуыдыйæдты ис лексикон фæлхаткæнынад: *сау хъæдмæ, сау хъæды.* 6-æм æмæ 7-æм хъуыдыйæдты фæлхатгонд цæуы дзырд *саг, сагмæ*; 9-æм æмæ 10-æм хъуыдыйæдты – дзырд *лæг.* 11-æм хъуыдыйады ацы номдар ивд æрцыдис номивæгæй *уый (йæ* фæдыл). 12-æм хъуыдыйады та ногæй æмбæлы *уыцы лæг.* 12-æм хъуыдыйады номдар *Созырыхъо*, 15-æм хъуыдыйады ивд æрцыдис номивæгæй *уый* (ын). 19-æм хъуыдыйады хайыг *уæдæ* æвдисы, ацы хъуыдыйады мидис æнгом баст кæй у йæ разæй уæвæг хъуыдыйæдтимæ. 1-аг – 5-æм хъуыдыйæдты мивдисджытæ–зæгъинæгтæ сты ивгъуыд афоны æххæст хуызы формæйы. 6-æм æмæ 7-æм хъуыдыйæдты фæйнæ иу мивдисæджы-зæгъинаджы сты нырыккон афоны формæйы. …

8. Фразæты æхсæн бастдзинады хуызтæ: «*Нарты Созырыхъо*…» (1), «*Йæ* тыхæн æмбал…» (2) – контактон бастдзинад, цæгон, номивæгон (ома номдары бæсты – номивæг). «Бахызти *сау хъæдмæ*» (5), «*Сау хъæды* астæу æрдуз…» (6) – контактон, цæгон (лексикон фæлхаткæнынад)…

9. Тексты функционалон хуыз – таурæгъ.

10. Таурæгъы æвзагон хицæндзинæдтæ: текст æвдисы цауты кæрæдзи фæдыл цыд, архайды райхæлд. Ис дзы иу афоны цæуæг архайдтытæ æмæ кæрæдзи фæдыл цæуæг архайдтытæ. Цауты иу афон æвдисынц мивдисджытæ *(нæ) разынди, сфæнд кодта; фæрахау-бахау кодта, (нæ) сæмбæлди; агуры, уарзы* æ.æнд. Цауты цыд кæрæдзи фæдыл æвдисынц мивдисджытæ *бахызти, æрбаста, фæцæуы; ныхъхъавыди, бацыд, сæвæрдта, аласта* æ.æнд.

11. Текст ахæсгæ у дзургæ ныхасы стильмæ. Ууыл дзурæг сты ахæм миниуджытæ: æнæххæст хъуыдыйæдтæ, дзырдты фæлхаткæнынад (*æнæ ’мбалæй, сау хъæды, саг, иу лæг, уыцы* лæг æ.æнд.), хуымæтæг ныхасы чи æмбæлы, ахæм

фразæтæ (*де ’зæр хорз уа, кæйонг цæуыс*).

12. Тексты ис ахæм аивгæнæнтыфтыд мадзæлттæ: эпитеттæ *йæ тыхæн æмбал, сыгъзæрин саг;* экспрессивон дзырдтæ *йе ’намондæн, хардзау фæкасти;* фразеологизмтæ *къæхты бынæй ныуулæфыд, цырагъы рухсæй агуры;* бирæнысаниуæгон дзырдтæ *æрхаудтæн, хаугæ* (ничи æркодта); хъуыдыйæдты параллелон (æмхуызон) арæзт: «*Фысым мын чи фæуыдзæн…*», «Фысым дын фæуыдзæни…»; инверси (дзырдты комкоммæ рæнхъæвæрды ивд): *«Араст кодта иу бон æнæ 'мбалæй»* (Иу бон æнæ ’мбалæй араст кодта), *«Бахызти сау хъæдмæ»* (Сау хъæдмæ бахызти) æ.æнд.

***Асаты Наталья,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы***
***кафедрæйы доцент***
***Томайты Роксанæ,***
***ирон æвзаг æмæ литературæйы***
***кафедрæйы магистрант***

# НÆРТОН ДУНЕЙЫ КОНЦЕПЦИ ДЖУСОЙТЫ НАФИЙЫ РОМАН «СЫРДОНЫ ЦÆССЫГТЫ»

«Роман» (францусаг дзырд) у эпикон, таурæгъон литературæйы хуызтæй иу, – цары вазыгджын процесс, цары бирæ цаутæ сæ рæзыны хуызы æвдыст кæм цæуынц, ахæм уацмыс. Адæймаджы цары ныв романы лæвæрд цæуынц вазыгджынæй æмæ бирæ хуызты. Уацау æмæ радзырдæй хъауджыдæр романы архайджытæ вæййынц бирæ, сæ архайды, сæ цары фæндагыл сæ хъысмæттæ æмæ сæ интерестæ сæмбæлынц æмæ кæрæдзи мидæг ауайынц, се ’хсæн рауайы быцæутæ. Адæймаджы цары фæндаг æмæ йæ характер романы æвдыст æрцæуынц адæймаджы цары алы периодты, бирæ рæстæджы дæргъы æмæ бирæ хуызты. «Стыр хъуыддæгтыл хъæуы биноныг ныхас кæнын, уымæн та гæнæн æмæ фадат ис æрмæст романы фæлгæтты».[1]

Зындгонд куыд у, афтæмæй «Ирон прозæйы суанг 1970-æм азты æмбисмæ парахатæй хицауиуæг кодтой æрмæст сыгъдæг реализмы формæтæ». Фæлæ уæдæй фæстæмæ ирон фысджытæ сæ уацмысты сдзырдтой «æнусон» темæтыл. Фæзындысты мифтæ, эпосы, æмбисæндты бындурыл амад уацмыстæ. Æмæ уый æнæнхъæлæджы хъуыддаг нæу. Ирон литературæйы истори фысгæйæ, Джусойты Нафи афтæ загъта: «Фольклор – эстетическая почва, на которой вырастает молодая литературная традиция. «Фольклорная тема» должна органично входить в круг интересов исследователя, ибо фольклор питает литературный процесс на всем пути его развития. Опыт русской литературы XIX века послужил своеобразной идейно-эстетической школой, через которую прошла вся осетинская литература в период ее возникновения и становления. И в изложении истории литературы этой теме также надо находить конкретные решения на фактическом материале».[2] Уымæ гæсгæ, 70-80-æм азты советон фысджытæ се 'ргом фольклормæ куы аздæхтой, уæд «раздзоджы хæс» йæхимæ райста Ирыстоны адæмон поэт, профессор Джусойты Нафи. Уый сфæлдыста дилоги «Сырдоны цæссыгтæ».

«Нарты кадджыты» дуне æгæрон у. «Йæ алæмæтон хъайтартæн ис сæхи фæтк æмæ æгъдау, сæхи мæстытæ æмæ цинтæ, сæхи идеалтæ. Сæ куырыхон зондæй кæд дзæкъулы хæссинаг сты, уæддæр сæ удты цæрынц æгъатыр хæстонтæ сабиты сыгъдæг зæрдæимæ. Сæ арм карды фистонил куыд арæхстджынæй тæлфы, уымæй, æхсидгæ цæдджинаджы былтыл кафгæйæ, сæ къахфындзтæ ноджы диссагдæр басгуыхынц. Сæ карды æхситтæй, сæ уадындзы зæллангæй чи тынгдæр зæлы, уый, æвæццæгæн, сæхæдæг дæр æнцонæй нæ зæгъдзысты. Сæ удтæ сæ армы кæй хастой, зæдтæ, дауджытимæ æмвынг кæй уыдысты, афтæмæй сæм Хуыцауы раз сæ сæртæ æркъул кæнын худинаг кæй каст, фыдвæды бæсты æвæд кæй равзæрстой, уыдон адæмы æнусы дæргъы бирæ цæмæйдæрты æфтауынц дисы».[3]

Нарты эпос «...йæхæдæг поэтикон уацмыс у, æмæ йæ йæхи аивадон уацмысы коммæгæс скæнын у бирæ хатты зындæр. Фæлæ уыцы зынæй нæ фæтарстис нæ фыссæг. Аргъæутты, кадджыты дунейæ йе 'ппæт аивтимæ фыццаджы-фыццаг автор саразта аивадон истори – нæ фыдæлты аивадон истори, æвдисы йæ ахæм хуызы, уымæй дæр, йæхи куыд фæнды, афтæ. Уымæ гæсгæ, рагæй фæстæмæ кæй зонæм, уыцы факттæ æмæ цаутæй хъузгæй дарддæр ницыуал аззайы, авторы къухы эпосы алæмæтон фæзындтæ райсынц зæххон, оригиналон хуыз.

Фыссæгæн, мæнмæ гæсгæ, уыцы зын куысты стыр æхххуыс бакодтой, нæ истори æмæ не 'рвылбоны цард, стæй, литературæ тынг хорз кæй зоны, æппæт уыдон».[4]

«Сырдоны цæссыгты» ирдæй зыны абон æмæ ивгъуыдыл сагъæс. Автор Нарты кадджыты зындгонд хабæрттæ æмæ архайджыты æвдисы ног хуызы. Йæ аивадон фæнд афтæ æмбарын кæны: «Фыст у хæстыл æмæ хæсты ныхмæ, тых кæнын æмæ тыхгæнджыты идеологи æмæ психологийы ныхмæ, уыдоны фыдæгъдау æмæ фыдвæткы ныхмæ. Ома йæ пафос равзæрд нæ дуджы иууыл стырдæр æмæ ахсджиагдæр проблемæйæ...».[5] Цард хæст у. Фæлæ Нафийы романы хъайтар Сырдон тыхгæнджыты идеологи æмæ психологийы ныхмæ у. Мæнæ куыд зæгъы йæ цардæмбал Зæринæйæн: «Фат æмæ æрдынæй хъазаг нæ дæн. Фæлæ сæ хъазын зонын. Нæ дæн цирхъæй хæцæг дæр, фæлæ йын йæ фистонил хæцын зонын, йæ цæф ын мæхиуыл æруадзон, уый дæр мæ нæ фæнды. Стæй йæ мемæ хæссаг дæр нæ дæн. Цы дзы кæнын? Æрсытæ мын хæлар сты, Æрсойы цур та мæнмæ сырд нæ февналдзæн... Адæм сты, æмæ сын ницы кæнын, никæмæ бырсын. Кæд мæм исчи тых хæсса, уæд æз дæр – мæнæ».[6]

Уымæ гæсгæ раст зæгъы Гуæздæрты Азæ йæ монографийы: «Слезы Сырдона» – замечательное явление современной осетинской прозы. Несмотря на то, что написан на основе сюжетов эпоса, роман является актуальным и реалистическим произведением. Автор раскрыл ту непреложную истину, что в обществе, где нарушаются нравственные устои, где попираются за-

коны, господствуют насилие и беззаконие, там обесценивается жизнь человека. Примеров такого характера XX век дает множество».[7]

«Сырдоны цæссыгтæ»-йы дунейы зынаргъдæр хæзнатæй иу у цæрын æмæ дзыллæйæн хæрзиуæг хæссыны нысан. Фыссæг фидар кæны, хицæн адæймаджы цардæн стыр аргъ кæй ис, уыцы хъуыды... Автор йæ романы æвæры æмæ скъуыддзаг кæны егъау намысон-этикон проблемæтæ. Фыд æмæ хорз, тæригъæд æмæ тыхми, мастисты æмæ дунейы æмахастыты, царды мидис, царды рæстдзинад агурыны фæлтæрæнтæ æмæ а.д.».[8]

XX-æм æнус у, царды фæтк æмæ æгъдау хæлд кæм цыдысты, ахæм дуг. Хуыздæр нæ уыдзæн XXI æнус дæр. «Æмæ Нафи, прозæйы йæ иууыл гуырахстджындæр уацмысы уыцы проблемæ кæй æрæвæрдта, уымæй раст бакодта – хъуыддаг афоныл райдайын æнтысти у».[9] Мæнæ куыд зæгъы йæ романы сæйраг хъайтар Сырдон Алафарнæн: «Дуне, ды йæ куыд æнхъæлыс, уымæй хиндæр, чъизидæр æмæ хъæддагдæр у».[10] Æмæ «Сырдон, æппынæдзух тугкалд, тыхми, марын, стигъын кæм сты, уыцы дунейæ, сабырад, уарзондзинад, кæлæн кæм нæ уа, ахæм дунемæ кæй бæллы, уацмысы философон хъуыды уым ис. Уымæ рæстаг адæймаг цæргæцæрæнбонты тырны йæ царды, йæ фынты, йæ сæнтты. Тырны йæм, æмæ кæмдæр цæры уый ныфсæй».[11]

Роман «Сырдоны цæссыгтæ» бакæсгæйæ «...зæрдæйы æнæуынондзинад æвзæры фыдмимæ, тыхмимæ, æнаккаг хъуыддæгтæм. Уый хыгъд ын роман йæ ныфсыл æфтауы ныфс, йæ тыхыл – тых. Æвзæрын æм кæны царды, рæстдзинады, лæджыхъæды сæрыл тохы монц».[12]

Романы архайджытæ эпосæй ист сты – Сырдон, Сатана, Сослан, Хæмыц, Уырызмæг, Батрадз, Бурæфæрныг йæ авд фыртимæ...

Уацмысы ис æрхъуыдыгонд фæлгонцтæ дæр: куырд Армимаз (уый йæ куырдадзы Æхсæртæггатæн хæцæнгаргæрзтæ аразы), хъуыраугæнæг Алафарн (Борæты сылгоймæгтæн алыхуызон мигæнæнтæ аразы), кæддæры бæгъатыр Ардагъу (ныр – æнæбон куырм лæг), Хуагом (Алæгаты кувæг лæг), Сагсур («сабыр» уæйыг), Сугъар æмæ Фæсхъæуы адæм, Зæринæ (Сырдоны бинойнаг). Уыимæ ма Нафийы романы Сырдонæн ис куыдз Фатакуй (йæ иузæрдион æмбал).

Романы архайд канд зæххыл нæ цæуы, йæ цаутæ дæр канд зæххон цæрджытимæ баст не сты. Фенæн дзы ис Сырдоны мифон ныййарæг – доны бардуаг Гæтæджы, Уазайы хохы цъуппыл цæрæг хуыцæуттæ æмæ дауджыты.

Роман «Сырдоны цæссыгтæ» арæзт у Нарты кадджыты бындурыл, «фæлæ дзы æмбæлæм мифоэпикон фæлгонцты æнæнхъæлæджы ног интерпретациимæ».[13] Уыцы хъуыддагæн раст аргъ скодта фыссæг Ходы Камал: «...нельзя забывать, что художник слова имеет право на свое оригинальное творческое осмысление общеизвестного фольклорного материала – в данном случае, эпического. И Нафи Джусойты, на мой взгляд, удалось сделать это довольно свежо и нетрадиционно».[14] Уый фæдыл Гуæздæрты Азæ йæ монографийы афтæ фыссы: «Мы наблюдаем здесь сложные взаимоотношения литературы и фольклора, когда современное произведение исследует прошлое и одновременно ведет с ним спор, – таков диалектический характер литературного процесса, творческое преобразование наследия, переводимого в новую художественную систему, литература всегда говорит языком своего времени и издавна привлекает своей неповторимостью, оригинальностью, своеобразием искусства слова и красок».[15]

Джусойты Нафийы уацтæй иу («Нарты заман æмæ «Сырдоны цæссыгтæ»), нæ хъуыдымæ гæсгæ, схонæн ис «Нырыккон цард æмæ «Сырдоны цæссыгтæ». Уымæн æмæ Сырдоны цæссыгты аххосаг абон дæр йæ тыхы ис: нæ цард раздæрау хæст у, чи кæуыл тых кæны, уый æгъатырæй æфхæры, иу паддзахад иннæмæ знаджы цæстæй кæсы, адæмы фылдæр хай тыхгæнджыты идеологи æмæ психологийыл хæст у... Мæрдты бæстæм фæтахт Сырдоны уд, фæлæ дзы æнцой не ссардта. Æмæ «Ацыди Сырдон дунейæ. Баззади Сырдон дунейы... Баззадысты йæ ном æмæ йæ кой,

йæ хъизæмæрттæ æмæ йæ цæссыгтæ... Дунейы дзыллæты цæссыгтæ, фыдæй фыртмæ, æнæрайы хæзнайау, рафтыд æмæ байсыст кæмæн нæй, уыцы æвидигæ цæссыгтæ... Уыдысты кæмдæриддæр, уыдысты кæддæриддæр!.. Фыдми æмæ фыдвæтк дунейы. Тыхыл, гуымир тыхыл амад дунейы... Стæй сын адæймаджы рæстагур зонд ницы сæрфат æрымысыд незаманæй абонмæ – быхсын, фæразын, хъæцынæй уæлдай!.. Ис ма иу лæгдзинад – тыхмийы ныхмæ тыхæй хæцын, фæлæ уымæй дæр незаманæй абонмæ тугкалд æмæ хъизæмарæй уæлдай ницыма рантыст æфхæрд æмæ ссæст дзыллæтæм.

Сырдоны дугæй не 'хсæн адæймаджы цæссыгты хæрæмигъ денджызау гуылф кодта æнусты дæргъы, стæй нымгуыдын, ныммæстаг, ныссалд... Фæлæ ма уыцы æнусон бæзджын ихы дæр, авгæй къулау, хизы адæймаджы цæсты рухс æмæ уынын: Сырдоны æрвгъуыз цæстытæ йæ уды рæбынтæм йедзаг сты æфхæрд дзыллæты, æфхæрд дунейы, иунæг æмæ сидзæр адæймаджы æвидигæ цæссыгтæй. Уынын, зæрдæйæ хатын йæ уды рис, йæ зонды хъизæмар, фæлæ йын ницы у мæ бон ахъаз – уымæн дæр, мæхицæн дæр, дзыллæтæн дæр!..»[16]

**Литературæ:**


1. Газдарова А.Х. История и современность в художественной интерпретации Нафи Джусойты. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2002.

2. Джусойты Нафи. История осетинской литературы. – Т. 1. – Тбилиси: Мецниереба, 1980.

5. Джусойты Нафи. Нарты заман æмæ «Сырдоны цæссыгтæ» // Советон Ирыстон. – 1981. – 2 июль.

3. Джыккайты Шамил. Ирон литературæйы истори: ахуыргæнæн чиныг Ирыстоны паддзахадон университетты филологийы факультетты студенттæн. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2001.

4. Мамиаты Изетæ. Дзырддзæуæны: Автор æмæ хъайтары æмдзæдис. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2008.

6. Ходы Камал // Северная Осетия. – 2005. – 15 апреля.

7. Хъазиты Мелитон. Ирон литературæйы истори (Ирон нывæфтыд литературæйы æндидзæн дуг) (1956-2010). – Фыццаг чиныг. – Цхинвал: Цыкура – Дзæуджыхъæу: Орион, 2013.

***Дзодзыккаты Заидæ,***
***филологон наукæты доктор,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ***
***литературæйы***
***кафедрæйы профессор***
***Хъулаты Мæдинæ,***
***ирон æвзаг æмæ литературæйы***
***кафедрæйы магистрант***

# ИРОН АДÆМЫ ЦИНЫ ХЪУЫДДÆГТЫ ЛЕКСИКÆЙЫ АРÆЗТ ÆМÆ РАВЗÆРДЫ ТЫХХÆЙ

Ирон традицион æгъдæутты баззадис бирæ сусæгдзинæдтæ, нæ рæстæджы зын бамбарæн чи у, ахæмтæ. Сæ раргом кæнын æххуыс у нæ адæмы уидæгтæ сбæрæг кæнынæн. Нæ уацы ныхас цæудзæнис ирон адæмы традицион культурæйы æвæджиауы хæзнатæ – цины хъуыддæгтимæ баст дзырдтæ æмæ æнгом здæхтытыл, æвзагзонынады фаг ахуыргонд кæй нæма æрцыдысты, уымæ гæсгæ. Уыдоны æхсæн бæрæгбæттæ ахстой зынгæ бынат. Бæрæгбон-иу фæхайджын алæмæттаг æмæ зæххон æууæлтæй, уый-иу æрбамбырд кодта хъæздгуыты æмæ мæгуырты. Бæрæгбоны – иу ирон адæм кæддæриддæр ссардтой Хуыцау æмæ йе сконд зæдты æмæ дауджыты нæмттæ. Хуыцæуттæн табу кæнын у рагон царды фæтк, уæлдай ахсджиагдæр хъуыддаг та уыдис фыццагон лæгæн. Куывд февдисы адæмы фæндиæгтæ æмæ бæллицтæ, уыдонил та æнæмæнг фæзыны цардыуаг æмæ идеологийы тæваг. Адæм ма талынг куы уыдысты æмæ æрдзы тыхтæ æмæ фæзындтæ куы нæма æмбæрстой, уæд афтæ æнхъæл уыдысты, æмæ сæ цард æххæстæй дæр хуыцæуттæй аразгæ у. Лæгъстæ сын кодтой, цæмæй сæм ма фæфыдæх уой æмæ сын ахъаз кæной сæ царды. Рæстæг цыди, æмæ кувыны фæтк кодта мидисджындæр æмæ аивдæр. Фольклористты хъуыдымæ гæсгæ, рæстæг куыд цыдис, афтæ магион архæйдтытæ адæмы цæсты нал ахадыдтой, фæлæ сæ фыццагау уырныдта, дзырдæн стыр тых кæй ис, уый. Уымæ гæсгæ кувыны фæтк уыдис бæрæгбоны æнæфæхицæнгæнгæ хай.

Традицион бæрæгбæтты нысан æмæ æгъдæутты тыххæй фыст æрцыдис къорд чиныджы: Уарзиаты Вилены «Ирон бæрæгбæттæ незамантæй абонмæ» (1995); Агънаты Гæстæны «Ирон æгъдæуттæ» (1999); Цыбырты Людвигы «Традиционная духовная культура осетин» (2008); Наниты Акимы «Ирон куывдтытæ» (2010); Тменаты Дзерассæ æмæ Агънаты Гæстæны «Ирон куывдтытæ» (2005) æ. æнд. Ранымад чингуытæй базонæн ис бирæ цымыдиссаг хабæрттæ. Уыдонæй бирæты тыххæй хистæр къласты скъоладзаутæ базонынц традицион культурæйы урокты æмæ фольклорон уацмыстæй. Фæлæ нæ адæм бæрæгбæттæ æмæ куывдтыты цы дзырдтæ æмæ здæхтытæй пайда кодтой æмæ кæнынц, уыдоны мидис скъоладзаутæн бамбарын кæныны тыххæй ахуыргæнджыты хъæуынц иртасæн куыстытæ. Адæмы удварны культурæ ахуыр кæныны хъуыддаджы лингвистикæйы бон бирæ у. Уый национ культурæ ахуыр кæныны процессмæ хæссы нырыккон методтæ, æрмæг бæстон æмæ йæ æргом кæнынæн ахъаз чи у, ахæмтæ. Йæ куысты «Язык и история», зæгъгæ, уым Абайты Васо фыссы, æвзагæн йæ бон кæй у историон гуырæн уæвын, мингай азты кæй «цæры», уымæ гæсгæ йе 'вдисæнтæн кæй ис историон документы ахадындзинад, æмæ, дам сæ адæймаг кæсын куы зона, уæд уыдонæн сæ бон у адæмы рагон хъысмæты

тыххæй бирæ цыдæртæ радзурын.

Нæ фыдæлтæ сæхи ныматдтой Хуры цотыл, Хуыцауы сконд адæмыл. Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм кувгæйæ, фыдæлтæй рохуаты никуы задис райгуырæн зæхх. Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм, дауджытæм кувгæйæ, уыдоныл æууæндгæйæ, айдæнæй кæсæгау, лæмбынæг кастысты дунейы скондмæ, алфамбылай æрдзмæ æмæ сыл хъуыды кодтой зæххон зондæй. Хуыцаумæ кувгæйæ, никуы рох кодтой, зæхх сæ дарæг кæй уыдис, уый. Цыфæнды фыдуавæрты дæр Хурмæ се 'ргом здæхтой, Зæххæй ард хордтой, ардтой Хуыцау æмæ зæдты нæмттæ, сæ зæххон ныфс нæ састи, афтæмæй.

Хуыцауы – Сфæлдисæджы сыгъдæг ном хъуыстис æппæты хуыздæр арфæты дæр:

*Хуыцауы бирæ хæрзтæй хайджын у!*
*Хуыцауæй арфæгонд у!*
*Хуыцауы хорзæх дæ уæд!*
*Хуыцау - уæ фæдзæхсæг!*
*Хуыцауæй разы.*

Ирон адæмæн сæ иумæйаг сфæлдисæг у Хуыцæутты Хуыцау – Стыр Хуыцау. Уыйадыл алы ирон адæймагæн дæр ис йæхи Хуыцауы хай, æмæ, йемæ цæрын цас хорз арæхсы, ахæм уагыл цæуынц йæ хъуыддæгтæ. Стыр Хуыцауы номимæ баст сты ахæм куывдтæ: *Хуыцауы номарæн, Хуыцауæхсæвы куывд, Хуыцауы дзуары бæрæгбоны куывд.*

Ирон дины ахуырадмæ гæсгæ, Хуыцæутты Хуыцауæн ис дунейы æгæрон тыгъдады минæвæрттæ – зæдтæ æмæ дауджытæ. Уыдон Стыр Хуыцаумæ куыд хæстæгдæр лæууыдысты, кувæг адæмæн цас æххуыс кодтой, уымæ гæсгæ сын уыди сæрмагонд нæмттæ. Зæдтæ æмæ дауджытæн табу кæныны тыххæй ирон адæммæ ис ахæм куывдты тексттæ: *Уастырджимæ куывд, Нывонды куывд Джеоргуыбайы бæрæгбоны рæстæг, Джеоргуыбайы æхсæвы куывд, Хетæджы Уастырджимæ куывд, Джеоргуыбайы куывд Дзывгъисы дзуары бын, Мыкалгабырты куывд, Уацилл айы куывд, Мады Майрæмы куывд, Тутыры куывд, Тæтæртуппы дзуармæ куывд, Алардыйы куывд, Æфсатийы куывд, Цыргъ обауы куывд, Бынаты хицауы куывд, Тъаранджелосы куывд, Никколайы номыл куывд, Мадизæны куывд, Басылты куывд, чызгæрвысты куывд, чындзхасты куывд, ноггуырд лæппуйы тыххæй куывд, ногбоны куывд, хæйрæджыты æхсæвы куывд, æфсадмæ цæуæг лæппуйы тыххæй куывд, бæлццоны номыл куывд* æ.æнд.

Дзырд *куывд*, Абайты Васойы хъуыдымæ гæсгæ, арæзт у мивдисæг *кувынæй* фæсæфтуан *–д*-йы æххуысæй. Иуæй, амоны, фынгæвæрд кæм вæййы æмæ кусарт кæм акæнынц, ахæм цины хъуыддаг, иннæмæй та – Хуыцау кæнæ зæдтæм арæзт текст. Алыхуызон æвзæгты, бæлвырддæр та памираг, афгайнаг æмæ рагониндиаджы, ахуыргæндтæ ссардтой, сæ мырты конд æмæ мидисæй *кувын* - мæ хæстæг чи у, ахæм дзырдтæ.

Бæрæгбоны рæстæг ирон адæм раздæр скувынц Хуыцаумæ. Абайты Васо йæ историон-этимологион дзырдуаты фыссы, зæгъгæ, нæ фыдæлтæн Хуыцау уыдис абстрактон æмбарынад. Иунæг Хуыцауы идейæ, дам, алайнæгты хъуыдыкæнынадмæ бацыди чырыстон динимæ иумæ. Алан цалынмæ чырыстон дин нæ райстой, уæдмæ сæм Иунæг Хуыцауы фæлгонц нæ сæвзæрдис, уымæн æмæ чырыстон дин райстой æндæр адæмтæй, уыцы дин раздæр чи райста, уыдонæй.

Ирон фынджы уæлхъус дыккаг сидт вæййы Уастырджийы – нæлгоймæгты æмæ бæлццæтты бардуаджы номыл. Равзæрдис дзырдбаст *Уац Герги*-йæ «Сыгъдæг Герги»-йæ. Абайты Васо куыд фыста, афтæмæй Уастырджи нымад у Хуыцауы стырдæр æмæ кадджындæр минæварыл. Сылгоймæгтæн ацы дзуары ном дзурæн нæ уыди, æмæ йæ хуыдтой *Лæгтыдзуар*. Йæ номимæ баст сты эпитеттæ «сыгъзæрин» æмæ «фæндагсар». Афæдзы дæргъы Уастырджийы номыл бæрæгбæттæ кодтой цалдæр хатты, сæрмагондæй та – ноябры мæйы. Уастырджийы ном тынг ахсджиаг бынат ахсы адыгейæгтæ æмæ кæсгæттæм дæр. *Уацилла* рагон уырнынадмæ гæсгæ уыди арвнæрд æмæ хорæрзады бардуаг. Ирон адæм æй хуыдтой *Хоры Уацилла.* Йæ номыл ис кувæндæттæ дæр. Фæхонынц ма йæ *Тбау Уацилла.* Дзырды фыццаг

хай *уац* амоны «*хабар*, Хуыцауæй цæугæ дзырд». Мифологийы амоны «сыгъдæг дзуар». Дыккаг хайы та ис чырыстон дины *Сыгъдæг Ильяйы* ном.

Дзырд *Мыкалгабыртæ* амоны æппæт бæркæдтæ дæттæг æмæ уарæг бардуаг. Йæ номыл уыди сæрмагонд бæрæгбæттæ æмæ кувæндæттæ. Цины фынгты уæлхъус ардтой Мыкалгабырты ном сæрмагонд сидтыты, æмæ уыцы æгъдау уыди фынгæвæрды кæронбæттæн. Мыкалгабыры ном ирон адæм ссарынц куысты, улæфты, фынгæвæрды рæстæг. Мыкалгабырты кувæндон сæвзæрдис, Хуыцауы æртæ цæссыджы кæм æрхаудысты Нарты Батрадзы амарды фæстæ, уым. Тынг нымад уыдис Уæлладжыры комы. Дзырд *Мыкалгабырты* баиу сты чырыстон дины сыгъдæг *Михаил* æмæ *Гавриилы нæмттæ*, сæ фæстæ та цæуынц бирæон нымæцы фæсæфтуан *–т* æмæ кæрон *–æ*.

Дзырд *Мадымайрæм* равзæрдис *Мад Майрæм*-æй, кæцы амоны «Мать Мария», ирон æвзагмæ æрбацыдис чырыстон динимæ. Мадымайрæмы ном ма хæссы кувæндон дæр. Уырдæм-иу кодтой ног чындзыты æмæ-иу скуывтой, цæмæй сын сылгоймæгты бардуаг зæнæг радта, уый тыххæй. Дзырд *Тъаранджелос* Абайты Васойы историон-этимологион дзырдуаты лæвæрд у куыд бардуаг æмæ кувæндоны ном. Ацы бардуагæн уæлдай тынгдæр табу кодтой Тибы цæрджытæ. Дзырд равзæрди гуырдзиаг *Мтавар Ангелози*-йæ, кæцы амыда «архангел». Тъаранджелосы культ уыдис гуырдзиаг ус-паддзах Тамарæйы рæстæг. Таурæгъы куыд загъд ис, афтæмæй, Хуыцау куы базыдта Нарты Батрадзы сæфты тыххæй, уæд æркалдта æртæ цæссыджы, æмæ уыдонæй сæвзæрдис æртæ кувæндоны: *Мыкалгабыртæ, Тъаранджелос* æмæ *Реком*.

Дзырд *Фæлвæра*, кæнæ *Фосы Фæлвæра,* Васойы хъуыдымæ гæсгæ, нысан кæны хæдзарон фосы зæд-бардуаг. Фосы Фæлвæра ирон адæмæн уыди хæларзæрдæ, рæдау зæд. *Фæлвæра* равзæрдис дзырдтæ *Флор* æмæ *Лавр*-æй. Уыдон чырыстон дины ахуырады уыдысты хæдзарон фосы бардуæгтæ.

Дзырд *Тæтæртупп* у рагон минареты ном. Уый раджы заманы æрбынат кодта Терчы галиуфарс, ныры Елхоты хъæумæ хæстæг. Адæм æм цыдысты сæхи фæдзæхсынмæ. Кувыны рæстæг Тæтæртуппы ном вæййы Уастырджи æмæ Уациллайы нæмтты æмрæнхъ.

*Никкола* Васо æмбарын кæны куыд чырыстон дины С*ыгъдæг Николай.* Рагзаманты тынг нымад уыдис дыгургомы адæммæ. Йæ кувæндон ис хæххон хъæу Доныфарсы æрдыгæй. Сыгъдæг Николайы бæрæгбон Ирыстоны дæр æмæ Уæрæсейы дæр вæййы фарæстæм майы. Адæм уырдæм æрбахæссынц сæ нывондтæ, кæцытæм, дам, æрбатæхынц цæргæстæ, æмæ уыдонæй иуыл фенæн вæййы сыгъдæг Николайы фæлгонц. Ацы дзуары ном у византиаг æвзагæй рацæугæ, афтæ хуыйны уырыссæгтæм дæр. Зеленчукы зындгонд фыстыты дæр сыгъдæг Николайы ном цæуы Чырыстийы номы фæстæ. Куыд сæрмагонд ном, афтæ йæ алайнæгтæ зыдтой XIII-æм æнусы дæр.

Васо куыд фыста, афтæмæй ирон адæмы уырнынады *Аларды* уыди фадынæджы, хæбузны, стыр дзуары æмæ æндæр низты бардуаг. Нымадтой йæ æппæтæй карздæр бардуагыл. Адæм тынг тарстысты йæ зæрдæхудты бацæуынæй. Уыдон хъуыды кодтой, зæгъгæ, дауæгæй, зæдæй– сеппæт дæр фæкæсынц йæ чъылдыммæ, йе ‘ргом, дам, кæмæ раздаха, уый карз низы хай бауыдзæн. *Алардыйы* ном фыдæлтæ ардтой куывдты, чындзæхсæвты заман сæрмагонд сидты. Алардыйы номыл кодтой сæрмагонд зарæг. Уастырджийы хуызæн, Аларды дæр, адæмы хъуыдымæ гæсгæ, тахти сыгъзæрин базыртыл, куы-иу сылгоймаджы хуызы, куы та сывæллоны сурæты. Алардыйы номыл сæрмагонд нывæндтæ нæ хастой. Дзуар, иуæрдыгæй, аудыдта цардыл, иннæрдыгæй та – мæлæтыл.

Алардыйы ном, Р. Штакельбергмæ гæсгæ, равзæрдис *Алаверды*-йы номæй. Уыцы ном хæссæг бынат ис Гуырдзыйы, Иоанн Крестителы аргъуаны. Уым алы аз дæр сентябры арæзтой бæрæгбон, уыдис дзы-иу бирæ кувæг адæм, уыимæ, бирæ рынчынтæ.

*Мадизæн* – ирон дины нымад уыдис мадæлтæ æмæ сæ цоты бардуагыл. У дыууæ дзырдæй арæзт–*мад* æмæ *зæд*-æй. Мадизæн нæ фыдæлтæн нымад цыди, Хуыцау æмæ Уастырджийы фæстæ, æппæты стырдæр, ахъаззагдæр, сыгъдæгдæр æмæ кадджындæр зæдыл. Куывдтæ æмæ чындзæхсæвты заман ын йæ ном ардтой уæлдай райгонддæрæй. Мадизæны ном арæхдæр хъуысти сылгоймæгты ныхасы. Фæдзæхстой йыл сæхи, куырдтой дзы сæ цотæн амонд, æнæниздзинад. Мадизæнæн ирон адæм куывтой фæззæджы бæркæдтæй хæстæгдæр кувæндæтты. Йæ номыл арæзтой хъазт. Нымадтой йæ раст тæрхоны дзуарыл. Мадизæны кувæндонмæ цыдысты ирæттæ æмæ тюркæгтæ. *Джеоргуыбайы* бæрæгбоныл фембæлынц ноябры æртыккаг къуырийы, адæм сæ хуымтæ куыстгонд куы фæвæййынц, уæд. Дыгуронау хуыйны *Геуæргоба* – амоны ирæттæм дæр æмæ дыгурæттæм дæр «*сыгъдæг Геуæргийы бæрæгбон*». Ацы номы сæвзæрд баст у чырыстон бæрæгбæтты къæлиндаримæ. Ирон адæммæ æрбафтыдис гуырдзиаг æвзагæй.

*Басылтæ*. Иууон нымæцы формæ у *басыл* , дыг. *басил* – амоны Ног азы гуыл. Бирæон нымæцы формæ *Басылтæ* амоны Ног азы бæрæгбон, дыгурмæ – январы мæй. Дзырд *Басыл* у чырыстон дзуар Василий Великийы фонетикон вариант. Æфсинтæ-иу скодтой адæмы, фосы æмæ æндæр предметты хуызæн гуылтæ, кæцыты дæр схуыдтой дзуары номæй. Уæвгæ, Абайты Васойы хъуыдымæ гæсгæ, Басилты бæрæгбон равзæрдис чырыстон дины фæзынды размæ æмæ баст у зымæгон хурхæтæнимæ, арт æмæ хурæн табу кæнынимæ .

Дзырд *кæхц*-æн ис дыууæ нысаниуæджы: 1) уæлæнгай æмæ уæрæх хъæдын къус, 2) кæхц, кæхцгæнæн – ноггуырд лæппуты номыл цы бæрæгбон вæййы, уый. Фæбæрæг æй кæнынц Хетæджы бонæй къуыри фæстæдæр, хуыцаубоны. Бæрæгбон *кæхц* уымæн хуыйны, æмæ-иу сывæллоны мад хæстæджытыл æрзылдис стыр къусимæ æмæ æмбырд кодта алыхуызон хæлц æмæ лæвæрттæ лæппуйы куывдмæ. Ацы дзырд ссарæн ис къусы нысаниуæджы персайнаг, памираг æмæ æндæр ирайнаг æвзæгты.

*Дедатæ, лæппынтæ*. Ногбоны фынгæн скæнынц стыр *дедатæ* æмæ *лæппынтæ*. Уыдон вæййынц бирæ, сæвæрынц сыл кусæнгæрзты нæмттæ: *дзывыр, æфсондз, похцитæ*. Фæдæттынц сæ, бинонтæй хуым хъуамæ чи кæна, уыдонæн. Æппæты стырдæр фæхуыйны *деда*, иннæтæ та– йæ *лæппынтæ*.

Ногбоны ма-иу скодтой стыр тымбыл чъири – *Æртхурон* дæр. Ацы дзырдæн ис дыууæ нысаниуæджы: 1) арты дзуар, буары низтæ æвзæрынгæнæг; 2) арты дзуар æмæ хуры кадæн цы сæрмагонд чъири кодтой, уый. Бафиппайын хъæуы уый, æмæ дыккаг нысаниуæджы дыгурæттæм ис æндæр дзырд–*родзингæ*, ирон ныхасы йе 'мкъай у *рудзынг*. Адон дæр сæ нысаниуæгмæ гæсгæ баст сты арт æмæ рухсимæ. Абайты Васо куыд фыссы, афтæмæй ма Ногбоны æхсæвы размæ сæрмагонд чъири кæныны æгъдау ис гуырдзы æмæ æндæр адæмтæм дæр.

*Тулæнтæ, къуырццытæ* – куадзæны æйчытæй хъазт. Рагон адæмтæй бирæтæн уалдзыгон бæрæгбæтты рæстæг айк уыди тынг кадджын. Муртаттаг («языческий») заманы айк нымад уыди уалдзæджы фæсномыг нысаныл, царды суадоныл. Ахæм ахадындзинад ын кæй уыди, уымæ гæсгæ чырыстон дины ахуырады ссис мæрдтæй здахыны сусæгдзинады нысан. Уыимæ баст у, нæ дуджы IV æнусы чи фæзынд, уыцы æгъдауимæ – æйчытæ Хуыцауы комытæфдзыд («освященный») кæнынимæ .

Динимæ ма баст сты ахæм дзырдтæ дæр: *дауæг, дзуар, зæд, фарн, оммен кæнын, табу кæнын*.

Дзырд *дауæг* уырыссаг æвзаджы амоны «божество». Чырыстон дин куы нæма фæзынди, уæд ацы дзырд уыди уæларвон тыхты иумæйаг ном. Дзырд равзæрди ирайнаг æвзаджы дыууæ дзырдæй, кæцытæ иумæ амыдтой «уæларвон тыхтæ».

Дзырд *дзуар* Васо æмбарын кæны куыд «крест», «святой», «божество», «святилище». Чырыстон динимæ баст иннæ терминты хуызæн, ацы дзырд дæр æрбафтыди гуырдзиаг æвзагæй. Ацы дзырдæй ма ирон адæм хуыдтой, фадынæджы иу хуыз дæр, дзуар *Аларды* адæмыл цы буары низ æфтыдта, уый.

Дзырд *зæд* чырыстон дины размæ нæ фыдæлтæм нысан кодта «божество», чырыстон дин куы райстой, уæд, аргъуаны чингуытæ тæлмац кæнгæйæ, ацы дзырд райста «ангел»-ы нысаниуæг. Кувгæйæ, адæм спайда кæнынц дзырдты баст *оммен кæнын*-æй. Васо йæ историон-этимологион дзырдуаты ацы дзырд æмбарын кæны афтæ: хистæры куывды фæстæ, зæгъы, кæстæртæ алы куывды фæстæ дæр фæдзурынц «Оммен Хуыцау», кæцыйы фыццаг хай æвзæры бердзенаг (грекъаг) æвзагæй æмæ амоны «воистину».

Ирон æвзаджы ис дзырдбаст *табу кæнын,* ома, куывды хуызы хуыцæуттæм дзурын. Ацы дзырдбасты фыццаг дзырд у тюркаг. Уыцы æвзæгты къордмæ хауы балхъайраг æвзаг дæркæцыйы дзырд *табу* нысан кæны «кад», «нымд». Дзырд *гаджидау*-ы («тост») æнгæс дзырд та ссарæн ис иннæ сыхаг адæммæ – кæсгæттæм, уым амоны «зарæггæнæг», «таурæгъгæнæг».

Дзырд *фарн***,** Васойы хъуыдымæ гæсгæ, нысан кæны ирайнаг динимæ баст æмбарынад, йæ нысаниуæг иу дзырдæй схонæн кæмæн нæй, ахæм. Фæлæ уæддæр ис зæгъæн, ацы дзырд кæй нысан кодта, царды цы хорздзинæдтæ ис, уыдон – æнтыстдзинад, лымæндзинад, сабырдзинад, фидыддзинад æ.æнд. Ирон æвзаджы ацы дзырдæй арæзт у мыггаджы ном *Фæрниатæ* дæр, Нарты кадджыты та иу сæйраг хъайтар хуыйны *Борæ-фæрныг.* Ис ма ахæм дзырд дæр – *Бонвæрнон*-стъалытæй иуы ном («Венера»).

Цины хъуыддæгтæм хауы чындзæхсæв дæр. Йемæ ирон æвзаджы баст сты къорд термины: *минæвар, хызисæг, сæрызæды хæцъил* æ.а.д. Ранымад дзырдтæн сæ фыццаг – *минæвар* рагон ирайнаг æвзæгты нысан кодта «нымад адæймаг, æххæст бартæ лæвæрд кæмæ уыд, ахæм». Нæ рæстæджы та минæвæрттæ хонæм, усгур лæппуйы бинонтæ чызджы хæдзаримæ хæстæгдзинад бакæныны тыххæй кæй барвитынц, уыцы нæлгоймæгты къорд.

*Хызисæг.* Ацы дзырд арæзт у дыууæ хайæ: «хыз» æмæ «исæг»-æй. Хызисæгæн равзарынц цæрдæг, дзырдарæхст æрыгон лæппуйы. Хызисæг сæрызæды хæцъил (чысыл урс цикъæйы гæппæл æхсæр уисыл фидаргондæй) райсы, галиуæрдыгæй йæ рахизæрдæм æртæ хатты æрзилы чындзы сæрмæ æмæ скувы. Уый фæстæ сæрзæды хæцъилы хъæдæй чындзы хызыл схæцы, æмæ уæд адæм фыццаг хатт фенынц чындзы цæсгом.

*Æппæт* цины хъуыддæгты дæр æнæмæнгæй вæййы фынгтæ æвæрд. Фынгæвæрды фæткимæ баст цæуынц къорд хæринаджы æмæ нозты хуызты, стæй цины хъуыддæгты фæткы æндæр фæзындты нæмттæ. Уыдонæй иу у дзырд *бæгæны***.** Абоны онг дæр уый ирæттæм у тынг кадджын нозтыл нымад. Сфыцынц æй хъæбæрхор кæнæ мæнæуы зады ссадæй, бафтауынц ма йæм хуымæллæг дæр, стæй йæ бантауынц. Дзырд *бæгæны* ирон æвзагмæ æрхæццæ ис рагзаманæй. Алыхуызон фонетикон вариантты уыдис æндæр рагонирайнаг æвзæгты дæр.

*Æлутон* – бæгæныйы æвæджиауы хуыз, йæ хæрзхъæддзинадмæ гæсгæ нæ рагфыдæлтæм уыди тынг кадджын Æлутон цы уыди, уый абоны ирæттæй бирæтæ нæ зонынц. Алæмæттаг ад кæй кодта, йæ бахсидынæн сæрмагонд мадзæлттæ зонын кæй хъуыди, уыдæтты тыххæй баззад æрмæстдæр мысинæгты. Æлутон ма кадджын куы уыди, уæд ын йæхи дæр æмæ йæ ном дæр алайнæгтæй айстой гуырдзиæгтæ, æмæ йæ нæ рæстæджы дæр хонынц *луди.* Ацы хабар дзурæг у ууыл, æмæ гуырдзиæгтæ алайнæгтæм гæсгæ *Æлутон* минас кæныны охыл кæй нæ райстой, фæлæ дзы пайда кодтой дины бæрæгбæтты.

*Физонæг.* Цалдæр ахуыргонды – Абайты Васо, Ро́сси æмæ Бейли – куыд хъуыды кодтой, афтæмæй ацы дзырды уидаг у индоевропæйаг, амоны «сурвых». Дзырд æххæстæй та нысан кæны «сурвых кæй скодтой, ахæм». Сурвых дзидза буц хæринагыл нымад уыди, æмæ йæ зæрдæ тынг кæй агуырдта, уымæ гæсгæ дзы-иу скуывтой Хуыцау æмæ. дзуæрттæн. Ис ын дыууæ хуы зы: *фæрскъфизонæг* æмæ *æхсырфæмбал. Фæрскъфизонæг* – кусарты рахиз æртæ кæнæ фондз фæрскæй конд физонæг. Фæцæттæ йæ кæнынц бæрæгбоны фынгæн.

*Ӕхсырфӕмбал* – хуылфыдзаумӕттӕй конд физонӕг. Вӕййы дзы фондз кӕрдихы игӕрӕй, рӕуджытӕй, зӕрдӕйӕ ӕмӕ уыргтӕй, ӕрбатухынц сӕ хуылфы фиуӕй. Сцӕттӕ йӕ кӕнынц бӕрӕгбоны фынгӕн. Дзырды фыццаг хай *ӕхсырф* ницы бар дары, кӕрдӕг кӕрдӕн дзаума «серп»-мӕ. Васойы хъуыдымӕ гӕсгӕ, дзырды фыццаг хай *ӕхсырф* индоевропӕйаг ӕвзаджы хъуамӕ уыдаид *селп* – «сой, фиу». *Ӕхсырфӕмбал*-ы дыккаг хайы ис *ӕмбал.* Дзырд ӕнӕхъӕнӕй ӕмбарын хъӕуы, фиуимӕ чи у, ахӕм (физонӕг).

*Чъиритӕ.* Рагӕй фӕстӕмӕ дӕр нымад цыдысты ирон фынджы сӕйрагдӕр бӕркадыл. Нӕ сыхаг кавказаг адӕмтӕ дӕр фынгыл чъиритӕ ӕвӕрынц, фӕлӕ сӕм кадджындӕр сты ӕндӕр хӕринӕгтӕ. Сӕ чъиритӕй иуты нӕмттӕ равзӕрдысты алайнаг-ирон (дыгурон) нӕмттӕ «ӕхчин», «цӕхӕраджын» ӕмӕ «хӕбизджын»-ӕй. Зӕгъӕм, хъӕрӕсейӕгтӕм ис дзырд «хычын», гуырдзиӕгтӕм – «хӕбизгини».

Ӕфсинтӕ цавӕр чъиритӕ скӕнынц, уымӕ гӕсгӕ ӕнӕ гуырысхойӕ зӕгъӕн вӕййы, цавӕр фынгтӕ цӕттӕ кӕнынц, уый.

*Уӕливыхтӕ* кӕнӕ *уӕлибӕхтӕ (*дыг *ӕхчинтӕ)* – ӕфсинтӕ кӕдфӕндыдӕр фӕкӕнынц. Ацы хӕринаг у зӕххы ӕмӕ фосдарыны куыстадимӕ баст. Уӕливыхтӕ ӕнӕмӕнг хастой ӕмӕ хӕссынц фынгмӕ, бинонты царды ӕгъдӕуттӕ кӕнгӕйӕ дӕр. Цыхтимӕ конд чъири уӕливых уымӕн хонынц, ӕмӕ йӕ фыццаг фыхтой уӕлкъӕй, ома амоны «уӕле фых».

*Ӕртӕдзыхӕттӕ (сӕфсат)* – ӕртӕкъуымон чъиритӕ. Фыдӕлтӕй баззайгӕ чъиритӕ уыдысты тымбыл, фӕлӕиу кӕцыдӕр рӕстӕджы та кодтой ӕртӕкъуымонтӕ. Сӕрмагондӕй зӕгъын хъӕуы сӕ тымбыл формӕйы тыххӕй. Зиллакк уыди зӕххы ӕххӕстдзинады, ӕгӕрондзинады ӕмӕ кӕронмӕ арӕзты нысан, ӕртӕкъуымон та – бӕркаддӕттӕг зӕххы ифтонгдзинады, фидардзинады ӕмӕ ноггӕнӕг тыхты нысан. Уӕдӕ кувынӕн конд хойрӕгты геометрион хуызтӕ хуымӕтӕджы нӕ фӕзындысты – уыдон сты раздӕры ӕнусты дунембарынадимӕ баст.

Кувӕггаг чъириты нымӕц *ӕртӕ* баст ӕрцыди царды ӕртӕ фӕзындимӕ. Уыдон сты иу дунейы хӕйттӕ – Хуыцау, Хур ӕмӕ Зӕхх. Уӕллаг дыууӕ чъирийы нӕ фыдӕлтӕ нымадтой Хуыцау ӕмӕ Хуры символтыл, бинаг чъири та – амыдта Зӕхх. Цины хъуыддаджы рӕстӕг кӕнӕ, ӕнӕуи кувӕн бон фынджы хистӕр уӕллаг дыууӕ чъирийы фезмӕлын кӕны, фӕиртасы сӕ Зӕххы номыл конд бинаг чъирийӕ. Куывд кӕнӕ чындзӕхсӕвы сӕ февӕрынц ӕртӕ хистӕры цур, науӕд та чысыл дӕлдӕр. Зианы рӕстӕг та чъиритӕ вӕййынц дыууӕ – се 'хсӕн нӕ вӕййы Хур нысангӕнӕг чъири. Уый фӕнысан кӕны, дунейӕ ацӕуӕг адӕймагӕн хурӕй дӕр хай кӕй нал вӕййы.

*Хъазт.* Ацы дзырд нысан кӕны культурӕйы цалдӕр факты: хъазты кӕфтытӕ. Равзӕрд миногми "хъазын"-ӕй, дыг. *гъаст* «играть». Ӕндӕр дзырдтимӕ бастӕй ма нысан кӕны ӕндӕр нысаниуджытӕ дӕр: *хъазтизӕр* – «вечеринка», *бӕхыл хъазт* – «джигитовка», *топпӕй хъазт* – «состязание в стрельбе», *хъаматӕй хъазт* – «фехтование» ӕ.а.д. Хъазыны руаджы адӕймаджы цард кодта фидыцджындӕр.

*Симд.* У рагон дзыллон кафт. Симд уыди нӕртон бӕгъатырты уарзондӕр кафт. Архайдтой дзы ӕрмӕстдӕр нӕлгоймӕгтӕ. Абайты Васойы хъуыдымӕ гӕсгӕ, ацы дзырд ӕвзахс у гуырдзиаг *сама*, *самайӕ*-мӕ. Уыимӕ, зӕгъы, дыууӕ ӕвзаджы дӕр ацы дзырд баст у араббаг ӕмӕ персайнаг дзырд *сама*-имӕ, кӕцы нысан кодта ритуалон кафты хуыз.

Цины хъуыддӕгты лексикӕйы тыххӕй уӕлдӕр цы загъд ӕрцыди, уымӕй скӕнӕн ис цалдӕр сӕйрагдӕр хатдзӕджы.

1. Ирон адӕмы ӕппӕты зынаргъдӕр, сыгъдӕгдӕр монцтӕ баст сты Хуыцауы номимӕ. Уый номыл фӕхъуысынц ӕппӕты хуыздӕр арфӕтӕ.

2. Дзырдтӕ Хуыцау, Уастырджи, Мыкалгабыртӕ, Тъаранджелос, Фӕлвӕра, Никкола, Аларды, Уацилла ӕмӕ иннӕты равзӕрд баст у чырыстон динимӕ.

3. Цины хъуыддӕгтимӕ баст дзырдты фылдӕр хай сӕ арӕзтмӕ гӕсгӕ сты вазыгджын.

4. Бӕрӕгбӕттимӕ баст дзырдтӕ сты, цины ӕндӕр хъуыддӕгтимӕ баст дзырдтӕй фылдӕр.

***Бежаты Фаризæ,***
***педагогон наукæты кандидат, ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы доцент***

## НАМЫСОН-ЭТИКОН ПРОБЛЕМÆТЫ НЫВÆСТ САНАТЫ УАРИЙЫ ТАУРÆГЪТЫ

Дзæвгар куырыхон хъуыдытæ загъд æрцыд, адæм адæмыхаттыл нымад цæмæй вæййынц, уый тыххæй. Уыдонæй нæ зæрдæмæ уæлдай хæстæгдæр айстам Уæрæсейы ахуырады Академийы вице-президент В.П. Борисенковы ныхæстæ: «Все мы разные, и траектории прогресса, даже у отдельных людей, различны. Если говорить о народах, то каждый идет своим путем, подчиняясь каким-то общим закономерностям. И, наверное, в великой музыке Вселенной у каждого народа есть своя мелодия, которую он должен сыграть, и именно в этом, может быть, его предназначение» (Становление этнопедагогики как отрасли педагогической науки: Материалы международной научной конференции. Элиста, 2003. С.7).

Махæн, ирон адæмæн дæр ис нæхи хуыз, нæхи фæндаг, нæхи фæндтæ. Ис нын æппæт тыгъдады музыкæйы нæхи мелоди дæр. Уыцы мелодийы зæлтæ сыгъдæгæй самонын, фидæны фæлтæртæн сæ ныууадзын у, алы æхсæнады размæ дæр цард цы домæнтæ æвæры, уыдонæй иу.

Ахæм у сæ нысан Санаты Уарийы уацмыстæн дæр, ахæм хъомыс ис йæхи цардыхабæрттæн.

«Сгуыхт» схуыдта Гæдиаты Секъайы цард ирон адæмы куырыхондæртæй иу – Абайты Васо. Сгуыхт у, æнæгуырысхойæ, Санаты Уарийы цард дæр, уымæн æмæ, хъысмæт æй цы уавæрты сæвæрдта (йæ тæккæ лæджы кары уæвгæйæ фыдбылызы азарæй йæ цæстыты рухс фесæфт, бакуырм), уым цæрын нæ, фæлæ уæхскуæзæй кусын дæр базыдта, архайдта, фыдæй-фыртмæ ирон адæмы царды уаг цы æгъдауыл лæууыд, уый фидæны фæлтæртæм хæццæ кæныныл. Йæ уацмысты бæрæгæй зыны, уыцы æгъдауы закъоны тых, йæ фехалыны бар кæй никæмæн уыд, уый. Æгъдаухалæг æгад уыд адæмы цæсты, хастой йæм хæрам, кодтой йыл худинаджы зарджытæ. Уымæ гæсгæ алцыдæр цыд нывыл æхсæнады æмæ бинонты æмахастыты. Уыцы æгъдæутты домæнтæ уыдисты карз æмæ, кæд фыст нæ уыдисты, уæддæр сæ алчидæр зыдта æмæ цард уыдонмæ гæсгæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ сын лæвæрдта сæ хуыздæрты. Сæ фидауцджындæртæ уыдисты: сæрибар уарзын, фыды зæххы сæрвæлтау цард раттынмæ цæттæ уæвын; худинаджы бæсты мæлæт æвзарын; хистæртæн кад кæнын; уазæг уарзын; сылгоймагмæ уæздан ахаст; дзырдыл хæцын, хицау ын уæвын; фæкæсынхъуагæн æмхуызонæй æххуыс кæнын (зиу) æмæ æнд.

Уыдон дисы æфтыдтой æндæр бæстаг ахуыргæндты, бæлццæтты æмæ, зындгонд адæмæй Кавказы чи уыд, ирон адæмы царды уаг чи ахуыр кодта, уыдоны, кодтой сын бæрзонд аргъ. Æмæ абоны царды кæд фидар цæджындзтæ нал сты, уæддæр æнцойгæнæнтæ хъуамæ уой.

Уæдæ куыд загътам, афтæмæй ирон æгъдауы уыцы бирæ къабæзтæ, ирон адæмон этикæйы бæрзонд нысан – худинаджы бæсты мæлæт, у ирон адæмон сфæлдыстады лейтмотив, у йæ таурæгъты сæрæвæрæн ирон фыссæг Санаты Уарийæн дæр. Уыцы аспектмæ таурæгътæ-уацаутæ «Бæтæйы фырттæ» æмæ «Тугвæндаг» (Сафирæты таурæгъ)-ы

быңдурыл æркæсдзыстæм нæ уацы.

Уацау «Бæтæйы фырттæ» райдыдта Хъобангомы цардыуаджы историон æцæгдзинад æвдисæг нывтæй: хæлттæ æппарын; Арвы комы фæндаджы хицау æхсæз мæйы дæргъы уæвыныл, фæндаггæттæй илцы хай исын. Йæ хал схаудта Мамсыраты Дудайæн. Цыбыр, фæлæ бæлвырд характеристикæ дæтты Уари Дудайæн: «Уый уыдис фыдцъылыз, дæлæмæдзыд, хин æмæ кæлæнтæй дзаг адæймаг. Искæй зæрдæ фæриссын кæнын, искæй масты баппарын, искæй зиантæм кæсын уыдысты йе стырдæр зæххон æхсызгондзинад зæххон царды». «Æхсарæй цас лæмæгъ уыдис, уыйбæрц тыхджындæр уыдис хинæй, æвзагæй фыдбылыз саразынмæ».

Æгъдаумæ гæсгæ илцыйы хай уарын хъуыд цæрджытыл, æмæ æнхъæлмæ кæсынц Алыккаты Ахболмæ. Уый у комы хистæр, æмæ йын кад кæнынц æгъдаумæ гæсгæ. «Хистæры тыххæй фæриссын æгад нæ уыдзæн, – загъта хæрзконд зæронд лæг Зауырбег». Æндæр хъуыды ис Мамсыраты Дудамæ, Ахполы уайдзæфæн кæстæрæн æнæмбæлон дзуаппытæ дæтты: «Дыууæ боны дæм фенхъæлмæ кастыстæм, ды – иу, мах та – бирæ»; «Æмæ мын ды исты паддзах дæ, цæмæн дæм хъуамæ æнхъæлмæ кæсон».

«Æз паддзах нæ дæн, фæлæ дæ разы кæстæртæ ис, æмæ уыдоны раз хистæрмæ тызмæг ма дзур, науæд дæуау æнæгъдау ахуыр кæнынц», - зæгъы Ахпол æмæ ехс Дудайы фындзы бынмæ бахаста.

Хæлд æрцыд хистæр æмæ кæстæры ’хсæн уæздан ахаст, сæ быцæу хылмæ рахызт. Разынд, чысыл уæлдæр Дудайæн автор цы характеристикæйы кой кодтам, уый æцæгдзинад: «Мæнæ адæм! Уæ хорзæхæй, хъаугъа ма кæнут. Алыккатимæ кард æмæ топпæй хæцгæ нæу! Уыдоны мыггаг хох у, æмæ йæ цæмæй сæттын хъæуы, уый æз хорз зонын!.. Уæ хорзæхæй, хъаугъа ма кæнут». Афтæ райдыдта архайды рæзт, райдыдта интригæ уацау «Бæтæйы фыртты».

Фыдæй-фыртмæ кадыл нымад цы уыд, уый Дудамæ кæсы æррадзинад: «Афтæ фæзæгъынц, де знагимæ ныхæй-ныхмæ æрлæууыдтæ, уæд æй йе ды амар, йе та дæ хъуамæ уый амара! Уый нæм баззад æгъдауæн, уæздандзинадæн, фæлæ уый цæй уæздандзинад у, уый æррадзинад у! Архай æвзагæй, сусæгæй, худ разæй де знæгтæм, фæстейы та сын се счъилы нуæрттæ уадз. Гъе уый у лæгдзинад!»

Райдыдта йæ куыст Алыккаты фæсивæды Бæтæйы фырттимæ ныхæйныхмæ скæныныл, сæ хистæрты зæрдæтæ та йæхирдæм разилыныл. Æмæ йæ къухы бафтыд. Сразы кодта Алыккаты уæздан хистæрты «Бæтæйы фыртты рохтыл æрбахæцыныл, сæ мæсыджы duртæ сын иугай æппарыныл». Йæ амонд рæвдауын райдыдта Дудайы, ссис æууæнчы лæг Алыккатæн æмæ йæ къухы – фидауынгæнæджы къæдз лæдзæг, йæ зæрдæйы – марæджы цыргъ кард, афтæмæй æрлæууыд Алыккаты мыггаджы бæстастæу.

Эпикон хъайтартæн куыд ис лæмæгъ бынат (Ахилессæн – йæ зæвæт, Сосланæн – йæ уæраджы чъилтæ, Батрадзæн – йæ тъанджы кæрон), афтæ уæнгæй тыхджын хъайтарты лæмæгъ бынат та у се ’нæхиндзинад, æууæнк, бирæ хатт сабийау сыгъдæгзæрдæ кæй вæййынц, уый. Уыцы азарæй хызт не ’рцыдысты Бæтæйы хъæбатыр фырттæ дæр. Дудайы бирæ фæзилæнтæ зонаг æвзаг кард æмæ фыд фестын кодта æрвадæлты. Бæтæйы фыртты уæздан дзуаппы («Æфсымæрдзинады сæрты нæ ахиздзыстæм»-ы) бæсты сæм фæхæццæ кодта сæ мыггагимæ хæстмæ сидты нывæфтыд ныхæстæ: «Цы уын æй æмбæхсон, ракодтой уын æртæ лæвары: кардæн – йæ ком, топпæн – йæ фындз, сæхицæн та – сæ риу».

Æрцыд, Дуда цæмæ бæллыд, уымæн йæ райдайæн – Цорæйы топпы фыццаг гадзрахат гæрах Бæтæйы фыртты ’рдæм.

Бæтæйы фырттæ æххæст сты хæстон лæгдзинадæй. Лæджы рихитæ æмæ сын лæджы худ бар нæ дæттынц чъылдымæрдыгæй Битарты гæрзтæй æмæ æхсарæй иттæг рæвдз «гæрзарм, цæхæртæвд» лæппутæй се ’фсымæры марджытæй сæ туг райсынæн. Мард фесты риуæй-риумæ хæсты Битарты лæппутæ.

Ӕгъдау сын лӕвӕрдта мард лӕппутӕн сӕ хъустӕ ракӕнын ӕмӕ сӕ Дотчейы ингӕныл сӕвӕрыны бар. Уыыл дызӕрдыггӕнгӕ дзуры Будзи дӕр йӕ фӕнд. Фӕлӕ фехъусы Аслӕнбеджы лӕгдзинад ӕвдисӕг дзуапп: Хъус ракӕнын диссаг уӕд уыди, уыдон ӕгас куы уыдысты ӕмӕ сӕ гӕрзтӕ сӕ къухты цӕхӕр куы калдтой. Ӕвгъау фӕсивӕд уыдысты амӕлынӕн. Рухсаг ут! Мӕрдтыиу уӕхӕдӕг фидаут Дотчеимӕ».

Бӕтӕйы фырттӕ бавзӕрстой мыггаджы ӕмӕ ӕрдхорды (Айдаболты Саулохы) гадзрахат, фӕлӕ сӕ уый не скодта нӕдӕр цыбырхъуыр, нӕдӕр ӕгъатыр. Сӕ хӕстон лӕгдзинады ӕмдзу кӕны сӕ уӕздан лӕгдзинад дӕр. Уымӕн бирӕ ӕвдисӕнтӕ ис уацауы. Афтӕ, Будзийы монолог се ’фсымӕр Дотчейы идӕдз рӕсугъд Хамбечеры, тыххӕй. Ӕгъдаумӕ гӕсгӕ йын ис Хамбечеры ракурыны бар, фӕлӕ Будзи хъыгзӕрдӕйӕ дзуры: «Сымах фӕнды, цӕмӕй ӕз Хамбечеры, ӕз мӕхицӕн чындзыл нӕ, фӕлӕ хойыл кӕй нымадтон, уый мӕхицӕн саккаг кӕнон, цӕмӕй ӕз Дотчейы тугӕйдзаг ингӕны сӕрты ахизон. Ӕмӕ уый адӕймаджы ӕгъдау у? Абон – дӕ хо, райсом та – дӕ ус? Ау, ӕмӕ ма уӕд цӕмӕн цӕуын Дотчейы туг исынмӕ та? Цы цӕсгомӕй ӕрлӕудзынӕн йӕ цуры?»

Иннӕ эпизод: Бӕтӕйы фырттӕ Хъобанӕй куы ацыдысты, уӕд Уӕлладжыры комы ӕрцардысты сӕ мадырвадӕлтӕм нӕ, фӕлӕ Зӕнджиаты Ахмӕтмӕ. Ныр Аслӕнбег уӕззау цӕф куы фӕци, уӕд дзуры Ахмӕтмӕ: «Ахмӕт, мӕ зӕрдӕ мӕхиуыл хорз нал дарын ӕмӕ мӕ фысым ивын: мӕ мадыфсымӕр Цӕлойты Тӕтӕрхъанмӕ куы ’рфысым кӕнин, уый мӕ фӕнды.

Ахмӕт ӕм дзуры:

– Абоны онг дын, ӕнхъӕлдӕн, бӕззыдтӕн фысымӕн, ныр дӕ ӕцӕг фысым куы хъӕуы, уӕд дын нал бӕззын?

– Ма йӕ райс, Ахмӕт, ӕфхӕрдмӕ. Рынчын йе ’гъдауӕй слӕмӕгъ вӕййы. Дӕ хӕдзары та уайсадӕг чындз ӕмӕ хъомыл чызджытӕ ис. Мӕхи, куыд ӕмбӕлы, афтӕ дарын куы нӕ бафӕразон, уӕд мӕхицӕн зындӕр уыдзӕн. Цӕлойтӕм та – мӕ мадыфсымӕр, мӕхи хотӕ, уым мын чысыл парахатдӕр уыдзӕн».

Уӕлдӕр эпикон хъайтартӕн цы лӕмӕгъ бынӕтты кой кодтам, ахӕм «лӕмӕгъдзинӕдтӕ» уыд адӕмон хъайтартӕм дӕр. Зӕгъӕм, Будзийӕн уый уыд йӕ тарф фынӕй. Уари зӕгъы: «Ӕртӕ боны дӕргъы-иу уыд йӕ фынӕйы рӕстӕг Будзийӕн».

Иунӕг не сты Уарийы персонажтӕ. (Кӕсӕг ӕмӕ сыл Алыккатӕ куы ӕрхъула кодтой, уӕд Хъобаны фӕсивӕды хуыздӕрты фӕнд уымӕн ӕвдисӕн). Уымӕн ӕвдисӕн Бӕтӕйы фыртты сӕфтыл адӕмы хъыг дӕр.

Зӕрдӕйӕ – хъӕздыг, ӕгъдауӕй – уӕздан, бакастӕй – кондджын, хъуыддаджы сӕрӕн у Уарийы хъайтар Ӕхсар дӕр («Тугвӕндаг» (Сафирӕты таурӕгъ-ы). Мастисыны монц. Адӕмы гуманизм ӕмӕ адӕймаджы стырдзинадӕн кад кӕнын. Мулк ӕмӕ уарзондзинады ныхмӕлӕуд. Адӕмы намысон цӕсгом: тыхсынц иумӕйаг кад ӕмӕ фарныл, иуы худинаг у ӕппӕт хъӕубӕсты худинаг (Тохтӕ сӕ уазӕджы куыд хъахъхъӕнынц, цы цӕстӕй сӕм кӕсынц, уый), сты таурӕгъы бындуры.

Хъӕздыг у аивадон фӕрӕзтӕй уацмыс: «Хабӕты Сафирӕтыл скодта уӕззау бонтӕ. Йӕ уынгӕджы царды сау бонтӕ йыл сӕ дӕрзӕг хӕдон скодтой, сӕ сау базыртӕй йын йӕ арвы хай сӕхгӕдтой, йӕ фӕндӕгтыл ын уызыны цъарӕй конд гауызтӕ байтыдтой.

Егъау у пейзажы аивадон ахадындзинад дӕр: «Бӕрзонд хӕхты ӕхсӕн, арф комытъӕпӕнтӕ ӕмӕ къултыл ӕнкъардӕй ӕрӕнцад Дӕллагхъӕу. Къаннӕг хӕххон хӕдзӕрттӕ чъылдымӕздӕхтӕй, тӕргайхуызӕй кӕрӕдзимӕ дӕрддзӕф лӕууынц. Хохы цӕгатфахсыл къутӕртӕ мӕгуырхуызӕй комырдӕм кӕсынц. Хохы хуссар фарсыл куырӕты ӕмпъузӕнтау дардмӕ зынынц хуымгонд зӕххы гӕбӕзтӕ… Чысыл хосы мӕкъуылтӕ мӕхъитыл амадӕй мӕлдзыджыты губаччытау лӕууынц фахсыл… Былмӕ хӕстӕг, цыма йыл хъӕу хъоды бакодта, уыйау фыдӕлты галуан ӕнкъардӕй баззад».

Портреты дӕсныйы ӕууӕлтӕ зынынц хъайтарты ӕрфыстыты дӕр: «Уый уыди

Сафирæты æфсымæр Буцæ, мызыхъарæзт лæппу. Йæ ныллæг ных æмæ йæ чысыл цъæх цæстытæ, йæ даргъ фындз æмæ тæнæг æфсæртæ æвдисæн уыдысты йæ фыд-зæрдæйæн»; «Уалынмæ къæсæрæй æрбахызт бæрзондгомау, сæгъбоцъо лæг. Уый уыди Сафирæты мадыфсымæр. Йе 'рбахызт æмæ йæ хъæр сиу сты: «Уæуу, мæнæ мæ хæрæфыртты хæдзар кувæндон сси! Ай зæдты астæумæ куы æрбахаудтæн! Кæс-ма, уæртæ Гулийы зæд… Уæуу, мæнæ Куырттаты зæронд Æфсати – Уане дæр ам куы ис! Кæс-ма, Брытъиаты карз Уацилла – Тætæрхъанмæ дæр! Табу, табу уæхицæн, æндæр уын цы зæгъон!..»

Уарийæн йæхи дзырдарæхст зыны йæ персонажты ныхасы: «Диссаг сты ныры адæм, чызг «комын», зæгъгæ, куы фæзæгъы, уæд æй хонæм налат. Раст ын Дзæуыджы чызджы кафт кæнын кæнæм: дæ къух дæр ма сис, дæ къах дæр ма фезмæлын кæн, афтæмæй рæсугъд каф».

Ныхасгæнæджы (авторы) хуымæтæг фæлгонцы зыны разагъды лæг, курдиатджын адæймаг. Ивгъуыд дугимæ баст мысинæгтæ æмæ фидæнмæ каст.

Уацау «Тугвæндаг» æххæст у куырыхон хъуыдытæй:

«Адæм куыд гуырынц, афтæ фыдбылыз дæр семæ гуыргæ цæуы. Амондджын уыцы адæмтæ сты, æмæ фыдбылыз дардыл ахæлиу кæнын чи нæ уадзы»; «Афтид армы хъыргъы дæр нæ бады», «Кæсаджы та мын донæй тæрсын кæнынц», «Рæдыды комы – æхсырфæмбал», «Сырды арт ратæры, зæрдæйы цы вæййы, уый та нозт зæгъын кæны», «Саг æмгъуыдмæ кæсгæйæ æнæ къæдзилæй баззад»; «Лæгдзинады арт мулк нæ хуыссын кæны» æмæ а.д.

Уари фæлгонц саразынæн цы фæрæзтæй пайда кæны, уыдоны руаджы чиныгкæсæг персонажты уыны цардæгас архайджыты хуызы:

«Фæсайдта, æфсымæр дзы чи загъта, иу мады æхсырæй хаст кæимæ уыд, уыдоны æууæнк, кæд æргом фыдгæнæг нæу, уæддæр» (æууæнкбахæрæг адæймаджы цыбыр ирд характеристикæ);

«Хетæджыстæн, цард цытæ кæны, уый йæхæдæг дæр не 'мбары. Ахъуыды ма кæ, дæ хорзæхæй, Гæбыл, утæппæт хъуыддæгтæ æмæ бæркæдтæ Хуыцау Дзылаты хæдзармæ куыд сарæзта!» (сусæг, хинæйдзаг ардауæджы фæлгонц);

«Амонд дæ уæд, амонд, Бицко, уый йеддæмæ цыфæнды дæр у. Куы ахъуыды кæнай, уæд диссаджы хъаруджын сты Дзылатæ. Гъер Джетæгъæз мæ хæстæг у, Æхсар та мын ницы бавæййы, фæлæ Æхсары раз Джетæгъæзæн баком, уый мæнмæ тынг диссаг кæсы. Æхсар – саджы фисынтыл амад, арты хуызæн лæппу. Джетæгъæз та? Йæ конд хлепайы куырисау. Иу адæмы хуызæн ныхас дзы нæ фехъусдзынæ, фæрæтхъæд куы фæамайы, уæд дæр ын авд хæлды фæкæны» (рæстылдзурæджы фæлгонц);

«Йæ сæрæй йæ къæхты бынмæ ныррызт æмæ хинымæр йæхи фæрсы: «Фыны дæн æви æргомæй кæнын ацы ми? Цы архайын æмæ цæмæ цæттæ кæнын мæхи? Мæ хъару куы басаст, мæ зонд куы сдзæгъæл, уæд цы кусын? Ме 'фсымæртæ, мæ хæстæджытæ æнхъæлмæ кæсынц Дзылатæй уазджытæм. Цы архайын уæд æз та? Цы сын аразын сæ цины бонæн? Фæдис?.. Топпы гæрæхтæ?!.

Джихæй алæууы, стæй та сабыргай сдзуры: «Цымæ мæ уд ирвæзын кæнын, æви уарзондзинад, ацы хъуыдытæ иууылдæр дæуыл баст сты? Мæ бон куы нæ у мæ зæрдæйæ мæ хуры хайы стонын»… Чызг иннæрдæм фездæхынмæ куыд хъавыд, афтæ цæмæдæр фемдзаст, йæхи фæурæдта, йæ цæстытæ къухæй асæрфта, стæй йæ дзыккутæ фæстæрдæм алæгъз кодта, цыма йыл ног тыхтæ бафтыд, уыйау йæ уæнгтыл схæцыд æмæ комкоммæ ныккаст, хæстæгæй-хæстæгдæр æм цы сау æндæрг кодта, уымæ. Зæрдæйы ныфс æваст сабухта. «Æз ницæмæй тæрсын, цæттæ дæн цыфæнды хъизæмарæй амæлынмæ дæр, уæддæр ме 'фсымæр Буцæйы фæнд нæ уыдзæн, мæхи нæ бауадздзынæн фосы æмсæр ауæй кæнын!» – фæзæгъы йæхинымæр. Фæлæ та ногæй йæ хъустыл ауайынц топпы гæрæхтæ, йæ цæстытыл ауайынц адæймаджы мæрдтæ æмæ йе 'фсымæртæ тугамæстæй…»

«Уыцы судзгæ сагъæстæй йæ зонд фæцæуæгау кæны, хъару асæтты, йæ фарсмæ къæйдурыл банцой кæны, сæр

ныттилы, зæрдæ æрбауынгæг вæййы æмæ хинымæр ныккатай кæны… Цы кусын, цы аразын мæхицæн дæр æмæ æртæ мыггагæн дæр? Цытæ цæудзæн мæн тыххæй мæ фæстæ? Цы чындæуа, мæ зонд куы цæуы бынтондæр… Нæ, нæ! Æрра дæр нæ кæнын, æмæ мæ зонд дæр нæ фæцыд!» Цыма йæ тарф фынæйæ фесхъиудта, уыйау æвиппайды фæзылд…» (автор – дæсны психолог, цард æмæ мæлæты 'хсæн фæндаг æвзарæг адæймаджы уавæры нывæст).

Астемыры ныхæстæ: «О, Хуыцау дын хорз ракæна, Хасæхъо! Æхсар мулкæй цыбыркъух у, фæлæ удыхъæдæй Джетæгъæзæй фæстæдæр нæ ралæудзæн. Хъуыды ма кæныс, зымæджы сын сæ фос куы тардтой, уæд Джетæгъæз æдгæрзтæй куы ралыгъдис. Æхсар та сæ фæстейы асырдта æмæ сын сæ фос раздæхта. Дыккагæй та уый, æмæ йын йæ мыздыл ракæ-бакæ куы кодтой, уæд сын Æхсар афтæ куы загъта: «Сымах бирæ хъæуы, æмæ уын хæлар уæнт» (хъайтартæ кæрæдзийæн характеристикæ дæттынц).

Æгъдауы, уазæг æмæ фысымы ахастыты аивадон нывæст æвдисæн бынæттæ: «Сымахæн Æхсар у уе 'фсымæр, фæлæ махæн та у нæ уазæг, æгас Хурыхъæуы дæр. Уазæджы фарн та æфсымæры фарнæй къаддæр нæу. (Тохты Мæхæмæт)

«Æз иу мадæй кæимæ райгуырдтæн, уыцы æфсымæртæй дæр ууыл тынгдæр æууæндын». (Æхсар)

Санаты Уарийы таурæгътыл ирон литературæйы урокты («Бæтæйы фырттæ») æмæ фæсурокты рæстæг («Тугвæндаг») бæстон куыст куы æрцæуа, уæд скъоладзауты этикон-намысон æмæ эстетикон хъомыладæн стыр ахъаз уыдзысты.

***Гуæздæрты Азæ,***
*филологон наукæты кандидат,*
*ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ*
*литературæйы*
*кафедрæйы доцент*
***Созаонты Наталья,***
*ирон æвзаг æмæ литературæйы*
*кафедрæйы магистрант*

# НÆРТОН ЛÆДЖЫ УДЫХЪÆД ÆМÆ ЙÆ АИВАДОН РАВДЫСТ

## Джусойты Нафийы уацау «Адæймаджы мæлæт»-ы

Адæймаг куы райгуыры æмæ йæ царды фæндагыл куы араст вæййы, уæд нæ фембары рæстæджы цыд. Цард æгæрон кæй нæу, уый йын зын æмбарæн вæййы. Æмæ тухитæ кæны, фæлæ кæцы фæзилæны райдайдзæн цæрын, ууыл хъуыды кæнынæн та рæстæг нæ вæййы.

Фæлæ æваст ралæууы уыцы рæстæг, адæймаг куы акæсы æмæ куы фены: фæци йæ фæндаг. Ууыл басæттын æмæ йæ бамбарын зæрдæ нæ фæкомы. Ничи зоны, цæмæн афтæ æгъатыр у цард, кæнæ кæй къухы ис нæ цард, уый. Фæлæ уыцы иу уысм æрлæууы цæстыты раз цардвæндаг. Æрмæст уæд суæлдай кæны адæймаг рæстæг акæсынæн. Хъуыдытæ ахæссынц ногæй райдианмæ – сывæллоны бонтæм…

Уымæй райдыдта Джусойты Нафийы уацау «Адæймаджы мæлæт» дæр. Рынчын зæронд лæг Уырызмæджы йæ фынтæ ахастой йæ дард бынæттæм, сывæллоны бонтæм, æнæмæт цардмæ. Цымæ афтæ арф цавæр хъуыдыты аныгъуылы катайгæнгæ Уырызмæг? Цымæ кæй цæстыты раз сыстынц йæ райгуырæн хъæу, йæ сывæллоны бонтæ? Чи сæ тынгдæр тырны уыцы зынаргъ рæстæгмæ: Нафи æви йæ хъайтар Уырызмæг? Уый зын згъæн у. Фæлæ ныртæккæ æндæр фарст æвæры автор Уырызмæджы номæй: цы у адæймаджы цард? Уæлдайдæр та ирон хæххон мæгуыр лæджы цард. Диссаг куыд нæ у, цæмæн афтæ разы у йæ цардæй Уырызмæг, æмæ йын зын у уымæй ахицæн уа, уый. Цы федта хорзæй? – Бæгуы, ницы. Фæлæ уæддæр бирæ рæсугъд нывтæ уайы йæ цæстытыл. Æмæ уыдон сты йæ амонд дæр. Алы адæймагæн дæр ис йæхи бынат ацы дунейы. Уырызмæгæн дзы цы бынат уыди, уымæ ничи бахæлæг кодтаид. Фæлæ йæ уæддæр уымæй хуыздæр нæ хъуыди. Зæгъæм, паддзахæй куы райгуырдаид, уæддæр амондджындæр нæ уыдаид. Уымæн æмæ Уырызмæг йæ зонд, йæ сыгъдæг уд, йæ хидвæллой æмæ æгъдауæй цы кадджын бынат скодта йæхицæн адæмы астæу, уый йын паддзахы бынатæй дæр зынаргъдæр сси. Æмæ йын йæ цард саразын куы бантыст, йæ бирæ фыдæбæттæй адæмы астæу, бинонты астæу уарзон бынат куы скодта, уæд æнæнхъæлæджы йæ фæндаджы кæрон дæр æрхæццæ ис, æмæ ма йын баззадис дыууæ мæйы цард. Цы сты дыууæ мæйы? Фæстейы – цард æнæхъæнæй, разæй та – æрмæст дыууæ мæйы. Цардæй мæлæты ’хсæн – æрмæст уыцы дыууæ мæйы. Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæ «…мæ цæрæнбонты фæндæгтæ иууылдæр уæлмæрдмæ куыд æрхастой сæ кæрон! Уæдæ цæрæнбонты мæрдтæм цыдтæн. Хуыздæры аккаг нæу адæймаг?..»[1]

Адæймаг ацы царды уазæг у. Стæй дзы иу æмæ дыууæ дæр нæ ацыди æнæнхъæлæджы. Фæлæ ма æвирхъаудæр хъуыддаг цы уа, адæймаг йæ фæстаг бон

куы базоны, уымæй. Цас хъару хъæуы адæймаджы, цæмæй зонгæ-зонын ацæуа ацы дунейæ! Уымæй ноджы фылдæр хъару та, æвæццæгæн, хъæуы алы бон дæр стыр хæзнайау хъахъхъæнынæн æмæ алы уысмæй дæр пайда кæнынæн амæлæты бонмæ. Ноджы ма, адæймаджы бæрны æрмæст дыууæ мæйы куы уа, уæд.

Фæлæ Уырызмæгæн уыцы чысыл рæстæг сфаг ис йæ фæстæ рæсугъддзинад æмæ æгъдау ныууадзынæн, цæмæй уыцы дыууæ мæйы тыххæй йæ цард фæсмойнаг ма суа адæмæн дæр æмæ йæхицæн дæр, уыл бацархайынæн. Уый тыххæй зæгъы Гаглойты Владимир: «Æвæдза, цæй стыр лæгдзинад æмæ моралон удвидардзинад разынди Уырызмæгмæ, йæ мæлæты хабар зонгæйæ, йæ царды фæстаг бонтæ булæмæргъы зарæгау, афтæ тыхджын, афтæ аив æмæ рæсугъдæй чи азарыди, æмæ, цардыл заргæйæ, æнцад-æнцойæ йæ уд чи систа».[2]

Дарддæр Уырызмæг йæ разы цы хæстæ æвæры, уый тыххæй критик Н.Высоцкая зæгъы: «Урузмаг твердо убежден, что у каждого человека своя, неповторимая дорога в жизни, и даже после смерти она не достанется больше никому – значит, отвечать за нее должен ты сам».[3]

Уыцы фæндаджы тыххæй хъуыдыты ныгъуылы Уырызмæг, рынчындонæй здæхгæйæ. Уæддæр, йæ мидзæрдæйы хъуырдухæн кæнгæйæ, фæрсы, цæмæн афтæ тагъд æрхæццæ ис йæ кæрон, уымæй: «Æвзæрæй куы никæмæн ницы кодтон». Ам райдыдтой хæлын йæ мысинæгтæ. Ам бæлвырдæй уынæм, куыд рацыди йæ царды фæндагыл Уырызмæг, уый. Ам зынынц, куыд царди, куыд фæллой кодта, цы уадзы йæ фæстæ, уыдæттæ.

Мæнæ, цы фæндагыл здæхтысты хъæумæ йæ фыртимæ, уым дæр ис Уырызмæджы къухты фæллой. Дарддæр, фæндаггæрон, суадоны был – кæмæндæр цы цыртдзæвæн скодта, уый. Уæдæ йæ бинонты раз дæр йæ хæс сыгъдæгæй сæххæст кодта: сарæзта хæдзар йæ хистæр фыртæн. Кæстæрæн ын ахæмæй ницыуал бантыст, фæлæ йын уæддæр хъуамæ суæлдай кæна иу хъуг æмæ æхцайы капеччытæ. Йæ сывæллæттæм йæ зæрдæ нал æхсайы: раст фæндагыл сæ сæвæрдта, радта сын ахуырдзинад. Уæдæ йæ бинойнаг дæр хъаст нæ ахастаид мæрдтæм: никуы йæ бафхæрдта. Фæлæ уæддæр йæ мæлыны сахат йæ разы кæй нæ фæци, уый йын ныууагъта зæрдæйы хъынцъым. Дарддæр уынæм, колхозы сæрдарæй цалдæр азы кæй куыста. Кæд ын йæ фæллойæн хъæугæ аргъ не скодтой, уæддæр хæрам зæрдæ нæ бадардта никæмæ. Никуы никæуыл æрцыди йе ’фхæрд, адæмимæ фæцарди хæларæй. Бахъуаджы сахат кæддæриддæр уыди кусаг лæг, æгъдауджын хистæр æмæ хæларзæрдæ адæймаг. Ирон лæг бæрæг хъуамæ цæмæй дара, уымæй æххæст уыдис Уырызмæг.

Кæцæй райдайы Уырызмæджы ирондзинад? Чи зоны, йæ номæй. Цымæ цæмæн радта Нафи йæ хъайтарæн Нарты Уырызмæджы ном?

Æвæццæгæн уымæн, æмæ кæд исчи ныууагъта адæмы астæу рæсугъдæй ирон лæджы сурæт, уæд уый уыдис нæртон лæг Уырызмæг. Хуымæтæджы не ’вæры Нафи йæ уацауы Уырызмæджы фарсмæ йе ’мхуызон нæртон адæймаджы.

Дзæгъæлы нæ сиды хинымæр Уырызмæг йе ’мноммæ: «Æтт, ме ’мном, дæ уды хъаруйæ мын иучысыл уæддæр куы фæхай кæнис, ды дæр, æвæццæгæн, мæ цахъхъæн уыдаис æмæ дæ худинаг кæнын нæ фæндыдис, нæ фæнды мæн дæр, æмæ мын æфстау уæддæр авæр дæ лæджыхъæдæй!..» [4]

Уырызмæгæн йæхимæ дæр, æвæццæгæн, фаг хъару уыдаид, фæлæ уæддæр нæртон лæджы сурæт ныртæккæ нæ разы куы нæ уаид, æмæ нæртон адæм зондæй, ныфсæй, æгъдауæй æмæ хъаруйæ, махæн фæзминаг куы нæ уыдаиккой, уæд нæ ирондзинад раджы фесæфтаид цардыфæндæгтыл. Чи зоны, Уырызмæг дæр уыцы адæмы куы нæ фæзмыдтаид, уæд æй Нарты Уырызмæгимæ зын абарæн уаид. Уый тыххæй та йæм хаты хинымæр: «…мæ фæстаг балцы сæр лæууын æмæ тæрсын худинагæй, куы нæ мын сфаг уа адæймаджы лæгдзинад, сæрыстырдзинад, мæхимæ куы ныхъхъусон, мæ низыхатт æмæ мæ царды кæрон кæй зонын, уый мын куы байса мæ

зæрдæйы цин, мæ цардуарзон. Фæкæс мæм, Уырызмæг, иунæгæй мæ ма ныуудз, æз дæр дæ байзæттагæй куы дæн…»[5]

Дарддæр куы афæлгæсæм Уырызмæджы цард æмæ удыхъæдыл, уæд дзы ноджы хуыздæр уынæм æгъдауджын ирон лæджы, йæ фыдæлты къахвæндагыл фидарæй чи цыди, ахæмы. Йæ амæлæты бонмæ дæр хъуыды кæны æрмæст иу хъуыддагыл: ма фæхудинаг уа. Уымæн æмæ æцæг ирон лæгау йæ сæрмæ худинаг никуы æрхаста, æмæ дарддæр дæр хъуамæ ма æрхæсса. Уый хъуамæ кæстæртæн фæзминаг хистæр уа, фæлтæрæй-фæлтæрмæ адæймаджы хорз миниуджытæ хъахъхъæнæг.

Алы хъуыддагыл дæр лæмбынæг хъуыды кæны, - мацы дзы ферох уа. Фæлæ ма йын уæддæр иу ирон хæс баззад: уæлмæрдты йæ мад, йæ фыд æмæ йæ биноййнаджы ингæнтæ бабæрæг кæнын, дыууæ кæрдзыны сын ныххæлар кæнын. Уыцы æгъдау дæр сæххæст кодта. Дарддæр ма йын баззадысты йæ хо æмæ йæ чызджытæ. Уыдоны дæр бæрæг кæнын хъæуы: фена сæ, зæрдæтæ сын авæра, кæд дзы искæмæн истытæ ацамонын хъæуы. Уыцы хъуыддаг адæмы астæу баззади рагæй-æрæгмæ дæр: хæдзар æнæ хистæр нæ фидауы. Хистæр кæстæрæн у йæ ныфс, йæ зонд, куы бахъæуа, уæд. Уый тыххæй афтæ тагъд кæны рынчындонæй ацæуынмæ дæр: йæ зæрдæ æхсайы хæдзармæ. Куыд уыдзæн, цы уыдзæн…

Бирæ адæм хъуамæ æрцæуа йæ зианмæ, æмæ фыдæлты æгъдау кæнын хъæуы – хъуамæ мачи бахуда йæ бинонтыл. Ирæттæм бирæ адæм зианджыны кæрты кæддæриддæр æвдисæн уыдысты, зиан кадджын адæймаг кæй уыдис, уымæн. Уый тыххæй фæфæрсынц: «Хæдзары лæг уыди, хъæуы лæг, æви комбæсты лæг?» Æмæ йæ зианмæ бирæ адæм кæй æрцæудзæн, ууыл дызæрдыг нæ кодта Уырызмæг: «… хæдзары хъуыддæгтæ æрбæстон кæнын хъæудзæн… Хæстæ дæр кæмæйдæрты дарын… мæхæдæг сæ куы нæ ахицæн кæнон, уæд сыл мæ фæстæ исты ныхас куы ’рцæуа кæстæрты ’хсæн, худинаг мын уыдзæн, адæм сыл фæхуддзысты, æмæ æз дæр æлгъыстаг фæуыдзынæн…» [6]

Ирон лæгæн кæддæриддæр зынаргъ уыдис йæ райгуырæн къуым, йæ зæххы гæбаз. Кæд дзы бирæ зынтæ фены, уæддæр æрмæст уым зоны æнцой, æрмæст уырдæм æхсайы зæрдæ. Цымæ цæмæн афтæ адджын у райгуырæн къона? Уый тыххæй хъуыдытæ кæны Уырызмæг: «Ницы дзы ис, фæлæ уæддæр цæй адджын у лæгæн йæ райгуырæн уæзæг! Ам мæ цухъхъа байтауин æмæ дзы æхсæв-бонмæ сфынæй кæнин, мæ зæрдæ æнцой уаид, цыма мæ нæ мыггаджы фарн хъахъхъæнид, уыйау…»[7]

Йæ сабибонтæ цы Ривæддоны тæрсы бын ацыдысты, уый йын дæтты хъару йæ тасдзинад æмбæхсынæн æмæ зæгъы: «… Нæ, Уырызмæг, уый сæрмæ хæсгæ нæу. Кæд мæлгæ – уæд лæгау!…

…Хъæц, хъæц, зæронд лæг, дæ цардæ фæстаг бонты дæхи мауал фегад кæн, искæй раз нæ, - дæхи цæсты!»[8]

Искæй раз нæ, фæлæ адæймаг хъуамæ фыццагдæр йæхи цæсты уа кадджын, йæ цæсгом йæхи раз уа сыгъдæг. Дарддæр та адæмы раз, Хуыцауы раз. Уымæн расидти зиу Тодайы куырой æмæ сидзæргæс усы скъæт саразынмæ; уымæн бафидауын кодта Тодайы се ’рвадæлты лæппуимæ. Хъуамæ ма исчи фæхъæстæ уа йæ къухвæллойæ, æмæ йын йæ хорздзинад мысой адæм. Хъуамæ йæ фæстæ адæмы астæу æвзæрдзинад ма баззайа – лымæнæй цæрын хъæуы, кæрæдзийæн æххуыс кæнын, царды хорздзинад исын æмæ дзы райгондæй баззайын.

Цалынмæ адæймагæн йæ уд йæ мидæг ис, уæдмæ хъуамæ цæра, адæмæн йæ зæрдæйы хъармæй хай кæна зарынæй дæр, кафынæй дæр. Уырызмæджы уыцы миниуæг раст бафиппайдта Булкъаты Михал æмæ фыссы: «Мæлæт ын куыннæ ис æнæ цард, цард дæр ын афтæ нæй æнæ мæлæт, æмæ уыцы дыууæ ныхмæлæууаг категорийы, хордзены дыууæ цæстау, кæрæдзийыл ауыгъд сты».[9]

Цардæн йæ мидис дæр ис йæ хорздзинады мидæг. Цардæй циндзинад исын фæстаджы бонмæ – уымæн ратты адæймаджы Хуыцау. Гаглойты Владимир фыссы: «Адæймаг райгуыры, цæмæй йæ размæ чи уыд, уыдоны къухæй райса цар-

ды рохтæ, цард фæаивдæр, фæхъæздыгдæр кæна йæ цæнгты тых, йæ уды рæсугъд хæрзиуджыты руаджы, стæй куы амæла, уæд ног фæлтæрмæ адæтта царды рохтæ».

Уырызмæджы цардæн уыдис бæрзонд нысан, уыдис дзы арф мидис. Уый тыххæй Н. Высоцкая фыссы: «Каждый день и даже час жизни Урузмага, несомненно, прожиты по законам самой высокой морали. …На пороге конца, понимая его неизбежность, Урузмаг продолжает жить по-прежнему, созидая, прощаясь с жизнью, он не сжигает мостов, а как бы прокладывает их в будущее…»[10]

Ралæууы ахæм бон, Уырызмæджы хуызæн уарзон адæймагæн «хæрзбон» зæгъын куы бахъæуы. Фæлæ «Уырызмæджы хуызæтты мæлæт куынæг нæ кæны. Уый хуызæн адæймæгтæ сæ зæххон, адæймагон миниуджытæй æмæ сæ удтæй свæййынц æнæмæлгæ. Уырызмæгæн дæр йæ царды дыккаг æмбис райдыдта йæ «ацыдæй». Царды философи арф æмбары герой йæхæдæг дæр æмæ дзуры куырыхон ныхæстæ: «Кæд мæлгæ æрмæст адæймаг кæны, уæд цæргæ дæр æрмæст адæймаг кæны. Цæрæгойты цард нæ, адæймаджы цард! Æмæ уыцы цардæй æнæмæнг исты баззайы а дунейы…» [11]

Æнæмæнг баззайы. Уырызмæг цы хорздзинад ныууагъта йæ фæстæ, уымæн рохгæнæн нæй. Уырызмæгæн йæ цард дæр, йæ удыхъæд дæр фæзминаг сты алы адæймагæн дæр. Уырызмæджы хуызæттæ куы нæ цæрид нæ астæу, уæд адæмы хорздзинад дæр нæ цæуид фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Уырызмæг кæд «ацыди», уæддæр адæмы зæрдæты хъуамæ ногæй райгуырой æмæ дарддæр ацæуой ирон лæджы æгъдау, кад, сæрыстырдзинад, уарзондзинад æмæ цардбæллондзинад. Уыцы хъуыдымæ æркæны геройы хъысмæт уыцмысы критикты дæр: «…æцæгдæр, Уырызмæджы хуызæн куырыхон зæрæдтæ, Иры дзыллæйы кад æмæ фарн чи уыд, фæлтæрæй-фæлтæрмæ йæ кæстæртæм кæй зонд, æхсар æмæ лæгдзинад цыди стыр хæзна налхъуыт-налмасау, ахæмтæ та æнæамæлгæ сты. Иры дзыллæйы бæркадджын хъуыды, æгъдау, фæтк, æхсар æмæ лæгдзинадæн амæлæн нæй, цалынмæ Иры хæхты ирон зарæджы зæлтæ нæ байсысой, уæдмæ»[12.]

**Литературæ:**

1. Булкъаты М. Цард æмæ лæгдзинады апологи // Советон Ирыстон, 1976, 20 май.

2. Высоцкая Н. Выйти за предел // Литературная газета, 1978, 9 августа.

3. Гаглойты В. Царды зарæг, уарзты зарæг // Фидиуæг, 1977, №10, ф.84-85.

4. Нафи. Адæймаджы мæлæт. Цхинвал, 1976, ф.123, 105.

***Уалыты Татьянæ,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ-йы скъолайы агъоммæйы***
***æмæ райдайæн скъолайы***
***кафедрæйы доцент,***
***Хъайттаты Мæдинæ,***
***педагогон факультеты 4-æм***
***курсы студенткæ***

# РЕФЛЕКСИ КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ ИРОН КÆСЫНЫ УРОКТЫ

Ахуырады системæйы актуалондæр фарстатæй иу у, цавæр хъуамæ уа урок нырыккон уавæрты. Урочы тыххæй фыст æрцыд бирæ чингуытæ, уацтæ, арæзт цæуынц дискусситæ. Ивд цæуынц ахуырады нысантæ æмæ мидис, фæзындысты ног ахуырадон технологитæ, стандарттæ. Фæлæ цыфæнды реформæты, ногдзинæдты уавæрты дæр урок уыдзæн ахуырады сæйраг формæ, ахуырадон процессы архайджытæ та – *ахуыргæнæг æмæ скъоладзау*. Афтæ уыд традицион скъолайы, афтæ у нырыккон скъолайы дæр. Ног ахуырадон стандарты уавæрты кусгæйæ, урочы сæйрагдæрыл нымад цæуы зонындзинæдтæ раттын нæ, фæлæ уыцы зонындзинæдтæй практикон æгъдауæй куыд пайда кæнын хъæуы, уый бацамонын.

Абон урочы сæйрагдæр домæнтæй иу у скъоладзауы активондзинады рæзтыл куыст. Скъоладзау урочы разæнгардæй уæд кусдзæн, æмæ ахуыры нысан куы ’мбара, зонындзинæдтæ йын царды æххуыс кæй уыдзысты, уый куы хата, йæ алы архайд дæр куы уа хъуыдыгонд æмæ æмбæрстгонд. Ахæм уавæртæ аразынæн стыр æххуыс у урокæн хатдзæг скæныны этап – ***рефлекси.*** Нырыккон педагогикæйы рефлекси амынд цæуы куыд архайды æмæ йæ фæстиуджыты хатдзæг *(самоанализ).*

Методикон наукæйы рефлексимæ се ’ргом аздæхтой Л.А.Соколова, Е.В. Головкина, С.В. Кульневич, Т.П. Лакоценина. Сæ хъуыдымæ гæсгæ йын ис стыр нысаниуæг ахуыры процессы, скъоладзауты архайды. «Все, что делается на уроке по организации рефлексивной деятельности – не самоцель, а подготовка в сознательной внутренней рефлексии, развитию очень важных качеств современной личности: самостоятельности, предприимчивости, конкурентоспособности», - фыссы Е.В. Головкина (1, с. 58).

Методисттæ æмæ фæлтæрдджын ахуыргæнджыты хъуыдымæ гæсгæ, рефлекси канд урочы кæрон нæ вæййы, фæлæ йæ алы этапы дæр. Йæ сæйрагдæр нысан у, урокæй канд бафидаргонд фæстиуджытимæ нæ ацæуын, фæлæ ма искæй æмæ хи мадзæлттæ кæрæдзиуыл абарын дæр. Йæ функцитæм гæсгæ рефлекси вæййы:

1) Зæрдæйы уаг æмæ эмоционалон уавæры рефлекси.

2) Архайды рефлекси.

3) Ахуырадон æрмæджы мидисы рефлекси.

Скъоладзаутимæ эмоционалон бастдзинад бафидар кæнынæн *зæрдæйы уаг æмæ эмоционалон уавæры рефлекси* хуыздæр у урочы райдианы æмæ архайды кæрон аразын. Спайда кæнæн ис зæрдæйы уаг æвдисæг хуызджын нывтæ, къамтæ, музыкалон фрагменттæ, æмдзæвгæтæй æмæ а. д.

Ӕрхæссæм дæнцæгтæ.

*1) «Дидинсыфтæ - дидинæг».* Сывæллæттæ æвзарынц, дидинæджы сыфтæй сæ зæрдæйы уагмæ хæстæгдæр цы хуызтæ ис, уыдон. Уый фæстæ

дидинсыфтӕй аразынц дидинӕг.

*2) «Зӕрдӕйы уаджы боныг».* Урочы кӕрон, фӕйнӕгыл рагацау ауыгъд таблицӕйы, скъоладзаутӕй алчидӕр йӕ мыггаджы акомкоммӕ баныхасы йӕ зӕрдӕйы ахаст ӕвдисӕг ныв – квадрат, кӕцыйӕ рауайы хуызджын панно.

*3) «Хуры тын».* Скъоладзаутӕ кӕронмӕ ахӕццӕ кӕнынц равзӕрст хъуыдыйад:

« Мӕ зӕрдӕйы уаг у… хуызӕн»

* хуры тыны;

* хуры тын мигътимӕ;

* мигъты;

*мигътӕ къӕвдаимӕ;

* мигътӕ арвӕрттывдимӕ.

*4) «Дӕ зӕрдӕмӕ тынгдӕр кӕцы ныв цӕуы».* Алыхуызон тар ӕмӕ ирд нывтӕй скъоладзаутӕ равзарынц сӕ зӕрдӕйы уагмӕ хӕстӕгдӕртӕ.

*5) «Равдис дӕ цӕсгом»* - хъӕлдзӕгӕй, ӕнкъардӕй, тызмӕгӕй, разыйӕ, ӕнӕразыйӕ.

*Архайды рефлекси* фадат дӕтты ахуырадон ӕрмӕджы куысты хуызтӕ ӕмӕ мадзӕлттыл ахъуыды кӕнынӕн, эффективондӕртӕ агурынӕн. Рефлексийы ацы хуызӕй пайдагонд цӕуы хӕдзармӕ куыст бӕрӕг кӕнгӕйӕ, проектон куыстытӕ хъахъхъӕнгӕйӕ. Урочы кӕрон дзы пайда кӕнын ахъаз у алы скъоладзауы активон архайдӕн дӕр аргъ скӕнынӕн. «Рефлексия деятельности помогает оптимизировать учебный процесс. Ученики с ее помощью осмысливают свой образ работы с учебным материалом (методы, приемы, упражнения). То есть они сами участвуют в повышении эффективности учебного процесса» (4, с. 32).

***Дӕнцӕгтӕ.***

*1) «Ӕнтыстдзинӕдты асин».* Скъоладзаутӕ урочы куыд куыстой, уымӕн аргъ кӕнынц сӕхӕдӕг, асинтыл кӕцы къӕпхӕнмӕ схызтысты, уымӕй.

*2) «Фӕткъуы бӕлас».* Урочы ӕрмӕг куыд бамбӕрстой скъоладзаутӕ, уымӕ гӕсгӕ ныв – фӕткъуы бӕласыл ауындзынц цъӕх кӕнӕ сырх фӕткъуытӕ.

*3) «Ӕрхӕцӕн нысӕнттӕ».* Темӕ ӕмбӕрстгонд куыд ӕрцыд, уый равдисынӕн скъоладзаутӕ ӕвдисынц карточкӕтӕ ӕрхӕцӕн нысӕнттимӕ: ?, !, … ӕмӕ а. д.

*4) «Анкетӕ».* Скъоладзаутӕ равзӕрст хъуыдыйӕдты ӕххӕст кӕнынц цухгонд бынӕттӕ.

а) Ӕз урочы куыстон… хорз/ӕвзӕр

ӕ) Мӕ куыстӕй ӕз … разы дӕн/ разы нӕ дӕн

б) Урок мӕм фӕкаст… цыбыр/даргъ

в) Урочы ӕз… нӕ бафӕлладтӕн/ бафӕлладтӕн

г) Хӕдзармӕ куыст мӕнмӕ гӕсгӕ у… ӕнцон/зын

Рефлексийӕ арӕхдӕр пайдагонд цӕуы урочы кӕрон. «Учителю важно не только узнать и понять эмоциональное состояние ученика в финале учебного занятия, но и то, насколько продуктивным для него стал урок» (3, с. 97). Скъоладзаутӕ хъуамӕ саргъ кӕной, урочы куыд активонӕй куыстой, уымӕн, зонындзинӕдтӕ райсыны хъӕугӕ ӕмӕ цымыдисаг формӕтӕн, коллективон куыстӕн. Уый тыххӕй ахадгӕдӕр у рефлексийы 3-аг хуыз - *ахуырадон ӕрмӕджы мидисы рефлекси.*

Ахуырадон ӕрмӕджы мидисы рефлексийы фӕрцы бӕрӕггонд цӕуы, скъоладзаутӕ рацыд ӕрмӕг куыд бамбӕрстой, уый. Уый тыххӕй пайдагонд цӕуы алыхуызон мадзӕлттӕй. Эффективондӕрыл нымад цӕуынц ӕнӕххӕст хъуыдыйӕдтӕ, тезистӕ, афоризмтӕ, раныхӕстӕ, синквейнтӕ. Зӕгъӕм:

*1) «Рефлексивон экран».* Ӕнӕххӕст хъуыдыйӕдты экран ис сывӕллӕтты раз. Алчи дӕр, хи фӕндонмӕ гӕсгӕ, ӕвзары фразӕ ӕмӕ йӕ ахӕццӕ кӕны кӕронмӕ.

Абон ӕз базыдтон…

Абон урок уыд цымыдисаг…

Уыдис зын…

Ныр мӕ бон у…

Ӕз ӕххӕст кодтон хӕслӕвӕрдтӕ…

Ӕз бамбӕрстон уый, ӕмӕ…

Мӕ бон баци…

Ӕз бафӕлвардзынӕн…

Тынг бадис кодтон…

Урок мӕнӕн феххуыс уыдзӕн царды…

Мӕн бафӕндыди…

Хӕдзары радзурдзынӕн…

*2) «Раныхæстæ.* Скъоладзаутæ цæттæ кæнынц чысыл раныхæстæ: «Æз æй нæ зыдтон… Ныр æй базыдтон».

*3) Фæлтæрæн «Плюс – минус – цымыдисаг».* Сæххæстгæнæн æй ис фысгæйæ кæнæ дзургæйæ. Фысгæ куыстæн баххæст кæнын хъæудзæн 3 хайæ арæзт таблицæ:

*«П» - «плюс»*-ы фыст цæуынц, скъоладзаутæн урочы сæ зæрдæмæ цы фæцыд, уый.

*«М» - «минус»*-ы бæрæггонд цæуынц, сæ зæрдæмæ цы нæ фæцыд, уый.

*«Ц» - «цымыдисаг»-ы* скъоладзаутæ ныффыссынц урочы цымыдисагдæр бынæттæ, цаутæ.

Ацы таблицæ æрхъуыды кодта Кембриджы университеты медицинон наукæты доктор Эдвард де Боно. Фæлтæрæн ахуыргæнæгæн ахъаз у урокмæ скъоладзауты цæстæй акæсынæн, алы скъоладзау дæр ын цы аргъ скодта, уымæн анализ скæнынæн.

*4) «Синквейн».* Пайда кæнæн дзы ис урочы кæрон ног æмæ рацыд æрмæджы бындурыл. Синквейн у фондзрæнхъон строфа.

1-аг рæнхъ – синквейны темæ æвдисæг номдар;

2-аг рæнхъ –темæ æргомгæнæг 2 миногоны;

3-аг рæнхъ – темæйы архайд æвдисæг 3 мивдисæджы;

4-æм рæнхъ – цыбыр хъуыдыйад, фразæ, кæцыйы фæрцы æргомгонд цæуы, темæмæ цы цæстæнгас ис, уый;

5-æм рæнхъ – дзырд – резюме (номдар-синоним), кæцыйы фæрцы æвдыст цæуы хи цæстæнгас темæмæ.

*Дæнцæг.* Синквейн *«Къостайы сфæлдыстад»:*

Къоста (Сæргонд).
Номдзыд, курдиатджын.
Хъуыды кæны, уарзы, æфхæры.
Йæ ном цæры.
Гений.

Уæдæ рефлексийæн ис стыр нысаниуæг скъоладзауты зонындзинæдтæ сбæрæг кæныны хъуыддаджы, уæлдайдæр та сæ активондзинады рæзтæн. Уый та у нырыккон урочы сæйрагдæр домæнтæй иу.

**Литературæ:**


1. Головкина Е.В. Подведение итогов урока. Рефлексия //Филологические науки. Вопросы теории и практики. №4. 2012. с. 58.
2. Кульневич С.В., Лакоценина Т.П. Анализ современного урока. Практическое пособие. Ростов-на-Дону, 2003. 137 с.
3. Кульневич С.В., Лакоценина Т.П. Современный урок. Часть 1. Ростов-на-Дону, 2004. 97 с.
4. Соколова Л.А. Рефлексивный компонент деятельности, как необходимое условие развития учителя и учащихся // Иностранные языки в школе. №1. 2005. с. 32.

***Исахъты Людмилæ,***
*АКЗУ-ы ректор,*
***Солтанты Джульетæ,***
*АКЗУ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг*

# НОГ АХУЫРАДОН СТАНДАРТМÆ ГÆСГÆ АРÆЗТ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК

Нæ бæстæйы ахуырады националон политикæйы цæуы стыр ивддзинæдтæ. Уый баст у, педагогикæйы удгоймаджы рæзтмæ стыр цæстæнгас здæхт кæй æрцыд, уыимæ. Нырыккон педагогикæйы сæйрагдæр хæстæй иу у педагогон процессы архайджыты фадæттæ раргом кæнын, се 'сфæлдыстадон рæзт равдисын. Ацы хæстæн нæй сæххæстгæнæн æнæ вариативон ахуырадон процессæй, уымæ гæсгæ фæзынынц алыхуызон ахуырадон уагдæтты ног хуызтæ, кæцытæ домынц арф наукон æмæ практикон хъуыдыкæнынад.

Ахуырад æрмæст æхсæнадон царды социалон хай нæу, фæлæ у йæ раздзог: иунæг æндæр дæлсистемæйы бон дæр нæ бацис уый бæрц ногдзинæдтæ æмæ эксперименттæй пайда кæнын йæ рæзты фæндагыл.

Абоны ахуырад архайы ахæм технологитæ æмæ мадзæлттæ саразын, кæцытæ стыр ахъаз фæуыдзысты скъоладзауы удгоймагон рæзтæн, æхсæнадон царды ивддзинæдтæм цæттæ уæвынæн. Цæмæй скъола рæза, уый тыххæй хорз æмбæрст хъуамæ цæуой ахæм æмбарынæдтæ, куыд «ног», «ногдзинад», «инноваци», «инновацион процесс», кæцытæ фыццаг бакастæй куыд хуымæтæг сты, æцæгæй афтæ не сты. Нæ литературæйы бирæ азты дæргъы инноваци æвдыст цыд экономикон системæйы иртæстыты. Фæлæ рæстæг куыд ивта, афтæ æхсæнады æппæт сферæтæ дæр домдтой ивддзинæдтæ, æмæ уыдонæн та æрмæст экономикæйы теорийы уæвæн нæ уыд. Уый æнæмæнг хъæугæ уыд ахуырады. Теори æмæ методологийы проблемæ ииуыл ирддæр æвдыст æрцыд ахæм ахуыргæндты куыстыты, куыд М.М. Поташник, А.В Хуторской, Н.Б Пугачева, В.С. Лазарев, В.И Загвязинский. Сæйрагдæр сæ ахаст æвдыстой системон-архайдон мадзалмæ, уый нын фадат дæтты ногдзинæдтæ комплексон æгъдауæй ахуыр кæнынæн.

Нырыккон скъолайы инновацитæ æрцахстой ахсджиаг бынат. Уыдонæн стыр нысаниуæг ис скъолайы дарддæры рæзты.

Историйæ бæрæг у, рæзты фæндагыл лæуд скъолайы ахуыргæнинæгтæ бирæ хъуыддæгты арæхстджындæр кæй вæййынц традицион скъолайы ахуыргæнинæгтимæ абаргæйæ. Уымæ гæсгæ, ныййарджытæ арæхдæр, сæ сывæллæты индивидуалон курдиаттæ нæ рабæрæг кæнгæйæ, равзарынц ахæм скъолатæ. Лæмæгъдæр сывæллæттæ ахæм скъолайы программæмæ гæсгæ ахуыр кæнынмæ нæ фæарæхсынц, æмæ фылдæр хатт се 'мгæртты фæсте баззайынц. Уымæ гæсгæ абон скъола равзарыны фарста, цы хицæндзинад ис алыхуызон скъолаты æхсæн, уый бамбарыны фарста у актуалон.

Ахуырад дывæрсыг фæзынд у. Ахуыргæнæджы хæс у ахуыргæнинæгты ахуыр кæнын, ахуыргæнинæгты хæс та – ахуыр кæнын. Ахуыргæнæг сывæллæттæн æрмæст зонындзинæдтæ нæ дæтты, уый сæ хъомыл кæны, рæзын сын кæны сæ арæхстдзинæдтæ. Ахуыр кæнын уый нæ нысан кæны, æмæ æнусты дæргъы цы зонындзинæдтæ фæзынд адæммæ, æрмæст уыдон базонын, ахуыр кæнын амоны хиуыл кусын, цы

зонындзинæдтæ райсай, уыдонæй пайда кæнын зонын, хъæугæ арæхстдзинæдтæ æмæ фæрæзтæй пайда кæнын.

Зонындзинæдтæ ахуыргæнинæгтæ исынц ахуыргæнæгимæ иумæ, йæ разамындæй. Ахуыргæнæг амоны скъоладзауты индивидуалон æмæ карон хицæндзинæдтæ хынцгæйæ. Уый ахуырады мидис æркæны иу системæмæ, йæ мидис ын бæлвырд кæны, агуры хуыздæр фадæттæ, куысты хуызтæ, растдæр фæндæгтæ зонындзинæдты дунемæ. Ахуырæнæг æппæт тыхтæй дæр архайы йе скъоладзауты сифтонг кæнын хъæугæ зонындзинæдтæй, хибарæй куыстыл сæ фæцалх кæны, сæ арæхстдзинæдтыл сын бакусы.

Абон ахуырадæн характерон сты ахæм миниуджытæ:

- царды ивддзинæдтимæ æнгом баст нысан;
- ахуыргæнæг æмæ скъоладзауты иумæйаг архайд;
- ахуыр кæнын (ахуыргæнæг – разамонæг);
- скъоладзауты хибарæй ахуыр кæнынмл æфтауын;
- ахуырады цыд раст уагыл æрæвæрын;
- ахуыргæнинæгты кар хынцын;
- ахуыргæнæг æмæ ахуыргæнинæгты сфæлдыстадон куысты иугонд;
- царды домæнтæн дзуапп дæттын;
- ахуырад æмæ хъомылады æмбастдзинад.

Ахуырады æнтыстæн йæ фæстиуджытæ бæрæггонд цæуынц ахуыргæнинæгты ахастæй ахуырмæ, хибарæй зонындзинæдтæм куыд тырнынц, уымæй. Скъоладзау æрмæст зонындзинæдты хъомысы объект нæу, фæлæ у бæлвырд педагогон процессы субъект. Скъоладзау рæзы æрмæстдæр хиуыл кусыны процессы, уымæ гæсгæ ахуырады быиндур у ахуыр кæнын, зонындзинæдтæ исын. *Ахуыргæнæджы сæйраг хæс у скъоладзауы ахуыр кæнынмл фæцалх кæнын.*

Ахуырады æппæт хæйттæ дæр хъуамæ æххæстгонд цæуой, скъоладзау алывæрсыгæй куыд рæза, афтæ, уымæ здæхт у педагогон процесс ахуырадон, хъомыладон æмæ рæзынады хæстæ æххæстгæнгæйæ. Афтæмæй ахуыргæнгæйæ уæрæхдæр кæны зонындзинæдты гуырахст, рæзгæйæ хъæздыгдæр кæны удыхъæд, хъомыладон хæс та æххæст кæны æхсæнады домæнтæ.

*Ахуырадон функци.* Ахуырадон функцийы сæйраг нысаниуæг у, скъоладзауты бæлвырд наукон зонындзинæдтæй, арæхстдзинæдтæй ифтонг кæнын, æмæ сæ сæ бон уа практикон хуызы пайда кæнын.

Ахуырады сæйраг хай сты наукон зонындзинæдтæ: алыхуызон æмбарынæдтæ, фактæ, цаутæ, закъонтæ. Ахуырады домæнтæм гæсгæ, уыдон хъуамæ скъоладзауы удгоймагон рæзты æрцахсой аккаг бынат, йæ фæлтæрддзинады скондмæ хаст æрцæуой. Лæвæрд функцийы домæнтæ æххæстгонд куы æрцæуой, уæд хъæздыгдæр æмæ фидардæр кæнынц зонындзинæдтæ.

Ахуырады функцийы фæстиуæг у, цы зонындзинæдтæ райстой скъоладзаутæ, уыдонæй сæ дарддæры ахуыры пайда кæнын арæхсын. Уыцы иу рæстæджы бæлвырдгонд хъуамæ цæуой канд хицæн предметон зонындзинæдтæ нæ, фæлæ иумæйаг ахуыры арæхстдзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинæдтæ.

Цæмæй арæхстдзинæдтæ хуыздæр кæной, уый тыххæй хъæуы æдзухдæр æххæст кæнын бæлвырд фæлтæрæнтæ, сабыргай сæ вазыгджындæр кæнгæйæ. Арæхстдзинæдтæ хъæддыхдæр кæнынц, уыцы иу куысты хуыз уыцы иу уавæрты бирæхатт фæлхат кæнгæйæ.

*Хъомыладон функци.* Хъомыладон функци гуыры ахуырады мидис, формæ æмæ мадзæлттæй, фæлæ ахсджиаг у, ахуыргæнæг æмæ скъоладзауты 'хсæн цы ахастытæ сæвзæрд, уый. Ахуырад æнæмæнг æххæст кæны хъомыладон функци. Скъоладзауы уды рæзтæн уæвæн нæй æнæ хæрзуагдзинады æгъдæуттæ бамбаргæйæ.

*Рæзынады функци.* Раст æвæрд ахуырад кæддæриддæр архайы скъоладзауы уды рæзтыл, фæлæ ацы функци хуыздæр æххæстгонд цæуы, ахуыргæнæг æмæ скъоладзауты æмархайд удгоймаджы рæзтмæ арæзт куы вæййы, уæд. Ахуырадмæ традицион ахасты лæвæрд функци æххæстгонд æрцæуы ахуыргæнинæгты ныхасы рæзт æмæ хъуыдыкæнынад рæзгæйæ.

Ахуыргæнинæгты ахуыр скъолайы цæуы ахуыргæнæджы разамындæй. Ахуыргæнæджы куысты нысан у разамынд дæттын скъоладзауты активон æмæ æмбаргæ зонындзинæдтæн. Ахуырады процессæн къухдариуæгкæнын домы педагогон процессæн цы сконд пълангонд æрцыд, уый, стæй педагогон куыстæн йæхи æххæст кæнын:

- пълан скæнын;
- ахуыргæнинæгты куысты организаци;
- ахуырады процесс фæткыл аразын;
- цæстдард (ахуыргæнинæгты хибарæй куыстмæ разæнгард кæнын)
- аргъ кæнын;
- педагогон нысанты рæзты фæстиуджытæн анализ скæнын.

Рагон бердзенаг ахуыргонд Сократ æмæ йæ хъомылгæнинæгтæ цы ахуыры хуызæй пайда кодтой, уый историйы нымад у иуыл зындгонддæр ахуыры хуызыл. Йæ сæйраг хъуыды уыцы мадзалæн уыд æцæгдзинадмæ бахæццæ уæвын æххуысгæнæн фæрстыты æвæрыны фæрцы. Уыцы ахуыры хуыз схуыдтой «сократы ныхасы мадзал» (метод сократической беседы). Сократ фæрстытæ æвæргæйæ йæ ахуыргæнинæгтæм гуырын кодта цымыдис, зонындзинæдтæм тырныдзинад, æмæ йæхæдæг дæр, тæрхæттæ кæнгæйæ, ахуыргæнинæгты хъуыдытæ раст фæндагыл арæзта.

Догматикон ахуыр уыд зонындзинæдтæ коллективон æгъдауæй райсыны фыццаг мадзал. Йæ сæйраг нысантæ уыдысты: байхъусын æмæ механикон хуызы бахъуыды кæнын.

Ахуырадон процессы уæрæх пайда кæнын куы райдыдтой цæстуынгæ æрмæгæй, уæд райрæзт æмбарынгæнæн-иллюстративон метод. Ацы ахуыры хуызы сæйраг нысан уыд ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ цæстуынгæ æрмæджы бындурыл рæзын кæнын. Ацы метод характерон у традицион скъолайæн.

XX æнусы райдайæны фæзынд ног ахуыры хуыз – хибарæй зонындзинæдтæ исын, хибарæй ахуыр кæнын. Иумæйагæй йæ бакаст уыд ахæм: ахуырты райдайæны-иу ахуыргæнæг йæ разныхасы ахуыргæнинæгты раз æрæвæрдта проблемæ, лæвæрд-иу сын æрцыд хъæугæ литературæ, бацамыдта-иу ахуыргæнинæгтæн æмæ-иу сын куыст сæххæст кæнынæн æмгъуыд снысан кодта. Иумæйагæй æркæсгæйæ ацы ахуыры хуыз аиппджын уыд: зонындзинæдтæн системон хуыз лæвæрд нæ уыд, ахуыргæнинæгтæ цæстдард нæ æййæфтой, ахуыргæнæджы позици уыд пассивон, разæнгард нæ кодта ахуыргæнинæгты.

Ахуыры процесс цы уавæрты цæуы, уыдонæй аразгæ у йæ эффективондзинад. Уыцы уавæртæм хауынц материалон, социалон-психологон æмæ ахуыры гигиенæ. Сæйраг уавæрыл нымад у ахуыргæнæг йæ дæсныйад цас хорз зоны, уый. Ахъаззаг сты ахуыргæнæджы удгоймагон миниуджытæ, сфæлдыстадон ахаст, йæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ куыд тырны, йæ куыстæн йæхæдæг раст аргъ кæнын куыд арæхсы, уый.

Ахуырады принциптæ рæзынц дидактикæйы уагæвæрдтæй. Уыдон амонынц ахуыры процессы объективон закъонтæ æмæ закъонбæрцæдты цыд æмæ сын стыр ахадындзинад ис скъоладзауы рæзтæн. Уыдон бæрæг кæнынц, ахуыргæнæг цы цæстæнгас дары ахуырмæ, ахуырады процесс куыд аразы, цы фæндæгтæ агуры ахуыры уавæр фæхуыздæр кæнынæн, æппæт уыцы фæзындтæ.

Ахуырады принциптæ зонын ахъаз у ахуыры процесс аразынæн. Уыдон фадат дæттынц ахуыргæнæг æмæ ахуыргæнинæгтæн æмгуыст кæнынæн. Ахуырады принциптæ, закъонтæ æмæ закъон бæрцады бындурыл арæзт кæй сты, уымæ гæсгæ се 'хсæн ис ахæмтæ, кæцытæ иумæйаг сты æппæт ахуырадон уагдæттæн дæр. Ахуырады принциптæ иуыл бæлвырддæр сбæрæг кодта К.Д.Ушинский:

- ахуырад хъуамæ райдайа афойнадыл æмæ цæуа цадæггай;
- ахуырад хъуамæ хынца ахуыргæнинаджы психологон хицæндзинæдтæ æмæ æрдзæй лæвæрд фадæттæ;

- фæтк æмæ системондзинад сты ахуыры æнтысты сæйрагдæр домæнтæй;
- ахуырад хъуамæ рæзын кæна хæдархайд, хъæппæрис, разæнгарддзинад;
- ахуырад хъуамæ уа ахуыргæнинæгты гæнæнтæм гæсгæ, ма уа æгæр зын кæнæ æгæр æнцон;

Ахуырады æппæт процесстæ сты кæрæдзиимæ æнгом баст, уымæ гæсгæ сты иу мидисджын системæ. Сæ нысаниуæг æрмæст сæхи фидар фæлгæтты æвæрд нæу. Методикон æгъдауæй сæ дих раст у, уымæн æмæ уый æххуыс у цæуыл ахуыр кæнын хъæуы æмæ куыд ахуыр кæнын хъæуы, уый бамбарынæн.

Ахуырады мидисджын принциптæм ахæссæн ис ахæм принциптæ, куыд наукон, хъомыладон, индивидуалон æмæ къорды ахуыры, кар æмæ индивидуалон хицæндзинæдтæ хынцын.

*Наукон принцип* бæрæг кæны ахуырады бастдзинад нырыккон наукæ æмæ техникæимæ, дунеон цивилизацийы фæлтæрддзинадимæ. Домы, цæмæй скъоладзаутæн цы æрмæг лæвæрд цæуы, куыд урочы, афтæ фæсурокты куысты дæр, уый арæзт уа наукон фæзындтæ, закъонтæ, сæйраг теоритæ æмæ концепцитæ зонынмæ, наукæйы рæзтмæ. Наукон принцип домы ахуырадон пълантæ, программæтæ, ахуырадон чингуытæ аразын, уæлæмхасæн æрмæгæй пайда кæнын, нырыккон наукон æнтыстытимæ зонгæ кæнын. Ацы принципыл хæцын арæзт у ахуыргæнинæгтæм зонындзинæдтæм тырнындзинад гуырын кæнынмæ.

*Хъомыладон принцип* арæзт у хъомылад æмæ ахуырады æмбасты бындурыл. Ахуырады хъомылад исынæн ис стыр нысаниуæг, уæд фидардæр кæнынц скъоладзауы миниуджытæ, индивидуалон курдиаттæ, гуырын кæны бæрнондзинад æмæ куыстмæ уарзондзинад.

*Къорды ахуыр æмæ индивидуалон ахуыры æмбаст* хорзыл нымад у. Уымæн æмæ хицæн адæймаджы миниуджытæ хуыздæр рæзынц иуæй иннæ адæмимæ æмбæлгæйæ, иннæмæй та йæхи тырнындзинадæй ахуырмæ.

Къорды ахуыр аразы фадат диалогæн, агуры лæвæрд фарстатæ лыг кæнынæн иумæйаг фæрæзтæ, уæлдæр кæны бæрнондзинады, æмæ алы адæймаг дæр ахуыр кæны æхсæнады йæхицæн аккаг аргъ дæттынмæ.

Фæлæ ахуырæн æнтыстджын уæвæн нæй, ахуыргæнинæгты индивидуалон хицæндзинæдтæ æнæ хынцгæйæ. Уымæ гæсгæ къорды кусгæйæ, æнæмæнг хъæуы индивидуалон куысты хуызтæй пайда кæнын.

Ахуырад æнæмæнг хъуамæ хынца ахуыргæнинæгты кар æмæ индивидуалон хицæндзинæдтæ.

Ахуыртæ хъуамæ арæзт уой, ахуыргæнинæгтæн сæ гæнæнтæ цас сты, уымæ гæсгæ, зæрдыл дарын хъæуы сывæллæтты æнæниздзинады фарста.

Ахуырадон процессы организацийы стыр нысаниуæг ис цæстуынгæ æрмæгæн. Я.А. Каменскимæ гæсгæ ахуырады хъуамæ архайой адæймаджы æппæт æнкъарæнтæ дæр.

Скъоладзау цы хъусы, уый ма уынгæ дæр куы кæна, уæд æй æнцондæрæй æмбары. Æрмæст хъусгæйæ цы информаци исы адæймаг, уый нæм хъары 15%, уынгæйæ – 25%, æмæ сæ иумæ куы пайда кæнæм ахуырадон процессы, уæд та хæццæ кæны 65%-мæ. Цæстуынгæ æрмæг алыхуызон вæййы. Уырдæм ахæссæн ис алыхуызон иллюстрацитæ, презентацитæ, лабораторон-практикон куыстытæ, цардæй ист цаутæ. Цæстуынгæ æрмæгæй пайдагæнæн ис урочы алы этапы дæр.

Нырыккон дидактикæйы ахуырады организацион хуызтæ, уыимæ æнæмæнгхъæугæтæ æмæ факультативонтæ, къласон æмæ хæдзарон ахуыртæ дих кæнынц фронталон, къорды æмæ индивидуалонтыл.

Фронталон куысты рæстæг ахуыргæнæг разамынд дæтты æппæт къласæн дæр, скъоладзаутæ уыцы рæстæг æххæст кæнынц уыцы иу ахуырадон хæстæ.

Къордты куысты ахуыргæнæг разамынд дæтты къласы скъоладзауты къордтæн.

Индивидуалон ахуыр йæ хуызмæ гæсгæ хæстæг лæууы фронталонмæ, фæлæ скъоладзау фæархайы иунæгæй.

Коллективон куысты хицæндзинæдтæ:

- скъоладзаутæ, лæвæрд хæс æххæстгæнгæйæ, иумæйаг бæрндзинад æмбарынц, исынц бæлвырд бæрæггæнæн;
- куыст æххæст цæуы æнæхъæн къласæй æмæ хицæн къордтæй ахуыргæнæджы æххуысæй;
- куыст афтæ дих кæнынц, цæмæй хъусдард цæуа алы ахуыргæнинаджы фадæттæм дæр, алкæмæн дæр йæ бон у йæхи равдисын иумæйаг хъуыддаджы;
- кæрæдзийы куыстмæ сæ цæст дарынц æмæ алчи дæр æмбары йæхи бæрндзинад кълас æмæ къорды раз;

Ахуыры сæйраг организацион формæйыл нымад у урок. Урочы ахуыргæнæг бæлвырд рæстæджы дæргъы разамынд дæтты скъоладзауты къордæн, хынцы сæ алкæй индивидуалон хицæндзинæдтæ, æвзары ахæм куысты хуызтæ æмæ мадзæлттæ, кæцытæ æххуыс сты ахуыргæнинæгтæн фылдæр зонындзинæдтæ райсын цы предмет ахуыр кæнынц, уымæй. Стыр нысаниуæг ис урочы ахуыргæнинæгты хъомылад æмæ монон рæзтæн.

Бæлвырд классификаци нæй уроктæн нырыккон дидактикæйы. Зындгонддæр у практикæйы арæхдæр кæмæй пайда кæнынц, уыцы классификаци. Бакуыста йыл Б.П. Есипов. Уый хицæн кæны:

- иугонд уроктæ;
- ног æрмæг райхалыны уроктæ;
- рацыд æрмæг ныффидар æмæ фæлхат кæныны уроктæ;
- ахуыры æрмæг æрбиноныг кæныны уроктæ;
- зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтыл кусын æмæ сæ ныффидар кæныны уроктæ;
- зонындзинæдтæ бæлвырдгæнæн уроктæ;

Урокты æнæтрадицион хуызтæ бæлвырд фæткмæ гæсгæ конд цæуынц иу кæнæ цалдæр темæ сахуыргæнгæйæ, ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ сбæрæг кæнынæн. Скъоладзаутæ традицион урочы формæйæ куы ахизынц, уæд сæм уавæртæ фæкæсынц бæрæгбоны хуызæн, психологон æгъдауæй вæййынц сæрибардæр, рæдыд скæнынæй дæр нæ фæтæрсынц. Урочыты ахæм хуызты хъуамæ архайа æнæхъæн къласс, кæнæ параллелон къласстæ, æнæмæнг пайда кæнынц цæстуынгæ æрмæгæй (компьютерон æмæ видео техникæ, равдыстытæ, буклеттæ). Ахæм урокты æххæстгонд цæуынц методикон, педагогон, психологон нысантæ.

Методикон æгъдауæй эффективоныл нымад цæуынц урок-хъазт, урок-викторинæ, урок-конкурс, урок-презентаци (проекты хъахъхъæд), урок-конференци, урок- экскурси æмæ æндæртæ

Фæстаг рæстæг хъазты методæй ахуыр кæнынæн ис стыр ахадындзинад. Æвзæрст æрцæуынц ахуырон, куыстон, архайдон хъæзтыты хуызтæ, архайды проблемон ситуаци саразгæйæ иумæ архайынц хъазты хуызы йæ райхалыныл. Зæгъæм, **урок- конкурс** фадат дæтты ахуырты рæстæг цы теоретикон зонындзинæдтæ æмæ практикон арæхстдзинæдтæ райстой, уыдон сбæрæг кæнын, скъоладзауты зонындзинæдтæ иу системæмæ æркæнын; скъоладзаутæм æвзæрын кæны сфæлдыстадон цæстæнгас æмæ активондзинад.

Скъоладзаутæ рацыд æрмæг бамбæрстой æви нæ, уый сбæлвырд кæнынæн иууыл хуыздæр æвдисæн у сæ хъуыдытæ зæгъынмæ куыд арæхсынц , уый. Уый та сбæрæг кæнæн ис урок-конференцийы фæрцы.

Скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ, сæ удыхъæды миниуджытæ раргом кæнынæн, ахуырдзау æмæ ахуыргæнæджы иумæйаг архайд урочы къухы бафтынæн æмæ æххæстæй равдисынæн хорз æххуыс у проекты метод. Проекты метод, куыд ног педагогон технологи, стыр æххуыс у скъоладзауы сфæлдыстадон, иртасæн куыстыл фæцалх кæнынæн.

Нырыккон методикæйы ахуырадон-сфæлдыстадон проект нымад цæуы раззагдæр технологитæй иуыл. Проекты сæйраг нысан у ахуыргæнæджы æххуысæй хи куыст бацæттæ кæнын. Проект арæзт цæуы 3 этапæй: *бацæттæгæнæн, технологон* æмæ *кæронбæттæн.*

Ахуырадон-сфæлдыстадон проектыл кусгæйæ, пайда кæнæн ис, куыд традицион методтæй, афтæ ног ахуырадон технологитæй дæр.

Ахуырады эффективондзинады барæн свæййы ахуырдзау йæхæдæг æмæ йæ индивидуалон фæлтæрддзинады хъæздыгад, йæ фæстиуæг та - удгоймаджы зонындзинæдты рæзты процесс. Проекты метод у ахуырады программæйы иугæнæн элемент, хорз фадæттæ аразы ахуырты ахадындзинад фæбæрзонддæр кæнынæн, ахуырдзаутæн хибарæй зонындзинæдтæ райсынæн. Проектыл куыст цымыдисондæр кæны ахуыры процесс.

Проектæн скæнæн ис алы хуызты: презентаци, уац, амындтытæ, альбом, коллаж æмæ æндæртæ. Алыхуызон сты проекты равдисыны формæтæ: доклад, конференци, конкурс, бæрæгбон. Проекты сæйраг фæстиуæг у цы зонындзинæдтæ уыдис ахуыргæнинæгтæм, уыдонæй куыд спайда кодтой, ног зонындзинæдтæ райсынмæ куыд сарæхстысты, сæ арæхстдзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинæдтæ куыд равдыстой æмæ сæ сфæлдыстадон æгъдауæй куыд спайда кодтой.

Ахæм куысты хуызтæ скъоладзауты разæнгард кæнынц дарддæры иртасæн куыстмæ, уæрæхдæр сын кæнынц сæ зонындзинæдтæ.

**Литературæ:**


1. Ерофеева. Н.И. Управление проектами в образовании/Н.И. Ерофеева//Народное образование. -2002. №5
2. Загвязинский. В.И. Инновационные процессы в образовании и педагогическая наука/ В.И. Загвязинский//Инновационные процессы в образовании: Сборник научных трудов. - Тюмень: 1990. - с. 8.
3. Каменский. А.К. Нормативно-правовая база общественно-государственного управления школой/ А. К. Каменский// Директор школы. - 2006. №3.
4. Лазарев. В.С. Управление нововведениями - путь к развитию школы/ В. С. Лазарев// Сельская школа. - 2003. №1.
5. Орлова. А. И. Возрождение образования или его реформа?/ А.И. Орлова// Преподавание истории в школе. – 2006. №1.
6. Рапацевич. Е.С. Педагогика. Большая современная энциклопедия/Е. С. Рапацевич.- Минск: Современное слово. - 2005
7. Руднев. Е.Н. Миссия, стратегия и практические действия/ Е.Н. Руднев// Директор школы. - 2006. №8.
8. Сластенин. В.А. Педагогика/ В.А. Сластенин. - М.: Школа-Пресс, 2000 г.
9. Тюнников. Ю.С. Анализ инновационной деятельности общеобразовательного учреждения: сценарий, подход/ Ю.С. Тюнников// Стандарты и мониторинг в образовании. - 2004. №5. Лазарев. В. С. понятие педагогической и инновационной системы школы/ В.С. Лазарев// Сельская школа. - 2003. №1.

***Гасанты Валерий,***
***ПТРК «Алания»-йы уацхæссæг***

## *ПЛИТЫ ГРИСЫ РАЙГУЫРДЫЛ СÆХХÆСТ 100 АЗЫ*

Курдиат… Æвæдза цæй диссаг дæ. Ды равзæрыс адæймаджы уды арфы, ныррухс кæныс зæрдæйы æмæ зонды рæбинагдæр æвæрæнтæ. Бамбæхсæн дын нæй, нæй дын фесæфæн. Хæххон цæугæдон куыд абухы, афтæ сабухыс. Рæсугъд уарди иннæ дидинджыты ’хсæн бæрæг куыд фæдары, афтæ дæуæн дæр фæивддзаг кæнæн нæй. Цард адæймаджы размæ цыфæнды стыр цæлхдуртæ куы æвæра, уæддæр рæхснæг тала къæдзæхы фахсы йæ уидæгтæ куыд ауадзы æмæ уым куыд æрзайы, афтæ стыр курдиаты хицау адæймаг дæр царды тымыгътæн сæттын нæ бакомы. Уый йæхицæн равзары зын, фæлæ арфæйаг сфæлдыстадон фæндаг.

Уыцы хорзæхæн табу кодта номдзыд ирон поэт, курдиатджын драматург æмæ дæсны тæлмацгæнæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Плиты Грис. Хорз æй чи зыдта, уыцы адæм æй бахъуыды кодтой ирон дзырдаивады æвæллайгæ зиууонæй, зæрдæхæлар хистæрæй æмæ хъæбатыр хæстонæй. Грис кæддæриддæр архайдта йæ адæмæн хорзы цæуыныл.

Плиты Грис райгуырд 15-æм октябры Хуссар Ирыстоны Ручъы хъæуы зæххкусæджы хæдзары. 1920-æм азы йæ бинонтæ ралыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ æмæ æрцардысты Ногиры. 1930-æм азы Грис æнтыстджынæй каст фæци Педагогон техникум. 1935-æм азы та Мæскуыйы театралон аивады институт. Грис æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта 1929-æм азы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ йын мыхуыры рацыд æмдзæвгæты дыууæ чиныджы. Кæд нырма æрыгон уыд, уæддæр бæрæг уыд, нæ литературæмæ курдиатджын поэт кæй æрбакъахдзæф кодта, уый.

Фашистон Герман нæ бæстæмæ куы æрбабырста, уыцы рæстæг Грис уыд ирон драмон театры артист æмæ литературон хайады сæргълæууæг. 9-æм июлы 1941-æм азы барвæндæй æрлæууыд Сырх æфсады рæнхъыты. Æмæ ссис Орджоникидзейы бастдзинады æфсæддон училищейы курсант. Кæд дзы дыууæ азы ахуыр кæнын  хъуыд, уæд æй Грис та каст фæци æхсæз мæймæ. Цæттæ уыд тохы цæхæрмæ ацæуынмæ, фæлæ иттæг хорз кæй ахуыр кодта, уымæ гæсгæ йæ снысан кодтой училищейы ахуырадон взводы командыгæнæгæй. Цалдæр хатты фыста курдиæттæ, цæмæй йæ арвитой тохы цæхæрмæ, фæлæ та-иу йæ фæндæй ницы рауад. Йæ курдиат ын сæххæст кодтой 1941-æм азы декабры, арвыстой йæ Волховы фронтмæ æмæ йæ снысан кодтой 15-æм фистæг дивизийы бастдзинады эскадроны командыгæнæджы хæдивæгæй. Фыццаг архайдта Ленинград немыцæй ссæрибар кæныны карз хæстыты. 1942-æм азы ссис дивизийы газет «На штурм врага»-йы литературон кусæг, стæй та – «Красное знамя»-йы уацхæссæг. Уыцы рæстæг 24-æм æфсадимæ фæцыд хæсты фæндæгтыл Сталинградæй Венæмæ. Архайдта Сталинград æмæ Курскы къæлæты, стæй Днепры цы карз тохтæ цыд, уым. Знагæй сæрибар кодта Украинæ, Молдави, Румыни, Югослави, Венгри æмæ Австри.

Уæззау тохы дæр Грисæн йæ поэтикон удцырын æнцой нæ лæвæрдта, æмæ та-иу райгуырдысты æмдзæвгæтæ. Сæ иуы мысы йæ уарзоны. Хæсты уынæр рæстæгмæ куы фенцад, уæд фæллад салдаты цæстытыл ауад йæ рухс сурæт:

Цыма фенцад æваст
Æнкард хъарæг,
Цыма арвæй æркаст
Цырагъдарæг, –

Аив сæрды æппæт
Йæ хæрдгæйæ,
Атад, алыгъди мæт
Мæ зæрдæйæ…
Фæлæ н′ аскъуыд æваст
Æнкъард хъарæг,
Нæдæр арвæй æркаст
Цырагъдарæг:
Уый рæстæгмæ фæхъус
Нæ хæст – тъыфыл,
Æмæ уайы дæ хуыз
Мæ цæстытыл.

Æфсæддон уацхæссæг уæвгæйæ, Грис кæддæриддæр уыд тохы цæхæрæн йæ тæккæ тæмæны куы фистæг æфсæддонтимæ, куы та танкты æфсады ротæимæ. Уæхски-уæхск йæ зынгзæрдæ æрмæджыты хъайтартимæ иумæ хæцыд тугдзых знаджы ныхмæ. Цыд атакæйы, архайдта немыцимæ лæгæй-лæгмæ хæстыты. Уымæ гæсгæ цæуыл фыста, уый уыд уырнинаг æмæ æфсæддонтыл сагъта ныфсы базыртæ, разæнгард сæ кодта знагимæ тохмæ райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау.

Ахæм уæззау рæстæг дæр ныхас кæны йæ мидхъæлæсимæ. Дзуры йæ сæнттæм, цæмæй йæ иунæгæй ма ныуудзой.Уыдон сты йæ ныфсы хал, йæ удлæууæн.

Уæ, цы фестут ме ’назым бæллицтæ?
Ма атæхут фæззæджы мæргътау…
А тыхст бон мæ ма фæкæнут лидзгæ,
Иу каст-ма мæм ракæнут уæд та:

Айсут мæ уæ базыртыл фæстаг хатт,
Айрайон ма иунæг хатт æрмæст!-
А цард мæм цы дыууæ боны ′рхаудта,
Басыгъта мын уыдон абон хæст…

Нал мын ис уæ раздахынæн мадзал,–
Иу фæд ма уæм бафтынæн бæззы,
Ууыл та мæм туджы цыдæй адзал
Артуадзгæ сырх цæстытæй кæсы.

Райстон хотых. Удхæрдтæн фæразын.
Ме знаг– разæй, хæст та нæу цыбыр:
Сыста, уадз, зындоны хох мæ разы!-
Уый сæрты дæр ахиздзынæн ныр!

1942-æм азы Ноябры 24-æм æфсад æрхъула кодта цæугæдон Доныл. 21-æм ноябры та сарæзтой ныббырст, басастой знаджы æфсæдты. Райстой хутор Вертячий, станцæтæ Верхне-Гниловская, Качалинский. Уыцы ныбырстыты знаджы фæсчъылдыммæ архайдта Плиты Иссæ дæр. Уым не ′фсæдтæ цы хъæбатырдзинад равдыстой, уый тыххæй газеты фæстæдæр фæзындысты йæ уацтæ: «Уничтожим окруженного врага!», «Если враг не сдается его, уничтожают», «В наступлении главное – стремительность» æмæ æндæртæ.

Йæ зæрдæ æмæ нын йæ уды уавæр поэт равдыста йе ′мзæвгæйы «Разысгæрсты».

Цардæй мæлæты ′хсæн ц′ ауæдз и,
Ууыл æз ахсæв хъуызын,
Ме хæс, цы зын дæ, цы зын!
Знагимæ карз хæст нæма фæци,
Æмæ йæм ахсæв хъуызын…
Ме хæс куы скæнин æххæст!
Науæд нæ фæуыдзæн хæст,–
Цас ма бæгъатыр туг акæлдзæн!
Цал ма та къонатæ байхалдзæн!
Фæлæ куы рауаид
Ахсæв мæ куыст–
Не знаг æрбауаид
Тагъддæр зынгхуыст.

1943-æм азы Грис архайы Сталинграды бынмæ фашистты къордтæ ныпппырх кæныныл карз хæстыты. Уыцы рæстæг уыд Сырх æфсæддонты фистæг æфсады разагдæрты æхсæн. Уыцы ныббырсты тыххæй ныффыста цалдæр уацы æфсæддон газетмæ. Уыцы тохы лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй йын лæвæрд æрцыд майдан «За оборону Сталинграда». Радтой йын æфсæддон цин «гвардийы хистæр лейтенант», стæй Сталины арфæйы гæххæтт.

Майор Меликадзе Грисы æфсæддон цæттæдзинады тыххæй фыста: «Лейтенант Плиев работал сначала в должности литературного сотрудника дивизионной, а затем – армейской газеты. И как журналист, и как командир показал мужество и героизм, работает честно, добросовестно, с инициативой. В действующих ротах и батальонах передовой линии он умело организовывал материалы в газету от участников боев».

Грис не ’фсæдты лæгдзинады цаутæ

равдыста йæ зындгонд кадæг «Салдат»-ы. Æфсæддоны хъысмæт, йæ тохы фæндæгтæ дзы уынæм ирдæй. Ацы уацмысы ирдæй зыны Грисы ахаст хæсты цаутæм æмæ уæды рæстæджы æхсæнады уавæрмæ:

Фæци салдат йæ хъизæмæрттæ саст,
Йæ зын фæндагыл ахæццæ кæронмæ,
Æрдздых æмæ йын адæймаджы зонд
Зæххыл цы фыдтæ самадтой йæ разы –
Æндон нæмыгау, ацыди сæ мидæг
Ыскæсæнæй Ныгуылæнмæ зынгæй
Æмæ фæхæццæ Намысы бæрзондмæ.
Фæлæ куы ’рсæрфта йе ’хсаргардæй туг,
Йæ дард фæндагмæ уæд фæстæмæ ракаст,
Æмæ йæ рустыл цæстысыг æрцыд.
Цæуыл, цæуыл уынгæг кæны дæ зæрдæ,
Æппæлинаг, мæлинæгты хуыздæр?
Æви зынтимæ риу-æмриу хæцынæй
Æппын нæма ныддурзæрдæ дæ, цы?
Æви æдзух æнæрцъындæй кæсынæй
Дæ цæстытæ нæма ныйисты хус?

1943-æм азы Грис быдырон фронты æфсæддонтимæ архайдта Курскы къæлæты уæззау тохты. Ам фæци уæззау цæф, афтæмæй уæддæр редакциййы хæслæвæрд сæххæст кодта. Днепр райсыныл хæстыты кæй архайдта æмæ нæ сырх æфсæддонты лæгдзинады тыххæй газетмæ разæнгардæй кæй фыста, уый тыххæй йын саккаг кодтой «Сырх стъалыйы» орден.

Атакæйы уæззау нывтæ нын равдыста йе ’мдзæвгæ «Тыхсты сахат»-ы. Атакæйы рæстæг хæстон кæсы комкоммæ мæлæты цæстытæм, фæлæ йæ ныфс ис, тагъд рæстæджы уæлахиз мах кæй уыдзæн, уымæй. Уыцы ныфсимæ хъуамæ цæуæм размæ фæдзæхсы нын йæ рæнхъыты.

Тагъд та бырсдзыстæм, уыдзæни атакæ,
Цасыл ныттар уыдзæн бон!..
Цардмæ фæстаг каст дæ хъуыдыты акæ,
Балвас та фидар дæ рон…
Уæдæ æрвылбон мæлæты раз тасыл
Ахуыр куыд нæ кæны лæг!
Алы хатт байдайы зæрдæ дзыназын,
Дуне та свæййы уынгæг.
– Гъей-джиди, -
афтæ йæхицæн фæзæгъы, -
Фарн та йæ уагыл лæудзæн,
Æмæ нæ фæстæ цы лæг цæуа зæххыл,
Уый цард куыд рæсугъд уыдзæн!

1944-æм азы Грис архайы йæ хæстон æмбæлттимæ Молдави, Венгри, Румыни, Югослави, Бухарест знагæй асыгъдæг кæныныл. Венгрийаг горæт Шарвары та немыцы уацарæй, уæззау тухитæй фервæзын кодтой украинæгты, сербæгты, молдовайнæгты. Уыдон уацары цы хъизæмæрттæ æвзæрстой, уый тыххæй газет «Красное знамя» бацæттæ кодта сæрмагонд номыр. Цалдæр уацы дзы ныффыста не ’мзæххон æфсæддон журналист.

Тохы быдыры тыхст сахат райгуырæн уæзæгæй фыстæг хæстонæн стыр ныфсы хос кæй у, уый та нын равдыста йæ æмдзæвгæ «Урс бæлон»-ы.

Урс бæлонау мæм æрбатахт
Хæцæны дæ фыстæг,
Æмæ зæрдæ барухс уайтагъд –
Нал у ныр æнтъыснæг.
Бæлонмæ кæсын, æмæ мын
Байдыдта дæ бустæ.
Хъусын, æмæ та дæ кæуын
Азæлы мæ хъустыл:
«Раздæх, ра, нæхимæ тагъддæр», –
Алы фысты домыс, –
Фæлæ хæст уынгæг у, знаг дæр
Тагъд сæттын нæ комы.

Уæлахизхæссæг 1945-æм аз куыд хæстæгдæр кодта, афтæ не ’фсæдты хæстон æнтыстытæ дæр фылдæрæй фылдæр кодтой. Грис дæр уыцы равджы фыста йе ’мдзæвгæтæ æмæ уацтæ. Уыцы аз архайдта Австри ссæрибар кæныныл. Уыцы зæлдылдарæн бонты поэт уыд 69-æм гвардион æфсадимæ. Нæ хæстонтæ венгрийаг горæттæ куыд сæрибар кодтой, уый тыххæй фыста æфсæддон газеты.

Уæлахизы рухс боныл тохвæллад хæстон сæмбæлд Ныгуылæн Австрийы. Зæххыл цы стырдæр тох уыд, уым хæрам тыхтыл рухс тыхтæ кæй фæуæлахиз сты, уый йæ разæнгард кодта сабыр дуджы хъæзуатон фæллоймæ. Æмæ Ирыстонмæ куы сыздæхт, уæд куыста «Мах дуг»-ы ре-

дакцийы. Грис стыр хæрзты бацыд ирон театрæн. Цы пьесæтæ ныффыста, уыдон хаст æрцыдысты нæ драматургийы сыгъзæрин фондмæ: «Чермен», «Зондаби», «Æууæнк», «Тæрхоны лæгтæ», «Сослан Цæразон» «Æнæсæттон» æмæ æндæртæ. Грисы фæрцы ирон æвзагмæ тæлмацгонд æрцыдысты Шекспиры, Пушкины, Лермонтовы, Островскийы уацмыстæ. Ам ирдæй рабæрæг, Грис йæ мадæлон æвзаджы гæнæнтæ хорз кæй зоны, йæ агургæ æмæ нæ аргæ дзырдты байбынтæй йын парахатæй кæй пайда кæны, уый. Уымæ гæсгæ йæ тæлмацтæн ис æрдзон рæсугъд хуыз. Сæ фæрцы æппæтвæрсыгæй банкъарæн ис, не 'взаг куыд рæсугъд æмæ хъæздыг у, уый.

Кæд Грис царды бирæ зынтæ федта, уæддæр фæстаг бонтæм баззад сыгъдæгзæрдæ, æнæхин адæймагæй, æцæг ирон лæгæй. Уыд рæсугъд бинонты уарзон фыд. Йæ бинойнаг, Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ Дзугкойты Афассæимæ схъомыл кодтой фæзминаг æмæ уæздан кæстæрты. Йæ хистæр лæппу Леонард уыд курдиатджын режиссер. Бирæ азты удуæлдайæ фæкуыста нæ телеуынынады режиссерæй. Бацæттæ кодта бирæ равдыстытæ, систа документалон кинонывтæ.

Поэты иннæ лæппу Алан уыд ахуыргонд философ, æцæг интеллигент кæмæй фæзæгъынц, ахæм адæймаг, дæсны политик. Йæ ныхасы уæз кæмæн уыд, бахъуаджы рæстæг йæ адæмы сæрвæлтау рæстдзинад зæгъынæй никуы фæтарст. Уый дæр кодта сфæлдыстадон куыст, фыста æмдзæвгæтæ æмæ зарджытæ. Грисы чызг Мæдинæ каст фæци Мæскуыйы театралон институт. Уыд курдиатджын театриртасæг. Куыста ирон театры литературон хайады сæргълæууæгæй. Бацæттæ кодта бирæ аивадон изæртæ. Зæрдиагæй æххуыс кодта æрыгон курдиатджын фæсивæдæн.

Нæ номдзыд поэты сфæлдыстадыл нæ ныхас фæуыдзыстæм ахуыргонд Джыккайты Шамилы ныхæстæй: «Грисы сфæлдыстад æмткæй у ирон литературæйы æнтыст, ис ын ахъаззаг историон-культурон ахадындзинад».

# МЕТОДИУГОНДЫ РАЗАМОНÆГÆН

***Хозиты Эльвирæ,***
***АКЗУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хистæр методист***

## СКЪОЛАЙЫ (РАЙОНЫ) ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ МЕТОДИУГОНДЫ КУЫСТЫ ПЪЛАН 2014-2015-ÆМ АХУЫРЫ АЗÆН

Методиугонды куысты хъуамæ архайой скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ иууылдæр.

*Методиугонды хæс у,* иумæйагæй ахуырады, стæй ирон æвзаг, ирон литературæ æмæ традицон культурæ амоныны методикæйы цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдон скъолайы ахуыргæнджытæм хæццæ кæнын. Йæ сæйрагдæр хæстæй иу у скъолайы ирон æвзаджы, ирон литературæйы æмæ традицион культурæйы ахуыртæ раст уагыл аразын.

Методиугонды куыстæн разамынд дæтты скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы фæлтæрдджын ахуыргæнджытæй иу. Разамонæг хъуамæ иудадзыгдæр йæ хъус дара, скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйæ ахуыртæ цы уагыл арæзт цæуынц, уымæ æмæ, ахуыртæ цы къуылымпытæ æййафынц, уыдоны тыххæй скъолайы сæргълæууæгимæ афойнадыл æрдзура.

Методиугонды сæргълæууæгæн хъуамæ æнгом бастдзинад уа АКЗУ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæимæ, алыхуызон æхсæнадон къордтимæ.

Ахуыры азы райдайæны методиугонды разамонæг АКЗУ институтæй æрвыст пъланы бындурыл бацæттæ кæны скъолайы куысты методиугонды куысты пълан. Разамонæг афойнадыл кæны методиугонды æрбадтытæ, ахуыргæнджытæн бабар кæны алыхуызон ахуырадон хæстæ.

*Методиугонды куыст хъуамæ арæзт цæуа ахæм фарстаты алыварс:*

1. Куыстæн пълан аразын.
2. Педагогон кадртæн характеристикæ дæттын.
3. Æрыгон ахуыргæнджытимæ куыстæн фæтк кæнын.
4. Ахуыргæнджыты куыстмæ хъус дарын; хиуыл кусынмæ, семинарон ахуырты архайынмæ ахуыргæнджыты разæнгард кæнын.
5. Ахуыргæнджыты наукон-иртасæн куыстмæ хъус дарын.
6. Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты кæрæдзийы уроктæм цæуыныл, кæрæдзийы куыстмæ цæст дарыныл æфтауын;
7. Предметон къуыритæ кæныныл архайын.
8. Ирон æвзаг æмæ литературæ

райдайæн, астæуккаг æмæ хистæр къæлæсты амоныны æмбастдзинадмæ хъус дарын.

9. Зæрдæргъæвд æмæ лæмæгъ скъоладзаутимæ куыстæн пълан аразын, куысты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын;

10. Скъоладзаутæ ирон æвзаг æмæ литературæ, традицион културæ куыд ахуыр кæнынц, уымæ цæст дарын.

11. Фыццаг къласы ахуыргæнинæгтæ, иронау дзурынмæ куыд арæхсынц, уымæ гæсгæ къордтыл раст дихгонд куыд цæуой, уыл архайын.

12. Ныййарджытимæ кусын; ирон æвзаг æмæ литературæйæ цы мадзæлттæ арæзт цæуынц, уыдоны ныййарджыты архайын кæнын.

13. Раппæлинаг фæлтæрддзинад парахат кæныныл архайын.

14. Йæ куыстмæ куыдфæндыйы цæстæй чи кæсы, уыцы ахуыргæнджытæн уайдзæф кæнын, хорз кусын сæ домын.

15. Скъолайы сæргълæууæгæн хъусын кæнын, йæ куысты тыххæй арфæйы аккаг чи у, уыцы ахуыргæнджыты тыххæй.

Методиугонды куыст арæзт цæуы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты рекомендацитæм гæсгæ, скъолайы куысты хицæндзинæдтæ хынцгæйæ йæм ивддзинæдтæ бахæсгæйæ.

***Фиппаинаг:*** скъолайы методиугонды куыстæн пълан аразгæйæ, æрбадт ын цæттæ кæнгæйæ, методиугонды уæнгтæн сæ бон у АКЗУ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæмæ æххуысмæ фæсидын, методиугонды куысты архайынмæ сæ æрбахонын.

***Методиугонды æрбадтыты фæтк***

*1-аг æрбадт (рухæны мæй)*

1. Ивгъуыд азы методиугонды куысты анализ. Æркæсинаг фарстатæ. 2014-2015 ахуыры азы методиугонды куысты пълан сфидар кæнын.

2. Фæлварæнты фæстиуджытæ ивгъуыд ахуыры азы. Æркæсинаг фарстатæ.

3. 2013-2014 ахуыры азы аттестаци чи ацыд æмæ Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты курсыты чи архайдта, уыцы ахуыргæнджыты сфæлдыстадон отчеттæ.

4. Сахæтты нымæц ирон æвзаг, литературæ æмæ традицион културæйæ. Сæ дихдзинад скъолайы ахуыргæнджыты ’хсæн.

5. Ахуырадон фæрæзты (программæты æмæ ахуыргæнæн чингуыты) уавæр скъолайы, сæ бæрц ахуыргæнинæгты нымæцмæ гæсгæ.

6. Ирон æвзаг æмæ литературæйы кабинетты цæттæдзинад ахуыртæм.

7. Ног кусæн программæты арæзт ирон æвзаг æмæ литературæйæ, сæ структурæ æмæ мидис.

8. Къæлиндарон-тематикон пълантæ æмæ фæсурокты куысты пълантæ сфидар кæнын.

9. Скъолайы æмæ районы (горæты) олимпиадæтæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ. 2014-2015 ахуыры азы олимпиадæйы рекомендацитыл куыст.

2-аг æрбадт (кæфты мæй)

1. Нормативон документтыл афæлгæст (кæд ног æрмæджытæ ис, уæд).

2. «Ирон æвзаджы къуыри» скъолайы.

3. Скъолайы ахуыргæнджыты архайд АКЗУ институты æмæ районы (горæты) методиугонды семинарон ахуырты.

4. Ног ахуырадон стандарты домæнтæ ирон æвзаг æмæ литературæйы урокты. Куыд сæ æххæст кæнынц скъолайы ахуыргæнджытæ?

Ног ахуырадон технологитæй пайда кæныны фæлтæрддзинадæй (гом уроктæ).

3-аг æрбадт (Цыппурсы мæй)

1. Ног аттестацийы уагæвæрдимæ базонгæ кæнын ахуыргæнджыты.

2. Зæрдæргъæвд сывæллæттимæ куыст ирон æвзаг æмæ литературæйæ.

Скъоладзауты ирон æвзаг æмæ литературæйæ олимпиадæмæ цæттæ кæныныл куыст.

3. Бацæттæ кæнын наукон-практикон конференци скъолайы наукон-методикон темæмæ гæсгæ.

4. Скъоладзауты ахуыры фæстиуджытыл æрдзурын.

5. Ахуырадон-методикон литера-

турӕйыл афӕлгӕст. Наукон-методикон журнал «Рухстауӕг»-ы ӕрмӕджытимӕ базонгӕ уӕвын.

6. Ног ахуырадон стандарты домӕнтӕ ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы урокты. Куыд сӕ ӕххӕст кӕнынц скъолайы ахуыргӕнджытӕ?

Ног ахуырадон технологитӕй пайда кӕныны фӕлтӕрддзинадӕй (гом уроктӕ).

*4-ӕм ӕрбадт (ӕртхъирӕны мӕй)*

1. Олимпиадӕтӕ, предметон къуыритӕ, алыхуызон конкурсты фӕстиуджытыл ӕрныхас кӕнын.

2. Ӕрыгон ӕмӕ фӕлтӕрдджын ахуыргӕнджыты сфӕлдыстадон отчеттӕм байхъусын. Раппӕлинаг фӕлтӕрддзинад рапарахат кӕныныл ӕрныхас кӕнын.

3. Скъолайы «Ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы бон»-ы кадӕн цы мадзӕлттӕ арӕзт цӕудзӕн, ууыл ӕрныхас кӕнын.

4. Ног ахуырадон стандарты домӕнтӕ ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы урокты. Куыд сӕ ӕххӕст кӕнынц скъолайы ахуыргӕнджытӕ?

Ног ахуырадон технологитӕй пайда кӕныны фӕлтӕрддзинадӕй (гом уроктӕ).

*5-ӕм ӕрбадт (Майрӕмы мӕй)*

1. Скъоладзауты экзаменацион ӕрмӕгыл ӕрдзурын (билеттӕ 9, 11 кълӕстӕн).

2. Фӕсурокты архайды тыххӕй информаци (Ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы бон).

4. Уӕлдӕр къӕпхӕнмӕ курдиат чи балӕвӕрдта, уыцы ахуыргӕнджыты отчеттӕ.

5.Скъолайы «Ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы боны» кадӕн цы мадзӕлттӕ арӕзт ӕрцыд, уыдоныл ӕрдзурын.

6. Августы секцион ахуыртӕм цӕттӕ кӕныныл куыст.

7. Методикон иугонды куысты анализ.

***Методиугонды афӕдзы куысты анализ***

1. Цавӕр хӕстӕ ӕвӕрд уыд методиугонды раз?

2. Программӕйы ӕрмӕг куыд ӕххӕстгонд ӕрцыд? Ахуырты фӕтк куыд ӕххӕстгонд ӕрцыд?

3. Скъолайы материалон базӕйыл, ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы ахуыртӕн ӕххуыс чи уыд, ахӕмӕй цы бафтыд? (Компьютертӕ, проектортӕ, интерактивон фӕйнӕджытӕ, ахуыргӕнӕн чингуытӕ ӕмӕ методикон ӕрмӕджытӕ)

4. Педагогон кадртимӕ куыст:

- ахуыргӕнджыты цӕттӕдзинад, сӕ квалификаци фӕбӕрзонддӕр кӕныныл архайд;

- ахуыргӕнджыты ӕнтыстдзинӕдтӕ: сӕ архайд семинарон ахуырты, наукон-практикон конференциты ӕмӕ ӕндӕр ахӕм мадзӕлтты;

- скъоладзауты районы (горӕты) ӕмӕ республикӕйы олимпиадӕты архайынмӕ (уӕлахиздзауты) бацӕттӕ кӕныныл куыст;

- скъоладзауты наукон-иртасӕн куыстыты архайынмӕ бацӕттӕ кӕныныл куыст.

5. Скъоладзауты куыстӕн иумӕйаг хатдзӕг скӕнын: фӕлварӕнты фӕстиуджытӕ; олимпиадон куыстыты фӕстиуджытӕ, наукон-иртасӕн куыстыты фӕстиуджытӕ.

6. Цавӕр къуыылымпыдзинӕдтӕ уыд куысты, сӕ аиуварс кӕнынӕн цы бахъуыд?

7. Иумӕйаг хатдзӕгтӕ. Ног ахуыры азы хъус цӕмӕ ӕрдарын хъӕудзӕн, уыцы фарстатӕ.

8. Анализ фыст цӕуы справкӕйы хуызы ӕмӕ лӕвӕрд цӕуы скъолайы методиугонды разамонӕгмӕ.

# СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

***Гæбуты Неля,***
***Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

**Урочы темæ: «Балц лексикæйы бæстæмæ»**

***Урочы нысантæ:***

*1. Лексикæйæ рацыд æрмæг сфæлхат кæнын æмæ бафидар кæнын.*

*2. Фæхъæздыгдæр кæнын скъоладзауты дзырдуат,бакусын дзургæ ныхасы рæзтыл.*

*3. Скъоладзауты разæнгард кæнын мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ.*

***Урочы фæлгонц:*** *слайдтæ, дзырдуæтты равдыст.*

***Урочы эпиграф:*** *«Кæд зæххыл диссаг зæгъæн истæмæй ис, уæд уый у дзырд».*

*Лев Успенский.*

Урочы цыд:

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

*Ахуыргæнæг:* Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Кæрæдзийæн салам раттæм, бахудæм кæрæдзимæ, стæй мæнмæ дæр.

– Æвæдза, дуне дзаг у алы диссæгтæй. Æмæ уыцы диссæгты ’хсæн мах нæ хъус нал дарæм æппæты стырдæр диссагмæ – не ’взагмæ. Адæмы æвзаг у, æмбал кæмæн нæй, ахæм царциаты диссаг. Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут, зæххы къорийыл цæрæг адæмы æнæ æвзагæй. Ахуыргæндтæ раджы сбæрæг кодтой, адæймаг иннæ цæрæгойтæй, дзурын кæй зоны, уымæй кæй хицæн кæны, уый.

Æвзаг у тынг хъæздыг алы фæзындтæй, æмæ нæ фæндид, цæмæй сæ пайда кæнын базонæм, цæмæй не ’взаг уа аив æмæ раст.

Æз уæ абон хонын балцы. Фæнды уæ балцы ацæуын? Æрмæст кæдæм, уый уын нæма хъæр кæнын – хъуамæ йæ уæхæдæг базонат.

Ныртæккæ мæнæ ацы дзырдбыды мах ссардзыстæм æмбæхст дзырд, уый у пароль, æмæ нын, чи зоны, уый феххуыс уыдзæн дуар бакæнынæн.

*Дзырдбыд* ***«Ссар æмбæхст дзырд»***

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| с | æ | ***л*** | ы | н | | |
| | | в | ***е*** | д | р | а |
| х | у | ы | ***к*** | к | о | м |
| р | а | й | ***с*** | о | м | |
| æ | х | с | ***и*** | н | | |
| | | | ***к*** | æ | р | ц |
| хъ | æ | п | ***æ*** | н | | |

Дон их кæнын. (сæлын)
Митын лæджы сæрыл
æй æркæнынц. (ведра)
Сырдтæ зымæджы уазалæй
кæм бамбæхсынц? (хуыкком)

Боны райдайæн. (райсом)
Митын бæстæйы
сылгоймаг-паддзах. (æхсин)
Зымæгон хъарм уæлæдарæс. (кæрц)
Бирæ миты рæдзагъд. (хъæпæн)

*Ахуыргæнæг:* Тынг раст. Уый у дзырд ЛЕКСИКÆ. *(1-аг слайд)* Нæ дуар байгом ис. Базыдтат æй, кæдæм уæ хонын, уый.

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ, цы у лексикæ?

*1. Æвзаджы æппæт дзырдтæ иумæ хуыйнынц* ***лексикæ.***

*2. Лексикæ цы наукæ ахуыр кæны, уый та у* ***лексикологи.***

– Нæ дуар байгом кæнынæн нын цы фехъуыс ис?

*– Нæ дзырдуатон æвæрæнтæ, ома, нæ* ***лексикон.***

– Уый та цы у?

*– Адæймаг цы дзырдтæ зоны, уый.*

– Балцы мах æмбырд кæндзыстæм, нæ царды нæ æнæмæнг чи бахъæудзæн, ахæм «сусæгдзинæдтæ» Æрмæст мах хъуамæ уæм хæлар, сæрæн, къæрцхъус, æмæ нын уæд бирæ бантысдзæн. Балцы кæрон нæ алчидæр йæ куыстæн хатдзæг скæндзæн.

Немæ райсдзыстæм боныгтæ – нæ кусæн тетрæдтæ: цы фенæм, цы фехъусæм, цы базонæм, уыдон цæмæй уым фæбæрæг кæнæм, уый тыххæй. (Путевые заметки)

Уæдæ уал фыццаджыдæр нæ балцы нымæц афыссæм, стæй темæ. (Скъоладзау зæгъы нымæц, къуырийы бон) *(2-аг слайд)*. Æз та билетты кой бакæнон. (Райуæрста сын сыфтæ-билеттæ алыхуызон хæстимæ) *(Слайд – поезд)*




Мæнæ фыццаг станцæмæ æрбахæццæ стæм. (Фæйнæгыл магнитæй фидаргонд станцæты нæмттæ)

1-аг æрлæууæн «Дзырды лексикон нысаниуæг».

– Ацы станцæйы æнæмæнг æрлæууын хъуыдис, цæмæй нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм дзырды лексикон нысаниуæг.

(Дзырд цы фæбæрæг кæны, уый у йæ лексикон нысаниуæг)

*Ахуыргæнæг:* Раст. Уæдæ ма мæнæ ацы дзырдты нысаниуæг сбæрæг кæнæм. Нысаниуджытæ фæбæрæг кæнут уæ боныгты.

Фæззæджы фæстæ цавæр афæдзы афон вæййы? (Зымæг)

Зымæгон æрдзы фæзынд. (Мит)

Афæдзы дыууадæсæм мæй. Цыппурсы мæй. (Декабрь)

Сывæллæтты æппæты уарзондæр зымæгон бæрæгбон. (Ног аз)

Митæй конд фæлгонц. (Митын лæг)

*Ахуыргæнæг:* Нæ фæндаг дарддæр кæнæм. Цæугæ-цæуын аныхас кæнæм, дзырдты лексикон нысаниуджытæ кæм лæвæрд цæуынц, ууыл.

*(Алыхуызон дзырдуæтты)*

*Ахуыргæнæг:* Зындгонд францызаг фыссæг Анатоль Франц дзырдуаты тыххæй афтæ загъта: «Дзырдуат у дамгъуатмæ гæсгæ арæзт дуне. Хорз куы ахъуыды кæнай, уæд дзырдуат у чингуыты чиныг. Йæ мидæг ис алкæцы чиныг дæр, æрмæст æй хъæуы уырдыгæй сисын».

– Цавæр дзырдуæттæ зонут?

*– Æмбарынгæнæн, тæлмацæгæнæн, синонимты, антонимты, фразелогион, орфоэпион, этимологион…*

– Æмæ уæд дзырдтæ та дзырдуаты мидæг куыд æвæрд сты?

*– Дамгъуаты уагæвæрдæмæ гæсгæ.*

– Уæдæ ма мын зæгъут, бабайæ дадайæ чи хистæр у?

*– Баба.*

– Уæд чызг раздæр цæуы æви лæппу?

*– Лæппу.*

– Дзургæ-дзурын фæндаг куыд цыбыр

кæны. Цы тагъд æрбахæццæ стæм дыккаг станцæмæ.

2-аг æрлæууæн «Иунысанон æмæ бирæнысанон дзырдтæ».

– Иу нысаниуæг кæмæн вæййы, уыцы дзырд у *иунысанон.* Зæгъæм, зымæг, мит, фондз.

– Дыууæ кæнæ фылдæр нысаниуæджы цы дзырдæн вæййы, уый та у *бирæнысанон.* Зæгъæм: къах, был, сæр.

– Бузныг. Зæгъут-ма, бирæнысанон дзырдтæн сæ нысаниуджытæ куыд хонынц?

– Дзырды нысаниуджытæй иу вæййы *комкоммæ нысаниуæг*, иннæ та – *ахæсгæ нысаниуæг.*

– Сæйрагдæр дзы кæцы у ацы нысаниуджытæй?

– Сæйраг нысаниуæг у *комкоммæ.*

– *Ахæсгæ нысаниуæг* та сæвзæры комкоммæ нысаниуæджы бындурыл.

– Арæх æнгæс чи вæййы, ахæм предметтæ, æууæлтæ, архæйдтытæ иу номæй æрцæуынц загъд.

– Уæдæ кæмæй фæзæгъынц "арс"? (Дынджыр, тыхджын æмæ æнарæхст адæймагæй. Сывæллæттæ дзурынц радыгай).

– Уæд "гæды" та кæмæй? (*Хин, сайаг, мæнгард адæймагæй, стæй йæ митæй)*

– "Рувас" та? (*Уый дæр ахæмæй)*

*Ахуыргæнæг:* Хорз. Уæдæ ма мæнæ ахæм куыст бакæнæм. Радыгай размæ уайут æмæ фыссут нысангонд дзырдтæн сæ ахæсгæ нысаниуæг.

| | |
|---|---|
| *Сыгъзæрин* сахат | *сыгъзæрин* адæймаг |
| *Сау* дзыккутæ | *сау* зæрдæ |
| *Фæлмæн* къухтæ | *фæлмæн* ныхас |
| *Уазал* бон | *уазал* цæстæнгас |

*Ахуыргæнæг:* Мæ зæрдæ мын куыд тынг барухс кодтат.

(Сывæллæттæй исчи зæгъдзæн, ацы дзырд дæр бирæнысанон кæй у)

Слайд *«Синонимты фæз»*

*Ахуыргæнæг:* Мæнæ цы дзæбæх фæзмæ æрбахæццæ стæм.

***3-аг æрлæууæн «Синонимты фæз».***




*Ахуыргæнæг:* Цавæр у ацы фæз?

– Дзæбæх, рæсугъд, аив, зæрдæмæдзæугæ.

– Уыдон синонимтæ сты. *Сæ нысаниуæг иухуызон кæмæн у, ахæм дзырдтæ. Кæнæ сæ нысаниуæг хæстæг кæмæн у, ахæм дзырдтæ.*

*Ахуыргæнæг:* Раст зæгъут. Цомут, æмæ атезгъо кæнæм синонимты фæзы, æрмæст уæхи ма суазал кæнут.

*Скъоладзаутæ:*

– Мæнæ-ма, цы бæрзонд бæлас!

– Куыд стыр у!

– Куыд дынджыр у!

– Куыд егъау у!

– Цы бирæ мит ис ацы фæзы.

– Дзæвгар дзы ис мит.

*Ахуыргæнæг:* Кæс-ма, кæс, синонимтæй дзурын куыд райдыдтой, фæзмæ æрбацæугæйæ! Уæдæ-ма уæ билетты цы хъуыдыйæдтæ ис, уым нысангонд дзырдтæн сæ синонимтæ ссарут.

*Бæлццæттæ* дзæвгар ауадысты. (Бирæ)

*Зондамонæгмæ* хъусут! (Ахуыргæнæгмæ)

*Сабитæ* хъæлдзæгæй тезгъо кæнынц. (Сывæллæттæ)

*Гыццыл* чызг миты фæкалдис. (Чысыл)

*Ахуыргæнæг:* Ныр та ахъазæм. Æз уын дзурдзынæн дзырд, сымах та-иу зæгъут дзырды синоним, æмæ сæ рæвдз афыссæм.

Уазал – хъызт

Стонг – æххормаг

Хæмпус – пух
Кæуын – тъизын
Фыдхуыз – мæллæг
Худын – кæл-кæл кæнын.

*Ахуыргæнæг:* Куыд кæсын, афтæмæй уе 'ппæт фаг сæрæн не стут, чи зоны, чидæртæ æфсæрмы дæр кæнынц. Уыдонæн та ныртæккæ ратдзыстæм хицæнæй бакусинæгтæ. (Карточкæтæ) Цомут уæртæ уыцы бæлæсты 'рдæм. Ай та цы ран у цымæ?

*Скъоладзау:* Æз æй зонын. Антонимты къохмæ æрбацыдыстæм.

***4-æм æрлæууæн «Антонимты къох».***




*Ахуыргæнæг:* Цæй, уæдæ ам аулæфæм иучысыл. Цæмæй йæ базыдтат, ай антонимты къох у, уый? Цы уынæм нæ алыварс?

*Скъоладзаутæ:*

– Бæрзонд æмæ ныллæг бæлæстæ.

– Ставд æмæ лыстæг зæнгтимæ.

– Фæлмæн æмæ хъæбæр къалиутимæ.

– Мит ранæй-рæтты у арф, ранæй-рæтты та - тæнæг, уæлæнгай.

– Фæзы рухсдæр уыди, ам талынгдæр у.

*Ахуыргæнæг:* Раст. Цы дзырдтæй спайда кодтат, уыдон куыд хуыйнынц?

*(Антонимтæ – сæ нысаниуæг ныхмæвæрд кæмæн у, ахæм дзырдтæ)*

*Ахуыргæнæг:* Æнхъæлдæн, æмæ ихæн кæнын райдыдтат. Ахъазæм-ма уæдæ иучысыл.

***Улæфты минут:*** Фыдæнæнтæй хъазт (ахуыргæнæг дзуры, фæлæ йæм съоладзаутæ нæ хъусынц, иннæрдæм архайынц)

Галиу къух – рахиз къух
Галиу къах – рахиз къах
Æз уæлæмæ – мах дæлæмæ
Æз фæстæмæ – мах та размæ
Рахизырдæм – галиуырдæм
Цæй, æрбадæм – ныр та сыстæм
Цæст æрæхгæн – байгом æй кæн
Цæсгом амбæхс – равдис-ма йæ
Æз мæсты дæн – мах та хъæлдзæг!

*Ахуыргæнæг:* Тынг сæрæн стут, уæ цæрæнбон бирæ! Бафæллайын мæ кодтат, уæддæр мын сайын нæ бакуымдтат.

Ныр та байхъусæм, зымæгон хъæды тыххæй нæм цы текст ис, уымæ.

Зымæгон хъæды.

Зымæгон хъæды у æнкъарддæр сæрдыгон хъæлдзæг хъæдæй. Бæстæ ныссабыр. Иу сыбыртт никæцæй цæуы. Дæ алыварс куы акæсай, уæд фендзынæ æрмæст дыууæ хуызы: урс æмæ сау. Сырдтæ уазалæй сæ хъарм цæрæнуæтты бамбæхстысты. Сæхицæн рагацау хæринаг бацæттæ кодтой æмæ æфсæстæй, æнæмæтæй фынæй кæнынц. Иунæг бирæгъ æххормагæй, мæстыйæ хъæды къуымты рацу-бацу кæны…

*Ахуыргæнæг:* Рафыссут-ма ацы текстæй антонимты къæйттæ:

Зымæгон – сæрдыгон
Æнкъард – хъæлдзæг
Уазал – хъарм
Урс – сау
Æфсæстæй – æххормагæй
Æнæмæтæй – мæстыйæ
Фынæй кæнынц – рацу-бацу кæны

*Ахуыргæнæг:* Бузныг, раст сæххæст кодтат ацы хæс дæр. Фæлæ нæ дарддæр цæуын хъæуы. Мæнæ цы æнахуыр ранмæ æрбахæццæ стæм! Уæртæ дзы цыдæр фыстæджытæ уынын. Бакæсæм-ма сæ.

1) Æгадæй чи цæры *нæ хъæуы*
Мах ахæм æмбæлттæ *нæ хъæуы.*
2) Зилы, зилы дымгæ *комы.*
Фæлæ быдырмæ нæ *комы.*
3) Æз æдзух мæ зæрдыл *дарын*
Дарæс зонын хъæуы *дарын.*

*Ахуыргæнæг:* Кæм стæм, уый бамбæрстат?

- О, омонимты бæстæйы.

*Ахуыргæнæг:* Растдæр æй куы зæгъæм, уæд «Омонимты цъымарайы».




5-æм æрлæууæн «Омонимты цъымара».

*Ахуыргæнæг:* Цы сты омонимтæ та?

(*Æмхуызон чи хъуысы, фæлæ сæ нысаниуджытæ бынтон алыхуызон кæмæн вæййынц, ахæм дзырдтæ*)

Бамбарын-ма кæнæм, цы хъуыдыйæдтæ бакастыстут, уым лæвæрд омонимты нысаниуæг:

Нæ хъæуы – в нашем селе

Нæ хъæуы – не нужен

Комы – в ущелье

Комы – не хочет

Дарын – помню

Дарын – носить одежду

*Ахуыргæнæг:* Дзырдæппарæнтæй та ахъазæм, уæдæ:

Сис – подними, сис – къул; худ – шапка, худ – улыбайся; бырон – ползти ли мне, бырон – мусор, хъомыл – выросший, хъомыл – на скотину.

*Ахуыргæнæг:* Мæн фæнды, цæмæй ныртæккæ нæ зынаргъ уазджытæ иучысыл ахудой. Цымæ цы æрцæуы хатгай, дзырдты нысаниуджытæ чи нæ фембары, ахæм адæймæгтимæ?

(Сценкæтæ)

1) Мадæн йæ сæр риссы, æмæ йæ фыртæн загъы:

– Цу-ма, мæ лæппу, хос мын æрбадав, мæ сæр тынг риссы.

Уый ацыдис æмæ йын хус кæрдæджы баст кæцæйдæр æрбахаста.

-Ай мын цы æрбахастай, исты дын рæуæд кæнæ бæх дæн?

Лæппу фырæфсæрмæй цы фæуыдаид, уый нал зыдта, æмæ уыциу тахт афтекмæ акодта сæрнизы хосмæ.

*Ахуыргæнæг:* Кæм фæрæдыдис лæппу?

(Лæппу нæ зыдта иуæй-иу дзырдтæн кæй ис омонимон нысаниуæг: хос – сено, хос – лекарство)

2) Дыууæ æмбалы хæрæндонмæ бацыдысты æмæ кæсынц – адæмæй йе дзаг.

– Оу, мæнæ дзы абон цас хæрджытæ ис!– загъта сæ иу.

Иннæ йæм уайдзæфгæнæгау сдзырдта:

– Уый куыд зæгъыс адæмæй хæрджытæ?!

– Æмæ æвзæрæй куы ницы загътон, ома, зæгъын цас адæм æрбацыдис хæрынмæ.

*Ахуыргæнæг:* О, мæ хуртæ, афтæ дæр вæййы… Лексикæйæ пайда кæнын хъуамæ алы адæймаг дæр зона… Уæвгæ фæстæмæ здæхын афон у, куы ныл æрталынг уа, мыййаг. Фæндагыл та æрдзурæм, цæмæн хъæуы лексикæ зонын, ууыл. Уымæн æмæ дзырд тыхджын у. Æмæ алы дзырдæй дæр хъæуы пайда кæнын тынг арæхстджынæй æмæ арæхстгай.

Дзырдæн йæ бон бирæ у: бафхæрын, низ бафтауын, зæрдæ фæриссын кæнын, æмæ иннæрдæм дæр: ныфс бауадзын, æнцойдзинад раттын, зæрдæ бахъæлдзæг кæнын. Æмæ уæздан, фендджын адæймаджы ныхасы кæддæриддæр хъуамæ разына ахæм дзырдтæ.

Иу рагон мысираг паддзах йæ фырты афтæ ахуыр кодта: «Будь искусным в речах – слово сильнее, чем оружие».

***III. Кæронбæттæн.***

*Ахуыргæнæг:* Ныр та сымах зæгъут уæ хъуыдытæ нæ абоны балцы тыххæй. Табуафси.

– Абон æз базыдтон, куыд тынг æххуыс

сты мæнæн ме 'взаджы синонимтæ æмæ бирæнысанон дзырдтæ, цæмæй уыцы иу æмбарынад алыхуызон дзырдтæй зæгъон.

– Мæнæн мæ зæрдæмæ фæцыдис антонимтæй хъазт: уыдоны фæрцы нæ бон у алыхуызон ныхмæвæрд æнкъарæнтæ равдисын.

– Æз та омонимты цъымарайæ фæтарстæн: раст сæ куы нæ пайда кæнай, уæд æфсæрмыйы аныгъуылдзынæ.

– Мæнмæ дæр зынгомау фæкастысты омонимтæ, фæлæ синонимтæ, антонимты руаджы бирæ фæхъæздыгдæр кодтон мæ лексикæ.

– Мæнæн та мæ зæрдæмæ тынг фæцыдис улæфты рæстæг: бахъæлдзæг стæм, стæй не уæнгтæ айвæзтам.

***IV. Хæдзармæ куыст.***

*Ахуыргæнæг:* Нæ балц-иу уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, æмæ уæм цы мысинæгтæ фæзына, уыдон уæ боныгты-тетрæдты фæбæрæг кæнут.

***Ботъоты Иринæ,***
***Бирæгъзæнджы скъолайы***
***ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Æрцыд, ныллæууыд уалдзæг!» (Хъамбердиаты М.)*
*(Грамматикон темæ: Миногон)*

***Урочы эпиграф:***
«Нæ *урс* хæхтæ, нæ *тар* хъæдтæ,
Нæ *хъал* дæтты хъæлæс,
Нæ *зад* хуымтæ, *цъæх* быдыртæ,
Нæ *дидинæгджын* фæз».
(Кочысаты М.)

***Урочы нысантæ:***
1. Бацамонын, цы у миногон.
2. Бакусын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл.
3. Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад гуырын кæнын, эстетикон æнкъарæнтæ сæвзæрын кæнын.

***Урочы фæлгонц:*** презентативон æрмæг, карточкæтæ хæслæвæрдтимæ.
***Урочы хуыз:*** ног æрмæгыл кусыны урок.
**Урочы цыд:**

I. Бацæттæгæнæн рæстæг
*1. Ахуыргæнæджы ныхас:* Абон уро-

чы цæуыл дзурдзыстæм, уый сбæрæг кæнынæн нын феххуыс уыдзæн æмдзæвгæ. Байхъусут-ма йæм:

Куы *цъæх* вæййынц, куы – *фæлурс*,
Куы – бынтон *тар* милау.
*Рог, фæлмæн* æмæ *хæмпус,*
Пирæнгом къуымбилау.
Фæлæ арвы *тыгъд* уæлдæфы
Цырд кæрæдзийы куы сцæвынц,
Уæд сæ *тыхджын сонт* гæрах
Алырдæм фæсуры мах.

*Ахуыргæнæг*: Цæй кой цæуы æмдзæвгæйы? (Мигъты)

Йæ базонынæн уын цавæр дзырдтæ феххуыс сты? Раттут ма сæм фæрстытæ. Цы нысан кæнынц уыцы дзырдтæ? Цавæр ныхасы хæйттæ сты? (Миногонтæ)

Уæдæ нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм? (Миногоныл)

*Ахуыргæнæг*: Цымæ, миногон йæхи тыххæй цы радзурид? Урочы кæрон ацы хъуыдыйæдтæ баххæст кæндзыстæм:

*Æз дæн … … ныхасы хай у.*
*Æвдисын предметы … … .*
*Дзуапп дæттын ахæм фæрстытæн: … ….*
*Цæрын хæларæй … … .*
*Хъуыдыйады мидæг арæхдæр вæййын … … .*

***II. Урочы темæйыл куыст***

*Ахуыргæнæг*: Бакæсут-ма фæйнæгыл фыст хъуыдыйæдтæ-цæстдарæнтæ. Зæгъут, кæд вæййы афтæ?

Уазал бонтæ къаддæрæй-къаддæр кæнынц. Ауæтты мит тайы æмæ чъизи донæй уынгты дæлæмæ кæлы. Бон фæдаргъдæр ис. Уæлдæф хъармæй-хъармдæр кæны, арв та – сыгъдæгдæр. Хуссæрттæ хъулон-мулон адардтой. Фæхъæлдзæгдæр сты цъиутæ. Сæ зарынæй нал æнцайынц. Мæргътæ хъарм бæстæй фæстæмæ здæхынц.

(Уалдзæджы)

*Ахуыргæнæг*: Уалдзæджы мæйтæ ранымайут. (Тæргæйтты мæй, Хуымгæнæны мæй æмæ Зæрдæвæрæны мæй).

*Ахуыргæнæг*: Уæдæ нæ урочы темæйæн уымæн райстон Хъамбердиаты Мысосты ныхæстæ: «Æрцыд, ныллæууыд уалдзæг!» Поэт цин кæны, æрдз кæй райхъал, рæсугъд æмæ хъæлдзæг кæй у, уыыл.

– Сымахæй та уалдзæг чи уарзы? Цæй тыххæй цæуы уæ зæрдæмæ тынгдæр? *(Байхъусын цалдæр дзуапмæ).*

– Уалдзæджы æрцыд та нын фехъусын кæнынц мæргътæ. Сæйрагдæр та – иу цъиу. Цавæр, уый уæхæдæг зæгъут, дамгъæтæй дзырд саразгæйæ.

Д Ы А ДЗ В Л Р Ы (Дзывылдар).

*(Байхъусын дзывылдары зардмæ)*

***Дзырдуатон куыст:***

Дзывылдар – чысыл маргъ, (трясогузка), ирон адæм уалдзæджы æрцыд нымадтой дзывылдары æртахтæй. Хуым кодтой дзывырæй æмæ фыццаг дæр цы чысыл маргъ æртæхы, уый схуыдтой дзывырдарæнты цъиу, стæй –дзывылдар.

(Байхъусын цъиуты зардмæ, бакæсын сæ нывтæм)

*Ахуыргæнæг*: Цы цъиуты нывтæ федтат, уыдоны тыххæй уæ зæрдыл ницы æрлæууыд? Цы æрмæг ахуыр кодтам, уым сæ кой арæх ис. Ахъуыды ма кæнут.

(Аргъау «Булæмæргъ», æмдз. «Дзывылдар», «Зæрватыкк» «Уалдзæг», уырнæнтæ æмæ афтæ дарддæр).




*Ахуыргæнæг*: Уæдæ нæ урочы эпиграфмæ раздæхæм. Ссарæм ма дзы миногонтæ. Цал сты? Цы æвдисынц? Цавæр миниуæг амонынц?

*(урс, тар, хъал, зад, цъæх, дидинæгджын – хуыз æмæ хъæд)*

– Рафыссут сæ уæ тетрæдтæм, семæ дзырдбæстытæ саразут.

(Сбæрæг кæнын, куыст куыд сæххæст кодтой, уый).

– Цæмæй спайда кодтат, дзырдбæстытæ аразгæйæ? (Номдартæй).

*(Миногон хæларæй цы ныхасы хаимæ цæры, уый тыххæй хатдзæг скæнын)*

***Къордты куыст.***

*1-аг хæс: Æмбисæндты хъуыды бацамонын. Ссарын дзы миногонтæ; зæгъын, цы нысан кæнынц.*

а) Уалдзæг – рæсугъд, фæззæг – хъæздыг.

æ) Цъиутæ зарын куы райдайынц, уалдзæг уæд ралæууы.

б) Быдираг мæргътæн хæхбæсты зын цæрæн у.

а) Булæмæргъ кадджын маргъ у – авд æвзагæй зары.

æ) Уалдзæг чи бакусы, уый фæззæг тыллæг дæр сисы.

б) Тагъд ныхасæй уæзбын хуыздæр у.

2-аг хæс: Текст миногонтæй баххæст кæнын. Иу хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæнын.

а) Æз хъæды федтон … малусæг. Тынг … дидинæг у. Мæ … мадæн дзы скодтон … баст. Уый мын … хъæбыс акодта æмæ дидинджытæ … дурыны сæвæрдта.

æ) Уарзын … дыргъдоны бæлæсты дидинджытæм кæсын. Уыдонæн сæ … дардмæ фæцæуы. Адæймаджы рæуджыты ахъары … æнкъарæнтæ æмæ … зæрдæйæ бавналын мæ … куыстытæм.

*3-аг хæс:* Цы текстæ саразтой, уыдон уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын.

Ахуыргæнæг сын сæ куыст сбæрæг кодта. Миногоны тыххæй цыбыр хатдзæг скодтой, уый фæстæ баххæст кодтой тестытæ миногонтимæ.

*4-æм хæс. Кæрæдзийы базон-базонтæм дзуæппытæ ссарын.*

*1-аг къорд: Базон-базон, уый та циу?*

Нæ гыццыл къæбиц æнæ дуар (айк).

Даргъ лæгыл – цыбыр рон (хид).

Дуду къуыппыл, дуду цъиу (æнгуырстуан).

Нæ зæронды дысæй дыууадæс цъиуы ратахт (афæдз æмæ йæ мæйтæ)

*2-аг къорд: Базон-базон, уый та циу?*

Нæ чысыл дада хос кæрды (сæрдасæн).

Нæ гыццыл арвæй мит уары (сасир).

Нæ чысыл дурыны – урс нæмгуытæ (дзых æмæ дæндæгтæ).

*Хатдзæг:* Базон-базонтæ цы предметтæ нысан кæнынц, уый сбæрæг кæнынæн хорз æхххуыс сты миногонтæ.

***Улæфты минут:*** Скъоладзаутæм раттын фæйнæ алыхуызон предметы (афтид чысыл къопп, хъазы сис, дидинæг æмæ æнд.) Къорды уæнгтæ предмет сæ къухтæм радыгай исынц æмæ йын дзурынц йæ миниуджытæ, алчидæр – иу миниуæг, дзырд фæлхатгæнæн нæй. Фылдæр миногонтæ чи зæгъа, уыцы къорд амбылдта.

*5-æм хæс.* Уалдзыгон нывмæ гæсгæ радзырд æрхъуыды кæнын (кæнæ нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнын).

*Ахуыргæнæг*: Цымæ миногон йæхи тыххæй цы радзурид?

*Æз дæн сæрмагонд ныхасы хай.*

*Æвдисын предметы миниуæг.*

*Дзуапп дæттын ахæм фæрстытæн: цавæр? цыхуызæн?*

*Цæрын хæларæй номдаримæ.*

*Хъуыдыйады мидæг арæхдæр вæййын бæрæггæнæн.*

(Сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц миногоны раиртæст æмæ йæ бакæсынц чиныджы 55§ 138 фарсыл)

III. Кæронбæттæн (рефлекси):

– Урочы цавæр зæрдæйы уагимæ архайдтай?

– Хæстæй дæм цымыдисагдæр кæцы фæкаст?

– Чи сарæхст æппæты хуыздæр, куыд дæм кæсы?

– Цы базыдтай урочы ногæй?

– Цы ма дæ хъæуы базонын, бамбарын?

– Цы хъæуы, цæмæй дарддæр мауал рæдийай?

– Урок дæ зæрдæмæ цæмæй фæцыди?







***IV. Хæдзармæ куыст:***

55-æм § раиртæст зонын. Нывмæ гæсгæ куыст кæронмæ ахæццæ кæнын.

***Къораты Жаннӕ,***
***Дзӕуджыхъӕуы 27-ӕм скъолайы ахуыргӕнӕг***

# ИРОН ӔВЗАДЖЫ УРОК 5-ӔМ КЪЛАСЫ

**Урочы темӕ: «Олимпаг символикӕ».**

**Грамматикон темӕ: Номдар (Фӕлхат кӕныны урок)**

*Урочы нысантӕ:*

1. Номдары тыххӕй рацыд ӕрмӕг бафидар кӕнын.
2. Ныхасы рӕзтыл бакусын.
3. Спортмӕ уарзондзинад гуырын кӕнын.

*Цӕстуынгӕ ӕрмӕг:* интерактивон фӕйнӕг, презентаци, текст, ахуыргӕнӕн чингуытӕ, ноутбук, планшет.

**Урочы цыд:**

***I. Бацӕттӕгӕнӕн рӕстӕг***

***1. Мотивацион уавӕр саразыныл куыст.***

*Ахуыргӕнӕджы ныхас:* Сывӕллӕттӕ, цалдӕр боны размӕ нӕ республикӕйы хицауадмӕ ӕрбарвыстой электрон фыстӕг. Ӕмӕ йӕ сымахӕн дӕр бакӕсон.

*Олимпаг комитеты номӕй уын, Ирыстоны цӕрджытӕ, бузныг зӕгъӕм, алцыдӕр хорз ӕмвӕзадыл арӕзт кӕй ӕрцыд, уый тыххӕй. Ирыстон у чемпионты бӕстӕ, ӕмӕ та ногӕй нӕхи цӕстӕй федтам, куыд ӕнувыд стут Спортыл, уый.*

Олимпаг комитеты сӕрдар
*Александр Жуков*

*Ахуыргӕнӕг:* Сывӕллӕттӕ, цымӕ нӕм ацы фыстӕг Уӕрӕсейы олимпаг комитеты сӕрдар Александр Жуков цӕмӕн ӕрбарвыста, фӕнды уӕ йӕ базонын?

*Ахуыргӕнӕг:* Ацы фыстӕгимӕ ма уыди ныв дӕр. Уыцы нывмӕ гӕсгӕ сымах базондзыстут, нӕ республикӕмӕ фыстӕг ӕрвыст цӕмӕн ӕрцыди, уый. Ӕрбакӕсутма нывтӕм. Цы уынут нывы?

– Олимпаг эмблемӕ, тырыса ӕмӕ олимпаг арт.

***II. Урочы темӕйыл куыст***

*1. Ахуыргӕнӕг:* Зӕгъут-ма, цы нысан кӕнынц ацы фондз тӕлыйы?

Ацы фондз тӕлыйы сты олимпаг хъӕзтыты эмблемӕ ӕмӕ нысан кӕнынц Зӕххы цъары 5 континенты. Хуызтӕм гӕсгӕ та сӕ зонут?

(Сывӕллӕттӕ радыгай цӕуынц размӕ, исынц карточкӕтӕ тӕлыты хуызтимӕ, дзурынц, хуыз цы континенты эмблемӕ у, уый ӕмӕ карточкӕ магнитӕй фӕйнӕгыл фидар кӕнынц).







*Дзуапп:*

Æрвхуыз у Европæйы эмблемæ.

Бур хуыз – Азийы паддзахæдты эмблемæ.

Сау – Африкæйы паддзахæдты эмблемæ.

Цъæх – Австрали æмæ Океанийы паддзахæдты эмблемæ.

Сырх – Америкæйы эмблемæ.

*Ахуыргæнæг:* Диссаг уæм нæ кæсы, ацы хуызтæ куыд æвзæрст æрцыдысты, уый?

Уе 'мбæлттæй иу бацæттæ кодта æрмæг, олимпаг тæлыты хуызтæ куыд æвзæрст æрцыдысты, уый тыххæй. Байхъусут-ма йæм.

*2. Скъоладзауы раныхас:* Олимпаг тæлытæ æмæ сæ хуызтæ 1912 азы æрхъуыды кодта французаг ахуыргонд Пьер де Кубертен. Пьер де Кубертен тынг бацархайдта, кæддæр Афинты цы олимпаг хъæзтытæ цыд, уыдон сног кæныныл.

Тæлытæ фыццаг хатт, куыд олимпаг символикæ, равдыстой 1920 азы олимпиадæйы Бельгийы.

Фондз тæлыйы кæрæдзиуыл баст кæй сты, уый та у, æппæт континентты спортсментæ дæр олимпаг хъæзтытæм хуынд кæй цæуынц, æмæ сын олимпаг хъæзтыты архайыны бар кæй ис, уый нысан.

*Ахуыргæнæг:* Цы сты сæ нысаниуæгмæ гæсгæ, кæй ныффыстам, уыцы дзырдтæ та?

(Сты нæмттæ, Зæххы къорийы континентты нæмттæ)

– Æвзагзонынады та ахæм дзырдтæ куыд хуыйнынц?

(Номдартæ. Сæрмагонд номдартæ)

– Тынг раст! Уæдæ чи зæгъдзæн, абон нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм?

(Номдарыл)

*3. Ахуыргæнæг:* Сбæрæг кæнæм урочы нысантæ.

*Дзуапп:*

– Номдары тыххæй цы базыдтам, уый, зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм.

– Дзурдзыстæм олимпаг символикæйыл.

4. Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ:

– Цы хонæм номдар?

– Куыд ивынц номдартæ?

– Ирон æвзаджы цал хауæны ис? Ранымайын сæ.

– Куыд арæзт цæуынц номдартæ?

*Ахуыргæнæг:* Олимпаг тырысайы нывимæ ма уыди арты ныв дæр. Цы нысан кæны арт та? Цæмæй йæ базонæм, уый тыххæй бакусдзыстæм текстыл.

5. Текстыл куыст.

Олимпаг арт.

Олимпаг арт у Олимпаг хъæзтыты символтæй иу. Ссудзын æй кæнынц, хъæзтытæ цы горæты фæцæуынц, уым. Фæсудзы, олимпаг хъæзтытæ цалынмæ нæ фæвæййынц, уæдмæ.

Олимпаг арт фæзынд Рагон Грекъмæ. Суанг фыццаг олимпаг хъæзтытæ дæриу райдыдтой арт ссудзыны фæстæ. Грекъаг таурæгъмæ гæсгæ, зæххон адæммæ арт уæларвæй æрхæццæ кодта Прометей, Зевсæй йæ радавта, афтæмæй.

Арт ссудзыны æгъдау сног кодтой 1928 азы Амстердамы олимпаг хъæзтыты. Фæстæдæр, 1936 азы Берлины олимпаг хъæзтыты та арт ссудзыны бар радтой номдзыд спортсментæм. Уыдон æй эстафетæйы хуызы, къухæй къухмæ дæтгæйæ, хæццæ кодтой йе ссудзыны бынатмæ.

Советон цæдисы олимпаг хъæзтытæ уыдысты 1980 азы Мæскуыйы.

2014 азы олимпаг хъæзтытæ скæныны бар лæвæрд æрцыд Уæрæсейæн. Нæ бæстæйы ахæм къуым нал ис, олимпаг арт кæм нæ балæууыд. Ирыстонмæ æрхæццæ тъæнджы мæйы æртынæм боны. Дзæуджыхъæуы олимпаг арт хæссыны эстафетæйы архайдтой нæ номдзыд спортсментæ Гуæцæлты Хадзымурат, Бæройты Хасан, Мæхъиты Иринæ, Бæцæзаты Руслан æмæ иннæтæ.

Ныр фондз боны дæргъы олимпаг арт судзы Сочийы, Олимпаг хъæзтыты горæты.

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1) Радзурын, олимпаг арты тыххæй ногæй цы базыдтай, уый тыххæй.

*2) Къордты куыст (ерысы хуызы):*

– Тексты ссарын иууон æмæ бирæон нымæцы номдартæ.

– Рафыссын номдартæ хауæнтæм гæсгæ.

– Тексты ссарын сæрмагонд номдартæ.

3) Нысангонд номдартæ морфологион æвзæрст ракæнын:

– *1-аг къорд:* Олимпаг *арты* фæзынд Рагон Грекъмæ.

– *2-аг къорд:* Ныр фондз боны дæргъы олимпаг арт судзы *Сочийы,* Олимпаг хъæзтыты горæты.

*6. Ахуыргæнæг:* Цавæр цæрæгойтæ равзæрстой Сочийы олимпиадæйы талисмантæн?

(Арс, тæрхъус, леопард)

*Слайдыл сæ равдисын*

*Ахуыргæнæг:* Уæ разы гыццыл къоппытæ, сæ мидæг ис дзырдтæ – Сочийы олимпиадæйы талисманты нæмттæ. Къорды кусгæйæ уæ уыцы дзырдтимæ хъæуы саразын хъуыдыйæдтæ, равзарын сæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

Фарстæн рæвдздæр дзуапп чи ратта, уый райсдзæн фыццаг къопп, иннæ та – иннæ къопп.

Фарст: Уæрæсейы командæмæ ныртæккæ æдæппæтæй цал майданы ис?

(дзуапп цы командæ радта, уый йæхицæн равзæрста къопп)

Скъоладзауты арæзт хъуыдыйæдтæ:

1) Тæрхъус йе 'мбæлттимæ уарзы ахуыр кæнын, къахдзоныгътыл бырын, зарын.

2) Арс ацы зымæг нæ фынæй кæны, къахкъæлæттыл быры æмæ керлингæй хъазы.

3) Леопард у хъæбатыр ирвæзынгæнæг, уарзы сноуборд æмæ ихыл кафын.




*7. Ахуыргæнæг:* Бамбæрстат, Олимпаг комитеты сæрдар Александр Жуков Ирыстонмæ фыстæг цæмæн æрбарвыста, уый?

*(Олимпаг артыл кæй бацин кодтам, эстафетæ нæхимæ кæй райстам, дарддæр æй кæй ахæццæ кодтам, уый тыххæй)*

*8. Интернетимæ куыст.*





*Ахуыргæнæг:* Ирыстоны ис бирæ номдзыд адæм. Олимпаг чемпионтæ. Кæй дзы зонут?

*Хæс:* Интернеты ссарын æрмæг иу Олимпаг чемпионы тыххæй, ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кæнын, хи ныхæстæй йæ радзурын.

(Скъоладзаутæ бацæттæ кодтой æрмæг Гуæцæлты Хадзымураты, Хуыгаты Аланы æмæ Таймазты Артуры тыххæй).

*9. Ахуыргæнæг:* Абон нæ урокмæ æрбацыд, Ирыстоны фæсивæдæн фæзминаг чи у, ахæм æрыгон лæппу. Уый у Бæцæзаты Руслан. Руслан уыд, æртынæм январы нæ республикæйы олимпаг арт хæссыны эстафетæйы чи архайдта, уыцы спортсментимæ. Ахæм кады аккаг та ссис, Дунейы вице-чемпион джиу-джитсуйæ кæй у, уымæ гæсгæ. Ныртæккæ уæ базонгæ кæндзæн йæ уарзон спорты хуызимæ æмæ уын радзурдзæн, эстафетæйы куыд архайдта, уый тыххæй.

(Бæцæзаты Русланы раныхасмæ байхъусын).

### *III. Урочы хатдзæгтæ (рефлекси)*

– Цы фехъуыстат ногæй урочы?

– Номдары тыххæй нæ зæрдыл цы æрлæууын кодтам?

– Кæм уæ бахъæудзысты уæ зонындзинæдтæ?

– Кæцы куысты хуыз фæцыд уæ зæрдæмæ? Цæмæн?

– Цавæр хъуыдытыл уæ бафтыдта абоны урок?

– Цавæр арфæтæ уæ фæнды зæгъын Бæцæзаты Русланæн?

### *IV. Хæдзармæ куыст*

Спорты хуызтæй уын уарзондæр кæцы у, уый тыххæй ныффыссут.

***Адеты Фатимæ,***
***Дзæуджыхъæуы 50-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 2-АГ КЪЛАСЫ

***(ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ куыст)***

**Урочы темæ: «Æз зонын ленк кæнын»**

**Грамматикон темæ: Мивдисæг**

(Рацыд æрмæг бафидар кæныны урок)

***Урочы нысантæ:***

1. Ныхасы рæзтыл бакусын.
2. Мивдисæджы тыххæй скъоладзауты зонындзинæдтæ бафидар кæнын, мивдисджытимæ хъуыдыйæдтæ аразыныл бакусын.
3. Æрдзмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

**Урочы цыд:**

I. Бацæттæгæнæн рæстæг

1. Мотивацион уавæр.

*Ахуыргæнæг:* Æркæсут, сабитæ. Уæ чингуытæ, тетрæдтæ æмæ ручкæтæ барæвдз кодтат? Сбадут, райдайæм нæ урок.

Байгом кæнут уæ армытъæпæнтæ зонындзинæдтæн æмæ зæгъут: «Мæн фæнды бирæ зонын!»

Абоны урок уын бирæ зонындзинæдтæ æрхæссæд.

***II. Урочы æрмæгыл куыст***

*1. Ахуыргæнæг:* Фæйнæгыл ис цæрæгойты нывтæ æмæ сæ нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм; дзырдтæ, цавды нысан раст æвæргæйæ, зæгъæм.

Дзырдтæ:

*Хæдзарон мæргътæ:* карк, уасæг, бабыз, гогыз, хъаз.

*Хъæддаг сырдтæ:* бирæгъ, саг, æхсæрæг, тæхсæл, арс, маймули, рувас, дзæбидыр, тæрхъус.

*2. Ахуыргæнæг:* Дзырдбыд куы баххæст кæнæм, уæд сбæрæг уыдзæн нæ урочы темæ. Дзырдбыд баххæст кæнынæн та уын аххуыс кæндзысты, уæ партæтыл цы цæрæгойты нывтæ ис, уыдон.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | м | а | й | **м** | у | л | и |
| д | з | æ | б | **и** | д | ы | р |
| р | у | **в** | а | с | | | |
| д | и | **д** | и | н | æ | г | |
| б | **и** | р | æ | г | ъ | | |
| т | æ | х | **с** | æ | л | | |
| æ | х | с | **æ** | р | æ | г | |
| с | а | **г** | | | | | |

(Скъоладзаутæй иу йе ’мбæлтты дзуæппытæ бæрæг кæны фæйнæгыл)




*Сæйраг дзырд – мивдисæг.*

*Ахуыргæнæг:* Уырыссаг æвзаджы та ацы ныхасы хай куыд хуыйны?

– Абон мивдисæджы тыххæй цы базыдтат уый бафидар кæндзыстæм. Цæмæн

хъæуынц мивдисджытæ, цы æххуыс сты?

*(Архæйдтытæ æвдисынæн. Мивдисæг æвдисы предметы архайд)*

*Ахуыргæнæг:* Уæ алыварс цы предметтæ ис, уыдоны нæмттæ зæгъут; цы архæйдтытæ æххæст кæнынц, уыдон ранымайут.

– Цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц мивдисджытæ?

*(Скъоладзауты дзуæппытæм байхъусын)*

3. *Ахуыргæнæг:* Мивдисæгимæ фыццаг хатт куы зонгæ кодтам, уæд нæм афтæ каст, цыма тар хъæды стæм, ницыма уыдтам, ницыма зыдтам мивдисæджы тыххæй (æвдисы тар хъæды ныв).

– Абалц-ма кæнæм ацы хъæды ногæй, цымæ нын абон дæр ахæм æнæзонгæ у, цымæ нæм абон дæр ахæм тæссаг фæкæсид? Балцы цæугæйæ, нæ фарсмæ згъордзысты нæ хæлæрттæ – æхсæрæг æмæ тæрхъус. Уыдон нын аххуыс кæндзысты.

Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм нæ балцы зарæг дæр, æмæ – размæ!

4. Аудиодиски æххуысæй скъоладзаутæ зарынц:

Балцы рараст и Æхсæрæг,
Балцы рараст и Тæрхъус.
Зарынц афтæ хорз, æмæ сæм
Мин азы дæр хъус!

Зарынц хæхтæ, зарынц фæзтæ,
Зарынц мæргътимæ дзæбæх.
Ехх, куыд хорз дæ, уарзон бæстæ!
Ехх, куыд хорз дæ, уарзон зæхх!

Хъусынц зарæгмæ Зыгъарæг,
Рувас, Бирæгъ æмæ Саг:
«Цæй-ма, иумæ сисæм зарæг, –
Зарæг –зæрдæйы фæндиаг».
Чеджемты Геор

5. Скъоладзаутæ «цæуынц балцы», сæ размæ цы цæлхдуртæ-нывтæ ис, уыдонмæ гæсгæ хъæды сырдты тыххæй аразынц хъуыдыйæдтæ.

Рувас лидзы куыдзæй.





Тæрхъус лидзы рувасæй.

Афтæмæй сбæрæг кæнынц сæ зонындзинæдтæ. Зæгъæм:



Арс хæры гагадыргътæ.



*Уызын фынæй кæны.*

(Æрмæгимæ базонгæ уæвæн ис, урокмæ цæттæгонд презентацимæ æркæсгæйæ)

6. Бакæсын хъъуыдыйад, ссарын дзы мивдисæг: *Æз зонын ленк кæнын.*

*7. Ахуыргæнæг:* Чи цы кæнын зоны, уый зæгъæд, стæй та, йæ фарсмæ чи бады, уый бафæрсæд. Мæнæ афтæ:

*«Æз зонын зарын. Ды та?»*

*– Æз зонын гæппытæ кæнын. Ды та?*

*– Æз зонын æхсæртæ æхсынын. Ды та?*

*– Ӕз зонын зарын. Ды та?*

*– Ӕз та – тагъд згъорын. Ды та?*

*7. Ахуыргӕнӕг:* Ныр та, цы ми кӕнынмӕ нӕ арӕхсут, уый тыххӕй радзурут.

*«Ды зоныс ...?» – «Ӕз нӕ зонын».*

*– Ӕз зонын ныв кӕнын. Ды та ныв кӕнын зоныс?*

*– Нӕ зонын. Ӕз ленк кӕнын зонын.*

*– Ӕз та зонын кафын. Ды кафын зоныс?*

*– Нӕ, ӕз кафын нӕ зонын. Ӕз зонын хӕринаг кӕнын.*

*8. Ахуыргӕнӕг:* Хӕдзарон мӕргътӕй кӕцы зоны ленк кӕнын? (хъаз, бабыз)

*Ахуыргӕнӕг:* Азарӕм хӕдзарон мӕргъты тыххӕй ӕмӕ сӕ хуыздӕр базонӕм.

*Аудиодискы ӕххуысӕй скъоладзаутӕ зарынц:*

Уасӕгӕн сыгъзӕрин къоппа,
Уый кӕны ӕгас бон цоппай.

– Саби, ацы маргъы зоныс?
– Уый у хъулон-мулон гогыз.
Дзаг йӕ бумбулийӕ баз:
Хорз ӕй зонӕм, – уый у хъаз.

Бабызтӕ нӕ кӕсынц коммӕ,
Фезгъорынц ӕдзухдӕр донмӕ.

Цӕгӕраты Гиго

*9. Улӕфты минут.*

*10. Нывтӕм гӕсгӕ хъудыйӕдтӕ саразын.* Смайликы ныв баивын номивджытӕй *ӕз, ды, уый:*

Ӕз хӕринаг кӕнын.
Ды хӕринаг кӕныс.
Уый хӕринаг кӕны.

*11. Ахуыргӕнӕг:* Номивджытӕ *ӕз, ды, уый*-йӕ пайда кӕнгӕйӕ, нывтӕм гӕсгӕ хъуыдыйӕдтӕ саразут. Ӕрмӕст мивдисджыты формӕтӕ хъӕуы сраст кӕнын.

*Ӕз кӕсыс* 

*Ды лӕвар кӕнын* 

*Уый зоны* 

12. Къордты куыст:

а) Схемӕтӕм гӕсгӕ хъуыдыйӕдтӕ саразын (кусынц сӕ тетрӕдты)

Кафын → Ӕз зонын кафын.
→ Ӕз нӕ зонын кафын.

Фыссын →
→

Ленк кӕнын →
→

Ӕлвисын →
→

*ӕ) Мивдисджытӕм фӕрстытӕ раттын (ныффыссын сӕ).*

Цъиу райхъал.
Гӕркъӕраг йӕ цырыхъытӕ кӕны.
Бабыз йӕхи найы.
Бабызы лӕппын ленк кӕны.

***III. Урочы хадзӕгтӕ (Рефлекси)***

– Кӕмӕн уӕ цы бантысти абон урочы?

– Цы бахъуыды кодтат урокӕй?

Уӕхицӕн бӕрӕггӕнӕнтӕ сӕвӕрут (боныгты ныхасынц нывтӕ-бӕрӕггӕнӕнтӕ)

***IV. Хӕдзармӕ куыст:*** Баххӕст кӕнын 2-ӕм къласы ахуыргӕнӕн чиныджы 3-аг фӕлтӕрӕн.

*Плиты Зæлинæ,*
*Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы ахуыргæнæг*

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-ÆМ КЪЛАСЫ

**Урочы темæ: «Чиныг – зониндзинæдты къæбиц».**

**Грамматикон темæ: Фадатон дзырдтæ (бынаты æмæ афоны фадæттæ)**

***Урочы нысантæ:***

1.Фадатон дзырдты тыххæй рацыд æрмæг бафидар кæнын.

2. Ахуыр кæнын хи æмæ искæй хъуыдытæ раст дзурыныл, хатдзæгтæ кæныныл.

3. Мадæлон æвзаг æмæ чиныгмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

***Фиппаинаг:*** Урок арæзт у 8-æм къласы ирон æвзаджы ахуыргæнæн чиныгмæ гæсгæ, йæ автор – *Дзасохты Фатимæ.*

***Урочы эпиграф:***

Фæнды дæ, арв йе зæхх
Сæ æцæгтæ зæгъой,
Уæд чиныгмæ æздæх,
Кæн ахуыр, кæн фæллой.
(Хъайтмазты А.)

**Урочы цыд:**

I. Бацæттæгæнæн рæстæг.

*1. Эпиграф бакæсын, йæ хъуыды йын равзарын.*

– Цæмæ нæм сиды автор? Цы нын фæдзæхсы?

– Цæуыл нæ ахуыр кæны ацы æмдзæвгæ?

*Ахуыргæнæг:* Нæ урочы эпиграфæн дзæгъæлы нæ райстон скъуыддзаг Хъайтмæзты Аслæмырзæйы æмдзæвгæ «Фæллой»-йæ. Уымæн æмæ абон нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм, уый у … (чиныг).

***II. Урочы темæйыл куыст.***

*1. Ахуыргæнæн чиныджы 1-аг фæлтæрæныл куыст (чиныджы 22-æм урок, 55-æм фарсыл).*

Текст бакæсыны фæстæ лæвæрд цæуы хæс: Фадатон дзырдтæ рафыссын, цы дзырдтимæ баст сты, уыдонимæ иумæ; раттын сæм фæрстытæ, сæ хуызтæ сын раиртасын; цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый сбæрæг кæнын.

(Скъоладзаутæ кусынц дыууæ къордæй)

2. Фадатон дзырдты тыххæй хатдзæг скæнын.

3. Текстмæ гæсгæ дзуапп раттын фæрстытæн:

– Цы зæгъынц номдзыд адæм чиныджы тыххæй?

– Цы у скъоладзауты сæйрагдæр хæс?

– Цавæр бынат ахсы чиныг адæймаджы царды?

– Цавæр æмбисондæй пайдагонд цæуы тексты? Бамбарын ын кæнут йæ хъуыды.

*4. Байхъусын, скъоладзаутæ хæдзары рагацау цы æрмæджытæ бацæттæ кодтой, уыдонмæ* (презентацион куыстытæм). Темæтæ: «Чиныг мæ царды», «Мæ уарзон чиныг».

5. Къордты куыст.

*1-аг къорд:* Фадатон дзырды тыххæй синквейн саразын.

Зæгъæм:
Фадатон дзырдтæ
Алыхуызæттæ, мивдисæгимæ баст
Нысан кæны, æвдисы, загъд æрцæуы
Фадатон дзырдтæ баст сты зæгъинагимæ
У хъуыдыйады фæрссаг уæнг

*2-аг къорд:* Хетæгкаты Къостайы рæнхъытæ баххæст кæнын. Фадатон дзырд-

ты хуызтæ сбæрæг кæнын.

а) … уæйыгмæ лæскъдзæрæн иу мæгуыр лæг цард.

æ) Рухс цæуы … – бадынц ма кæмдæр.

б) … æнæзивæг цомут æнгомæй.

в) Махæндæр … сцæттæ кæн бынат.

6. Бакæсын æмдзæвгæ. Зæгъын, цы дзы ис цымыдисагæй (фæрссагмитæй арæзт у).

Æхсæрдзæны цыд.

Заргæйæ,
Хъазгæйæ,
Абухгæйæ,
Лæбургæйæ,
Зырзыргæнгæ,
Фынк калгæйæ,
Зилдух кæнгæйæ,
Хæлхæл кæнгæйæ,
Йæ былтæ хæргæйæ,
Хъуырхъуыргæнгæйæ,
Тыхсгæйæ, схъиугæйæ,
Кæдæмдæр тагъд кæнгæйæ,
Йæ цæппузыртæ нымайгæйæ,
Йæ пырхæнтæ хæрдмæ калгæйæ,
Уираг дуртæн хъæбыстæ кæнгæйæ,
Йæ цыд раив-баив кæнгæйæ, фыцгæйæ,
Æррайау хъæргæнгæ, гыбар-гыбур кæнгæ,
Æрттиваг фæрдгуытау алырдæм схъиугæйæ,
Цæхæртæ калгæ, змæнтгæйæ, цудтытæ кæнгæйæ,
Дугъонау сæрибарæй размæ тындзы хъæлдзæг æхсæрдзæн.
Роберт Саути

– Цæмæн арæх пайда кæны фæрссагмитæй англисаг поэт Роберт Саути?

– Цавæр аивадон фæрæз сты фæрссагмитæ?

(Хорз æххуыс сты æхсæрдзæны цыд цæстытыл ауайын кæнынæн. Алыхуызонæй æвдисынц æхсæрдзæны цыд).

– Æмдзæвгæйы графикон арæзт дæр дисы æфтауы: у пирамидæйы хуызæн, æвдисы доны калд бынмæ.

– Сбæрæг кæнын, фæрссагмитæ цавæр хъуыдыйады уæнгтæ сты, уый.

*7. Чиныгимæ куыст.* Баххæст кæнын чиныджы 57-æм фарсыл 5-æм (1-аг къорд) æмæ 6-æм фæлтæрæнтæ (2 къорд).

*Уæлæмхасæн хæс:* Фæлтæрæнты тексттæй рафыссын бынаты æмæ афоны фадатон дзырдтæ. Сæ фæстæ сын къæлæтты æвæрын фæрстытæ, сбæрæг кæнын, цавæр ныхасы хæйттæй загъд æрцыдысты, уый. Куыстæн хатдзæг скæнын.

*8. Хибарæй куыст.* Рафыссын æмбисæндтæ, сæ хъуыды сын бацамонын (1-аг къорд – зондимæ баст æмбисæндтæ, 2-аг къорд – чиныгимæ баст æмбисæндтæ).

-Сызгъæрин зæххæй цæуы, зонд та – чиныгæй.

– Искæй зондæй цæрæн нæй.

– Хорз чиныг стъалыйæ ирддæр кæны цард.

– Зонд дунейы дарæг хæзна у.

– Чиныджы ’взагæй чи зоны, уымæ хæстæгдæр у!

– Зонд мæсыг у, хъæру – гæнах.

– Чиныгимæ дзурын зонын хъæуы.

– Лæг балхæндзынæ, фæлæ зондæн балхæнæн нæй.

– Куырм адæймаджы чиныг цæстæй ракæсын кæны.

– Лæгдыхæй ницы бакæндзынæ, фæлæ зондæй сархай.

9. Беседæ чиныг æмæ интернеты хицæндзинæдтыл.

Байхъусын дыууæ-æртæ скъоладзауы хъуыдытæм чиныг æмæ интернеты тыххæй. Интернет цы пайда хæссы, æмæ цы зиан у рæзгæ фæлтæрæн, уый тыххæй хатдзæг скæнын.

*10. Бакæсын* Плиты Грисы æмæ Д.Лихачевы хъуыдытæ чиныджы тыххæй. Зæгъын, цы сæм ис иумæйагæй.

1) Чиныг. Уый дунейы диссæгтæн сæ тæккæ диссагдæр у. Фыдæлтæй фæстæмæ адæмы зонды цыдæриддæр хорзæй ис, уыдон иууылдæр чингуыты фыст сты. Æмæ сæ хæрз æрыгонæй куы нæ райдайай кæсын,

уæд байрæджы кæндзынæ. Плиты Грис

2) Умейте читать с интересом и не торопясь. Постарайтесь выбрать книгу по своему вкусу.Отвлекитесь на время от всего на свете, сядьте с книгой поудобнее и вы поймете, что есть много книг, без которых нельзя жить. Читайте же больше и читайте с величайшим выбором. Определите сами свой выбор, сообразуясь с тем, какую роль приобрела выбранная вами книга в истории человеческой культуры, чтобы стать классической. Дмитрий Лихачев







*11. Ахуыргæнæг дзуры йæ уарзон чиныджы тыххæй.*

Мæнæн дæр ис уарзон чиныг. Мæ зæрдæмæ хæстæгдæр æвæрд у Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр». Цал хатты йæ бакастæн, уал хатты дзы мæхицæн райстон бирæ ног хъуыдытæ æмæ хатдзæгтæ. Кæддæр Епхиты Тæтæри чиныджы тыххæй загъта:

«Чиныг зонд у, чиныг – цард,
Чиныг царды уыны дард».

Куыд нæ скæнон дзæнæты бадинаг æрыгон поэт Калоты Хазбийы кой! Уый йемæ хæсты быдырмæ ахаста Къостайы «Ирон фæндыр». Мæлæтдзаг цæф куы фæци, уæд ын æй йе 'мбæлттæ йæ риуы дзыппæй тугæйдзагæй систой, йæ ингæны йын æй йемæ бавæрдтой…

*12.Бынаты æмæ афоны фадатон дзырдты тыххæй хатдзæгтæ скæнын.*

Хъазт «Раст у, æви нæ…» (Слайдыл æнцой кæнгæйæ, таблицæ баххæст кæнын)

| | *Раст у, æви нæ…* | *Раст у* | *Раст нæу* |
|---|---|---|---|
| 1 | Фадатон дзырдтæ нысан кæнын архайды миниуæг | + | |
| 2 | Фадатон дзырд баст у зæгъинагимæ | + | |
| 3 | Фадатон дзырд баст у сæйратимæ | | + |
| 4 | Фадатон дзырдтæ сты 5 хуызы | | + |
| 5 | Фадатон дзырдтæ дзуапп дæттынц фарст цавæр?-æн | | + |
| 6 | Фадатон дзырд фæнысан кæны архайды хуыз | + | |
| 7 | Фадатон дзырд загъд æрцæуы фæрсдзырдæй | + | |
| 8 | Бынаты фадатон дзырд дзуапп дæтты фæрстытæн: кæм? кæцæй? кæдæм? | + | |
| 9 | Афоны фадатон дзырд дзуапп дæтты фæрстытæн куыд? цæмæн? | | + |
| 10 | Фадатон дзырд загъд æрцæуы миногмийæ | | + |
| 11 | Фадатон дзырд загъд æрцæуы фæрссагмийæ | + | |

III. Кæронбæттæн (рефлекси).

1) Абоны урочы æз базыдтон…

2) Мæ зæрдæмæ фæцыдысты ахæм куысты хуызтæ, куыд …

3) Цымыдисаг мæм фæкаст…

4) Мæхицæн зондæн раиртæстон…

**_Козаты Альбинæ,_**
**_Дзæуджыхъæуы 22-æм скъолайы ахуыргæнæг_**

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ

**Урочы темæ: «Зонд кæм и, æрхъуыды дæр уым и». (æмбисонд)**

*Кочысаты Розæйы пъесæ «Гæды лæг, кæнæ нæ пъырыстыф сæрра»-мæ гæсгæ*

Урочы нысантæ:

1. Пьесæйы идейон мидис ахуырдзауты æххуысæй раргом кæнын; комеди, юмор æмæ сатирæйы тыххæй æмбарынад фæарфдæр кæнын.
2. Скъоладзауты дзырдуат фæхъæздыгдæр кæнын æвзаджы алыхуызон фæрæзтæй.
3. Ирон æвзаг æмæ литературæмæ цымыдисдзинад гуырын кæнын.

***Урочы эпиграф:*** *«Зондджын – амонджын, æнæзонд – æнамонд».*

**Урочы цыд:**

I. Бацæттæгæнæн рæстæг

*Ахуыргæнæг:* Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Нæ цæстытыл ауайын кæнæм ивгъуыд царды нывтæ.

*1. Хъуысы музыкæ.* Умархан заргæ æрбацæуы.

(Скъоладзаутæ æвдисынц пьесæйы райдайæн скъуыддзаг: Мызылон æмæ Умарханы ныхас)

*Ахуыргæнæг:* Чи уыдысты ацы персонажтæ? Цавæр уацмысы архайджытæ сты?

(Кочысаты Розæйы пъесæ «Гæды лæг, кæнæ нæ пъырыстыф сæрра»-йы архайджытæ Мызылон æмæ Умархан)

*Ахуыргæнæг:* Мызылон æмæ нæ Умархан хонынц рагзамантæм.



***II. Урочы темæйыл куыст***

*Къордты куыст.*

(Скъоладзаутæ рагацау дихгонд æрцыдысты къордтыл, баххæст кодтой проектон куыстытæ: 1-аг къорд – иртасджытæ, 2-аг къорд – историктæ-библиографтæ, 3-аг къорд – нывгæнджытæ, 4-æм къорд – актертæ, 5-æм къорд –музыканттæ).

*Ахуыргæнæг:* Куыд уæм кæсы, цы æххуыс нын фæуыдзæн ахæм куыст?

*Дзуæппытæ:*

– Уацмысы сæйраг хъуыды сбæрæг кæнынæн.

– Цы рæстæг дзы æвдист цæуы, уый цæстытыл ауайын кæнынæн. Абарын æй абоны цардимæ.

– Царды сæйрагдæр цы у, ууыл ахъуыды кæнынæн.

*Ахуыргæнæг:* Ныхасы бар иртасджытæн.

I-аг къорд – историктæ-библиографтæ.

*Дзуры хистæр къласы чызг-скъоладзау:* «Æз райгуырдтæн Ольгинскæйы 12 майы 1888 азы. Мæ фыд уыдис рæстæмбис цæрæг зæхкусæг. Уый хорз зыдта ирон æгъдæуттæ, таурæгътæ, кадджытæ, зарджытæ, аргъæуттæ.

Тынг бæллыдтæн ахуырмæ, æмæ мæ радтой нæ хъæуы дыууæкъласон дины скъоламæ, уый фæстæ ахуыр кодтон Дзæуджыхъæуы ирон чызджыты скъолайы. Æртæ азы фæстæ мæ ме 'фсымæр йемæ аласта Ташкентмæ æмæ мæ бакодта скъоламæ. Дыууæ азы фæстæ æрыздæхтæн Дзæуджыхъæумæ, ногæй та ахуырмæ бацыдтæн, фæлæ 6-æм кълас кæронмæ фæуын дæр мæ къухы нæ бафтыд. Нæ бинонты уавæртæ нæ амыдтой.

Æз дæр, сымахау, уыдтæн чысыл æмæ тынг бирæ уарзтон ме 'мгæрттимæ хъазын, тезгъо кæнын. Уæлдай тынгдæр та уарзтон, мæ фыд мын цы аргъæуттæ дзырдта, уыдонмæ хъусын. Иу хатт мæ йæ уæрагыл сбадын кодта æмæ мын радзырдта мæгуыр зæронд лæг æмæ усы аргъау. Мæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ куы рахъомыл дæн, уæд уыцы аргъауы бындурыл ныффыстон чысыл пьесæ, хуыйны «Гæды лæг, кæнæ нæ пъырыстыф сæрра». Лæварæн мын æй айсут.

*Ахуыргæнæг:* Йæ царды хабæрттæ уын чи радзырдта, уыцы чызг чи у?

*Дзуапп:* Кочысаты Розæ.

*Ахуыргæнæг:* Цы ма зонут ацы чызджы царды хабæрттæй?

*(Дзуæппытæм байхъусын)*

*Дарддæр дзурынц историктæ-библиографтæ.*

1) 1774 азы Ирыстон баиу Уæрæсеимæ. Стыр ивддзинæдтæ æрцыд ирон адæмы царды. Уæрæсейы 'рдыгæй хъахъхъæд цыдысты знæгты ныббырстытæй, бирæтæ дзы хохæй быдырмæ ралыгъдысты, сæ цæрæн бынæттæ аивтой. Мæгуыр адæмæн сæ цард фæрогдæр, хæдзарад æмæ культурæ дæр рæзын байдыдтой.






Ольгинскæйы хихъæппæрисадон къорд 1905 азы

2) Фæлæ та сын бирæ нæ ахаста уый дæр. Паддзахы бардзырдмæ гæсгæ, Ирыстонмæ æрвыст æрцыдысты наместниктæ – пъырыстыфтæ, ома æвзæрст лæгтæ. Уыдон не 'мбæрстой не 'гъдæуттæ æмæ не 'взаг. Афтæ æнхъæлдтой, æмæ сын ирон адæм дæр уырысы мæгуырты хуызæн се 'фхæрдæн бардзысты. Адæм тох кодтой уырыссаг чиновникты гуымиры миты ныхмæ. Уыцы тохы нывтæй иу у Кочысаты Розæйы пьесæ дæр. Пьесæ фыст æрцыд 1905 азы, мыхуыры фæзынд 1907 азы фыццаг ирон аивадон журнал «Зонд»-ы.

*Актертæ ахъазынц* кæнæ аив бакæсынц, Пъырыстыф æмæ Умархан тæлмацы руаджы ныхас кæм кæнынц, уыцы скъуыддзаг (Дыккаг акт, 1-аг рацыдæй).

*Ахуыргæнæг:* Цы базыдтам ацы скъуыддзагæй? Куыд дары йæхи ацы ран пъырыстыф? *(Скъоладзауты дзуæппытæ)*

Дзурынц иртасджытæ:

1) «Гæды лæг, кæнæ нæ пъырыстыф сæрра» йæ жанрмæ гæсгæ у скетч – чысыл худæг ныв. Амад у ирон адæмон хъæлдзæг

ныхасы (анекдоты ) бындурыл. Расыггæнаг, фæлæ цыргъзонд æмæ хин лæг Умархан ссардта æхцатæ. Зоны, йæ ус æдылыдзæф æмæ дзæгъæлдзых кæй у, уый. Æхцатæ ссардта, уый куы зæгъа йæ усæн, уæд ыл уайтагъд комдзог рацæудзæн. Уый барæй æнгуырыл тæрхъус бакодта, къæппæджы та кæсаг нывæрдта æмæ афтæмæй йæ усы дæр ма асайдта.

Царды хъæндзинæдтыл ма фæхудынц комеди, юмор æмæ сатирæйы фæрцы дæр *(амонынц сын сæ хицæндзинæдтæ).*

2) Тексты æмбæлынц сидæнтæ, æлгъыстытæ, фидистæ, гуымиры дзырдтæ, сомытæ, бустæтæ, бирæнысанон дзырдтæ, æрбайсгæ дзырдтæ. (Дæнцæгтæ æрхастой)

*Ахуыргæнæг:* Сæ загъды нысанмæ гæсгæ пъесæйы хъуыдыйæдтæ цавæртæ сты? (скъоладзауты дзуæппыттæ)

*Ахуыргæнæг:* Цæмæн сæ пайда кæны автор?

(Уыдон иууылдæр æвдисынц персонажты миддуне, характеристикæ сын дæттынц; æвдисынц авторы ахаст персонажтæм; дзурынц, Кочысаты Розæ ирон адæмон æвзаг хорз кæй зыдта, ууыл)

*Ахуыргæнæг:* Худæгæй цы ис пъесæйы?

– Автор кæуыл худы? Цæмæн?

*(Дзуæппытæм байхъусын:* Умархан барæй сайы йæ усы; Мызылон æмæ Къомианы цыбыр зонд; пъырыстыф йæхи зондджыныл нымайы, афтæмæй та у æдылы; пъырыстыф уырыссагау дзуры, тæлмацгæнæг ын йæ ныхас амцæфуымцæф ныхæстæй амоны; персонажты æвзаджы гуымиры ныхæстæ)

3) Тексты ссардтам, нæ нанатæ æмæ дадатæ цы дзырдтæй пайда кодтой, фæлæ абон кæй нал дзурæм, ахæмтæ. Мах сæ рафыстам, дзырдуаты сын сæ хъуыды сбæрæг кодтам, нывтæ дæр ма сæм ссардтам, æмæ сæм сымах дæр бакæсут *(æвдисынц хи цæттæгонд слайдтæ):*

æргъæу чырын – рæсугъд, аив чырын;

грустæ – уырыссаг дзырд «гроши», ома капеччытæ, æхцатæ афтæ хоны Мызылон дæр;

дари – зæлдаг хъуымац;

къулер – хицау рарвит-барвит кæнынæн кæй дардта, ахæм адæймаг, уырыссагау «курьер»;

комдзог цæуын – дзырд хæссын, искæйы ныхæстæ радзурын, гадзрахатæй цæуын,

Пъырыстыф – æвæрд лæг, уырыссагау «пристав», «приставленный».

*Ахуыргæнæг:* Ацы дзырдтæй ма абон кæцытæй пайда кæнæм? Кæцытæ дзы нал æмбæлынц не 'взаджы? Цæуылнæ?

(Скъоладзауты дзуæппытæ: сты архаизмтæ æмæ историзмтæ)

*Ныхасы бар нывгæнджытæн. Фæйнæгыл – сывæллæтты нывты равдыст.*

Нывгæнджытæ æвдисынц, пъесæмæ гæсгæ цы сурæттæ сарæзтой, уыдон; иннæтæм сæ æвдисынц, фæрсынц сæ, кæй сурæттæ сты, уымæй. Скъоладзаутæ сюжетон нывтæм гæсгæ цыбырæй дзурынц пъесæйы эпизодтæй кæцыдæртæ.




Улæфты минут (Релаксаци).

Музыкантты къорд бацæттæ кодтой сатирикон зарæг (Равзарæн ис Мысырханы зарæг спектакль «Пæсæйы фæндон»-æй, кæнæ ирон адæмон зарæг «Хорз ус кæмæн вæййы…» æмæ а.д.).

*Хæслæвæрдтæ баххæст кæнын:*

1) Къæлæтты æвæрд дзырдты къордæй пайда кæнгæйæ, æмбисæндтæ кæронмæ ахæццæ кæнын. Сæ хъуыды сын бацамонын.

а) Рухс цы талынг къуымтæм не 'ххæссы, …

æ) Рæдыдыл басæттынæн дæр …

б) Æрхъуыдыйы бын –…

в) Хæссинагæн йæ рог,

г) Тых зондæн –…

гъ) Зонд кæм и, …

(æрхъуыды дæр уым и; сой; зондæн – йæ уæззау; хъару хъæуы; лæгъстиаг; уырдæм дæр ныккæсы зонд)

– Æмбисæндтæй кæцы æргом кæны пъесæйы сæйраг хъуыды?

(«Зонд кæм и, æрхъуыды дæр уым и» – урочы темæ)

– «Нарты кадджыты» персонажтæй канд тыхæй нæ, фæлæ ма зондæй чи архайдта? *(Дзуæппытæм байхъусын)*

2) Дзырдтæ «Умархан» æмæ «зонд»-ы бындурыл синквейнтæ саразын.

***Урочы хатдзæгтæ.***

– Цы базыдтат ногæй, пъесæйыл кусгæйæ?




– Пьесæйы архайджытæй уæ зæрдæмæ чи фæцыд? Цæмæн?

– Цавæр хатдзæг скæнæн ис урокæй? (Зонд кæддæриддæр фæуæлахиз вæййы)

– Цæмæ тырнын хъæуы царды?

# ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

***Гæззаты Татьянæ,***
***Æрхонкæйы 1-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 4-ÆМ КЪЛАСЫ

***(Ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ куыст)***

**Урочы темæ: «Хъæддаг цæрæгойты дунейы» (ныхасы темæ)**

**Грамматикон темæ: «Номдарты тасындзæг. Хауæнтæ»**

***Урочы нысантæ:***

1. Ахуырдзауты зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнын. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.
2. Диалогон ныхасы рæзтыл бакусын.
3. Цæрæгойтæм уарзон цæстæй кæсыныл, æрдзы рæсугъддзинад æнкъарын æмæ хъахъхъæныныл ахуыр кæнын.

***Урочы æрмæг:*** презетацион æрмæг, интерактивон фæйнæг, карточкæтæ хæслæвæрдтимæ (сырдты нывтæ), дзырдбыд, музыкæ, равдыст «Сывæллæтты сфæлдыстад» *(нывтæ, проектон куыстытæ).*

**Урочы цыд:**

***I.Бацæттæгæнæн рæстæг***

*1. (Салам раттын, кæрæдзимæ бахудын).*

*2. Ахуыргæнæг фæрсы:*

– Абон цы бон у?

– Ныртæккæ цавæр афæдзы афон у? Цавæр афæдзы афонтæ ма зонут?

– Абон цавæр бон у? (Хур кæсы, мит уары, уазал у æмæ а.д.)

*3. Фонетикон зарядкæ (1-аг слайд)*

хъа, хъо, къу, къæ, тъо, тъу, пъæ, пъо
къах, къух, хъус, хъуг, цъиу, хъæд,
хъуыр, чъири, хърихъупп, къæбыла

***II. Урочы темæмæ рахизын (мотивацион уавæр)***

1. Дзырдбыд баххæст кæнын (2-аг слайд).

(Ахуыргæнæг уырыссагау дзуры уыциуыцитæ, сывæллæттæ сын сæ дзуæппытæ дзуринц иронау. Дзырдбыд арæзт у цæрæгойты нæмттæй)

Хозяин лесной
Просыпается весной,
А зимой под южный вой,
Спит в избушке снеговой. *(Арс)*

У него большие уши,
Как гора, огромен он.
Равных нет ему на суше:
Он по весу – чемпион. *(Пыл)*

Хоть на вид – краса девица,
На проделки – мастерица,
Кто дружить захочет с ней? -
Зверя нет в лесу хитрей! (*Рувас)*

Полюбуйтесь поскорей!
Перед вами – царь зверей!
Всколыхнулась чудо-грива,
Шелковиста и красива*. (Домбай)*

В пустыне живет,
Подолгу не пьет,
С жарой легко справляется,
Колючками питается. *(Теуа)*

Кто зимой холодной
Ходит злой, голодный? *(бирæгъ)*

(Дзырдбыды фæзынынц раст дзуæппытæ, афтæмæй урочы темæ сбæрæг вæййы: «Хъæддаг цæрæгойты дунейы». Грамматикон темæ: «Номдарты тасындзæг».

*2. Ахуыргæнæджы æххуысæй хауæнты тыххæй радзурын.*

*3. Дзырдуатон диктант (5-10-æм слайдтæ):*

а) слайдтæм гæсгæ сывæллæттæ фыссынц сæ тетрæдты дзырдтæ, иугæйттæй та цæуынц фæйнæгмæ;

б) ахуыргæнæг дзуры уырыссагау дзырдтæ, сывæллæттæ сæ иронау фыссынц сæ тетрæдты: *тур (дзæбидыр), орел (цæргæс), косуля (сæгуыт), ворона (халон), барсук (зыгъарæг), птицы (цъиутæ).*

*4. Дзырдтæй хъуыдыйад саразын* (11-12-æм слайдтæ).

(Сывæллæттæ аразынц хъуыдыйад æмæ йæ дзурынц. Цæттæ хъуыдыйад слайдæй раст фыссынц сæ тетрæдтæм, уырыссагау æй тæлмац кæнынц дзургæйæ).

*5. Хъуыдыйад раст рафыссын (13, 14-æм слайдтæ)*

(Хауæнты кæрæттæ æмæ мивдисæг раст формæйы сæвæрын, афтæмæй хъуыдыйад рафыссын, хауæнтæ фæбæрæг кæнын).

*6. Улæфты рæстæг (релаксаци) (15-æм слайд)*

*7. Къæйттæй куыст.*

*1-аг къорд – «Тæрхъустæ»* (карточкæтæ сты тæрхъусы нывтимæ)

*Ссарын уæлдай дзырд:*

1) куыдз, уæрыкк, арс, бæх;
2) зымæг, сæрд, фæззæг, уалдзæг;
3) зæрватыкк, халон, цæргæс, булæмæргъ;
4) байраг, бирæгъ, домбай, дзæбидыр.

*2-аг къорд – «Æрсытæ»* (карточкæтæ сты арсы нывтимæ)

*Ссарын рæдыд:*

1) Дæттынон х. – кæмæн? цæмæн?
2) Гуырынон х. – кæмæ? цæмæ? кæдæм?
3) Иртæстон х. – кæмæй? цæмæй? кæцæй?
4) Цæдисон х. – кæимæ? цæимæ?

*3-аг къорд – «Уызынтæ* (карточкæтæ сты уызынты нывтимæ)

*Дамгъæтæй дзырдтæ саразын:*

1) с, в, а, у, р – …
2) н, ы, у, з, ы – …
3) æ, б, р, гъ, и – …
4) с, у, р, хъ, æ, т – …

(Сывæллæттæ къордты æххæст кæнынц сæ хæслæвæрдтæ. Фыццаг чи фæуа, уыдонæны куыст ахуыргæнæг бæрæг кæны. Иннæтæ сæ дæттынц кæрæдзимæ æмæ сæ слайдмæ гæсгæ раст кæнынц, сæ кæрæдзийæн æвæрынц бæрæггæнæнтæ).

*8. Дзырдуатон куыст: æфсæст, æххормаг, никуы.*

(Ахуыргæнæг дзуры ног дзырдтæ, сывæллæттæ сæ йæ фæстæ дзурынц, стæй сæ фыссынц сæ дзырдуæтты. Сфæлхат кæнын дзырдтæ: *боныгон, изæрыгон, райсомæй, æхсæвыгон).*

*9. Диалогон ныхасыл куыст.*

Цæсгæмттæм гæсгæ хъазт (ахуыргæнæн чиныджы 100-æм фарсыл текстмæ гæсгæ) *(сценкæ англисаг æмæ ирон æвзæгтыл)*

(Дуар æрбахостæуыд**.** Æрбахызтысты мидæмæ Арс æмæ Æхсæрсæттæг, дзурынц анлисагау. Куы ацыдысты «уазджытæ», уæд ахуыргæнæг скъоладзауты фæрсы, сæ ныхасæй цы бамбæрстой, уымæй.

Уалынмæ та дуар чидæр æрбахоста. Арс æрбахызт иунæгæй, сывæллæттæн салам радта, сбадтис бандоныл æмæ хæры. Йæ фæдыл æрбахызт Æхсæрсæттæг æмæ райдыдтой дзурын.( ахуыргæнæн чиныджы 100-æм фарс). Куы ацыдысты, уæд ахуыргæнæг сывæллæтты фæрсы, цы бамбæрстой диалогæй, цæуыл дзырдтой Арс æмæ Æхсæрсæттæг, уымæй. Сывæллæттæ дзуапп дæттынц)

*10. Ахуыргæнæн чиныджы 100-æм фарсыл 12-æм фæлтæрæн дзургæйæ баххæст кæнын.*

**(**Сывæллæттæ кæсынц радыгай, архайынц тæлмац кæныныл, номдарты кæрæттæ æмæ хауæнтæ бæрæг кæнынц).

*11. Фæйнæгыл куыст. «Чи тагъддæр».*

Алы къордæй дæр 1 ахуырдзау рацæуы фæйнæгмæ. Карточкæйыл цы хæслæвæрд ис, уый æххæст кæны фæйнæгыл. Иннæ сывæллæттæ фыссынц сæ тетрæдты, кæсынц, раст фыссынц фæйнæгыл æви нæ. Алчи йæхи къорды хæс фыссы.

*1-аг карточкæ.* Лæвæрд хауæнты сæвæрын дзырд *бирæгъ.*

Æддагбынатон х. – …

Хуызæнон х. – …

*2-аг карточкæ:* Лæвæрд хауæнты сæвæрын дзырд *лæппу*

Гуырынон х. – …

Арæзтон х. – …

*3-аг карточкæ:* Лæвæрд хауæнты сæвæрын дзырд *рувас*

Иртæстон х. – …

Дттынон х. – …

*(Кæд фæйнæгыл рæдыдтытæ ис, уæд сæ иннæтæ раст кæнынц. Ахуыргæнæг æвæры 3 ахуырдзауæн бæрæггæнæнтæ).*

*12. Хъомыладон куыст:* Абарын 2 нывы: «Сырддоны» æмæ «Адæймаг амардта рувасы». Сывæллæттæ зæгъынц сæ хъуыдытæ.

*Хатдзæг:* Мах хъуамæ уарзæм æмæ хъахъхъæнæм æрдз, цæрæгойты.

***III. Урокæн хатдзæгтæ скæнын.***

*Беседæ:*

– Цæуыл дзырдтам абон?

– Цавæр ног дзырдтæ базыдтат?

– Урочы тынгдæр уæ зæрдæмæ цы фæцыдис?

– Чи хуыздæр куыста урочы?

***IV. Хæдзармæ куыст.***

1. Диалог (ахуыргæнæн чиныджы 100-æм фарсыл) кæсын, фæрстытæн дзуапп дæттын зонын.

2. Кусæн тетрады 36-æм фарсыл, 4-æм хæслæвæрд баххæст кæнын.

3. Ног дзырдтæ сахуыр кæнын.

***Цæрионты Мæдинæ,***
***Дзæуджыхъæуы скъола-гимназ***
***«Эрудит»-ы ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 2-АГ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссын.*

***Урочы хуыз:*** *Ног æрмæг ахуыр кæныны урок*

***Урочы нысантæ:***

1) дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ раст хæссын сахуыр кæнын;

2) дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнынил ахуыр кæнын;

3) хистæртæм хъусынмæ разæнгард кæнын.

***УАА урочы*** (сæ фæстиуджытæ):

*удгоймагон:* урочы активонæй архайынмæ разæнгарддзинад; ахуырадон проблемæ аиуварс кæнын зонын;

*комуникативон:* хи хъуыды раст дзурын; иннæтæм хъусын; дискуссийы архайын зонын;

*регулятивон:* пъланмæ гæсгæ кусын, алы архайд дæр фæд-фæдыл æвæрын зонын; хи æмæ искæй ныхас сраст кæнын зонын; цы къуылымпыдзинæдтæн сæвзæрд, уыдонæн аргъ скæнын зонын; куыд сæ аиуварс кæнæн ис, уый раст сбæрæг кæнын зонын.

*Урочы пайдагонд цæуы компьютерон презентацийæ.*

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

*1. Мотивацион уавæр.*

*Ахуыргæнæг:* Знон не скъоламæ æрцыд электрон фыстæг Митын Дадайæ, фæлæ мæм цыдæр æнахуыр фæкасти. Бакæсут-ма йæ.

*1-аг слайд*

| |
|---|
| «Мæ зынаргъ саб- |
| итæ! Æрхæццæ кæны Ног азы бæр- |
| æгбон. Уе ’ппæтæн дæр цæттæ кæн- |
| ын лæвæрттæ. |
| Æмæ цæмæй ма фæрæдион, уый тыххæ |
| -й мæм ныффыссут, |
| кæй уæ цы хъæуы, уый. Митын Дада» |

*Ахуыргæнæг:* Цы нын зæгъынмæ хъавы Митын Дада?

– Цавæр рæдыд фæуагъты Митын Дада? Цы нæ зоны?

(нæ зоны дзырд иу рæнхъæй иннæмæ хæссын)

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*Ахуыргæнæг:* Мæнмæ гæсгæ, ам Митын Дадайы чи нæ уарзы, ахæмтæ нæй, æмæ йын хъуамæ баххуыс кæнæм.

Афтæ мæм кæсы, цыма базыдтат, абон нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм, уый.

(дзырд иу рæнхъæй иннæмæ хæссыны æгъдæуттыл)

*Ахуыргæнæг:* Абон мах дзырдтæ дих кæндзыстæм иу рæнхъæй иннæмæ хæссыны тыххæй æмæ баххуыс кæндзыстæм Митын Дадайæн. Митын Дадамæ сывæллæттæ фыссынц алы горæттæй æмæ хъæутæй æмæ, цæмæй ма схæццæтæ уа, уый тыххæй алы фыстæгыл дæр хъуамæ фыст уа, кæцæй æрвыст у, уыцы горæты ном.

– Мах кæм цæрæм, уыцы горæты ном та цы хуыйны? (Дзæуджыхъæу)

– Зæгъут-ма, дзырд стыр дамгъæйæ кæд фæфыссæм?

– Тетрæдты ныффыссут нæ горæты ном.

– Цы хъуамæ æрлæууын кæнат уæ зæрдыл, ацы дзырд фысгæйæ? Цавæр «тæссаг» бынæттæ дзы ис?

*2-аг слайд*

– Дзырд «Дзæуджыхъæу» уæнгтыл адих кæнут.

– Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, дзырдтæ уæнгтыл куыд дих кæнын хъæуы, уый.

(дзырды цал хъæлæсон мыры ис, уал уæнджы дзы ис)

– Куыд бакæндзыстут, дзырд æнæхъæнæй куы нæ бацæуа рæнхъыл уæд?

– Дзырд иу рæнхъæй иннæмæ рахæссынæн цы зонын хъæуы?

– Ацы къуылымпыдзинады сæрты ахизынæн мах хъæуы цалдæр хæсы сæххæст кæнын.

*1-аг хæс:* (4-æм слайд)

Ахуырдзауты къордтыл адих кæнын. Алы къордæн дæр раттын карточкæ хæсимæ:

| 1-аг къорд | 2-аг къорд | 3-аг къорд |
|---|---|---|
| Бæрæг-бон<br>ди-ди-нæг<br>мит<br>их | а/цы<br>æнæ-дон<br>ра-ди/о<br>æ/ры-скъæф | Ан-нæ<br>Лæп-пу<br>сы-вæл-лæт-тæ<br>лæ – вæрт-тæ |
| *Хатдзæг:*<br>Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссын хъæуы уæнггай. Ииуæнгон дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссæн нæй | *Хатдзæг:*<br>Иу дамгъæйæн нæдæр ныууадзæн ис, нæдæр æй иннæ рæнхъмæ хæссæн ис | *Хатдзæг:*<br>Дывæргонд æмхъæлæсонтæй иу рахæссын хъæуы, иннæ – ныууадзын |

**_Фæлладуадзæн рæстæг._** Кæд дзырд уæнгтыл дихгонд цæуы, æмæ йын йæ хай иу рæнхъæй иннæмæ хæссæн ис, уæд уæ къухтæ сдарут, кæд нæй, уæд та æрбадут.

(Дзырдтæ: дзул, дзоныгъ, мыд, хъазæн, худ, хъулон)

*2-аг хæс:*

Чиныгмæ гæсгæ куыст (фронталон куыст комментаритимæ). Баххæст кæнын чиныджы 44-æм фарсыл 4-æм фæлтæрæн.

(Фыццаг хъуыдыйад ныффыссын тетрады, 1,3,4,5-æм дзырдтæ адих кæнын иу рæнхъæй иннæмæ рахæссынæн)

*Ахуыргæнæг:* Кæцы дзырдæн нæй рахæссæн? Цæуылнæ?

*3-аг хæс. Къæйттæй куыст.*

Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ рахæссынæн раст дихгонд кæм сты, уый фæбæрæг кæнын:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| с-аби-тæ | бæ-рæг-бон | ныф-фыс-сут | лæ-вæр-ттæ | хъæды-н-дз | а-ра-зынц |
| са-би-тæ | бæр-æ-гбо-н | ны-ффы-ссут | л-æвæр-ттæ | хъæ-дындз | ара-зынц |
| са-бит-æ | б-æрæг-бон | ныф-фысс-ут | лæ-вæрт-тæ | хъ-æдындз | ара-зы-нц |

***III. Урочы хатдзæгтæ (Рефлекси)***

*Ахуыргæнæг:*

– Цавæр темæйыл бакуыстам абон?

– Ногæй цы фехъуыстат?

– Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссыны тыххæй цы базыдтат?

– Исты зындзинæдтæ бавзæрстат?

– Митын Дадайы фыстæгмæ раздæхæм æмæ ма йæ иу хатт бакæсæм. Цымæ йæ нæ бон сраст кæнын бауыдзæн?

*Фæстаг слайдтæм гæсгæ куыст.*

– Уæ куыстæн аргъ скæнут.

– Бузныг уе ’ппæтæн дæр!

***IV. Хæдзармæ куыст:*** Митын Дадамæ фыстæг ныффыссын.

# ФÆЛТÆРДДЗИНАД... БАФÆЗМ ÆЙ



Æвæдза, зæххыл цынæ дæсныйад ис! Уыдонæй алкæмæн дæр ис йæхи сæрмагонд кусæнгарз. Амайæгæн – агуыридуртæ, дохтырæн – хостæ æмæ судзинтæ, ахуыргæнæгæн – чингуытæ. Уыцы кусæнгæрзтæй алкæцыйæн дæр хъæуы дæсны амонæг æмæ къухтæ. Зæгъæм, чиныджы уд куы нæ бауадзай, сывæллætты цæстытыл цаутæ куы нæ ауайын кæнай, исты сгуыхтдзинадмæ сæ куынæ сцыбæл кæнай, уæд баззайдзæн тæрхæгыл рыгбадæнæн.

Уæдæ, рагæй-æрæгмæ дæр ахуыргæнæджы сæйраг хотых та у йæ удыхъæд.

Уæздан, фæлмæн, рæдау, уарзæгой æмæ растзæрдæ, бæрнон адæймаг. Ацы миниуджытæй хайджын у Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Хъараты-Хуыгаты Жаннæ.***

Жаннæйы педагогон фæндаг райдыдта Горæтгæроны районы Дачнæйы хъæуæй. Фæстæдæр, 1993 азы, æрбакъахдзæф кодта Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназмæ. Уæдæй абоны онг Хъариан йæ зæрдæ не сивта йæ уарзон скъолайыл.

Жаннæ скъолайы къæсæрæй куы ’рбахизы, уæд сывæллæттæ, æз фæраздæронæй, фезгъорынц йæ размæ. Æрбамбырд вæййынц йæ алыварс, алкæй дæр дзы фæфæнды йæ сусæг циндзинад радзурын йæ уарзон ахуыргæнæгæн. Сабитæ зонынц, алкæмæн дæр дзы фæлмæн, рæвдауæн ныхас кæй ссардзæн, уый.

Æмæ куыннæ, Жаннæ у райдайæн кълæсты ирон æвзаг æмæ кæсыны ахуыргæнæг!

Хорз æмбары Жаннæ, абон ахуыргæнæджы размæ стыр хæстæ æвæрд кæй ис, уый. Архайы цардимæ æмдзу кæныныл, цæмæй сомбон алы ахуырдзау дæр æхсæнадмæ рацæуа фидар зондимæ æмæ ссара аккаг бынат. Ахуырады цы ногдзинæдтæ фæзыны, уыдон уайтагъд зындгонд вæййынц Жаннæйæн. Фагыл никуы нымадта урочы æрмæст ахуыргæнæн чиныгæй пайда кæнын. Æнæмæнг бацагуры, скъоладзауы зæрдæйы цымыдисдзинад чи гуырын кæны, ахæм алыхуызон æрмæджытæ.

Жаннæ уæлдай фылдæр уарзы ирон æвзаджы уроктæ. Ам спайда кæны, скъоладзаутæ æрмæст æвзагæй нæ,

фæлæ ма, иннæ предметтæй дæр цы зонындзинæдтæ райстой, уыдонæй. Арæхстджынæй бабæтты урочы темæ математикæ, истори, музыкæ æмæ ма суанг физкультурæимæ дæр. Куыд зонæм, афтæмæй ахуыргæнæджы сæйрагдæр хæстæй иу у ахуырдзауты æнæниздзинадыл аудын. Жаннæ йæ урочы этаптæ афтæ рацаразы, æмæ сывæллæттæ фæллайгæ нæ, фæлæ ма уæнгрогдæр свæййынц.

Ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ фыццагдæр йæ куыст чи рацæрæзта гимназы, уыдонæй иу у Хъараты Жаннæ. Æмæ йын æнтысгæ дæр бакодта.

Жаннæйы сфæлдыстадон къæбиц кæддæриддæр дзаг вæййы æнахуыр æрмæджытæй, хъуыдытæй, куысты хуызтæй. Йæ скъоладзауты дæр ахуыр кæны цымыдисаг хабæрттæ æмæ цаутæ агурыныл. Афтæмæй сæ фæцалх кæны иртасæн куыстыл. Жаннæйы ахуырдзаутæ фæархайынц алыхуызон æркастыты, олимпиадæты, конкурсты. Хорз цæттæгонд вæййынц æмæ бацахсынц фыццаг бынæттæ.

Уæлдай цæстæнгас дары зæрдæргъæвд сывæллæттæм. Уыдонæн фæхъæуы раиртасын æмæ райрæзын кæнын сæ курдиат. Иу æмæ дыууæйы нæ ракодта Жаннæ, горæт æмæ республикæйы цы сфæлдыстадон конкурстæ вæййы, уырдæм.

Аивадмæ зæрдæргъæвд сывæллæттæй сарæзта драмон къорд. Йæ уæнгтæ сæхи хъæппæрисæй арæх ацæуынц рæвдауæндæттæм сабиты бахъæлдзæг кæнынмæ.

Жаннæ урокты дæр арæх сæвæры сценкæтæ. Сабитæ дзы фæдзурынц канд иронау нæ, фæлæ ма алыхуызон фæсарæйнаг æвзæгтыл дæр. Уый та уымæн, æмæ сæ разамонæг кусы полилингвалон къласы. Тынг мидисджын вæййынц ацы къласы урокт æ, хъæздыггонд æрцæуынц алыхуызон дидактикон æмæ цæстуынгæ æрмæджытæй.

Тынг хорз арæхсы Жаннæ нырыккон техникон фæрæзтæй пайда кæнынмæ. Йæ уроктæм бацæттæ кæны алыхуызон презентацион æрмæджытæ. Бацæттæ кæны алыхуызон урокты æмæ куысты хуызтæ: беседæ, хъазт, викторинæ, тымбыл стъол, тæрхон æмæ а.д.

Жаннæйæн йæ куыст куыд хъæздыг у, афтæ хъомысджын у йæ удыхъæд дæр. Йæ разы сывæллон йæхи уæлдай аивдæр фæдары, уымæн æмæ йæхæдæг у ирон уæздандзинады æвдисæн.

Хицæн ныхасы аккаг у, Жаннæ коллективы мидæг куыд зæрдæхæлар у, уый. Никуы никæй зæрдæхудты бацыд, бахъуаджы рæстæг йæхи никуы аиуварс кодта. Йæ зонындзинæдтæй цæстуарзонæй бахай кæны æрыгон ахуыргæнджытæн.

Хъараты-Хуыгаты Жаннæйæн нæ зæрдæ зæгъы бирæ æнтыстдзинæдтæ.

***Хъараты-Хуыгаты Жаннæ,***
***Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 2-ÆМ КЪЛАСЫ

**Урочы темæ: «Мадæлон æвзаг мады ад кæны» (æмб.)**

**Грамматикон темæ «Хъуыдыйад»**

***Урочы нысантæ:***

1) бацамонын хъуыдыйады æмбарынад;

2) ныхасы рæзтыл бакусын;

3) мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

1. *Ахуыргæнæг:* Уæдæ райдайæм нæ урок. Цæмæй урочы рæсугъд дзурæм нæ мадæлон æвзагыл,уый тыххæй нæхи бацæттæ кæнæм. (Скъоладзаутæ дзурынц тагъд-дзуринæгтæ)

2. Скъоладзауты сразæнгард кæнын урочы архайынмæ.

1) Зивæггæнаг не стæм,
Райсом раджы фестæм.
Чиныг, боныг, тетрад -
Нæ разы сты. Цæттæ стæм!

2) Фæйнæгыл нымæцтæ фидаргонд, иуæй дæсы онг.

– Ацы нымæцтæ цы нысан кæнынц?

– Математикæйы урок нæм ис, мыййаг?

– Абон уæ алчидæр урочы кæрон йæхицæн равзардзæн бæрæггæнæн (баллтæ).

– Мæн уырны, абон уын æцæгдæр урочы бирæ кæй бантысдзæн, æмæ ацы урок уæ зæрдыл кæй бадардзыстут, уый.

3. *Ахуыргæнæг:* Базонут-ма, цæуыл дзурдзыстæм урочы!

Экраныл – эпиграф, сывæллæттæ йæ кæсынц:

*«Куыд хорз, куыд кадджын дæ мæ цæсты,*
*Нæ ирон, мадæлон æвзаг!»*
*(Чеджемты Г.)*

– Цæй кой цæуы æмдзæвгæйы?

– Цæмæн зæгъы поэт афтæ?

– Цæуыл дзурдзыстæм урочы?

(Сывæллæттæ дзурынц сæ хъуыдытæ)

– Урочы кæрон ма раздæхдзыстæм нæ эпиграфмæ.

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*1. Ног æрмæгыл кусгæйæ, къуылымтытæ кæм æййафынц, уый сбæрæг кæнын.*

Экраныл – слайд фыстытимæ:

æвзаг
мадæлон æвзаг
Мадæлон æвзаг мады ад кæны.

– Дзырд *æвзаг*-æн ис цалдæр нысаниуæджы. Цавæртæ сты?

(Сывæллæттæ дзурынц сæ хъуыдытæ)

– Дзырдбаст *мадæлон æвзаг* та цы нысан кæны?

– Бамбарын ма кæнут æмбисонды хъуыды.

– Мах зонæм, нæ ныхас хъуыдыйæдтæй арæзт кæй у, уый.

– Кæцы дзы у хъуыдыйад?

– Уæдæ ма цæуыл кусдзыстæм урочы? (Хъуыдыйадыл)

*2. Сыгъдæгфыссынадыл куыст.*

Тагъддзуринаг бакæсын экраныл:

*Хъæуæй хъазты хъæр хъуысы.*
*Хъæдхой хъæндилмæ хъуызы.*

– Цавæр мыр ис алы дзырды дæр? ***(хъ***– æмхъæлæсон, æзылангон)

– Куыд æй нысан кæнæм фысгæйæ? (х æмæ ъ)

*(Скъоладзаутæ сæ тетрæдты фыссынц дамгъæ **хъ**, стæй та уæнгтæ дамгъæ **хъ**-имæ)*

– Тагъддзуринаг цæмæй арæзт у? (хъуыдыйæдтæй)

*3. Къæйттæй куыст:* Хъуыдыйæдтæ, куыд сæ бахъуыды кодтой, афтæмæй тетрæдты ныффыссын. Уый фæстæ кæрæдзийы тетрæдтæм æркæсын, кæрæдзийы рæдыдтытæ фæйнæгмæ кæсгæйæ сраст кæнын.

*4. Дзырдуатон куыст.* Цухгонд дамгъæтæ баххæст кæнын, дамгъæты æмæ мырты нымæц фæбæрæг кæнын.




*5. Цæстытæн зарядкæ.* Иу скъоладзау дзуры, иннæтæ та цæстытæй амонынц:

Æз цæуын хъæды. Æвиппайды мæ размæ фæцис арс. Фæтарстæн. Акастæн галиуæрдæм – ничи дзы ис, акастæн рахизæрдæм – уым дæр ничи. Скастæн бæласмæ – æгæр бæрзонд у, нæ йæм схиздзынæн. Мæ цæстытæ бахгæдтон, дæсмæ анымадтон, байгом сæ кодтон. Кæсын, æмæ арс мæ цуры нал ис. Нал мын у тас!

*6. Æмбисæндтæ бакæсын, сæ хъуыды сын бамбарын кæнын:*

а) Райгуырæн бæстæ уарзæн нæй, дæ адæмы æвзаг куы нæ уарзай, уæд.

æ) Сырддонцъиу дæр ма йæхи ’взагыл дзуры.

*– Дыккаг хъуыдыйады бахахх кæнын сæйраг уæнгтæ. Хатдзæг скæнын.*

- Æмбисонд дзырдты къорд у æви хъуыдыйад? Цæмæн уæм афтæ кæсы?

*7. Хъазт «Дзырдтæ ныппырх сты».*

*Ахуыргæнæг:* Сæмбырд кæнут дзырдтæ, цæмæй сæ хъуыдыйад рауайа.




– Разы стут ацы хъуыдыимæ?

*Ахуыргæнæг:* Цавæр хатдзæг скæнæн ис? Цы у хъуыдыйад?

*8. Улæфты минут.*

*9. Текстимæ куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Иу скъоладзау ныффыста цыбыр радзырд йæ мадæлон æвзагыл. Бакæсæм æй æмæ йын йæ рæдыдтытæ сраст кæнæм.

Мах ацыдыстæм в лес. Уым федтам лису. Сырд къахта норку.

– Цы уæм фæкаст худæг?

(Скъоладзауты дзуæппыты фæстæ раст вариант æвдыст цæуы экраныл)

– Радзырдæн кæрон æрхъуыды кæнут.

***III. Урочы хатдзæгтæ.***

*Ахуыргæнæг:* Мадæлон æвзаджы тыххæй цавæр æмбисæндтæ зонут?

1. Экраныл – К.Паустовскийы ныхæстæ, бакæсын сæ.




– Цавæр адæймагмæ хауынц ацы ныхæстæ?

– Мах та куыд уарзæм нæ мадæлон æвзаг?

(Урочы эпиграфмæ раздæхын)

*2. Æмбисæндтæ хъæугæ дзырдтæй баххæст кæнын (тетрæдты куыст):*

Мадæлон æвзаг – æвзæгты… (сæр).

Райгуырæн бæстæ æмæ мадæлон æвзаг мады… ( ад кæнынц).

*3. Фæрстытæн дзуапп раттын:*

– Æмбисæндтæ æнæ ацы дзырдтæй æххæст хъуыды æвдисынц?

– Ныр та сæ схонæн ис хъуыдыйæдтæ? Цæмæн ?

*4. Рефлекси.*

– Нæ урочы цæуыл дзырдтам?

– Сывæллæттæ, куыд уæм кæсы, нæ урочы хæстæ сæххæст кодтам?

– Урочы уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис?

– Зындæр та уæм кæцы куыст фæкаст?

*5. Бæрæггæнæнтæ сæвæрын.*

*6. Кæронбæттæн ныхас.* Урочы рæвдз кæй куыстат, кæрæдзийæн кæй æххуыс кодтат, уый хорз у. Бæрæг у, уæ мадæлон æвзаг бирæ кæй уарзут, уый дæр. Дзурут иронау æмæ уæ ныййарджыты зæрдæтæ рухс кæнут!

***IV. Хæдзармæ куыст***

Æмбисæндты быняурыл мадæлон æвзаджы тыххæй чысыл нывæцæн æрхъуыды кæнын.

**Хъараты-Хуыгаты Жаннæ,**
**Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг**

# КÆСЫНЫ УРОК 2-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Скодта Митын лæг йæ урс кæрц»*

(Цæрукъаты Валодяйы æмдзæвгæ «Заз»-мæ гæсгæ)

***Урочы нысантæ:***

1. Æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды бамбарын кæнын.

2.Скъоладзауты фæцалх кæнын рацыд лексикон æрмæгæй ныхасы мидæг пайда кæныныл.

3.Аив кæсыны фæлтæрддзинад рæзын кæнын, ныхасы рæзтыл бакусын.

***Урочы фæлгонц:*** *п*резентаци интерактивон фæйнæгыл, хъазæнтæ, сценкæ.

Урочы эпиграф:
Алы бон æгас цæут,
Митын Дада, заз бæлас!



**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

*1. Тагъддзуринагыл куыст.*

Æхсæрæг æхсæртæ саста,
Пыхсбыны ныффынæй арс та,
Æхсæры цъар ыл æрхауд,-
Арс, мæгуыр, хæрдмæ фæхауд.

*2. Скъоладзауты урочы архайынмæ сразæнгард кæнын (мотивацион уавæр).*

Æмбисонд: «Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц».

*Ахуыргæнæг:* Куыд æмбарут ацы æмбисонд?

– Мах дæр урочы кусдзыстæм æнгом бинонтау, цæмæй нын фылдæр бантыса урочы.

***II. Урочы темæ раргом кæныныл куыст***

1. Уыци-уыци (интерактивон фæйнæгыл):

Хур ма зæхх фæтавы цъус,
Митæй дары быдыр урс.
Уазал дымгæ у тызмæг,
Уый та нæм æрцыд … *(зымæг)*
*(Равдисын ныв «Зымæг»)*



– Цы уынут нывы?

– Цавæр бæлæстæ базыдтат нывы?

– Цæмæ гæсгæ?

*(Заз бæлас сæрдæй, зымæгæй вæййы иу-хуызон)*

*2. Арвæй хауынц миты гæлæбутæ дамгъæтимæ. Цавæр дзырд сæ саразæн ис?*

(Сывæллæттæ интерактивон фæйнæгыл дамгъæтæ иу кæнынц)



– Цавæр дзырд нæм рауад? *( зымæг)*

– Нæ урочы дзурдзыстæм … *(зымæгыл)*

*3. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.*

1) Æмбисондыл куыст:




- Цавæр аргъау уæ зæрдыл æрлæууыд? *(«Зымæгон аргъау»)*

2) Скъоладзаутæ æвдисынц сценкæ «Зымæгон аргъау»-æй.

– Кæцы архайæг фæцыдис уæ зæрдæмæ тынгдæр?

– Аргъауæн цавæр кæрон ис?




*4. Скъоладзаутæ кусынц дыууæ къордæй æмæ æххæст кæнынц тестытæ.*

1) Сæйраг архайджытæ сты:

а) бирæгъ

æ) æхсæрæг

б) рувас

в) тæрхъус

2) Стъолы бæсты Тæкку æрбахаста

а) тæгæр бæлас

æ) тулдз бæлас

б) сусхъæд

в) заз

3) Цал хатты арвыста Æхсæрæг Тæккуйы хъæдмæ?

а) дыууæ

æ) æртæ

б) цыппар

в) фондз

4) Æхсæрæг йæ ныхас нæ сæххæст кодта, уымæн æмæ уыд

а) чъынды

æ) хинæйдзаг

б) æнæрхъуыды

в) зивæггæнаг

5) Тæкку уыди

а) зæрдæхæлар

æ) мæстыгæр

б) тæригъæдгæнаг

в) æнæзивæг

Куыстæн хатдзæг скæнын.

*5. Баххæст кæнын æмбисæндтæ:*

1.Бирæйæ бирæгъ дæр… ( не 'фсæды).

2. Сайын… ( хорз нæу).

*6. Улæфты рæстæг.*

Тæрхъус быдырмæ – сæпп, сæпп, сæпп.
Тæрхъус быдырмæ – гæпп, гæпп, гæпп.
Æз æй æрцахсин, æз йемæ хъазин.
Фæлæ мæ куы фæтæрса, мыййаг.
Тæрхъусы зæрдæ – тъæпп, тъæпп, тъæпп.
Тæрхъусы зæрдæ – хæпп, хæпп, хæпп.
Мæнмæ фæкасти, мæнæй фæтарсти,
Уæртæ ма кæсут – гæпп, гæпп, гæпп!

*7. Дзырдуатон куыст.* Митын лæг, дзоныгъ, къахдзоныгътæ, миткъуыбæрттæ.




*8. Хъазт «Цæй ныр та ды дæр фæлвар – ам хъæугæ дзырдтæ ыссар».*

Æг-æг-æг
Æрбахæццæ та нæм…(зымæг).
Аз-аз-аз
Ралæууыди нæм … (Ног аз).
Ры-ры-ры
Мит та ногæй …( рауары)
Аг-аг-аг
Фæндаг та у…( бырынцъаг).

*9. Æмдзæвгæйы текстыл куыст.*

– Æркæсут-ма нывмæ æмæ бакæсут æмдзæвгæйы сæргонд. Цæй тыххæй у ацы æмдзæвгæ?

(Беседæ заз бæласы тыххæй).




*10. Хиныммæры каст.*

*11. Æмдзæвгæйыл куыст фæрстытæм гæсгæ.*

*13. Æмдзæвгæ аив бакæсын.*

*14. Релаксаци.*

– Дыууæ митын лæджы абарут. Æмхуызон сты? Ссарут сын сæ хицæндзинæдтæ.



– Бакæсут-ма хъуыдыйад йæ райдайæнæй кæронмæ, стæй та – кæронæй райдайæнмæ.




– Размæ дæр æмæ фæстæмæ дæр иухуызон кæсгæ чи у, ахæм текст хуыйны *ПАЛИНДРОМ.*

***III. Рефлекси.***

***IV. Хæдзармæ куыст:*** Æмдзæвгæ наизусть сахуыр кæнын.

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

***Цæллагкаты Светланæ,***
***Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

## *СЦЕНАРИ « ДЗЫРДАИВАДЫ ИРД СТЪАЛЫ»*

*(Плиты Грисы 100 азы бонмæ)*

**Хъуысы ирон музыкæ**

*1-аг амонæг:* Ацы аз хуссарæй, цæгатæй бæрæг кæнæм ирон адæмон поэт Плиты Грисы 100 азы. Плиты Грис бирæ азты дæргъы йæ аив дзырдæй, йæ зонды тыхæй, йæ уды рæсугъд миниуджытæй лæггад фæкодта ирон литературæйæн, бæлвырд ын фæбæрзонддæр кодта йæ кад æмæ йæ ном.

*2-аг амонæг:* Грис йæ уацмысты æдзухдæр дзырдта поэты стыр бæрныл. Йе стырдæр бæллиц уыд йæ адæмæн рæсугъд уацмыстæ сфæлындын.

«Поэт»
Хъысмæтæй стыр рæстадыл зарын
Кæд равзæрстай дæхицæн, уæд.
Ис къорд æнцон фæндаджы ссарæн,
Дæуæн та се 'гас дæр æхгæд.

Дæ тугæй рафæлдисгæ зарæг
Тæхдзæн пæрпæрæй, цыма маргъ;
Фæлæ йыл иу фыдзæрдæ дарæг
Фыдæнæн калдзæнис йæ марг, –
Быхс-иу ын! Хаттæй-хатт дæ риуы
Хъæстæ фат сагъд уыдзæн, уæддæр
Тыхсты бон ма ауæрд дæхиуыл,
Дæлæмæ макуы 'руадз дæ сæр.

Зæринуарз, кадбæллон æхсинтæ
Уадз хоной дæу æрра, сæрхъæн,–
Судз рухсæн. Ма ауæрд дæхиуыл,
Дæлæмæ макуы руадз дæ сæр.

Дæ разы чи фæнды уæд хицау,
Зæххон зæд уа æви хайуан, –
Мæрдты къæй фест, поэт, дæхицæй
Куы скæнай искæмæн айуан!

Ды дæ дæхи бæрзонддæр бардуаг,
Дæ хаст уынаффæ дын – уæлдæр,
Дæ цард мыд уа, æви дын марг уа –
Дæ мæсыг амай æмæ цæр!

Худ хъæлдзæг мидбылты æнкъардæй,
Дæ зæрдæ тона, фæлæ худ!
Куы скæнай лидзынвæнд зындзардæй,
Уæд лæг нæ дæ, фæлæ тæппуд!

Æмбæхс дæ маст æмæ дæ цинад,
Дæ сыгъдæг миддуне дын – дзуар.
Зæххыл ис иу хуыцау – Рæстдзинад,
Ды иунæг уымæн дæ цагъар.

*1-аг амонæг:* Грисы курдиат райхъал хæсты уынæрæй, бахсыст хæсты цæхæры, срухс и хæсты трагизмæй. Хæст æмæ хæстон фыдæвзарæн систы Плиты Грисы сæйраг дзуринаг хæсты бонтæй суанг йæ царды фæстаг азтæм.

*2-аг амонæг:* Поэтмæ гæсгæ, хæст у æвирхъау фыдæвзарæн адæймагæн. Хæст – кæрæдзийы цæгъдын, дунейыл фыдæх æмæ хæрам тауын…

*1-аг амонæг:* Иры зæххыл арф ностæй баззадис Гæздæнты авд æфсымæры мæлæт. Грис систа мад æмæ йæ хъæбулты трагеди бæрзонд поэзийы æмвæзадмæ.

Балладæ «Авд цухъайы»-йæ скъуыддзаг
(Альбинонийы музыкæ, «Адажио»)

*1-аг амонæг:* Плиты Грисы курдиат арфдæр æмæ ирддæрæй разындис йæ драмон сфæлдыстады. Йæ зындгонддæр драмæтæ «Чермен», «Сослан-Цæразон», «Æнæсæттон»-ы арæхстджынæй пайда кæны ирон æвзаджы хъæздыг æвæрæнтæй, ирдæй дзы æвдисы йæ гуманистон хъуыдытæ.

*2-аг амонæг:* Драмæ «Æнæсæттон»-ы Грис сарæзта Къостайы фæлгонц – ирон адæмы бартыл тохгæнæг – Прометейы. Уыимæ равдыста йæ рæсугъд удыхъæд, йæ бæрзонд уарзондзинад Аннæмæ.

Драмæ «Æнæсæттон»-æй скъуыддзаг
(хъуысы фæндыры цагъд, «Цецилия»)

*Къоста:*
Лæгæн Хуыцау цы хæрзиуджытæ скодта –
Сæ хуыздæр мын дæ уарзондзинад уыд…

*Аннæ:*
Уыд? Уыд! Ныр нал? Куыд æнцонæй йæ загътай?

*Къоста:* Æнцон, зæгъыс?... Æнцон? Ха-ха!
Уыдысты мæ цæстытæ дæ цæстытау
сыгъдæг.
Ныр та сæ бады туг, уыди мæ зæрдæ
Æнæмæт, рухс, ныр сагъæстæй ныттар.
Сæрибар домдтон – ахæстон мын радтой.
Æрдзæй æз уарзæгой уыдтæн, сабыр,
Ныр та мæ риу хæрамдзинадæй судзы…

*Аннæ:*
О, фæлæ уым цы азым ис мæнмæ?

*Къоста:*
Дæумæ – азым? Æз никæд загътон афтæ?
Нæдæр зæгъын, – ам азымджын æрмæст
Мæхæдæг дæн: æз адæймагæй домдтон
Æгæр цыдæртæ… Хъизæмæрттæй-иу
Куы бастадтæн, уæд мæ фæндыд, мæ
фарсмæ
Куы уаид иу уд, гъей-джиди, уæд мын
Куыд æнцон уаид удхæрттæ фæлдахын!
Уæд æз цы хæрзтæ скодтаин!... Фæлæ мын
Нæ хицон уыд уынгæг хæсты заман,
Нæ цардæмбал зæрдæлæууынæн.
Ничи!...
Мæ фарсмæ ничи 'рбалæууыд: сæ ныфс
Нæ бахастой!..

*Аннæ:*
Ды ахæм хуызы дзурыс,
Цыма æцæг хæрз иунæг дæ, цыма
Кæуыл дæ зæрдæ дарай, уый дын нал ис…

*Къоста:*
Къуырираздæр æндæр уыдтæн бынтон.
Ныр раивтон. Мæ талынг ахæстоны
Цæуылдæрты фæхъуыды кодтон арф
Хæрз иунæгæй… Хатыр дæ курын, Аннæ:
Цы дын фæдзырдтон уарзыны тыххæй –
Ныббар мын сæ…

*Аннæ:*
Цы дыл æрцыд – æппын дæ
Куы не 'мбарын?...

*Къоста:*
Ды зондджындæр уыдтæ:
Зыдтай, нæ цард нæ рауайдзæнис
иумæ…

*Аннæ:*
Къоста! (ныдздзыназы)

*Къоста:*
Æмæ мын фараст азы дзуапп
Нæ лæвæрдтай, æз та æнхъæлмæ кастæн,
Ныфс мæ уыди, æрцæудзæни рæстæг,
Æмæ мæм хурау ракæсдзæнис Аннæ…
Ныр иу къуыримæ басасти мæ ныфс.

*Аннæ:*
Кæд сусæг нæу – зæгъ мын æй: уый
куыд рауад?

*Къоста:*
Æнцон нæ уыд… Цы къуымы бадтæн, уый
Уыди хуылыдз, уынгæг æмæ хæрз та лынг,
Æрхуыссæн нæй, æрбадæн дæр – цъыф бын.
Мæ къулы уыд уынгæг зыхъхъыр, кæсынæн…
Сæумæрайсом-иу сæвæрдтон мæ цæст
Æдзынæг кæсгæ зыхъхъырыл, кæд, зæгъын
Фæзынид иу цæстфæныкъуылдмæ хур.
Мæ зæрдæ иуцъус барухс уаид! – кастæн
Сæумæцъæхæй изæрмилтæм, къуыри,
Æрвылбон дæр, фæлæ мæм хур нæ фæзынд,
Æмæ мыл бафтыд сау гуырысхо уæд…
*Аннæ:*
Дæ уайдзæф раст у: уый нæ уыд уæздан ми,
Æдых, лæмæгъæй равдыстон мæхи
Дæ тыхсты ран… Фæлæ уæддæр ды хъуамæ
Ныббарис уый: мæ фыдæн тарстæн æз,-
Дæумæ цæуон, уæд ног æфхæрды хауди…
*Къоста:*
Дæ фыды уарз æмæ йæм хъус, йæ дзырд ын кæн æххæст
Уый æппæлинаг хъуыддаг у…
*Аннæ:* Нæ, цыдæр фæлдæхт ныхас кæныс, -
Цыфæнды уа, дæ хорзæхæй, зæгъ мын æй!
*Къоста:*
Нæ, Аннæ, æз мæ хъуыдыты кæрддзæм
Нæ фæдарын, æргомæй сæ фæдзурын:
Дæ фыды фæнд кæй æххæст кодтай ды,
Мæнмæ кæй никуы байхъуыстай, нæ царды ныв
Гъеуый аххосæй не ’рцыд иумæ баст.
Стæй канд уый нæ… Уæвгæ, хатыр, йæ кой дæр
Кæд нал хъæуы ныртæккæ мах?
*Аннæ:*
Къоста! Цы у, зæгъ æй, мæ зонгуытыл дæ курын!
*Къоста:*
Æз дæ куырдтон, кæд искæй уарзыс, кæд
Дæуæн мæ удæй адджындæр у исчи,
Уæд мын æй зæгъ, – мæ зæрдæ рисдзæн тынг.
Фæлæ уæддæр æз алæудзынæн иуварс.
Ды мæм æргом нæ разындтæ: æмбæхст
Уыдтæ мæнæй…
*Аннæ:*
Фæдзырдтой дын…
*Къоста:*
Рæдийыс! Æз дам-думтæм нæ фæхъусын. Дæ цард,
Дæ бæллицтыл фæсагъæс кодтон бирæ,
Фæбарстон сæ мæ уавæрыл…
*Аннæ:*
Мамай куы амардис…
*Къоста:*
Дзæнæты бадæд, – зонын…
Хъыг мын уыдис. Тæфæрфæс дын кæнын.
Мæ зæрдæйы дæр уарзондзинад амард.
Ныр равзæрдис элегион «Хæрзбон»:
Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ,-
Тагъддæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон
Уый «фæндарастæй» кæд ссарин æз йемæ….
Ма фæфæсмон кæ! Хæрзбон у, хæрзбон!.. (паузæ)
Уый диссаг у: æрбацыдтæн, цæмæй
Нæ цард ысиу уа, ныр мыггагмæ уарæм…
*Аннæ:*
Цæй бæрц фæфыстай зарджытæ мæныл!
Дæ фыстæджытæ азæлынц мæ хъусты
Симфонитау…. Нæ фæстагæттæ сæ
Цы дзурдзысты? Цы иудзинад уыд не ’хсæн –
Куыд дын æй хъуамæ бамбарой?
*Къоста:*
Æз дæм фысдзынæн,
Раст нырмæ куыд фыстон, афтæ.
Дæумæ дзы никуы ’рхаудзæни къæм дæр:
Æз уарзтон дæу мæ амæлæты бонмæ,
Фæлæ мын ды нæ бакуымдтай!..
*Аннæ:*
Æз дын нæ бакуымдтон?
*Къоста:*
О, ахæм хабар хъуамæ
Ныууадзон æз нæ фæстагæттæн: уæд
Дæ ном цæрдзæн мæ номимæ мыггагмæ.
*Аннæ:*
Бæргæ, чысыл у ахæм цин, фæлæ,
Æвæццæгæн, фылдæры аргъ нæ фæдæн…

*1-аг амонæг:* Ирон поэтты руаджы уырыссаг дзырдаивады классиктæй бирæтæ «сдзырдтой» иронау. Сæ уацмыстæ барджынæй бацыдысты ирон адæмы поэтикон дунемæ.

*2-аг амонæг:* Михаил Лермонтовы хъуыдыты стыр гуманизм, йæ фæлгонцты рæсугъддзинад цæрæнбонты сæхимæ здахдзысты нæ адæмы зæрдæтæ. Æмæ уым ис Плиты Грисы стыр удвæллой дæр.

«Наупæлæз» (Грисы тæлмац)
(уырыссаг классикон музыкæ)
Хæрз иунæг наупæлæз урс дары
Æгæрон денджызы цъæхы…
Цымæ дæрддаг бæсты цы сгары?
Цы уадзы райгуырæн зæххыл?
Фæйлауæн хъазы, дымгæ схъырны,
Æртасы наудзæджындз, хъæрзы…
Нæ, нæ, уый амондгур нæ тырны,
Нæдæр йæ амондæй тæрсы.
Йæ быны – дон, æрвирд, æхсиды,
Йæ сæрмæ – хурзæрин, æнцад, –
Æнæнцой, уый та уадмæ сиды,
Цыма æрæнцой ратдзæн уад!

*1-аг амонæг:* Плийы фырт канд уырыссаг литературæйы минæвæрттимæ нæ зонгæ кодта ирон чиныгкæсджыты.

*2-аг амонæг:* Фæлæ ма нын балæвар кодта Шекспиры æнæмæлгæ трагедитæ дæр: «Отелло», «Гамлет», «Кориолан», «Ромео æмæ Джульеттæ».

*1-аг амонæг:* Мигъ сызнæт, уад тымыгъ хæссы,
Æрттивы арв æмæ йæ рухсмæ

*2-аг амонæг:* Шекспиры конд нывтæ кæсын -
Ныххауынц зæрдæйы æнусмæ.

Трагеди «Ромео æмæ Джульеттæ»-йæ скъуыддзаг
(музыкæ киноныв «Ромео æмæ Джульеттæ»-йæ)

*Разныхас:*
Фыццаджы монцы рох йæхицæн айста,
Йæ бынаты фæзынди ныр æндæр.
Ромео раздæр тынг цы чызджы уарзта –
Джульеттæйы раз нал калы цæхæр.
Сæ уарзондзинад тухитæй нæ сæтты,
Фæлæ нырма кæрæдзимæ сты дард -
Сæ бинонты хæрам сын бар нæ дæтты,
Цæмæй рæсугъдæй баиу уа сæ цард.
Монтекты мыггаг Капулеттæн фенад,
Ромео у сæ фыдызнаг æрмæст.
Джульеттæ йæ цы хуызы, стæй
кæм фена,
Куыд ыл не ’рхæца ныййарджыты цæст?
Фæлæ сæ уарзт йæ хъизæмæртты мары,
Æмæ сын фадат фембæлынæн ары.

*Ромео:*
Мæ зæды хай, сæдæ хатты æнкъардæй
Æз мысдзынæн дæ рухс цæстытæ
дардæй.
Нæ уарзæттæм нæ фæндаг у æнцон,
Нæ уарзæттæй фæстæмæ та – зындон.

*Джульеттæ:*
Кæм дæ, Ромео? Дут-дутгæнæн ныр!
Кæд уыцы маргъы ’рбасаин фæстæмæ.
Фæлæ дæн ахст. Мæнæн хъæры бар нæй.
Æндæр мæ хъæрæй азæлдæн йæ хъæлæс
Ныффæсус уаид, афтæ хъæр кæнин:
Ромео, ракæс! Цæй кæм дæ, Ромео?

*Ромео:*
Мæ уд та мæм фæстæмæ сиды ног.
Куыд нæрынц ахсæв уарзæтты
хъæлæстæ!

*Джульеттæ:*
Ромео!

*Ромео:*
Мæ зæд!

*Джульеттæ:*
Цал сахатыл дæм
Нырвитон дзуапмæ райсом райджы?

*Ромео:*
Астыл.

*Джульеттæ:*
Уæдмæ нырма ыссæдз азы куы ис!
Куыд быхсдзынæн… цы ма уыдтæн
зæгъинаг?

*Ромео:*
Æрымыс æй, æз уал лæудзынæн ам.

*Джульеттæ:*
Лæуу уал, цæмæй мæ ферох уа фæстæмæ.
Æмæ ма ноджы алæууай ды ам.

*Ромео:*
Æдзух æй мыс æмæ йæ рох кæн ногæй,
Ам цалынмæ лæууынхъом уон уæдмæ.

*Джульеттæ:*

Фæрухс и бон. Ныр афон у, æмбæхсгæ.
*Ромео:*
Фæндараст. Стыр хæрзтæ дæ хай.
Хæрзæхсæвтæ. Хъæмæ цæуын, цæй зын дæ!
Мыггагмæ дæр дын дзурин: –
Фен хæрзфынтæ! (ацæуы)
*Ромео:*
Хæрзæхсæв у. Хæрзфынтæ дæм цæуæд,
Дæ риуы мын рæсугъд нывтæ цæрæд!
Æз та тæхын Лоренцомæ ныртæккæ,
Кæд саразид нæ зæрдæты хъуыддæгтæ.

*1-аг амонæг:* Поэт йæ зæрдæ дардта адæймагыл, рæстдзинад æмæ фидæныл.

*2-аг амонæг:* Тох кодта царды хъæндзинæдтимæ. Раст æмæ зылын, кад æмæ æгад, тæппуд æмæ ныфсхаст, намыс æмæ худинаг – сты поэты сатирæйы хъайтартæ.

Басня «Ныфсхаст» (инсценировкæ)
(доулийыл цагъд)
*Амонæг:*
Фыста дын Тæрхъус даргъ цыдæр.
Æваст йæ рæзты рувас тар хъæдæй
æруайы
Æмæ фæрсы:
*Рувас:*
– Цы фыссыс, Хъилхъус?
*Тæрхъус:*
-Хъазт!
*Рувас* (æнæрвæссонæй):
-Ды, хъазт? Кæй ныхмæ?
*Тæрхъус:*
- Мард тиран Домбайы! Не знаг уыд, мæнгард!
Ныххæцыди бынтон сæ хурхыл сырдтæн:
Цыбыр сын кодта алыбон сæ цард,
Æмæ йæ ныхмæ уый тыххæй хæцыдтæн,
Фæлæ кæм хъуыста?! (фæгæпп кодта)
Гъеныр ыл дæу раз фыссын тыхджын
«зылынгæнæн ныхас»,
Тиран кæй уыд æмæ нæ тынг кæй цагъта,
Кæй радта махæй бирæтæн мæлæт!.. (йæ къухæй стъол ныццавта)
*Рувас* (худгæйæ):
Ныфсхаст дæ, Хъилхъус!
Кæд мард Домбаймæ бауæндыдтæ, уæд!..
(тызмæгæй)
Фæлæ дæуæй уæд уыдаиккам разы,
Тызмæг паддзах Домбай ма нын æгас
Куы уыд, уæд ын «зылынгæнæн ныхас»
Куы бакастаис комкоммæ йæ разы!..

*Амонæг:*
Тыхджындæры куы абырсы мæлæт,
Уæд æй фæкæны алчидæр зæвæт!

*1-аг амонæг:* Плиты Грис абон не 'хсæн нал ис, фæлæ йæ тыхджын курдиатæй цы хæрзиуджытæ рантыст, уыдон баззадысты нæ адæмы мысæнуаты. Афтæ у аивады историон фæтк дунейы æппæт адæмтæм дæр: поэт ацæуы йæхædæг, фæлæ баззайынц цæргæйæ йæ аивад, йæ лæгуарзон хъуыдытæ.

*2-аг амонæг:* Баззайынц, Пушкины загъдау, цæмæй «сагъæс æмæ хъизæмар кæной» немæ, удыгæстимæ иумæ. Баззайынц поэты рæсугъд æнкъарæнтæ, адæмæн уарзон рæнхъытæ, поэты фарн.

*1-аг амонæг:*
Рай мын, Ир! Ды йе скаст дæ поэтæн!
Бантысæнт дæ рухс фæндтæ фæрнæй!
Кæд дæу тыххæй бирæ зынтæ федтон,
Æз уæддæр сæрыстыр дæн дæуæй.
*2-аг амонæг:*
Цасфæнды цæуон дæу тыххæй 'фхæрды, -
Уый мæнæн æппæлдæй уæлдай нæу;
Ды лæгæн мыггагмæ дæ йæ зæрды,
Уырдыгæй йæ ничи скъахдзæн дæу.
«Симды зарæг»
Кæрон

***Битарты Светланæ,***
***Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ ЛЕКСИКÆЙÆ

## (5-æм кълас)

***Хъазт:*** *«Ирон æвзаджы цыкурайы фæрдгуытæ»*

***Куысты нысантæ:***

*ахуырадон:*

– лексикæйæ рацыд æрмæг бафидар кæнын;

*Рæзынадон:*

– къордты куыстмæ арæхстдзинад,

– райрæзын кæнын сфæлдыстадон гæнæнтæ,

– бакусын дзургæ ныхасы рæзтыл;

*хъомыладон:*

– мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

***Урочы фæлгонц:*** слайдтæ æмбисæндтимæ, базон-базонтæ æмæ фразеологион дзырдбæстытимæ.

*Скъоладзаутæ кусынц къордты.* Алы къорды раз дæр – чысыл къопп фæрдгуытимæ, судзин æндахимæ, лыггонд тымбыл карточкæтæ.

***I. Ног æрмæгмæ бацæуæн***

*Ахуыргæнæг:*

Равдисут-ма уæ зæрдæйы уаг (Смайликтæ).

Абон нæ урочы базонгæ уыдзыстæм, ирон адæм цæрæнбонты кæй æмбырд кодтой, æмæ нæм афтæмæй нæ фыдæлтæй чи ’рхæццæ, уыцы ирон æвзаджы цыкурайы фæрдгуытимæ.

Цы у цыкурайы фæрдыг, цы нысан кæны, кæм фембæлæн ис цыкурайы фæрдыгыл, уыцы фæрстытæн нын дзуапп ратдзысты *нæ чысыл иртасджытæ.* Бацæттæ кодтой презентаци раныхасимæ.

*Къорды дзуапп:*

1. Цыкурайы фæрдыг бæрæг бынат ахсы ирон адæмон сфæлдыстады: кадджыты, таурæгъты, аргъæутты, æмбисæндты. Нарты кадджыты разныхасы нын амонынц: «Зынаргъ дуры мыггаг. У, мард æгас кæныны, цæфтæ дзæбæх кæныны тых кæмæ ис, ахæм фæрдыг. Ома, цы курай, уый дæтты». Адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ, цыкурайы фæрдыг байсынц калмы дзыхæй, вæййы афтæ дæр, æмæ йæ калм йæхæдæг адæймаджы къæсæрыл ныууадзы.

Цыкурайы фæрдыджы кой æрмæст адæмон сфæлдыстады нæй, таурæгъон сты йæ фылдæр миниуджытæ. Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны бирæ ис, цыкурайы фæрдыг кæмæ ис, ахæм бинонтæ.

2. «…Цыкурайы фæрдыг хæдзарæн у йæ ахсджиаг хæзна æмæ йæ амонд… Уыцы дур вæййы тымбыл, хъæдуры гагайы кæнæ бæлоны айчы йас, хуызæй – чысыл бурбын æмæ рæсуггомау, талынджы дæтты тынг фосфорон рухс. Рагон таурæгътæм гæсгæ, бафты æрмæст «амондджын адæймаджы къухы», – фыссы Къоста йæ этнографион очеркы.

3. Цыкурайы фæрдыджы фылдæр хуызтæ сбæлвырд кодта Ручъы цæрæг Дауыраты Нинæ. Сырх фæрдыг – æрвхуыз, сау æмæ урс тæлмытимæ; Урс – æрвгъуыз фæлтæмæнимæ – æхсыры бæркады Цыкурайы фæрдыг; Сау – æнæзæнæг устытæн цотдæттæг фæрдыг; Бургонд – хæдзары фосы бæркадыл æфтауæг; Урс – тар

фæлтæмæнимæ, уыд хъæздыг тыллæджы фæрдыг; иухуызон сырх – дæсны фæрсынæн.

4. Алы аз дæр иу хатт, Цыкурайы фæрдыг кæй хæдзары уыд, уый йæ номыл сæрмагондæй кодта æртæ уæливыхы, фылдæр хатт – Ногбоны. Æвæрд уыд тарф бынаты, æцæгæлоны цæст ыл куыд никуы аныдзæвдаид, ахæм ран, къоппы хуылфы, цыллæ кæнæ урс бæмбæджы тыхтæй. Хæдзары хистæр-иу æй æртæ чъирийы сæрыл æрæвæрдта. Æрмæстдæр уыцы бон уыд фадат бинонтæн йæ фенынæн. Скуывтой йын-иу, стæй йын йæ хуыз, йæ уагмæ гæсгæ бæрæг кодтой, афæдз сыл куыд ацæудзæн, уый. Кæд райдзаст хуыз æвдыста, уæд бинонтæ æнхъæлмæ кастысты амонджын, цинаг хъуыддагмæ, тар хуыз-иу куы æвдыста, уæд та – æнамонддзинадмæ. Зæгъынц, Цыкурайы фæрдыджы, дам-иу, дурыны царвыл æрæвæрдтой: кæд-иу йæ бынмæ ацыд, уæд афæдз нымадтой амонджыныл.

Зæгъынц, Ирыстоны, дам, цас фылдæр Цыкурайы фæрдгуытæ уа, уый бæрц ыл Стыр Хуыцау фылдæр ауды. Уæлдайдæр та кувæндæтты куы уой, уæд.

5. Цыкурайы фæрдыджы цаутæ баст сты абоны цардимæ дæр. Хъæхъхъæдуры цæрæг ус Гæджынонæн йæ цæстыты раз кæлмытæ кæрæдзиуыл стыхстысты æмæ къуыбылойæ дæлæ фæтулынц. Йе ’муд куы æрцыд, уæд кæсы, æмæ йæ разы Цыкурайы фæрдыг. Хуыцауæй лæвæрд ын уыд, æмæ нæ фæтарст, систа йæ æмæ йæ рахаста. Йе ’гъдау ын скодта. Уыцы Цыкурайы фæрдыг, дам, Ирыстонæн амонды нысан у.

*Ахуыргæнæг:* Бузныг уæ ранырхасæй. Цы цыкурайы фæрдыджы кой ракодтат, уый та нæ Ирыстонæн æцæгæйдæр амонды хос уæд.

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*Ахуыргæнæг:* Ирон ныхасы дæр ис цыкурайы фæрдгуытæ. Цы сты, æмæ сæ цæмæн афтæ хонынц, уый абон сбæрæг кæндзыстæм.

*Ахуыргæнæг:* Хуымæтæджы уæ не сбадын кодтон æртæ къордæй.

(«Нанайы къонатæ», «Нанайы хуртæ», «Нанайы бæдултæ»).

Алы къорды раз дæр – аив къопп фæрдгуытимæ, судзин æндахимæ, тымбыл лыггонд карточкæтæ. Уæ дзуæппытæм гæсгæ æндахыл кæндзыстут фæрдгуытæ. Хъазты кæронмæ кæй фæрдгуыты хал даргъдæр уа, уыцы къорд фæуæлахиз уыдзæн. Уæдæ райдайæм нæ ерыс.

*Ахуыргæнæг:* Ирон ныхасы цыкурайы фæрдгуытæн сæ фыццаг цы у, уый базонут нывмæ гæсгæ (Нывы – хæфс æмæ хур).

*Дзуапп:* Хæфсæн йæ лæппын – хуры тын. (æмбисонд)




Хатдзæг: *1-аг цыкурайы фæрдыг у æмбисонд.*

*Ахуыргæнæг:* Æмбисæндтæ сты ирон адæмон дзургæ сфæлдыстады зынгæ æвæрæн. Цы зонут æмбисæндты тыххæй?

(Æмбисонд у чысыл зондамонæн хъуыды. Æмбисæндтæ сты цыбыр уацмыстæ, сæ хъуыдымæ гæсгæ сты арф æмæ ахадгæ. Æвдисынц адæмы цард, зонд, хъуыдытæ, бæллицтæ æмæ сæ цæстæнгас цардмæ)

*1-аг хъазт «Æмбисæндтæ нывмæ гæсгæ базонын».*

«Иу мыдыбындз чыргъæд нæ дзаг кæны».

«Уасаг гæды мыст нæ ахсы».

«Урс хохæй сау дур нæ ратулдзæн».

«Мыст къахта, къахта æмæ йæхицæн гæдыйы сæр ракъахта».













*2-аг хъазт «Чи фылдæр»*

*Ахуыргæнæг:* Фылдæр æмбисæндтæ уæ чи зоны, уый сбæрæг уыдзæн ацы хъазты фæрцы. Æмбисæндтæ дзурын хъæуы темæтæм гæсгæ: «Хистæр æмæ кæстæр», «Бинонтæ», «Зонд», «Хæдзар».

Алы дзуаппæн дæр уæ халыл иу фæрдыг бакæнут.

Æмбисæндтæ *бинонты царды тыххæй:*

– Хæдзары ’гъдау хистæрæй цæуы.

– Хæдзарæй хæдзармæ дæр хицæн æгъдау ис.

– Ногбонæхсæвы йæ хæдзар чи не ’рцагура, уый бинонтыл нымад нæ вæййы.

– Адæймагмæ хæдзары цы номæй дзурой, æдде дæр æм уыцы номæй дзурынц.

– Бинонтæ æмзонд куы нæ уой, уæд сæ хæдзар уазалы смаг кæны.

– Бинонтæ кæрæдзийы куы уарзой, уæд сæ Хуыцау дæр уарзы.

– Бинонтæ кæрæдзийы куы уарзой, уæд сæ бæркад бирæ у.

– Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц.

*Æмбисæндтæ хæдзары тыххæй:*

– Хæдзар цы хъæуы нал и, уый хъæууат у.

– Зæрватыкк дæр ма йæхицæн хæдзар кæны.

– Хæдзаргæнæг йæхи дæр нæ уарзы.

– Бындур фидар куы уа, уæд ыл сис æнцон амайæн у.

– Фæздæг цы хæдзарæй нæ цæуы, уый – лæгæт.

– Мыст, гæды, куыдз цы хæдзары нæй, уый хæдзар дæр нæу.

*Æмбисæндтæ хистæр æмæ кæстæры тыххæй:*

– Хистæрæн – хистæры ран, кæстæрæн – кæстæры ран.

– Хистæр – зондамонæг, кæстæр – æгъдаухæссæг.

– Хистæрæн йæ фындз асæрф, æмæ йæ зондæй бафæрс.

– Кæстæрæн хистæры разæй дзурыны фæтк нæй.

– Кæстæры лæггад – хистæрæн зæрдæрухс.

– Хистæр зондамонæг у.

– Æнæ хистæрæй æмæ æнæ кæстæрæй хæдзарæн цæрæн нæй.

*Æмбисæндтæ зонды тыххæй:*

– Стыр зонды стыр тых и.

– Зонд дуне йæхи бакодта.

– Зонд тыхæн æмбал нæу.

– Зонддзжын сæрæй архайы, æдылы та – тыхæй.

– Зонд хурæй рухсдæр у.

– Искæй зондæй цæрæн нæй.

– Зонддзжын лæг йæ ныхас дыууæ хатты нæ кæны.

*3-аг хъазт «Цавæр æмбисонд у?»*

Къордтæ кæрæдзийæн рагацау бацæттæ кодтой хæс: нывтыл æнцой кæнгæйæ, къухты змæлдæй, мимикæйы фæрцы, пантомимийæ иу командæ иннæмæн архайы æмбисонды хъуыды бацамонынып. Иннæ командæйы уæнгтæ хъуамæ базоной, цавæр æмбисонд у, уый. Ацы хъазтæн аргъ скæндзысты жюрийы уæнгтæ. (алы раст дзуаппæн дæр – иу фæрдыг)

| | |
|---|---|
| «Цæваг галæн йæ сыкъа сæтты».<br>«Судзины фындзæй зæрдæ скъах, судзины бынæй – зæрдæ балхæ». | 1 къорд |
| «Йæ иу къухæй кæрдгæ кодта, иннæ къухæй– хуыйгæ».<br>«Зæрдæйæн дæр зæрдæ ис». | 2 къорд |
| «Фæткъуы бæласыл кæрдо нæ зайы».<br>«Цы байтауай, уый æркæрддзынæ». | 3 къорд |

***Хæс:*** *Æмбисæндты хъуыды бацамонын.*

(Алы къорды раз дæр – карточкæтæ æмбисæндтимæ)

| | |
|---|---|
| «Хорз æмгар зын сахат сбæрæг вæййы».<br>«Æмвæнд адæмæн хох дæр нæ лæууы». | 1 къорд |
| «Бæласы фидауц йæ сыфтæртæ сты, адæймагæн та – йæ удыхъæд»<br>«Æнæ дон ранæй дон рауадздзæн». | 2 къорд |
| «Кæстæрæн хистæры раз дзурыны фæтк нæй»<br>«Куыстæн йæ сæр – сындз, йæ бын – сой». | 3 къорд |

Æмбисæндты тыххæй хатдзæгтæ скæнын. Æмбисæндтæ нæ цæуыл ахуыр кæнынц, уый зæгъын.

*Ахуыргæнæг:* Æрбакæсут-ма ардæм. Цымæ, цæмæн ныххæцыд ацы скъоладзау йæ дыууæ къухæй йæ дзыхыл? Цы нын зæгъынмæ хъавы уымæй? Цавæр дзырдбаст зæгъæн ис ацы архайдмæ? (*Дзыхыл хæцын)* Æмæ кæд фæзæгъынц афтæ?

– Искæдæм тагъд чи фæкæны, фæлæ ацæуыны фадат кæмæн нæма вæййы, уымæй та куыд фæзæгъынц? (*Сындзытыл бадæгау)*

– Ацы дзырдбæстытæ та куыд схонæн ис? Уыдон дæр æмбисæндтæ сты?

*Дзуапп:* Нæ, уыдон та сты фразеологизмтæ.

*Байхъусын:* Фразеологизмтæ сты æнгом дзырдбæстытæ. Вæййынц, кæрæдзийæ фæхицæнгæнæн кæмæн нæй, ахæм дыууæ кæнæ фылдæр дзырдæй конд.

Фразеологизмты нысаниуæг комкоммæ не 'мбарæм, ис сын ахæсгæ нысаниуæг. Фразеологизмтæ ахуыргæнгæйæ, хъæздыгдæр кæны нæ дзырдуат, рæсугъддæр æмæ аивдæр кæны нæ ныхас.

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ ирон ныхасы цыкурайы фæрдгуытæй иу у – *æнгом дзырдбаст (фразеологизм)* Ерыс кæнынмæ дарддæр цæттæ стут?

*1-аг хæс:* Æнгом дзырдбæстытæ синонимтæй баивын:

Мæ къæхтæ мæ быны нал цыдысты. (бафæлладтæн)

Йæ фæрсчытæ йын банымадтой. (фæнадтой)

Авд хохы фæстæ. (дард)

Зæххы скъуыды ныххауд. (æрбайсæфт)

Цæсты фæныкъуылдмæ. (тагъд)

Лæппуйæн йæ цæстытæ рабырыдысты. (тынг бадис кодта)

*2-аг хæс:* Ирон фразеологизмæн уырыссаг æвзаджы йæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг ссарын.

Фындз æруадзын – Вешать нос.

Цæхæртæ калын – Метать громы и молнии.

Арсы хъуыны мæлдзыг – Капля в море.

Худæгæй мæлын – Помирать со смеху

Цæсты гагуыйау – Как зеницу ока.

Ныр та иннæрдæм – уырыссаг фразеологизмæн ирон æвзаджы йæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг ссарын.

Плечом к плечу – Уæхски-уæск.

Попасть на язык – Искæй дзыхы бахаууын.

Яблоку негде упасть – Къух бакæнæн нæй, æрлæууæн дзы нæй.

Сидеть как на иголках – Сындзытыл бадæгау.

Только пятки засверкали – Цыппæрвадыгæй ныййарц уæвын.

*3-аг хæс:* Нывмæ гæсгæ базонын фразеологион дзырдбаст.

Сæрыл хъен лæууын.

Куыдз æмæ гæдыйы цард кæнынц.

Йæ уд йæ къæхты бынæй атахт.

Хъустæ фæхъил кæнын.

Бабуцайы ныхæстæ.

Йæ фæрсчытæ йын банымадтой.







*Улæфты минут:*
1 – лæууæм рæвдзæй,
2 – къухтæ хæрдмæ,
3 – ныр та фæрсмæ,
4 – нæ къухтæ ‘руадзæм,
5 – нæ сæртæ хæрдмæ сисæм.
6 – фæстæмæ сæ æруадзæм.
Куы уæм кæддæриддæр æмвæнд,
Цæудзæн нæ хъуыддаг размæ уæд.

*Ахуыргæнæг:* Дарддæр кæсæм, хъусæм æмæ дзуæппытæ дæттæм.

Переменæйы къæридоры фæбыцæу сты дыууæ лæппуйы, иу дзы хъæр кæны:

– Æз дын бацамондзынæн, къухтæ куыд суадзын хъæуы, уый.

Уæд ын иннæ афтæ зæгъы:

– Бакæс-ма йæм, йæ уд æрдуйæ нарæгдæр куыд ссис.

Уæд сæм хистæркъласон бацыд æмæ сæ иргъæвы. Лæппутæ уымæ фесты.

– Ам дæуæй лæгдæр нæй? Æви ды æппæты къæрцхъусдæр дæ?

Уый сæм сабыр хъæлæсæй дзуры:

– Фæлæуут-ма, лæппутæ! Мæнæ-ма ацы дзырдты хъуыды базонут. Уæд лæппутæ фæдисхуыз сты, сæ къухтæ æруагътой æмæ хъусынц:

Зæгъут, цы нысан кæны, «йæ къухтæ суагъта». (Цы не ’мбæлы, уый кæны, къухæй æвналы, цæвы)

Æмæ уæд йæ уд æрдуйæ нарæгдæр кæмæн свæййы? (Тыхсгæ чи фæкæны, чи фæтæрсы, уымæн)

Уæд къæрцхъус у, зæгъгæ, та кæмæй фæзæгъынц? (Алцыдæр афоныл чи базоны).

*Ахуыргæнæг.* Кæсут-ма, хистæркъласон куыд зондджын ми бакодта. Фыдуаг сывæллæттæн хæслæвæрдты руаджы сæ хыл баурæдта. Цымæ, уыцы хæслæвæрдтæ дæр уыци-уыцитæ сты? *(Нæ, фразеологион дзырдбæстытæ сты)*

– Уæдæ ма мæнæ фæйнæгмæ ракæсут. *(слайдтæ уыци-уыцитимæ)*

– «Талынджы уыны, рухсы – нæ». Цавæр маргъæй фæзæгъынц афтæ? (Уыг)

– «Сау дæн, æмæ сынт нæ дæн, урс дæн æмæ цыхт нæ дæн». (Булкъ)

*Ахуыргæнæг.* Цы сты адон та? *(Уыци-уыцитæ)*

*Байхъусын:* Уыци-уыцитæ дæр сты адæмон дзургæ сфæлдыстады хуызтæй иу. Уыдон дæр сæ асмæ гæсгæ сты цыбыр, фæлæ æвдисынц адæмы цыргъзонддзинад. Ахуыр кæнынц лæмбынæг хъуыды кæнынып, дзырдарæхст уæвынып. Уыци-уыци у дæлгоммæ ныхас. Ныхас цæуыл фæцæуы, уымæн февдисы йæ миниуæг, йæ формæ кæнæ та йæ архайд. Уыци-уыцитæ ма ноджыдæр куыд хонынц? *(Базон-базонтæ)*

***Базон-базонтыл куыст:***

*1) Базон-базон цы нысан кæны, уый рæвдздæр чи сбæрæг кæна, уый иу фæрдыг халыл бакæндзæн.*

«Дзургæ нæ кæны, афтæмæй адæмæн зонд амоны». (Чиныг)

«У дæ фыссæнгæрзтæй иу, базон-ма йæ, уый та циу?» (Къэрандас)

«Цæй, уæдæ, уыциу-уыциу,
Базон ноджы, уый та циу:
Къулыл ауыгъдæй лæууы,
Хъæлдзæг зарджытæ кæны.
Зоны хабæрттæ æппæтдæр
Авд æфцæгæй дæр æддæдæр,
Æмæ, чи бады йæ цуры,
Уыдонæн сæ уый фæдзуры». (Радио)

«Бирæ рæтты зайы,
Зæрдæ дзы фæрайы». (Бæлас)

«Сыгъдæг у, æмæ дон нæу, урс у æмæ мит нæу, хæрзад у, æмæ мыд нæу, чысылтæн царды хос у». (Æхсыр)

«Сау цæргæс базыртæ цъæх арвыл райтыгъта, хуры цæст бамбæрзта». (Мигътæ)

«Æнæ фæрæт, æнæ дзæбуг хæдзар скæны». (Цъиу)

*2) Базон-базонтæ æрхъуыды кæнын.*

*Ахуыргæнæг:* Базонгæ стут адæмон базон-базонтимæ. Ныр та уæхæдæг æрхъуыды кæнут базон-базонтæ.

(Командæтæ кæрæдзийæн дзурынц уыци-уыцитæ. Чи аивдæр бацæттæ кæна, чи хуыздæр базона, уымæн – цыкурайы фæрдыг).

(Рувасы тыххæй, заз бæласы тыххæй, судзин æмæ æндахы тыххæй; бирæгъы, стъолы, фыстхалæны, бæласы, скъолайы, дзырдуаты, æрвхуыз экраны тыххæй æмæ а.д)

*Цыппæрæм цыкурайы фæрдыг хъуамæ уæхæдæг базонат. Ис ын ахæм миниуджытæ:*

– йæ фæрцы не ныхас кæны рæвдздæр,

– фæзæгъæм æй рифмæйы хуызы, фембæлы дзы уыцы иу мыр,

– хорз æххуыс у зындзурæн мыртæ сахуыр кæнынæн.

(*тагъддзуринаг)*

Уырыссагау та куыд хуыйны? *(скороговорка)*

***Тагъддзуринæгтыл куыст***

*1) Ерыс:* Тагъддзуринаг рæвдздæр æмæ аивдæр чи бакæсдзæн.

1 къорд. Чъилон-миллон худинаг,
Чъизи саби дзуринаг.

Хъамылæй хъазты хъа-хъа хъуысы.
Хъыбыл хъæмп къахы.

Хиуа худы халоныл: «Хорз фæцалх дæ уаллоныл»!

Хиуа худы халоныл: «Хорз фæцалх дæ уаллоныл»?

Тæрхъусы хуыст хъилхъусæй!
Тæрхъусы хуыст хъилхъусæй?

Кукла базыл бафынæй,
Кукла бастад кафынæй?

Æлдараты Гæбæци.
Иууыл хæрзтæй нæ фæци!

2 къорд. Уæртт-уæртт!
Джын-джын!
Хæфс-хæфс!
Дынджыр!
Сæр ын,
Кæс-кæс!
Уæртджын –
Хæфс-хæфс!

Хъæдуры хъилыл хъулон хъæдуртæ.
Хъыдырты къæпи – хæдхъуыр къæлæт.

Хъарм хъæццулæн хъæдабæ хъуымац.

Уæлæ цары дидитæ.
Нана кæны чъиритæ.

Цæттæ лæг у Бæттæлæг.
Æркæс-ма йæм дæхæдæг!
3 къорд. Карк-хъуыдатт,
Карк-хъуыдатт,
Айк мын ратт,
Айк мын ратт!
Фыдæбон – каркæн,
Айк – мæхицæн.
Ахсадтон æй æмæ –
Хъуылыпп!

Хъæдгæс хъуамæ хъæд хъахъхъæна.
Хъыбыл хъæлты комы хъæмп къахы.
Хъæбæр галæн хъæбæр хъæдæй хъæбæр къæлæт.

Зæгъ кæны сæх-сæх,
Цъыфы сæгъ ныддæргъ.
Тæх, цъæх бæх,
Сæфы сæгъ.

Дзырдмæ дзырд ссарынтæй хъазт

*Ахуыргæнæг:* Дзырд ыссарынмæ дын хуыцау ахæм авæра! Рифмæгонд ныхæстæй ахъаздзыстæм.

Ацы ерысы та равдисдзыстут уæ арæхстдзинад аив дзурынмæ.

*1-аг къорд*

1) «Цы ми кæныс?» – «Мæнæ хохмæ быцæу лæууын, куы мыл рафæлдæха».

2) «Цы дын загътой?» – «Ницы. Къуыри, дам, авд боны».

3) «Куыд ыстут?» – «Куыд æмæ лæдæрст».

4) «Уары, уары...»
– Цы уары?»
– Хидыхъусы цæхх уары».

5) О, Тепса-Тепсырычъи,
Дæ худ хъæдмæ ныббызычъи**.**

6) Зæгæл æмæ жест, фæкæл æмæ фест.

*2-аг къорд*

1) «Сахары цы хабар ис?» – «Цы хабар ис, цы? Тамакойыл арт æндзарынц, сæкæр доны калынц».

2) «Кæцы дæ хъæуы?» – «Кæцы ныууаса, уый».

3) «Куыд ыстут?» – «Куыдæй фыддæр».

4) Ацонæга – Гулимæ,
Ееуын кæрдзын дзулимæ.

5) Ох æмæ ’рдæг,
Дæ быны – кæрдæг,
Дæ уæлæ – хъисын,
Æри мын мисын...»

*3-аг къорд*

1) «Хæрæджы дымæг!» – «У’ арынг мæрзæн!»

2) «Куыд дæ?» – «Куыд фæдæн. Æрдиаг ма мыл хъæуы».

3) «Цы ми кæнут?» – «Цыми конд фестæм æмæ Бæлтамæ бавнæлдтам».

4) «Джитъри ’мæ дам нас уыди» – «Йæ фындзы къоппа басыди».

5) «Чи дæ, чи?» – «Чичинаты Бечи!»

6) «Табуафси» – «Дæ былæй мын æртæ уафсы и».

7) «Кæд нæ комы – дур йæ комы».

*Ахуыргæнæг:* Рифмæгонд ныхæстæй хъазт уæ зæрдæмæ фæцыди? Цæмæй? Цы уын дæттынц? (Не ‘взаг сæ хъæздыгдæр кæны, дзырдарæхстыл нæ ахуыр кæнынц. Адæймаг сæ руаджы цыргъзонддæр кæны).

***III. Кæронбæттæн***

1. *Ахуыргæнæг:* Æмбисонд куыд зæгъы, афтæ «Алы хъуыддагæн дæр кæрон вæййы». Уæдæ мах дæр нæ ерысы кæронмæ æрбахæццæ стæм. Абон базонгæ стут ирон ныхасы цыкурайы фæрдгуытимæ. Куыд уæм кæсы, цæмæн сæ афтæ хонынц?

(Уыдон дæр æцæг фæрдгуытау бæрæг дарынц, хъæздыг нын кæнынц не ’взаг, нæ литературæ, нæ миддуне, ахуыр нæ кæнынц хъуыды кæныныл).

*Ныр та уæ* хъуыдытæ нæ хъазты фæдыл куы зæгъиккат, уый мæ фæнды.

***Рефлекси*** (фæйнæгыл)

Абон æз куыстон …
Мæ куыстæй дæн …
Нæ хъазт мæм фæкаст…
Хъазты рæстæг æз…
Мæ зæрдæйыуаг у (уыд)
Цымыдисаг уыдысты…

2. *Ахуыргæнæг:* Кæй фæрдгуыты хал рауад даргъдæр?

Чи уæ хуыздæр зоны ирон адæмон сфæлдыстад, кæй æвзаг хъæздыгдæр у, уый нын сбæрæг кæндзысты жюрийы уæнгтæ æмæ уæ фæрдгуыты хæлттæ. (Сбæрæг кæнын рамбулæджы).

*(Хъуысы Тедеты В. зарæг «Цыкурайы фæрдыг»)*

*Ахуыргæнæг:* Ахуыр кæнут уæ фыдæлты æвзаг. Æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ, æнгом дзырдбæстытæ, тагъддзуринæгтæ. Уæдæ дзырдмæ дзырд ссарын цас фылдæр арæхсат, уый бæрц адæмы цæсты уыдзыстут ахадгæдæр. Арæхстджын куы уат рæсугъд, аив дзурынмæ, уæд сымах дæр цыкурайы фæрдгуытау цæхæртæ калдзыстут нæ адæмы 'хсæн æмæ фидæны Ирыстонæн уыдзыстут амондхæссæг уæ рæсугъд хъуыддæгтæй.

***Санаты Альбинæ,***
***Суададжы скъолайы ахуыргæнæг***

## ТУГЪАНТЫ МАХАРБЕДЖЫ РАЙГУЫРДЫ 130-АЗЫ ЮБИЛЕЙМÆ

**«Хорз лæг йæ адæмæй хæс дары»**

*Фыццаг амонæг:*

Æгас нæм цæут! Абон мах нæхи ныводн кæнæм аивадæн. Уæлахиз уæд аивады хъомыс – фарнхæссæг, удсыгъдæггæнæг!..

*Ахуырдзау:*

Аивад
Ды мæнмæ стъалыйау æрттивыс,
Ды мæнæн мæйдар æхсæв – цырагъ,
Ды мæ риуæй´рхæндæгдзинад сурыс,
Аивад, мæ рыст зæрдæ дæ, стæфст.

Ды мæнæн – сырхмæтæг, фæлæ рагъыл,
Æз бæллын дæу басгарын, тырнын.
Чи зоны, дæ тæлтæг сыфтыл сагъæс
'Нахуыр дымгæ рыджы бын кæны.

Ахæсдзынæн дари сырх сæрбæттæн,
Итувæрдæй йæ сисдзынæн дæумæ,
Хиды 'ртахау – дидинæджы æртах
Рыджы муртæ 'рыхсдзæни сæумæ.

Ды мæнмæ ыстъалыйау æрттивыс,
Ды мæнæн – æвдадзы хос, æвдадз!
Ды мæ удæй 'рхæндæгдзинад сурыс,
Уарзты фарнæй дзаг кæныс мæ уат.

Ды мæнæн – бæрзонд цъити цæхæрау,
Æз дæумæ мæ царды уаргъ хæссын,
Кæд мæ балц нæ фæуыдзæн хæзнатæй,
Ууыл абон сагъæсау кæнын.

Бузныг дын, дæ рухс ном мын мæ риумæ
Ирд сагъæстæ стъалыйау хæссы,
Æз дæ уазæг, талас цæстæй ракæс,
Райс мæ къух – цæуынхъом дын кæнын!
(Бызыккаты Земфирæйы æмдзæвгæ)

*Фыццаг амонæг:* Алы адæммæ дæр ис, сæрыстыр кæмæй у, иннæ адæмты ’хсæн барджынæй йæхи кæй фæрцы æвдисы, ахæм намысджын лæгтæ. Махæн уыдонæй иу у Тугъанты Махарбег – зындгонд нывгæнæг, ахуыргонд, археолог, рухстауæг, аивадиртасæг, дæсны кафæг (йæхæдæг æвæрдта сценæйыл рагон ирон кæфтытæ), этнограф, ирон нывкæнынады бындурæвæрæг. Махарбег уыд æцæг патриот, йæ цард йæ адæмæн чи снывонд кодта, ахæм адæймаг.

*Дыккаг амонæг:* Тугъанты Махарбег райгуырдис Цæгат Ирыстоны 1881 азы ахуыргонд бинонты ’хсæн. Йæ сывæллоны бонтæ арвыста Дур-Дуры. Махарбеджы ныййарджытæ – Тугъанты уæздан мыггаджы минæвæрттæ – уыдысты ирон интеллигенцийы хуыздæртæй, кусæг адæмы раз йæхи хæсджынил чи нымадта, ахæм. Махарбеджы фыды фыд уыд паддзахы инæлар. Йæ фыд – Сафар – Ирыстоны фыццаг ахуыргонд-агроном, ботаник, каст фæци Бонны университет. Махарбеджы мад Асиат – зындгонд ирон рухстауæг, «Нарты кадджытæ» æмбырдгæнæг Санаты Гацыры чызг.






*Æртыккаг амонæг:* Ныййарджыты тынг фæндыд, цæмæй сæ фырт Бетъырбухы хæххон институтмæ ахуырмæ бацæуа, йæ фидæны царды йын пайда чи æрхæсдзæн, ахæм дæсныйад райса. Фæлæ лæппуйы йæхимæ æлвæста нывкæнынад.

*Цыппæрæм амонæг:* Зындгонд куыд у, афтæмæй национ-реалистон аивадæн бындур сæвæрдта Хетæгкаты Къоста – Ирыстоны фыццаг нывгæнæг. Йæ традицитæ йын дарддæр ахæццæ кодта Тугъанты Махарбег. Къостайы хуызæн Махарбег дæр цыбыр рæстæг (1901-1903) ахуыр кодта Бетъырбухы Аивæдты академийы, стыр уырыссаг нывгæнæг Н.Репины æрмадзы. «Ссæдзæм æнусы райдианы Репины кад аивадон дунейы афтæ бæрзонд уыдис, æмæ мах нæ удтæ хъардтам, цæмæй уыцы диссаджы адæймагыл истæуыл сахуыр уыдаиккам», -фыста Тугъанты М.

*Фæндзæм амонæг:* Бетъырбухы фæстæ Махарбег ахуыр кодта Германы Мюнхены горæты æмæ бацыд зындгонд словенаг нывгæнæг-ахуыргæнæг Антон Ашбейы студимæ. Уыцы дыууæ аивадон скъолайы тæваг тынг фæзынд Махарбеджы сфæлдыстадыл, æмæ уыдоны руаджы ссардта йæхи сфæлдыстадон фæндаг, ирон адæмон сфæлдыстадыл æнцайгæйæ.

*Фыццаг амонæг:* Йе ’взонджы азты Махарбеджы цымыдис кодта адæмон аивад. Мæнæ куыд фыста уый тыххæй: «1894 азы æз фыццаг хатт уыдтæн Дыгургомы, федтон дзы æрдзы диссæгтæ, сæйрагдæр та дзы фехъуыстон бирæ таурæгътæ, легендæтæ, зарджытæ. Цыдæртæ ныффы-

стон адæмон таурæгъгæнджытæй. Уыцы таурæгътæ мын мæ фæлгæнæн бындзарæй нызмæлын кодтой... 1907 азы Ирыстонмæ куы æрæздæхтæн, уæд архайдтон алыхуызон хæстон мæсгуытæ фылдæр ныв кæнынил, ацæргæ адæймæгты фарстон рагон æгъдæутты, сæ уæлæдарæс, сæ хæцæнгæрзты тыххæй...»

*Дыккаг амонæг:* Махарбегæн хорз æнтыст портретыл куыст, сюжетон нывтыл куыст, зæгъæм, «Санаты Адыльгерийы портрет», «Æлдар æмæ цагъар», «Бæхфæлдисын», «Куыдзæппарæн был», «Нарты Ацæмæз».

*Ахуырдзау:* «Тугъанты Махарбеджы нывтæм кæсгæйæ».

(Тугъанты М. ныв «Куыдзæппарæн был»)

Ныдджих сты айнæгтигъ бæрзæндтæ,
Æгас бæстæ ныссабыр.
Стæй
Нæ хистæр рахаста тæрхон:
«Табу дын уæд,
Бæрзондылбадæг!
Дæ фыдæх ма баййафæд раст лæг,-
Рæсугъд фæндæгтыл æй фæхон.
Фæлæ куы уа фыдгæнæг не ’хсæн,
Уæд æй къæдзæхы былæй фехсæм!
Кæстæртæ!
Мауал æм кæсут,
Фыдлæгæн сыскъуынут йæ уд!»
Æмæ куыдзæппарæн къæдзæхæй
Нывзилынц аххосджыны уæд,
Йæ цард,
Йæ фыд,
Йæ туджы ’ртахæй
Бынтон куыд нал баззайа фæд.
Тæрсут,
Уæйгæнджытæ,
Тæппудтæ,
Мæнгард,
Козбау,
Цъаммар сырдудтæ!
Кæд ма уæ фыдгæнд у æмбæхст,
Уæддæр уыны дзыллæты цæст,
Æмæ дзы лидзæн нæй.
Уæ фæстаг
Фæуыдзæн фидиссаг, уæууæй!
Æмæ уын фехсдзысты уæ хъæстæ
Тæссаг куыдзæппарæн былæй.
(Малиты Васойы æмдзæвгæ)

*Ахуырдзау:* (Тугъанты М. ныв «Нарты Ацæмæз»-мæ кæсгæйæ)

Нæртон Ацæмæзæн йæ цагъдмæ
Æрыхъал æрдз,
Æрыхъал цард.
Сызгъæрин мыртæ уд æрцахстой,-
Хъыгæн дзы нал баззад бынат.
Лæг ферох йе ’нусон мæстытæй,
Йæ уæнгтæ суæгъд ысты бынтон.
Йæхимæ каст æндæр цæстытæй,
Æндæр цæстытæй федта бон.

*Æхсæзæм амонæг:* Тугъанты Махарбеджы курдиат тынгдæр раргом, ирон адæмы эпос «Нарты кадджытæн» цы нывтæ скодта, уым. Махарбег бахъахъхъæдта адæмон пафос, эпосы тых æмæ хъомыс. Йæ конд хъайтартæ сты рæсугъд, хъаруджын, ныфсхаст æмæ сæрибаруарзаг. Ирон чиныгкæсæгæн Махарбеджы конд нæртон геройты сурæттæ афтæ зæрдæмæдзæугæ сты, æмæ адæмы цæстытыл æндæр хуызы дæр нæ ауайынц, æрмæст сæ Махарбег куыд сныв кодта, ахæмæй сæ уынынц иууылдæр.

*Æвдæм амонæг*: Нарты темæ æххæстдæрæй æмæ бæлвырддæрæй зыны «Нарты куывд»-ы (1948-1952 аз). Уый æрмæст йæ тæккæ стырдæр ныв нæу, фæлæ йæ иууыл курдиатджындæр ныв. Махарбег ацы ныв куы ныффыста (кусын ыл райдыдта 1928 азы, нывгонд æй фæци 1948-1952 азты), уæд ыл сæвæрдтой адæмон нывгæнæджы ном – ахæм арф бастдзинад ын уыд ирон фольклоримæ.

*Æстæм амонæг:* Зындгонд у, нæртон куывд æнæ кафт кæй никуы уыд, уый. Нартæн сæ къæхты бын зæхх æмæ хæхтæ змæлыдысты, суанг ма-иу сæм хуыцæуттæ дæр дисгæнгæйæ кастысты уæлæрвтæй, тас-иу сæ бацыд. Хуыздæр кафæгыл-иу банымадтой, цæдджинаджы кæрæттыл-иу чи скафыд, йæ сæрыл бæгæныйæ дзаг кæхц, афтæмæй, уый. Хъуамæ уыцы

кæхцæй иу æртах дæр ма æрхаудаид.

*Фарæстæм амонæг:* «Ирыстоны фæсивæд кафынил кæд сæрмагондæй ничи ахуыр кодта, уæддæр уыдысты тынг арæхстджын. Арæх-иу бацыдысты «æз хуыздæр акафон»-ы ерысы. Мæхи цæстытæй дæр иухатт федтон ахæм ерыскафт. Уыцы диссаджы кафты змæлд мын мæ цæстытыл ауайын кодта нæртон адæмы кафт, æмæ йæ афтæмæй бахастон мæ нывмæ», – фыста Тугъанты Махарбег.

*Æртыккаг амонæг:* Уыцы лæгæвзарæн зыны Сосланы кафты. Ацы ран Махарбег канд нывгæнæг нæу, фæлæ иртасæг дæр. Нывы ирдæй зыны адæмы истори, культурæ, цардыуаг. Уымæй уæлдай, иуæй-иу аивадиртасджыты хъуыдымæ гæсгæ, зæгъæм, Цæгæраты Валеримæ гæсгæ, «Нарты куывд» у Тугъанты Махарбеджы «нистуан» ирон адæмæн.

*Дæсæм амонæг:* «Нарты куывд» у Тугъанты Махарбеджы «нистуан» ирон адæмæн. Ацы темæ домы нывы символон «текстыл» æрдзурын. Уый тыххæй нæ хъæуы цыбырæй базонгæ уæвын Дунейы мифоэпикон концепциимæ. Уый сæвзæрдис рагон адæймаджы сæрызонды дуне бамбарыны тыххæй æмæ йа сарæзта Дунеон бæласы хуызы: ома уый уыдис Дун-дунейы универсалон хуызæг.

Дунеон бæлас вертикалон хаххыл дих цæуы: бинаг (уидæгтæ), астæуккаг (зæнг) æмæ уæллаг (къабузтæ) хæйттыл.

Йæ уæллаг хайы (къабузты) «цæрынц» мæргътæ, астæуккаг зонæйы (зæххыл) – сагтæ, сæгуыттæ, бинаг (дæлзæххы) – кæсæгтæ, кæлмытæ –алыхуызон фантастикон æнахъинон уæвæгойтæ.

*Æхсæзæм амонæг:* Иу хатт ма нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм куывд æмæ ритуалы нысаниуæг. Цымæ, цæмæ тырныдта адæймаг, нывонд æрхæсгæйæ? Фæндыдис æй уæларвонты зæрдæ балхæнын æмæ сын сæ хорзæх ссарын: цардамонд, æнæниздзинад, хорз цот, хъæздыг тыллæг, бирæ фысвос æмæ æндæр хорздзинæдтæ.

*Фыццаг амонæг:* Нарты нæлгоймæгтæ куывды бадынц. Ам уынæм урсзачъе æхсарджын хистæр Уырызмæджы, кузырыхон Сатанайы, Хæмыцы, хиндзаст Сырдоны. Мæйрухсы, куывддон адæммæ дæрддзæфгомау, дыууæуæладзыгон симды уæрæх зылды – Нарты хæстон фæсивæд. Этнографион æрмæг куыд амоны, афтæмæй нæртон симд раздæр уыдис æртæуæладзыгон. Дыккаг рæнхъы нæлгоймæгтæ ма-иу сæ уæхсчытæм ноджы систой байрæгты æмæ уæнгуыты дæр.

*Дыккаг амонæг:* Нывы сæйраг персонажтæ сты уæлдай ставд æмæ рельефонæй фыст: Кадæггæнæг, Сослан æмæ Дзагдары фæлгонцтæ. Уыдоны архайдæн ис сæрмагонд нысаниуæг. Сослан æвдыст цæуы Нарты иумæйаг хæдзары астæуккаг цæджындзы фоныл. Ирон адæммæ Сосланы хуызæн бæгъатыртæй фæзæгъынц: «хæдзары астæуккаг цæджындз».

Нывы «тымбыл фынг» æвдыст цæуы зиллакк куыд космосы арæнтæ æвдисæг, хаосы талынг тыхтæй йæ баиргъæвæны символ. Фынджы астæу æвæрд уазкæхцæн (Абайты Васомæ гæсгæ, зонд, амонд амонæгæн), ис цыппар тигъы – зæххон хайы ас æмæ миниуджытæ æвдисæг символ.

*Фæндзæм амонæг:* Нарты гуыппырсары кафтæн ис ритуалон мидис: амоны дунейы змæлды райдайæн, ома Сослан, хурон герой, йæ кафтæй нæртон дунейæн хæссы (куыд хур зæххæн, афтæ) цæрыны энерги, йæ сæрмæ дзуарæвæрд хъама æмæ цирхъ та дзурæг сты, хурон герой нæртон адæмы цард тары ныббырстæй æмæ намысы сæфтæй кæй хъахъхъæны, уыл.

Ирон фынджы æртæ къахы, Дунеон бæласы эквиваленты, сты йæ уидæгтæ, кæхц у зæххон хай, Сослан – бæласы зæнг.

*Фарæстæм амонæг:* Кадæггæнæг æмæ Дзагдар (йæ фæйнæфарс) сæ бынатмæ гæсгæ сты ритуалы архайджытæ. Сæ бакаст, сæ архайдæй ацы дыууæ фæлгонцы æвдисæг сты адæймаджы сконды ныхмæвæрд мидис: кадæггæнæг – къæсхуыр, æрдæгбæгънæг уæлæдарæсы,

хъæздыгдзинад, мулк йæ цæсты мур дæр кæмæн нæ ахадынц, йæ удон (уæларвон) миниуджытæ хæссæг; Дзагдар – фидæрттæ арæзт, йæ тæккæ тыхы чи бацыд, æлутоны кæхц цæдджинагæй дзагæй чи сцæйисы – йæ физикон-материалон хай.

*Æртыккаг амонæг:* Дунейы алцыдæр кæрæдзиимæ æнгом баст у, æмæ иуы фæкъахыр аипджын кæны иннæйы дæр. Уый нын фæсномыгæй æмбарын кæны Тугъанты Махарбег.

«Нарты куывд»-ы бындурон идейæ у мифологион Дунеарæзты фидыцджын иудзинад равдисын.




Тугъанты Махарбеджы нывыл ныр цыппарæссæдз азæй фылдæр рацыдис, афтæмæй нæ цыма абоны царды хъæнтæй фæдзæхсы: « …важно, чтобы Сказитель играл, а Виночерпий имел, что черпать и они помнили друг о друге. Музы молчат, когда нет богатства. Богатство тупеет, когда молчат Музы. Итог же этому – гибель народа. И только гармония духовного и материального создает условия для вечного танца Сослана». *Цæгæраты Валери*




*Ахуырдзау:* «Тугъанты Махарбеджы нывтæм кæсгæйæ»

Дæ ныв – парахат æмæ бæрц,
Тых æмæ зонды стыр æмгуыстад,
Фæрæт, фæндыр æмæ æнгуырстуан,
Нæ рагон уд, нæ рагон æрдз.
Кæуы дæ кæттаг æмæ худы.
Æнусон змæлдæн зынг дæтты.
Хæты хуымгæнгæ дымгæ фурдыл
Æмæ æрра тыхæй сæтты,
Хуыснæгау чи нымбæхст йæ арфы,
Гъеуыцы фын – мæрдон, уæззау…
Дæу дæр дæ хъысмæты зын тавы, -
Хæцы уым урсы ныхмæ сау
Æмæ дыл сау хъылма рæдзæхсы…
Йæ цъупмæ систа дæу æнус,-
Дæ бæллицтæ, дæ сæнтты рухс,
Дæ уарзт фæстагонæн фæдзæхсы.
(Малиты Васойы æмдзæвгæ)

**Плиты Людмилæ,**
***Республикон физикон-математикон лицей-интернаты ахуыргæнæг***

# ЛИТЕРАТУРОН-МУЗЫКАЛОН КОМПОЗИЦИ

## «Ручъы комы зарæггæнджытæ»

Сценæйы фæлгонц:

1. Фысджыты сурæттæ (Плиты Харитон, Плиты Грис, Плиты Олег).
2. Чингуыты равдыст.
3. Зындгонд адæймæгты ныхæстæ Плиты мыггаджы курдиатджын минæвæртты тыххæй.
4. Презентацитæ.

(Хъуысы «Ханты цагъд»)

1-аг амонæг: Уæ бон хорз!

2-аг амонæг: Æгас нæм цæут, нæ буц уазджытæ!

1-аг амонæг: Ручъы ком! Фыдыуæзæг! Стыр курдиæтты авдæн!

2-аг амонæг: Ручъы комы уæлдæф æмæ æрдз канд æвдадзы хос не сты. Фæлæ ма махæн радтой æнæмæлгæ поэттæ, фысджытæ, тæлмацгæнджытæ, драматургтæ, актертæ, публицисттæ, критиктæ, прозаиктæ.

1-аг амонæг: Дзесты Куыдзæг, Беджызаты Чермен, Хъуылаты Созырыхъо, Плиты Харитон, Дзадтиаты Тотырбег.

2-аг амонæг: Плиты Грис, Джыккайты Шамил, Плиты Олег, Саулохты Мухтар, Дзугаты Георги.

1-аг амонæг: Се ’ппæтыл чи аххæсдзæн, фæлæ мах бацархайдтам æрмæст иу мыггаджы минæвæртты сфæлдыстадыл афæлгæсын. Ирон литературæмæ стыр бавæрæн чи бахаста, уыцы хъуытазхъæлæс зарæггæнджытыл. Плиты кадджын мыггаджы æртæ фæлтæры минæвæрттыл.

2-аг амонæг: Плиты Дауыты фырт Харитон.

1-аг амонæг: Плиты Дзамболаты фырт Грис.

2-аг амонæг: Плиты Стъепаны фырт Олег.

1-аг амонæг: Плиты Харитон райгуырд Ручъы хæххон зæхкусæджы хæдзары. Харитон йæ фырзæрдæхæларæй, сыгъдæгзæрдæйæ мæлдзыджы дæр никуы бахъыгдæрдта. Хуымæтæджы нæ дзырдтой бирæтæ, Хадойæн бæлоны зæрдæ ис, зæгъгæ. «Плиты Хадо!», афтæ йæ хуыдтой йе ’мбæлттæ, ирон фысджытæ. Харитон уыди поэт-лирик, поэт-энтузиаст, хæдахуыр поэт.

2-аг амонæг: Плиты Харитон ныффыста, зæрдæмæ арф чи хъары, ахæм курдиатджын æмдзæвгæтæ стæй поэмæтæ. Йе сфæлдыстад у тынг зæрдæмæхъаргæ. Чи нæ зоны йæ поэмæтæ «Сæлимæт» æмæ «Уæлахизы кадæг»-ы зæрдæмæ хъаргæ рæнхъытæ?

*(Скъоладзаутæ кæсынц скъуыддзæгтæ поэмæ «Сæлимæт»-æй)*

1-аг амонæг: Харитонæн йæ къона, йæ райгуырæн ком уыд тынг зынаргъ æмæ адджын, уый бæрæг у йе 'мдзæвгætæй дæр, зæгъæм: «Къухæй мæ ерæдзыпп ахауд æваст» æмæ «Æз къахæй къухмæ дæр дæу дæн»-æй.

2-аг амонæг: Хадо бирæ æмдзæвгæтæ æмæ зарджытæ ныффыста сывæллæттæн дæр. Иумæ дзы байхъусæм.

(«Иналы зарæг»)

1-аг амонæг: Ныр та нын 4-æм къласы скъоладзаутæ бакæсдзысты Плиты Харитоны æмдзæвгæтæ.

(Кæсынц æмдзæвгæтæ «Гыцци», «Гæды æмæ йæ лæппынтæ», «Уæ цæргæс, чи дæ фæнадта?»)

1-аг амонæг: Джусойты Нафи Хадойы тыххæй афтæ фыста: «Хадойы тыххæй бирæ дзуринæгтæ ис, фæлæ йæ уды рæсугъд миниуджытæ æнæкæрон кæй сты, уый бæрæг у йе сфæлдыстадæй».

2-аг амонæг: Гафез дæр тынг хъарм ныхæстæ ссардта, Хадойы мысгæйæ:

«Мæ зынаргъ, мæ дзæбæх Хадо! Дæ ирон дзыллæйы 'хсæн рæсугъдæй рацардтæ. Дæ фæлмæн ныхасæй алкæй дæр рæвдыдтай, алкæуылдæр узæлыдтæ. Хæххон суадонау рæсуг æмæ хъæлдзæг уыдтæ, хъарм уддзæфау рог, æнæхин æмæ æхцон, зарæгау зæрдæйы дуæрттæ гом кодтай, адæймагыл цин æфтыдтай. Дæ цуры лæгмæ маст æмæ хъыг никуы æрцыди, йæхи афтæ æнкъардта, цыма хъарм арты фарсмæ бады. Де сфæлдыстад дæр ахæм у: зæрдæйау хъарм æмæ æргом, рог æмæ фæлмæн».

1-аг амонæг: Дзугаты Георги та Хадойы ном ссардта æмдзæвгæйæ:

Æцæг кæд афтæ у, фæцис
Хъæлæсджын булæмæргъ, ныммыр,
Уæд ма нæ урс хæхтæн кæм ис
Рæсугъд, адджын зæлты фæндыр?..

Уæд ма сын чи лæудзæн уырдыг, -
Лæггад, кæстæриуæг, æфсарм?..
Кæмæн нæ не сæфта йæ хъыг.
Кæмæ нæ фæдардта йæ арм?!.

Уæд ма ныл чи 'мбæлдзæн, уæздан
Фæхуд-фæхудгæнгæ, чызгау?..
Тæнзæрдæ, иудзырдон æмгар,-
Æви уый махæн уыд æвгъау?..

2-аг амонæг: Плиты Грис – нæ ирон литературæйы ахсджиаг цæджындзтæй иу у.

*(Презентацийы фоныл)* Абон дæр йæ балладæ «Авд цухъхъайы», йæ драмæ «Чермен», ирон литературæйы тыхджындæр уацмыстыл нымад сты, сты адæмæн уарзон.

1-аг амонæг: Æрмæст уыдон йеддæмæ куы ницы ныффыстаид, уæддæр йæ ном ирон литературæйы мыггагмæ баззадаид. Йæ литературон бынтæ та сты хъæздыг æмæ алывæрсыг. Ирон æвзагыл дæр генион Шекспиры Грис сдзурын кодта. Грисы руаджы Тæбæхсæуты Бало, æнæмæлгæ Отеллойы ролы хъазгæйæ, ссис дунейы зындгонд актер.

2-аг амонæг:Ирон театры актер уæвгæйæ, Грис барвæндонæй ацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Райдайæнæй кæронмæ уыд хæцæг æфсады, бавзæрста салдаты хъизæмар цард. Цы хæстон уацмыстæ ныффыста, уыдоны аивæй зыны йæ литературон курдиат, йæ уарзондзинад фыдыбæстæм .

*(Скъоладзаутæ кæсынц скъуыддзæгтæ Плиты Грисы уацмыстæй)*

1-аг амонæг: Кæд Грис æмæ Хадо ирон литературæйы рæбинаг цæджындзтæ сты, уæд Плиты Оледжы сфæлдыстадимæ бирæтæ зонгæ дæр не сты. Олег уыд инженер, фылдæр царди æмæ куыста Мæскуыйы. Мады 'хсыр æмæ йæ фыды тугимæ рахаста райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад.

2-аг амонæг: Æмдзæвгæтæ фыста ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл. Йæ уацмыстæ мыхуыры фæзындысты йæ амæлæты фæстæ.

(Скъоладзаутæ кæсынц æмдзæвгæ «Рукъаг райсом», «Æз райгуырдтæн хохы», «Нæхимæ хъæуы», «Æнæбын къæдзæх», «О, гас цæуай мæ зæххыл, хур!»)

1-аг амонæг: Олег кæстæр фæлтæры дæр æнæ рæвдыдæй нæ ныуагъта.

(Сценкæ «Карк æмæ хъаз»)

Ахуыргæнæджы кæронбæттæн ныхас.

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

***Куыдзойты Анжелæ,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг***

## КОНТРОЛОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

### (8-æм кълас)

*1. Лæмбынæг бакæсут текст æмæ сæххæст кæнут хæслæвæрдтæ*

(1) … (2) Уым курдиатджынæй равдыста дыууæ гыццыл хæххон лæппуйы фæлгонцтæ. (3) Ацы нывбирæ уарзта нæ иннæ стыр нывгæнæг Тугъанты Махарбег. (4) Къостайæн йæхицæн дæр уыди йæ тæккæ уарзондæр ныв. (5) Æмæ, æцæгæйдæр, «Сабитæ – дурсæтджытæ» у нывгæнæджы тæккæ стырдæр уацмыс. (6) Ам баиу сты нывкæнынады æппæт жанртæ дæр: портрет, пейзаж, натюрморт æмæ композицион ныв. (7) Къоста дзы алы жанры дæр йæхи равдыста иттæг курдиатджынæй.

(8) Сывæллоны темæ разынди Къостайы иннæ куыст «Дондзауты». (9) Ацы ран ма ирдæй разынд сылгоймаджы фæлгонц дæр. (10) Схонæн ын ис хæххон мадоннæ. (11) Сылгоймаг – мад, сылгоймаг – фæллойгæнæг зæрдæмæдзæугæ у йæ æрдзон рæсугъддзинад, йæ уæздандзинад æмæ æгъдауæй. (12) Чи зоны, ацы нывы Къоста равдисынмæ хъавыд, афæдз дæр ыл нæма цыд, афтæмæй йæ сидзæрæй чи ныууагъта, йæ уыцы мады фæлгонц. (Дзантиаты А.)

1-аг вариант

А1. Кæцы хъуыдыйадæй хъуамæ райдайа текст?

1) Къоста уыдис æрмæст поэт нæ, фæлæ ма курдиатджын нывгæнæг дæр.

2) Нывгæнæджы дæсныйадыл Къоста ахуыр кодта Бетъырбухы Аивæдты академийы.

3) Къоста сфæлдыста бирæ диссаджы нывтæ.

4) Уыцы рæстæг ма Къоста ноджыдæр скодта иу стыр ныв – «Сабитæ – дурсæтджытæ».

А2. Кæцы дзырд æмбæлы тексты йæ ахæсгæ нысаниуæджы?

1) гыццыл (2 хъуыдыйад)

2) стыр (3 хъуыдыйад)

3) уарзондæр (4 хъуыдыйад)

4) хæххон (10 хъуыдыйад)

А3. Цавæр дыууæ ирон нывгæнæджы кой цæуы тексты?

Æ1. Æстæм (8) хъуыдыйады грамматикон бындур у:

1) темæ разынди

2) куыст разынди

3) разынди

4) сывæллоны темæ

Æ2. Иуæндæсæм (11) хъуыдыйады грамматикон бындур у:

1) сылгоймаг, зæрдæмæдзæугæ у

2) сылгоймаг, у

3) сылгоймаг, мад, фæллойгæнæг

4) сылгоймаг, зæрдæмæдзæугæ

Æ3. Фæбæрæг кæнут цыппæрæм (4) хъуыдыйады раст характеристикæ.

1) хуымæтæг, дывæрсыг, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ

2) хуымæтæг, дывæрсыг

3) хуымæтæг, æрмæст иу сæйраг уæнгимæ

4) хуымæтæг, сæйраг уæнгтæ дзы нæй

Æ4. Дзырдбаст «ирдæй разынд» (9 хъуыдыйад) арæзт у ахæм ныхасы хæйттæй:

1) миногон æмæ мивдисæг

2) фæрсдзырд æмæ мивдисæг

3) фæрсдзырд æмæ миногми

4) миногон æмæ миногми

Æ5. Фæндзæм (5) хъуыдыйады къæдзыгтæ хицæн кæнынц:

1) хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ

2) бавæргæ дзырд

3) сидæн

4) æвастхъæр

Æ6. Кæцы дзырды нæй мыр [з]?

1) уарзондæр

2) уарзта

3) разынд

4) уæздандзинад

2-аг вариант

(1) Уыцы рæстæг ма Къоста ноджыдæр скодта иу стыр ныв – «Сабитæ – дурсæтджытæ». (2) Уым курдиатджынæй равдыста дыууæ гыццыл хæххон лæппуйы фæлгонцтæ. (3) Ацы ныв бирæ уарзта нæ иннæ стыр нывгæнæг Тугъанты Махарбег. (4) Къостайæн йæхицæн дæр уыди йæ тæккæ уарзондæр ныв. (5) Æмæ, æцæгæйдæр, «Сабитæ – дурсæтджытæ» у нывгæнæджы тæккæ стырдæр уацмыс. (6) … (7) Къоста дзы алы жанры дæр йæхи равдыста иттæг курдиатджынæй.

(8) Сывæллоны темæ разынди Къостайы иннæ куыст «Дондзауты». (9) Ацы ран ма ирдæй разынд сылгоймаджы фæлгонц дæр. (10) Схонæн ын ис "хæххон мадоннæ". (11) Сылгоймаг – мад, сылгоймаг – фæллойгæнæг зæрдæмæдзæугæ у йæ æрдзон рæсугъддзинад, йæ уæздандзинад æмæ æгъдауæй. (12) Чи зоны, ацы нывы Къоста равдисынмæ хъавыд, афæдз дæр ыл нæма цыд, афтæмæй йæ сидзæрæй чи ныууагъта, йæ уыцы мады фæлгонц. (Дзантиаты А.)

А1. Кæцы хъуыдыйад (6) цухгонд æрцыдис тексты?

1) Фæлæ ам баиу сты нывкæнынады æппæт жанртæ дæр: портрет, пейзаж, натюрморт æмæ композицион ныв.

2) Ам баиу сты нывкæнынады æппæт жанртæ дæр: портрет, пейзаж, натюрморт æмæ композицион ныв.

3) Уæддæр ам баиу сты нывкæнынады æппæт жанртæ дæр: портрет, пейзаж, натюрморт æмæ композицион ныв.

4) Уымæ гæсгæ ам баиу сты нывкæнынады æппæт жанртæ дæр: портрет, пейзаж, натюрморт æмæ композицион ныв.

А2. Кæцы хъуыды баст у тексты мидисимæ?

1) Къоста райгуырдис Нары хъæуы.

2) Къостайыл афæдз дæр нæма цыдис, йæ мад куы амардис, уæд.

3) Къоста йæ алы нывы дæр æвдисы сывæллоны фæлгонц.

4) Тугъанты Махарбеджы зæрдæмæ æмхуызон тынг цыдысты Къостайы æппæт нывтæ дæр.

А3. Цы нысан кæны дзырд «жанр»?

1) цавæрфæнды аивадон уацмыс дæр
2) нывы бæлвырд хуыз
3) аивадон уацмыс
4) аивадон уацмысы бæлвырд хуыз

Æ1. Цавæр дзырд кæнæ дзырдты къорд аразынц дæсæм (10) хъуыдыйады грамматикон бындур?

1) мадоннæ
2) схонæн ис мадоннæ
3) мадоннæ
4) схонæн ис

Æ2. Кæцы хъуыдыйады ис æмхуызон уæнгтæ иугæнæг дзырдимæ?

1) 6
2) 7
3) 8
4) иу хъуыдыйады дæр нæй

Æ3. Фæбæрæг кæнут дыууадæсæм (12) хъуыдыйады раст характеристикæ

1) таурæгъон, æнæхъæрон
2) фарстон, æнæхъæрон
3) разæнгардгæнæн, æнæхъæрон
4) фарстон, хъæрон

Æ4. Хъуыдыйады «Ацы ныв бирæ уарзта нæ иннæ стыр нывгæнæг» (3) ис ахæм дзырдтæ:

1) æртæ миногоны, иу фæрсдзырд, иу номивæг, дыууæ номдары, иу мивдисæг
2) цыппар миногоны, иу номивæг, дыууæ номдары, иу мивдисæг
3) æртæ миногоны, дыууæ фæрсдзырды, дыууæ номдары, иу мивдисæг
4) дыууæ миногоны, иу фæрсдзырд, дыууæ номивæджы, дыууæ номдары, иу мивдисæг

Æ5. Дыккаг-цыппæрæм (2-4) хъуыдыйæдтæй рафыссут, сæ уидæгты дывæргонд æзылангон æмхъæлæсонтæ кæмæн ис, уыцы дзырдтæ.

Æ6. Дыууадæсæм (12) хъуыдыйадæй рафыссут номивджытæ:

1) цæсгомон, 3-аг цæсгомы, цыбыр хуызы, æддагбынатон хауæны ________
2) цæсгомон, 3-аг цæсгомы, цыбыр хуызы, гуырынон хауæны__________
3) фарстон-ахастон ________
4) амонæн _________

Дзуæппытæ

1-аг вариант

А1 -4; А2 – 2; А3 – Хетæгкаты Къоста, Тугъанты Махарбег;

Æ1 – 1; Æ2 – 1; Æ3 – 3; Æ4 – 2; Æ5 – 2; Æ6 – 2.

2-аг вариант

А1 – 2; А2 – 2; А3 – 4; Æ1 – 4; Æ2 – 1; Æ3 – 1; Æ4 – 4; Æ5 – гыццыл, тæккæ; Æ6 – 1) ыл, 2) йæ, 3) чи, 4) ацы.

***Джериаты Мæдинæ,***
*Беслæны 4-æм скъолайы ахуыргæнæг,*
***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
*ЦИПУ-йы доцент*

# ТЕКСТЫ ИУМÆЙАГ ÆВЗÆРСТ 5-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ

Цæголты Георги. «Бецал»

Бецал æваст ***фæгæпп ласта***, цыма истæмæй фæтарст, афтæ. Акаст алырдæм.

О, Хуыцау! Мæнæ диссаг! Уыцы ус у йæ мады хуызæн. Сты бынтон æнгæс. Йæ мад амард æртæ азы размæ, фæлæ йæ ***хуыз*** хорз лæууы Бецалы зæрдыл. Иууыл диссаг та уый у, æмæ уыцы ус у ***гыццыл*** гуыбыргомау. Йæ фæсонтæ рыстысты, æмæ гыццыл фæгуыбыр ис.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текс аив бакæсут. Цавæр интонацийæ спайда кодтат? Куыд баст у интонаци тексты мидисимæ?
2. Цæуыл дис кодта Бецал? Рахицæн кæнут тексты дис æвдисæг дзырдтæ.
3. Бацамонут бæрæггонд дзырдты нысаниуæг, синонимтæ сæм ссарут.
4. Цавæр синонимтæ ма ис тексты? Цæмæн сæ спайда кодта автор?
5. Иу растфыссынады æгъдаумæ гæсгæ цы дзырдтæ фыст цæуынц, уыдон рафыссут къордтæй. Бамбарын сын кæнут сæ растфыссынад.
6. Ссарут тексты хъуыдыйад сидæнимæ. Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд.
7. Фæстаг хъуыдыйад равзарут хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.
8. Ныффыссут, Бецалы хъысмæтимæ сæ хъуыды баст кæмæн у, ахæм æмбисæндтæ.
9. Цавæр æнкъарæнтæ уæм æвзæрын кæны Бецалы хъысмæт?
10. «Сидзæр мæгуыр у». Текстыл æнцойгæнгæйæ, ныффыссут сочинени æмбисонды мидисмæ гæсгæ.

Цæголты Георги. «Бецал»

Мад куы амард, уæд Бецалы сæхимæ æркодта Хъуыдайнат. Æз, дам, дæ хæстæг дæн. Цæй хæстæг у уый! ***Удхарæй мæлы*** сидзæр лæппу. Цæуы зæронд бызгъуырты. Цы хæдон ын ис, уый дæр ын сауджыны лæвар у, æндæр цæуид бынтон бæгънæгæй. Хорз хæринаг цы у, уый нæ зоны. ***Цыма къæбыла у, уыйау ын æппарынц кæрдзыны къæбæр.*** Куыстæй йæ уæгъд нæ уадзынц. Изæры йæ фос куы ’ртæры, уæддæр æй бафтауынц æндæр куыстытыл. Йæ фезмæлд сæ зæрдæмæ нæ фæцыд, уæд та нæмгæ. Нæмы йæ Хъуыдайнат, нæмынц æй йæ ус, йæ чындзытæ. Æфхæрынц æй, чи йыл тых кæны, уыдон иууылдæр. Нæй йын тæригъæдгæнæг. Рæвдауæн ныхас ын ничи зæгъы…

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Сбæрæг кæнут тексты хуыз (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон).
2. Цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрын кодта Бецалы уавæр?
3. Куыд уæм кæсы, цæмæн æркодта Хъуыдайнат Бецалы сæхимæ? Бакæсут, Хъуыдайнаты ахаст лæппумæ цы хъуыдыйæдты бæрæг кæны, уыдон.
4. Ссарут тексты лæппуйы тыхст уавæр æвдисæг дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ, рафыссут сæ.
5. Куыд уæм кæсы, цавæр рæвдауæн ныхæстæм æнхъæлмæ кæсы Бецал? Ныффыссут ма сæ. Цавæр нысаниуæг сын ис нæ ныхасы?
6. Бæрæггонд дзырдбастæн бамбарын кæнут йæ лексикон нысаниуæг.

7. «Куыстæй йæ уæгъд нæ уадзынц». Куыд ма ис зæгъæн æндæр хуызы лæвæрд хъуыдыйады мидис?

8. Текстæй рафыссут, Бецалы æфхæрд цы мивдисджыты æвдыст æрцыд, уыдон.

9. Бæрæггонд хъуыдыйадæй саразут хъуыдыйад комкоммæ ныхасимæ.

10. Цавæр аивадон фæрæзтæ ис тексты? Сбæрæг сæ кæнут. Цавæр у тексты сæ нысаниуæг?

11. Фыццаг хъуыдыйады рахицæн кæнут грамматикон бындур. Сбæрæг кæнут хъуыдыйады хуыз йæ арæзтмæ гæсгæ.

Тексты æрмæгæй спайда кæнгæйæ, саразут синквейн дзырд «Бецал»-имæ.

Коцойты Арсен. «Гигойы куадзæн»

– Куадзæн хорз саразæм ацы хатт, афтæ хорз, æмæ нæм нæ сыхæгтæ хæлæг куыд кæной.

– Саразæм, – загъта ус. – Хорз куадзæнæй хуыздæр та цы ис, фæлæ мæнæ сывæллоны дæр рох кæнын нæ хъæуы, хъуамæ йын бæрæгбонмæ ног истытæ балхæнæм, иннæ сывæллæттæм хæлæг куыд нæ кæна, афтæ.

***– Уымæн иу-дыууæ каркæй фылдæр нæ бахъæудзæн, фæлæ æз цы зæгъын, уый зоныс?***

– Цы?

– Æппындæр цы нæма æрцыди, уый зæгъынмæ хъавын.

– Цы, уæддæр?

– Иу хъыбыл ауæлдай кæнæм куадзæнæн.

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1. Текст цæсгæмттæм гæсгæ аив бакæсут. Чи сты диалоджы архайджытæ? Цæуыл ныхас кæнынц?

2. Цавæр æфсон ис лæджы фæндæн? Цавæр хъуыдытыл уæ æфтауы уыцы æфсон?

3. Сбæрæг кæнут цавæр хъуыдыйæдтæй арæзт у диалог.

4. Бамбарын кæнут бæрæггонд репликæйы æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

5. Ссарут тексты миногонтæ алыхуызы бæрцбарæнты, рафыссут сæ, сбæрæг сын кæнут сæ арæзт.

6. Тексты дзырд *куадзæн* цавæр грамматикон формæты æмбæлы, уый сбæрæг кæнут.

7. Рафыссут текстæй вазыгджын зæгъинæгтæ. Бамбарын сын кæнут сæ арæзт.

8. Дывæргонд æмхъæлæсонтæ цы дзырдты ис, уыдон рафыссут хицæн къордтæй сæ растфыссынады принциптæм гæсгæ.

9. Дзырд *бæрæгбонмæ* морфемикон æгъдауæй равзарут.

10. Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнут. Бамбарын кæнут тексты темæ æмæ сæргонды бастдзинад.

Коцойты Арсен. «Гигойы куадзæн»

Сауджын Иосебы чи нæ зоны æгас комы! Йæ рустæ фыр нæрдæй æддæмæ ратонынц, дардмæ æрттивынц, йæ гуыбын дымст, раст цыма тыппыргæрдæг бахордта.

Адæм ныхасы дæр ракæнынц Иосебы гуыбыны кой, фæзæгъынц: раст уæртæ Иосебы гуыбыны йас, зæгъгæ. Иосеб тынг уарзы карчы фыд. Уарзы хуыйы фыд дæр, фæлæ уæддæр карчы базыртæм æмæ сгуытæм куыд æмхиц у, афтæ ницæмæ у. Искуы хисты кæнæ куывды уæвгæйæ, комкоммæ фæзæгъы: «Сгуытæ æмæ базыртæ ардæм рахæссут!»

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1. Текст аив бакæсут. Цавæр интонацийæ спайда кодтат текст кæсгæйæ? Сбæрæг кæнут тексты хуыз (таурæгъон, .æрфыстон, тæрхон).

2. Куыд уæм кæсы, цавæр цæстæй кæсы автор Иосебмæ? Цæмæй бæрæг у?

3. Сауджыны миниуджытæй цавæртæ æргом кæны автор ацы тексты?

4. Цавæр æнкъарæнтæ уæм гуырын кæны Иосебы фæлгонц?

5. Бамбарын кæнут дзырд *тыппыргæрдæг*-æн йæ лексикон нысаниуæг, йæ арæзт æмæ растфыссынад.

6. Бамбарын кæнут бæрæггонд хъуыдыйады æрхæцæн нысæнтты æвæрд. Комкоммæ ныхасæй саразут фæрссаг ныхас. Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

7. Ссарут уæлдай дзырд: *æддæмæ, æрттивынц, тыппыргæрдæг, уæддæр, рахæссут.*

8. Цавæр æмбисæндтæ зонут фыдгуыбыны тыххæй?

9. Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнут. Бамбарын кæнут тексты темæ æмæ сæргонды бастдзинад.

10. Хъуыдыйад синтаксисон æгъдауæй равзарут. *Сауджын Иосебы чи нæ зоны æгас комы!*

Барахъты Гино. «Зæлимхан»

Ныггуыбыр кодта йæхи Зæлимхан. Ракодта хидызмæлтæ. Тынг уæззау ласы, уый зыны йæ улæфтæй. Ӕмбары бæх, ахæм æвзæр фæндагыл, ахæм тухæны никуыма фæци Зæлимхан. Фындзы ***хуынчъытæй*** тæф цæуы, тохынайæ фæздæг куыд цæуа, афтæ. Ӕгас буар дæр ныр æмулæфт кæны хид æмæ тæфæй. Паравозы хуызæн бæхы алыварс урс мигъ сбадтис фæздæгау.

Ӕмæ та ахæцыд Зæлимхан йæ уæрдоныл. Тыхтæ æмæ амæлттæй фенкъуысын кодта афтæмæй.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Цавæр у йæ хуызмæ гæсгæ (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон)?

2. Цавæр уавæры ис бæх? Цавæр æнкъарæнтæ уæм æвзæрын кæны Зæлимханы уавæр?

3. Уацмысы текст уæ зæрдыл æрлæууын кæнгæйæ, зæгъут, цæмæн ахæм уавæрмæ æрхауд бæх? Кæй аххосæй?

4. Рафыссут, бæхы уавæр æвдисæг мивдисджытæ семæ баст дзырдтимæ.

5. Тексты ссарут абарстытæ. Куыд æххуыс сты бæхы уавæр равдисынæн?

6. Бамбарын кæнут дзырдтæ *тохына, хидызмæлтæ*-йы лексикон нысаниуджытæ.

Дзырд *тухæн кæнын*-мæ ссарут синонимтæ.

7. Дзырдтæ морфемикон æгъдауæй равзарут: *æмбары, æмулæфт*. Цы ис иумæйагæй сæ дзырдарæзты?

8. Дзырд *хуынчъытæй* сæвæрут иуyон нымæцы. Бамбарын кæнут фонетикон ивддзинæдтæ.

9. Хъуыдыйад синтаксисон æгъдауæй равзарут: *Паравозы хуызæн бæхы алыварс урс мигъ сбадтис фæздæгау.*

10. Куыд æмбарут Антуан де Сент-Экзюперийы ныхæстæ «Мы в ответе за тех, кого приручаем»?

Раргом сын кæнут сæ хъуыды, текстыл æнцой кæнгæйæ.

Барахъты Гино. «Зæлимхан»

Бимбол куы æркаст бæхы цæстытæм, уæд æм аваст куыддæр тарбын фæкастысты. Асгары… ауыны… Не змæлы Зæлимхан. Хид кæлы… Фæздæг цæуы бæхæй… *Зæрдæтахтæй* фæстагмæ бæхы фындзыл авæрдта йæ къух Бимбол. Нæ улæфы… амардис Зæлимхан.

Уæд сæрыл фæхæцыд Бимбол, уæрджытæ ныххоста, æмæ кæуыны хъæрæй сарыдтой хъæдрæбынтæ.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Цавæр интонацийæ спайда кодтат? Цæмæн?

2. Цы кодта Бимболы бæх? Кæй аххосæй?

3. Цавæр æрхæцæн нысан æмбæлы арæхдæр хъуыдыйæдты кæрон? Куыд уæм кæсы, цæмæн пайда кæны автор ахæм хъуыдыйæдтæй?

4. Рафыссут текстæй бæхы уавæр æвдисæг мивдисджытæ. Сбæрæг сын кæнут сæ грамматикон формæ.

5. Рафыссут Бимболы архæйдтытæ æвдисæг мивдисджытæ. Куыд æргом кæнынц лæджы уавæр?

6. Бæрæггонд дзырдæн бамбарын кæнут йæ лексикон нысаниуæг.

7. Хъуыдыйад синтаксисон æгъдауæй равзарут: *Зæрдæтахтæй фæстагмæ бæхы фындзыл авæрдта йæ къух Бимбол.*

8. Куыд æвдыст цæуы фæстаг хъуыдыйады æрдз æмæ адæймаджы удхæстæгдзинад?

9. Радзурут, цы нысан ис цæстæнгасæн удгоймаджы мидуавæр раргом кæнынæн.

10. Ӕмбисæндтæй кæцы æвдисы Бимболы уавæр?

а) Райдайæн кæм и, уым кæрон дæр и.

æ) Фæсмойнаг хъуыддаг – зæрдæйæн рæхуыст.

б) Дæ цæстæй цы фенай, ууыл æуууæнд.

11. Текстыл æнцой кæнгæйæ, æмбисонды бындурыл ныффыссут чысыл ныв æцæнтæрхон.

***Лохты Ритæ,***
***Æрыдоны 1-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ТЕСТЫТÆ 11-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ

**Гафез (Гаглойты Федыр)**
**1-аг вариант**

1. Ацы фыссæг райгуырди 1913 азы Бакуйы:
а) Дзугаты Георгий;
æ) Цæгæраты Максим;
б) Цæрукъаты Алыксандр;
в) Гаглойты Федыр.

2. Гаглойты Федыр уыди Хуссар Ирыстоны фысджыты цæдисы бæрнон нымæрдар:
а) дыууадæс азы дæргъы;
æ) фынддæс азы дæргъы;
б) æвддæс азы дæргъы;
в) нудæс азы дæргъы.

3. «Бæрзонд, къæсхуыр, рæхснæг, урссæр лæг сæрыстыр цыд кæны йæ ныййарæг зæххыл. Йæ къуырфæвæрд, цардæгас цæстыты тыхджын, фæлæ сабыр цъæхарт – куы æнтъыснæгхуыз, куы циндзаст, куы фæдисхъæрау мæстæг» – ахæм ахорæнтæй ныв кæны ацы зындгонд фыссæг Гафезы сурæт, йæ миддуне æмæ æддаг бакасты иудзинадыл дзургæйæ:
а) Цæрукъаты Алыксандр;
æ) Гаглойты Владимир;
б) Джусойты Нафи;
в) Цæгæраты Максим.

4. Ацы фыссæг у Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат:
а) Гаглойты Федыр;
æ) Цæрукъаты Алыксандр;
б) Дзаболаты Хазби;
в) Гаглойты Владимир.

5. Гафезы æмдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд хуыйны:
а) «Фæндыры зæлтæ»;
æ) «Амонды бæлас»;
б) «Сусæг зарæг»;
в) «Дымгæйы зарæг».

6. Гаглойты Федыры поэтикон хъæлæс сфидар ис æмæ сфæлтæрдта
а) Орцъосаны хъæууон скъолайы директорæй куы куыста, уæд;
æ) облæстон газеты литературон хайады сæргълæууæгæй куы куыста, уæд;
б) журнал «Фидиуæг» – ы редакторæй куы куыста, уæд;
в) хæсты куы хæцыд, уæд.

7. Гафезы ацы уацмысы архайды астæу ис æрыгон адæймаджы хъысмæт, йæ бæллицтæ, йæ фæндтæ, йæ хъару æмæ зондахаст:
а) «Дзаджейы рухс» – ы;
æ) «Цард дын фестон» – ы;
б) «Фыдызæххы комулæфт» – ы;
в) «Уæ бонтæ хорз, адæм!» – ы

8. « Ахуыр фæдæн! Каст фæдæн!» – дзуры
а) Дзаммырз поэмæ «Уадтымыгъ»-æй;
æ) Ирæ роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-æй;
б) Æмзор «Бæсты сæрвæлтау»-æй;
в) æнæном фыййау «Хъилдур»-æй.

9. Гафезы роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы сæйраг архайæг Ирæйы ахуыры фæстæ арвыстой егъау иугонд колхоз:
а) «Сæуæхсид» – мæ;
æ) «Хурзæрин» – мæ;
б) «Хæлардзинад» – мæ;
в) «Раздзог» – мæ.

10. Роман « Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы сæйраг хъуыды (идейæ) у:

а) адæймаджы цард æнцайы уарзт æмæ рæсугъддзинады æнкъарæнтыл, уыдонæй гуыры удсыгъдæггæнæн, бæрзонд аивад;

æ) фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы;

б) рæстдзинады сæраппонд æнæрæнцой тох, æвзонгады цардбæллон уаг кæронмæ ахæссын;

в) райгуырæн зæххы сæрвæлтау мæлæтмæ цæуын.

11.Роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы архайд цæуы

а) Сидæны хъæуы;

æ) Бæрæгъуыны хъæуы;

б) Сугъарты хъæуы;

в) Хæрдысæры хъæуы.

12. Гафезы роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!» -ы ныффыссыны фæнд баст у:

а) æрыгон чызджы миддунейы рæзт равдисынимæ;

æ) колхозонты æхсæн цы ахастдзинæдтæ ис, уыдон равдисынимæ;

б) колхозы разамонджыты куыст равдисынимæ;

в) 1964 азы хицауад хæдзарады уавæр фæхуыздæр кæныны тыххæй цы сæрмагонд уынаффæтæ рахаста, стæй адæмы царды куыд сахадыдтой, уыдонимæ

13.«Махæй не стут – иуварс алæуут!» – дзуры романы сæйраг герой Ирæ:

а) Соня æмæ Симæйæ;

æ) Габрел æмæ Асиатæй;

б) Техъа æмæ Самсон Тедойы фыртæй;

в) Тембол, Уасил, Тасол, Ксеня æмæ Исмел Цамелы фыртæй.

14. Ирæйы зæрдæмæ хæстæг лæууынц Симæ, Соня, Габрел, Асиат, Техъа, Самсон Тедойы фырт æмæ сæ хоны

а) « цардсудзæг»;

æ) «рог»;

б) «цардбæллон»;

в) «сæрæн».

15. Роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!» – ы бæрнондзинады æнкъарæн тыхджын у:

а) Беталмæ;

æ) Сонямæ;

б) Ирæмæ;

в) Тасолмæ.

16. Сидæны хъæуы ном «Дзынга» ныффидар

а) колхозы сæрдар Мухтарыл;

æ) Ирæйыл;

б) Беталыл;

в) Соняйыл

17. «Уадзыг каркыл сасир куыд ацæгъдай, афтæ тъæпп –тъæпп кæ, æмæ кадртæ цæттæ», – зæгъы Ирæйæ:

а) Къæдзой;

æ) Мухтар;

б) Бетал;

в) Уасил.

18. Роман у:

а) таурæгъон литературæйы астæуккаг формæ, нывæфтыд дзы цæуы хицæн адæймаджы царды истори кæнæ та къорд адæймаджы цардæй иу-цалдæр егъау фæлтæры;

æ) таурæгъон литературæйы къаннæг формæ, ам æвдыст цæуы адæймаджы цардæй иу-дыууæ эпизоды;

б) таурæгъон литературæйы къаннæг формæ, хатгай йæ асæй уацаумæ æрбаввахс вæййы, йæ быныдуры алкæддæр ис реалон цаутæ æмæ адæймæгтæ, сæйраг дзы сты бæлвырд зонинæгтæ;

в) таурæгъон литературæйы стырдæр формæ, вæййы дзы бирæ хъысмæтты ранывæст, арæхдæр хъайтартæ дæргъвæтин рæстæджы сты царды вазыгджын фæлварæнты, æхсæнады ныхмæдзыд тыхтимæ тохы.

19. Романы финалы ацы персонажы уынæм зæрдæсаст,уæнгуагъд адæймагæй, æвæлмастæй фиппайы йæ алыварс колхозонты разæнгард змæлд. Йæхимæ дæр дисау кæсы, ацы хатт иууылдæр куыстхуыз, æрмæст уый æвдæлон къахдзæфтæ кæны се ’хсæн. Уый у:

а) Самсон Тедойы фырт;

æ) Исмел Цамелы фырт;

б) Ирæ;

в) Къæдзой.

20. Ирæйæн æууæнксайды маст зын уромæн у. О, фæлæ йыл цыдæр тых хæрдмæ хæцы, нæ йæ уадзы бынтон йæхимæ ныхъхъусын. Уый у:

а) зæххы бæрн, фæллойы фарн;

æ) йæ мадмæ уарзондзинад;

б) адæмæй æфсæрмдзинад;

в) йæ тыхджын уды хъæд.

21. Гафезы лирикон геройы æхсар æмæ намысы гуырæн у:

а) йæ уарзондзинад;

æ) ныййарæг мад;

б) æвзонгдзинады максимализм;

в) сæрыстырдзинад.

22. «Æрмæст мæ туг –æгъуыст, тæмæн-
Кæны цæстысыгау æртæхтæ,
Æмæ мæ Фыдызæхмæ мæн
Бæтты мæ зæрдæйы æндæхтæй».

Ацы ныхæстæ ист сты Гафезы æмдзæвгæ:

а) «Дыууæ цæссыджы»-йæ;

æ) «Цæф дæн, уæззау цæф…»-æй;

б) «Уадтымыгъ»-æй;

в) «Тулдзы къох»-æй.

23. Гафезы поэмæ «Уадтымыгъ» – ы сæйраг хъайтар у:

а) Чермен;

æ) Сослан;

б) Дзаммырз;

в) Гæбул.

24. Дзаммырзы булкъон фырты хъысмæт развæлгъау базонæм:

а) сау мигъты уавæрæй;

æ) доны сыбар-сыбурæй;

б) æнафоны чи сбур ис æмæ зæхмæ чи æрхауди, уыцы сыфтæры уавæрæй;

в ) мæргъты удаист хъæрæй.

***Дзуæппытæ:***

| | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| в | б | б | а | а | в | в | æ | æ | б | а | в | в |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | | |
| б | б | æ | а | в | б | а | æ | æ | б | б | | |

Гафез (Гаглойты Федыр)

2-аг вариант

1. Гаглойты Федыры литературон псевдоним у

а) Сау лæппу;

æ) Ололи;

б) Гафез;

в) Ботас.

2. Гафезæн йæ этикон-эстетикон æнкъарынад æмæ зондахасты, йе сфæлдыстады гуырæнтæ уыдысты:

а) йæ сабийы бонтæ;

æ) йæ уарзондзинады æнкъарæнтæ;

б) йæ националон хиæмбарынад;

в) Ирыстоны æрдз æмæ ирон адæм

3. Джусойты Нафи рæсугъд ахорæнтæй афтæ ныв кæны Гафезы сурæт, йæ миддуне æмæ æддаг бакасты иудзинадыл дзургæйæ

а) «….Хуымгæнæг, салдат, хохкъæртгæнæг æмæ æрдхæрæны поэт. Уый уыди удыхъæдæй уæздан, æргомдзырд, уæззау зондыл хæст, йæ ныхас хъуыддагæй чи æххæст кодта, ахæм адæймаг» ;

æ) «Ацы фыссæджы хуызæн рæсугъд æмæ тыхджын курдиат, уый хуызæн лæгуарзон æмæ æппæтæй аив адæймаг куы райгуыры æмæ куы рахъомыл вæййы, уæд уый æгас дзыллæйæн арфæйы æмæ фарны хъуыддаг у»;

б) «Бæрзонд, къæсхуыр, рæхснæг, урссæр лæг сæрыстыр цыд кæны йæ ныййарæг зæххыл…йæ къуырфæвæрд, цардæгас цæстыты тыхджын, фæлæ сабыр цъæхарт –куы æнтъыснæгхуыз, куы циндзаст, куы фæдисхъæрау мæстæг»;

в) «…Йæ райдианы фæлварæнтæй дæр бæрæг у: æрдз ын радта æнкъараг зæрдæ, нывæмхиц фантази æмæ сагъæсгæнаг хъуыды. Уыдон та сты поэты курдиаты сæйраг бæрджытæ».

4. 1966 азы фыст æрцыд Гаглойты Федырæн йæ чиныг

а) «Дзаджейы рухс»;

æ) «Цард дын фестон»;

б) «Фыдызæххы комулæфт»;

в) «Уæ бонтæ хорз, адæм!»

5. Роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!» -ы архайды астæу ис

а) бинонты царды уаг;

æ) хæсты быдыры хабæрттæ;

б) æрыгон адæймаджы хъысмæт, йæ бæллицтæ, йæ фæндтæ, йæ хъару æмæ зондахаст;

в) хистæр æмæ кæстæр фæлтæрты ахастдзинæдтæ.

6. Роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!» – ы æвдыст æрцыд

а) хъæууонхæдзарады областон управленийы хицау Исмел Цамелы фырты разамынд хъæууон хæдзарады куыстæн;

æ) колхоз «Хурзæрин»-ы сæрдар Мухтары куыст;

б) районы сæйраг агроном Ксеня Барисы чызджы удуæлдай тох хъæздыг тыллæг райсыныл;

в) Дзесты Ирæйы хъысмæт, йæ бæллицтæ, йæ фæндтæ, йæ хъару æмæ зондахаст

7. Романы ацы персонаж æхсæнадон хъуыддаг уæлдæр æвæры суанг хи сæрмагонд амонды фарстæй дæр:

а) Бетал;

æ) Симæ;

б) Соня;

в) Ирæ

8. Романы архайджыты уынæм

а) фыссæджы цæстæй;

æ) Исмел Цамелы фырты цæстæй;

б) колхозы сæрдар Мухтары цæстæй;

в) Ирæйы цæстæй, тæрхонгæнæг дæр сын йæхæдæг у

9. Романы ацы архайæгæн алы адæймаг дæр у егъау сусæгдзинад, алкæй зæрдæмæ дæр æй хъæуы фæндаг ссарын. Уый у

а) Бетал;

æ) Ирæ;

б) Мухтар;

в) Симæ.

10. Æрмæст йæхи уды тыххæй чи цæры, уыдонимæ Ирæ

а) сарæзта беседæ;

æ) аныхас кодта æмæ сын ныффыссын кодта курдиæттæ, цæмæй колхозæй ацæуой;

б) дзыхæй дæр нал дзырдта;

в) гъæйт – мардзæ тох самадта – рæнхъон колхозонæй разамонæджы онг.

11. Йæ къухы бафтыди фæллойадон дисциплинæ сфидар кæнын, колхозы кондадон нывæстмæ пайдайаг ивддзинæдтæ бахæссын, адæмы зæрдæты коллективизмы фæрнæйдзаг æнкъарæн сæндидзын кæнын

а) колхозы сæрдарæн;

æ) зæронд партион Бебейæн;

б) шофыр Сосейæн;

в) колхозы агроном Ирæйæн

12. Романы сæйраг архайæг Ирæйы æрдзон æууæлтæ сты:

а) æнæныфс æмæ æдых;

æ) къуымых æмæ æнарæхст;

б) ныфсджын æмæ хъаруджын, дзырдарæхст æмæ цыргъзонд;

в) тæппуд æмæ лæмæгъ.

13. «Йæ бирæ мидтых æмæ, сусæгæй чи хсиды, уыцы зæрдæ…архайын æмæ змæлын домынц»,– зæгъы Ирæ

а) Сосейæ;

æ)Беталæй;

б) Техъайæ;

в) Габрелæй.

14. Ирæйæн куырыхон уынаффæгæнæг у:

а) колхозы сæрдар Мухтар;

æ) Тембол;

б) зæронд партион Бебе;

в) Уасил.

15. Романы персонажтæ Тембол æмæ Уасил Ирæйы проект хонынц:

а) « актуалон æмæ размæдзыд»;

æ) «аргъæуттæ æмæ цардæй иппæрд ныхæстæ»;

б) «колхозы сафæг»;

в) « дзидзидай сывæллоны хъуыдытæ».

16. Романы символон нысаниуæг ис

а) арвы ферттывдæн;

æ) Ирæ сау хъулон куыдзимæ кæй

фембæлд, уымæн;

б) районмæ цæугæйæ, Ирæйы фæндагыл цæхгæрмæ цы сау калм фæцæйхылди, уымæн;

в) иу суткæйы дæргъы æртæ хылы кæй фæцис, уымæн.

17. «Зын мын у, баба, фæлæ фæстæмæ здæхæн нæй! Уæ бонтæ хорз, адæм!» – зæгъы

а) Бетал;

æ) Симæ;

б) Ирæ;

в) Сосе.

18. Романы хъайтар – дзырднывæндæг у

а) романы автор;

æ) романы сæйраг архайæг Ирæ;

б) Бетал;

в) колхозы сæрдар Мухтар.

19. Гафезы роман хъæздыг у

а) адæмон зарджытæй;

æ) хъæлдзæг ныхæстæй;

б) æмбисæндтæй – адæмы куырыхон зонды стъæлфæнтæй;

в) æлгъыстытæй.

20. У таурæгъон литературæйы стырдæр формæ, вæййы дзы бирæ хъысмæтты ранывæст, арæхдæр хъайтартæ дæргъвæтин рæстæджы сты царды вазыгджын фæлварæнты, æхсæнады ныхмæдзыд тыхтимæ тохы. Уый у

а) радзырд;

æ) уацау;

б) новеллæ;

в) роман

21. Гафезы лирикон геройы ныййарæг мады синоним у

а) нана;

æ)мады хо;

б) Райгуырæн зæхх;

в) уарзон чызг.

22. Зонын æз, æвзонг лæппу куыд кæуы,
Лæгты федтон маройæ цæугæ,
Фæлæ никæд, а зæххыл цы цæрын,
Никуы федтон мард уды кæугæ.
Ацы ныхæстæ ист сты Гафезы æмдзæвгæ

а) «Цæф дæн, уæззау цæф…»-æй;

æ) «Уадтымыгъ»-æй;

б) «Дыууæ цæссыджы»-йæ;

в) «Уалдзæг у, рæсугъд уалдзæг, æрдхæрæн..»-æй.

23. Дзаммырз у Гафезы

а) «Фыды артдзæст»-ы хъайтар;

æ) «Цардиппæрд»-ы хъайтар;

б) «Бæсты сæрвæлтау»-ы хъайтар;

в) «Уадтымыгъ»-ы хъайтар;

24. Гафезы поэмæ «Уадтымыгъ»-ы идейæ у

а) рæстдзинады сæраппонд æнæрæнцой тох;

æ) адæймаджы цард æнцайы уарзт æмæ рæсугъддзинады æнкъарæнтыл, уыдонæй гуыры удсыгъдæггæнæн , бæрзонд аивад;

б) хохæгтæ сæ къухтæм хæцæнгарз райстой, цæмæй бахъахъхъæной сæ уды сæрибар, æнæмастæй фæллой кæныны бартæ;

в) цард у æвидигæ, адæймаг – царды фидыц, цыфæнды уадтымыгъты дæр сæттын нæ комы

Дзуæппытæ:

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| б | в | б | в | б | в | в | в |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| æ | в | в | б | æ | б | æ | б |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| б | æ | б | в | б | б | в | в |

***Боциты Альбинæ,***
***Цæлычы скъолайы ахуыргæнæг***

# РЕБУСТÆЙ ПАЙДА КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ

Латинаг дзырд ***ребус*** (rebus) амоны нывты æмæ хицæн дамгъæты мидæг æмбæхст предметы (кæнæ æмбарынады) ном.

Цымыдисаг у ребусы фæзынды истори. Куыд рабæрæг, афтæмæй ребустæй пайда кодтой Францы комедианттæ суанг IV æнусы. Хъæздгуыты аиппытæ æмæ æнæуаг митыл сын æргомæй дзурæн кæй нæ уыд, уый тыххæй сæ æвдыстой æмбæхст хуызы, алыхуызон ребустæй пайда кæнгæйæ.

Куыдфæстæ ребусы нысаниуæг фæивта, пайда кæнын дзы райдыдтой æндæр уавæрты дæр, зæгъæм дзырдтæй хъазт аразгæйæ, радтой йын æндæр ном – «каламбур» (арвистон).

XVI æнусы Европæйы профессионалон нывгæнджыты æххуысæй фæзындысты нывтæй конд ребустæ. 1582 азы та Францы мыхуыргонд æрцыд ребусты фыццаг æмбырдгонд. Уæрæсейы цæрджытæ ребустæй пайда кæнын райдыдтой XIX æнусы. Суанг ма прессæйы сæрмагонд журнал «Ребус» цæуын дæр райдыдта.

Ребустæй хъазт уарзон у канд сабитæн нæ, фæлæ ас адæймæгтæн дæр.

Цæмæй ребусы хъуыды райхалай, уый тыххæй зонын хъæуы цалдæр хъуыддаджы.

– хахгонд дамгъæ фæхъæуы аивын æндæр дамгъæйæ, кæнæ та йæ фæуадзæн дæр вæййы;

– нывы размæ æвæрд къæдзыг амоны, дзырды фыццаг дамгъæ фæуадзын кæй хъæуы, уый;

– къæдзыг нывы фæстæ куы уа, уæд та иу дамгъæ фæуадзын хъæуы кæронæй;

– къæдзыгтæ дыууæ куы уой, уæд фæуадзын æмбæлы дыгай дамгъætæ æмæ а.д.;

– нывмæ кæсын хъæуы лæмбынæг.

Ребустæй хъазт мæнмæ тынг цымыдисаг кæсы, æмæ дзы урокты арæх фæпайда кæнын. Куыд бафиппайдтон, афтæмæй ребусæй хъазт тынг цæуы скъоладзауты зæрдæмæ, сæ æмбæхст хъуыды халгæйæ тыхджындæр кæны сæ логикон хъуыдыкæнынад, рæзы сæм цымыдисдзинад ирон æвзагмæ, тырнынц фылдæр дзырдтæ базонынмæ.

Уæдæ ребустæ нырыккон домæнтæм гæсгæ дæр хорз фидауынц – сæ руаджы ахуыргæнæгæн æнтысы ног технологитæй пайда кæнын. Уымæй уæлдай ма ребус нымад у æнæниздзинады технологийы элементтæй иуыл.

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн æххуысæн саræзтон цалдæр ребусы. Табуафси, ахъаз уын фæуæнт у урокты!

*1. Базон æмбæхст дзырд*

| | | |
|---|---|---|
| *Къуырисæр* | | ***цыппæрæм*** |
| *Дыццæг* | | *майрæмбон* |
| *Æртыццæг* | *сабат* | |
| | *хуыцаубон* | |

______________________________

2.  хуын+ъ д ~~т~~ ар

3.

 ~~б~~  ~~æх~~ 

4.  ам ~~н~~ 

5.  ~~дæ~~ ват ~~уæр~~ 

*Базон æмбæхст мыггæгтæ*

6.  ~~Хе~~ тæг ~~у~~ 

7.  ~~к~~ 

~~р~~

8. *Ц* ~~М~~   æ

---

9.  ~~р~~ калб 

---

10. ~~а~~ *о*  ~~н~~ ~~æр~~ *3*

---

11. *А*  ~~б~~ ~~л~~ 

---

12.  æ ~~а~~  г ~~р~~  *тæ*

---

13. *С* *и* ~~а~~  ~~ди~~ 

---

14. *Фи* ~~у~~  *АА АА*

---

15. ~~нæг~~  ~~ын~~  ~~р~~  æ

---

16. *2-ъ*  ~~г~~ 

---

*Зайæгойтæ*

17. *Х* ~~д~~  *мæ* ~~фæ~~  *г* ~~н~~

---

18. *а* ~~æ~~  ~~æг~~ *а* — 

---

19.  *Ы* 

---

20.  mæ 

---

21. Н 

Ъ ы æ, 

---

22. Ж д  Ф в 

---

23. N æ   ы

---

24. М п  а

---

25. , Д З – б Г - р С - т 

---

*Ныхасы хæйттæ*

26. К н  У а 

---

27. ~~З~~ н  æ  ~~Г~~

28. 1000 О 

29. ~~Т~~ ф   ~~бЫД~~

30.  ~~m~~ в ~~УА~~ ди 

***Дзуæппытæ:***
1. Бæрæгбон
2. Кæфхъуындар
3. Чындзæхсæв
4. Сисамайæг
5. Зæрватыкк

***Мыггæгтæ***
6. Хетæгкатæ
7. Цæргæсатæ
8. Цæразонтæ
9. Хуымартæ
10. Борæтæ
11. Алæгатæ
12. Хъусæгонтæ
13. Сидæмонтæ
14. Фидаратæ
15. Æгъуызатæ
16. Цъæхилтæ

***Зайæгойтæ***
17. Хурмæзилæг
18. Къаппа-къоппа
19. Дугъысыф
20. Хуырхæг
21. Битъына
22. Дурвæткъуы
23. Хъæлæрдзы
24. Пысыра
25. Къæбырттæг

***Ныхасы хæйттæ***
26. Номдар
27. Нымæцон
28. Миногон
29. Фæрсдзырд
30. Мивдисæг

***Куыдзойты Анжелæ,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ***
***литературæйы***
***кафедрæйы сæргълæууæг***

# МЕТОДИКОН АМЫНДТЫТÆ 11-ÆМ КЪЛАСЫ АХУЫРГÆНÆН ЧИНЫГМÆ

***Грамматикон темæ «Вазыгджын хъуыдыйад»***

***Ныхасы темæ «Дунейы адæмты музыкалон культурæ»***

**10-æм ахуыр**

*1-аг фæлтæрæн*. Раст дзуæппытæ: а – 2, æ – 2, б – 4, в – 1, г – 1, гъ – 2.

*2-аг фæлтæрæн*. Бакæсын текст, саразын ын пълан, зæгъын, цавæр ног информаци дзы ис, цы ма йæм бафтауиккой скъоладзаутæ сæхæдæг. Текстæй рафыссын æртæ-цыппар алыхуызон вазыгджын хъуыдыйады, иу равзарын фæйнæгыл, иннæтæ – тетрæдты.

Грамматикон хæслæвæрдтæ æххæст кæныны размæ зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы, цы у вазыгджын хъуыдыйад, цæмæй хицæн кæны хуымæтæг хъуыдыйадæй, цавæр хуызтыл дих кæнынц вазыгджын хъуыдыйæдтæ, цавæр миниуджытæ сын ис (хуымæтæг хъуыдыйады ис иу грамматикон бындур, вазыгджын хъуыдыйады та – дыууæ кæнæ фылдæр; хуымæтæг хъуыдыйад цыфæнды вазыгджынгонд куы уа – сидæнтæй, æвастхъæртæй, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæй, фæрссагмион здæхтытæй, бæлвырддæргæнæг уæнгтæй, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæй, – уæддæр вазыгджын не свæййы; вазыгджын хъуыдыйæдтæ арæзт вæййынц цалдæр хуымæтæг хъуыдыйадæй; сты æртæ хуызы: бабæтгæвазыгджын, домгæвазыгджын, æнæбæттæг вазыгджын.

*Фиппаинаг*. Иуæндæсæмкъласонтæн бамбарын кæнын хъæуы, вазыгджын хъуыдыйады арæзт «хуымæтæг хъуыдыйæдтæй» иуцасдæр «бадзырдон» кæй у, уымæн æмæ вазыгджын хъуыдыйады хæйттæн (предикативон хæйттæн) æцæгæй хъуыдыйады æппæт миниуджытæ нæй: кæд хуымæтæг хъуыдыйады схемæтæм гæсгæ арæзт вæййынц, уæддæр не 'вдисынц æххæст хъуыды (ома сын нæй мидисон æххæстдзинад), кæроны интонаци ис æрмæст фæстаг хайæн æ.а.д.).

*2-аг хæслæвæрд:* а) хуымæтæг хъуыдыйад; æ) вазыгджын хъуыдыйад; б) хуымæтæг вазыгджынгонд хъуыдыйад; в) бабæтгæ кæнæ домгæвазыгджын хъуыдыйад; г) æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад; гъ) бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад.

*3-аг фæлтæрæн*.

Уазы гуырдæн (ома Уазы фыртæн) йæ рæсугъд цагъдмæ

Æгас дунетæ æрыхъал вæйййынц.
Æнусон цъититæ уæд тайынц,
Уæрæх быдырмæ нæ уынгæг кæмттæй
Фæдисон лæгау хæл-хæлхæлгæнгæ
Мæстджын ивылд дæттæ уæд уайынц.
Æнæбын денджыз куы рафæйлауы.
Хъуымы быдыры цъæх дудахътæ
Æмæ совахътæ уæд куы кафынц.
Уазы фырт Ацæмæз йæ хæтæлæй
Тынгдæр цæгъдынтæ куы байдайы…

*Фиппаинаг*. Дыгурон диалекты ис бæлвырддзинады артикль *и*: *будури и цъæх дудахътæ ... кафунцæ; и кизгæ ба имæ дзоруй* – чызг (бæлвырд кæцыдæр чызг, раздæр ныхас кæуыл цыдис, кæй зонæм, уыцы чызг) та йæм дзуры. Дудахътæ, совахътæ – хъæддаг мæргъты мыггаг.

Рæстæг куы амона, уæд, ацы скъуыддзагыл æнцой кæнгæйæ, сфæлхатгæнæн ис дыгурон æмæ ирон диалектты иуæй-иу фонетикон хицæндзинæдтæ: ирон *ы*-йы бæсты дыгуроны æмбæлы *и* кæнæ *у*: *æнæбын – æнæбун, денджыз – денгиз;* дыгуроны æмхъæлæсонтæ *г* æмæ *к* хъæлæсонтæ *и, е*-йы размæ *дж* æмæ *ч*-мæ нæ рахызтысты: *денджыз – денгиз, мæстджын – мæстгун;* бирæон нымæцы номдары уидаджы фæстаг æмхъæлæсон *н* нæ рахауы: *дон – дæттæ – дæнттæ.*

*4-æм фæлтæрæн. Стилы ном æххæстæй хуыйны «канте фламенко» («канте» испайнагау нысан кæны «зарын»), фæлæ фламенко арæзт у зарæг, кафт æмæ гитарæйы цагъдæй. Ацы стилы ис Англис, Шотланди æмæ Ирландийы адæмон музыкæ, фæлæ парахат кæнын райдыдта XIX æнусы АИШ-ы.* Ацы хъуыдыйæдтæ сты бабæтгæвазыгджын, сæ хæйттæ баст сты ныхмæвæрды бæттæг «фæлæ»-йæ; фыццаг хъуыдыйады иу хай вазыгджынгонд у бахæсгæ хъуыдыйадæй. Абарæн æй ис хъуыдыйадимæ *Рагон аивад фламенко у испайнаг культурæйы сæйрагдæр хæйттæй иу, фæлæ ныртæккæ рапарахат ис æппæт дунейы дæр* – ам «фæлæ» бætты хуымæтæг хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ – зæгъинæгтæ. *Уыцы рæстæджы блюз цагътой гитарæ æмæ банджойæ, фæлæ 1930-æм азты фæзындысты, блюз электрогитарæ æмæ фортепианойæ чи цагъта, ахæм ансамбльтæ.* Æртæ «хуымæтæг хъуыдыйадæй» арæзт вазыгджын хъуыдыйад, ис дзы бабæтгæ бастдзинад æмæ домгæ бастдзинад.

*5-æм фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

*11-æм ахуыр*

*1-аг фæлтæрæн.* Раст дзуæппытæ: 1 – 2; 2 – 2; 3 – 3; 4 – 2; 5 – 3; 6 – 1; 7 – 3. Фæлтæрæны æрмæгыл æнцайгæйæ, радзурын хъæуы бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты тыххæй (монологон ныхасыл куыст).

*2-аг фæлтæрæн. Рок æрмæст музыкæйы хицæн стиль нæу, фæлæ йын ис бирæ уæрæхдæр нысаниуæг.* (Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад) *Уый у æнæхъæн фæсивæдон культурæ, æрыгон фæлтæры хиæмбарынад равдисыны мадзал, царды сæйрагдæр принциптæ æмæ хорздзинæдтæм ног цæстæнгас равдисыны мадзал.* (Хуымæтæг хъуыдыйад æмхуызон зæгъинæгтимæ) *Йæ фæзындæй абоны онг рок у хистæр æмæ кæстæр фæлтæрты æхсæн ныхмæвæрддзинады символ.*

*Ацы стилы фæзынд æнгом баст у æхсæнады техникон, экономикон, социалон райрæзтимæ, æмæ йæ аппаратурæ æдзух ивы, вазыгджындæр кæны.* (Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад) *Зæгъæм, абоны гитарæ æрмæст æддаг бакастæй у 40-æм азты гитарæйы æнгæс, йæ зæлынад та бынтон аивта.* (Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад) *Абон рокæн æнæ гитарæйæ уæвæн нæй, фæлæ йæ фыццаг инструмент уыдис терменвокс.* (Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад) *Ацы инструмент 1920-æм азы сарæзта инженер Термен. Музыканты къух куыд хæстæгдæр кæнæ дарддæр кодта инструменты антеннæмæ, афтæ бæрзонддæр кæнæ ныллæгдæр кодта терменвоксы зæлынад.* (Домгæвазыгджын хъуыдыйад) *1930-æм азты фæзындис фыццаг электрогитарæ, æмæ уæд гитарæ ссис рок-ансамбльты сæйраг инструмент.* (Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад)

*3-аг фæлтæрæн.* Уæлæмхасæн хæс: 2-аг фæлтæрæнæй рафыссын фæндзгай дзырдтæ дыууæ къордæй: 1– дзырдаразæг суффикстимæ, 2–формæаразæг суффикстимæ, зæгъæм: *уæрæхдæр* – фæсæфтуан *–дæр* у формæаразæг, бындурон бæрцæй аразы барæн бæрц; *ныхмæвæрддзинад* – фæсæфтуан – *дзинад* у дзырдаразæг: *ныхмæвæрд, ныхмæвæрддзинад* сты хицæн дзырдтæ; дзырды *хорздзинæдтæм* ис дыууæ фæсæфтуаны: дзырдаразæг фæсæфтуан– *дзинад* (*хорз, хорздзинад)* æмæ формæаразæг фæсæфтуан *–т* (иууон нымæцæй аразы бирæон нымæц).

*6-æм фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

***Домгæвазыгджын хъуыдыйад (2 сахаты)***

***Ныхасы темæ: «Дунейы адæмты æвзæгтæ»***

12-æм ахуыр

Ацы ахуыры райдайæны æнæмæнг хъæуы разныхас. Кæнæ ахуыргæнæг йæхæдæг хъуамæ радзура иумæйагæй æвзаджы тыххæй, адæймаджы истори æмæ культурæйы йын цы ахадындзинад ис, уый тыххæй, дунейы æвзæгты тыххæй цыбыртæй, кæнæ та ацы хæс рагацау радта иу-дыууæ ахуыргæнинагæн (проектон куысты хуызы). Сæрмагондæй æрлæууын хъæуы ирон (алайнаг) æвзаджы арæзтыл, йæ диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытыл, сæ хицæндзинæдтыл. Уыимæ акцент хъуамæ уа, ирон æвзаг нæ нацийы иумæйаг хæзна кæй у, ныхасыздæхтытæ та йæ хъæздыгдзинадыл дзурæг кæй сты, ууыл,

*1-аг фæлтæрæн.* Æмдзæвгæтыл бакусыны размæ ахуыргæнинæгты бафæрсын хъæуы, цы зонынц ацы авторты тыххæй, сæ цавæр уацмыстимæ зонгæ сты, уымæй.

*2-аг фæлтæрæн.* хъуыдыйæдтæ æрмæст сæ бастдзинады фæрæзтæй нæ хицæн кæнынц, фæлæ ма хæйтты æхсæн ахастытæй дæр. 1-аг хъуыдыйад у бабæтгæвазыгджын, ныхмæвæрды бæттæг *«та»*-имæ»; 2-аг – æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад; 3-аг – домгæвазыгджын.

*3-аг фæлтæрæн.* Текстæн сæргонд æвзарын хъæуы йæ бакæсыны фæстæ, уыимæ сбæрæг кæнын хъæуы тексты стиль æмæ жанр, цæмæй сæргонд æмæ мидис «кæрæдзиуыл фидауой», уый тыххæй. Зæгъæм, фыццаг сæргонды стиль дзуапп нæ дæтты тексты мидисæн, æртыккаг сæргонды мидис тексты æргомгонд нæ цæуы. Афтæмæй æвзарын хъæуы дыккаг æмæ цыппæрæм сæргæндтæй иу.

Æртыккаг абзац. *Фæлæ адæм æвзагыл куынæуал фæдзурынц, уæд фесæфы, амæлы.* Къæдзыгтæ домгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн æмæ æмхуызон зæгъинæгтимæ. *Уымæн ис æртæ аххосаджы. Фыццаджыдæр, фесæфынц, цы адæм ыл дзырдтой, уыдон.* Къæдзыг бавæргæ дзырды фæстæ, къæдзыг уæлæмхæст хъуыдыйады размæ æмæ йæ фæстæ – æвæрд у сæйраг хъуыдыйады мидæг. *Зæгъæм, дыууынæм æнусы фæстаг тасманиæгтæ куы амардысты, уæд фесæфтысты тасманиаг æвзæгтæ дæр.* Къæдзыг бавæргæ дзырды фæстæ, къæдзыг домгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн. *Дыккаджы та, адæм сæхи æвзаг ферох кæнынц æмæ æндæр æвзагыл дзурын райдайынц.* Къæдзыг бавæргæ дзырды фæстæ. *Афтæ ферох сты шумерты, готтæгты æмæ æндæр адæмты æвзæгтæ.* Къæдзыг æмхуызон бæрæггæнæнты æхсæн. *Æппынфæстаг, æвзаг амæлы, æрмæст литературон куы уа, æхсæнадон цард ы иннæ къабæзты та йæ бæсты æндæр æвзагæй куы пайда кæной, уæд.* Къæдзыг бавæргæ дзырды фæстæ, къæдзыгтæ дыууæ уæлæмхæст хайы æхсæн æмæ сæ фæстæ. *Ахæм цау æрцыдис, зæгъæм, рагон славянаг æмæ латинаг æвзæгтыл.* Къæдзыгтæ бавæргæ дзырды разæй æмæ йæ фæстæ. *Сæ рагон хуызы нал æмбæлынц, фæлæ фыццагæй равзæрдис нырыккон болгайраг, дыккагæй та – цалдæр романаг æвзаджы.* Къæдзыг бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн, къæдзыг æмхуызон уæнгты æхсæн.

*5-æм фæлтæрæн.* – Хæдзармæ куыст. Аннотаци ныффыссыны хæс раттыны размæ къласы равдисын æмæ равзарын хъæуы дыууæ-æртæ чиныджы аннотацитæ.

*13-æм ахуыр*

*1-аг фæлтæрæн.* Хæс аивæн ис: ныффыссын дзырдуатон диктант алыхуызон орфограммæтимæ æмæ йæ равзарын.

*2-аг фæлтæрæн.* Цухгонд дзырдтæ: домгæвазыгджын, уæлæмхæст, бæттæгтæ, æмбарынгæнинаг (æмахастон), бæрæггæнæн, бынаты, æфсоны, архайды хуызы. Ацы хæс æххæст кæнгæйæ, фæйнæгыл кæнæ карточкæтыл раттæн ис алыхуызон домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ дæнцæгтæн.

*3-аг фæлтæрæн* æххæст кæнгæйæ, зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы æрхæцæн нысæнтты æвæрд вазыгджын æмæ хуымæтæг хъуыдыйæдты.

Афоны уæлæмхæст хай ис хъуыдыйады *Æвзаг цæры æмæ рæзы, цалынмæ йыл адæм дзурынц, уæдмæ.* Æмбарынгæнæн уæлæмхæст хай: *Æвзаджы ногæй цы дзырдтæ кæнæ грамматикон миниуджытæ*

*фæзынынц, уыдон фæстагмæ арæхæй-арæхдæр æмбæлын райдайынц æмæ афтæмæй ныффидар вæййынц.* Бадзырдон уæлæмхæст хай: *Кæй зæгъын æй хъæуы, ныртæккæ тибетаг æвзагыл химион литературæ куы бахъæуид, уæд æвзаджы дæс-дыууын азмæ фæзыниккой хъæугæ дзырдтæ æмæ грамматикон конструкцитæ.* Бæрæггæнæн уæлæмхæст хай: *Фæлæ кæрæдзийæ дард чи цæры æмæ се 'хсæн бастдзинæдтæ тынг рагæй кæмæн нал ис, ахæм адæмты æвзæгтæ дæр хатгай хæстæг разынынц.*

Уæлæмхасæн хæс: ссарын орфограммæтæ æмæ бамбарын кæнын дзырдты растфыссынад: бæстæйы, афтæ (*с, ф, х*-йы фæстæ æзылангон æмхъæлæсонтæ хъуысынц зылангонæй, фæлæ фыссын хъæуы æзылангонтæ; фæлæ: *сгуы, сгарын, сгуыхт* æ. æнд.), алыхуызон (*г, к, х, гъ, къ, хъ*-йы фæстæ фыссын хъæуы *уы*; фæлæ: *хызын, хыссæ, гыцци, хырх* æ. æнд.), америкæгтæ (æнæххæст регрессивон ассимиляци: *г-к*), австриæгтæ (хъæлæсон *и*-йыл фæуæг уидагмæ фæсæфтуан *–аг* куы бафтауæм, уæд дыууæ хъæлæсоны æхсæн æмхъæлæсон *й* фыссын нæ хъæуы, ома *австрийæгтæ* нæ, фæлæ *австриæгтæ*), испайнæгтæ (сонороныл фæуæг уидагмæ фæсæфтуан *–аг* куы бафтауæм, уæд уидаджы фæстаг æмхъæлæсоны размæ фæзыны *й*) , æндæр (лæмæгъ хъæлæсон *æ* дзырды райдайæны нæ хъуысы, фæлæ йæ фыссын хъæуы), цæрджытимæ (иууон нымæцы *–æг*-ыл цы дзырдтæ фæуынц, уыдоны бирæон нымæцы формæйы *æ* ахауы, *г* рахизы *дж*-мæ, бирæон нымæцы фæсæфтуан *–т*-йы размæ ты фæзыны *ы*), сæмхæццæ (разæфтуан *с*-йы фæстæ уидаджы фыццаг хъæлæсон *æ*-йы бæсты хъуысы *ы*, фæлæ фыссын хъæуы *æ* (*сымхæццæ – с+æмхæццæ*), дзырды уидаджы дæргъвæтин æмхъæлæсон куы уа æмæ йæ арæзтмæ гæсгæ равзарæн куы нæ уа, зылангон фæдывæр ис æви æзылангон, уый, уæд фыссын хъæуы æзылангонтæ: *æмхæццæ, лæппу, æппын* æ. æнд).

*6-æм фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

***Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад (2 сахаты)***

***Ныхасы темæ: «Наукæ»***

*14-æм ахуыр*

*1-аг фæлтæрæн.* Равзарыны фæстæ раттын хъæуы цыбыр информаци ахуыры темæйы тыххæй (кæнæ ахуыргæнæг йæхæдæг, кæнæ та иу ахуыргæнинагæн раздæр хæс раттын хъæуы): наукæйы фæзынд, наукæ алы дугты, нырыккон наукæйы ахадындзинад æхсæнады алы къабæзты æ.æнд.

*2-аг фæлтæрæн. Афтæ фæзæгъынц, рæдигæ, дам, нæ кæны æрмæст, чи ницы кусы, уый. Уыимæ фæрæдийы канд иу адæймаг нæ, фæлæ æнæхъæн Академи дæр. Зæгъæм, йæ рæстæджы цалдæр хатты «фесгуыхтис» Парижы Наукæты академи.*

*Э. Дженнер æрхъуыды кодта дзуары ныхмæ судзинтæ кæнын – академиктæ сæ банымадтой æнæпайдайыл. Р. Фултон æрхъуыды кодта пароход – ахуыргæндтæ йæ схуыдтой утопи. Ф. Месмер иртæста гипнозы архайд – Академийы уæнгтæ йыл сæвæрдтой «цæстфæлдахæджы» ном.*

*1922-æм азмæ А. Эйнштейн æппæт дунейы дæр зындгонд уыдис куыд генион ахуыргонд. Кад ын кодтой Японы, бирæ европæйаг бæстæты, æрыгон Советон Уæрæсейы йæ равзæрстой Наукæты академийы уæнгæй. Æрбацыдис Францмæ дæр. Æртын æртæ академикы загътой: «Ма 'рбацæуæд Эйнштейн не 'мбырдмæ – мах æвæстиатæй æмбырдæй ацæудзыстæм!»*

Хæслæвæрд сæххæст кæныны фæстæ алы хъуыдыйады сæрмæ дæр фæнысан кæнын йæ хуыз, фæбæрæг кæнын предикативон хæйттæ (вазыгджын хъуыдыйæдты), грамматикон бындурты (хуымæтæг хъуыдыйæдты).

*3-аг фæлтæрæн.* Зæгъæм, гом структурæ ис хъуыдыйадæн *Афтæ хъуыды кодтой рагон адæм, ацы идейæйы фæрцы адæмон сфæлдыстады «фæзындысты» хуыцæуттæ, равзæрдис астрологи; ацы хъуыдытæ сæ бынат ссардтой дины алы хуызты.* Хъуыдыйад æхгæд структурæимæ: *Ацы цитатæйæ скæнæн ис бæлвырд хатдзæг: алы адæймаджы, алы адæмты проблемæтæ дæр комкоммæ баст*

*сты фыдæлты цард æмæ хъысмæтимæ.* Уæлæмхасæн хæслæвæрд: ссарын æрбайсгæ дзырдтæ, бамбарын кæнын сæ растдзурынад æмæ растфыссынад.

*5-æм фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

*15-æм ахуыр*

*1-аг фæлтæрæн.* Абзацты раст равæрд: 4 – 2 – 1 – 5 – 3.

Пифагор æрмæст стыр ахуыргонд нæ уыдис, фæлæ ма спортсмен дæр, архайдта Олимпаг хъæзтыты. Цымыдисаг у ацы ахуыргонды царды фæндаг, уымæ гæсгæ иу ахуыргæнинагæн бахæс кæнын хъæуы ацы ахуырмæ Пифагоры тыххæй цыбыр доклад бацæттæ кæнын (проектон хæс).

Грамматикон хæслæвæрд: иу хатт ма ахуыргæнинæгты æргом аздахын хъæуы, бавæргæ арæзтытæ хъуыдыйады уæнгтæ кæй не сты, уымæ (*фыццаджыдæр, таурæгъмæ гæсгæ*). Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ сты: *Астæуккаг æнусты Герман æмæ Францы ацы теоремæ цæмæндæр хуыдтой «хæрджыты хид», араббаг Скæсæны йыл сбадтис «чындзыты теоремæ»-йы ном. Æрыгонæй балцы ацыдис Мысырмæ, уым æй персайнæгтæ уацары райстой æмæ йæ Вавилонмæ аластой. Æнцон бахауæн нæ уыдис уыцы скъоламæ – йæ фæлварæнтæй иу уыдис ахæм: кандидат фондз азы хъуамæ æнæдзургæйæ фæцардаид.* Æппæт хъуыдыйæдтæн дæр ис æхгæд структурæ. Фыццаг хъуыдыйады хæйтты æхсæн ис ранымады ахастытæ, дыккаджы – фæстиуæджы ахастытæ, æртыккаджы – æфсоны æмæ бæрæггæнæн ахастытæ. Бастдзинады фæрæзтæ: интонаци, мидисон бастдзинад; фыццаг хъуыдыйады ис дзырдты æмахастон къордтæ: *ацы теоремæ – йыл;* дыккаджы: *Мысырмæ – уым;* æртыккаджы: *уыцы скъоламæ – йæ (фæлварæнтæй иу); ахæм – хъуамæ æнæдзургæйæ фæцардаид.*

*2-аг фæлтæрæн.* Полилог хъуамæ ма уа æгæр цыбыр, дыууæ-æртæ дзырдтæй арæзт репликæтæй. Уæрæх пайда кæнын хъæуы бавæргæ конструкцитæй, этикетон формулæтæй.

*3-аг фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

***Бирæхайон вазыгджын хъуыдыйæдтæ (2 сахаты)***

***Ныхасы темæ: «Ахуырад дунейы бæстæты»***

*16-æм ахуыр*

*1-аг фæлтæрæн.* Ахуыргæнинæгты æргом аздахын хъæуы, раздæры ахуырты, вазыгджын хъуыдыйæдтыл дзургæйæ, дыууæхайон конструкцитæ кæй æвзæрстой, уымæ. Ома элементарон вазыгджын хъуыдыйæдтæ арæзт сты дыгай предикативон хæйттæй, бирæхайон вазыгджын хъуыдыйæдтæ та – æртæ æмæ фылдæр предикативон хайæ. Уыимæ уыцы хæйтты æхсæн вæййы бастдзинады иу кæнæ цалдæр хуызы: 1) æрмæст иу хуыз (домгæ, бабæтгæ кæнæ æнæбæттæг); 2) дыууæ хуызы (домгæ æмæ бабæтгæ, бабæтгæ æмæ æнæбæттæг, домгæ æмæ æнæбæттæг); 3) æртæ хуызы. Зæгъæм, фыццаг хъуыдыйады *Алы бæстæйы дæр ахуырады системæйы хæс у сывæллæттæн фылдæр æмæ хуыздæр зонындзинæдтæ раттын, фæлæ сын уыцы зонындзинæдтæ цы хуызы лæвæрд цæуынц, уым дзæвгар хицæндзинæдтæ ис* ис æртæ хайы – хуымæтæг хъуыдыйады: 1) *алы бæстæйы дæр ахуырады системæйы хæс у сывæллæттæн фылдæр æмæ хуыздæр зонындзинæдтæ раттын;* 2) *сын уыцы зонындзинæдтæ цы хуызы лæвæрд цæуынц;* 3) *уым дзæвгар хицæндзинæдтæ ис.* 1-аг æмæ 3-аг хæйттæ баст сты бабæтгæ бастдзинадæй, ныхмæвæрды бæттæг *«фæлæ»*-йы фæрцы (*алы бæстæйы дæр ахуырады системæйы хæс у сывæллæттæн фылдæр æмæ хуыздæр зонындзинæдтæ раттын, фæлæ уым дзæвгар хицæндзинæдтæ ис)*, 2-аг æмæ 3-аг хæйтты æхсæн та ис домгæ бастдзинад: 3-аг хай у сæйраг, ис дзы æмбарынгæнинаг дзырд *уым*, 2-аг хай та у уæлæмхæст, ис дзы бæттæг дзырд *цы хуызы.*

*Фиппаинаг*: æнæмæнг бамбарын кæнын хъæуы æрхæцæн нысæнтты æвæрд: кæд бæттæг *фæлæ* 1-аг æмæ 3-аг хæйттæ бæтты, уæддæр йæ фæстæ къæдзыг æвæрын нæ хъæуы, уымæн æмæ бæттæджы фæстæ ис, хъуыдыйадæн райдайæн кæмæй нæ, ахæм

дзырд – цыбыр номивæг *сын*. Бæттæджы фæстæ къæдзыг æвæрын хъæуид, зæгъæм, ахæм хъуыдыйады: *Алы бæстæйы дæр ахуырады системæйы хæс у сывæллæттæн фылдæр æмæ хуыздæр зонындзинæдтæ раттын, фæлæ, уыцы зонындзинæдтæ сын цы хуызы лæвæрд цæуынц, уым дзæвгар хицæндзинæдтæ ис.*

1-аг хæслæвæрды схемæйæн дзуапп дæтты хъуыдыйад *Хистæр астæуккаг скъолайы ис фондз æнæмæнг хъæугæ предметы, фæлæ скъоладзаутæн сæ бон равзарын у, сæ дарддæры ахуыры сæ цы предметтæ бахъæудзысты, уыдон.*

*2-аг фæлтæрæн. Японы закъонмæ гæсгæ, муниципалон æмæ иумæйагнацион скъолаты лæвар райсæн ис фарастазон ахуырад, фæлæ, цæмæй скъоладзаутæ æххæст астæуккаг ахуырад райсой, уый тыххæй та æхца фидын хъæуы.*

*Иумæйаг ахуырады структурæ у «6+3+3», ома ацы бæстæйы ис æхсæзазон райдайæн, æртæазон астæуккаг æмæ æртæазон хистæр астæуккаг скъолатæ. Райдайæн скъоламæ сывæллæттæ бацæуынц, æхсæз азы сыл куы сæххæст вæййы уæд, æмæ ам сабитæ ахуыр кæнынц фыццаг къласæй æхсæзæм къласы онг. Ацы къæпхæны ахуырадон рæстæджы фылдæр хай лæвæрд цæуы япойнаг æвзаг æмæ арифметикæйæн. Программæйы ма цы сахæттæ баззайы, уыдон та дихгонд цæуынц ахæм предметтыл, куыд æрдззонынад, æхсæнадзонынад, музыкæ, аивад æмæ физикон культурæ.*

*Кæстæр астæуккаг скъоламæ сывæллæттæ бацæуынц æнæ фæлварæнтæй, фæлæ сæ уый фæстæ цæмæй хистæр астæуккаг скъоламæ райсой, уый тыххæй раттын хъæуы цалдæр фæлварæны.*

*Райдиан (Райдайæн) æмæ кæсдæр(кæстæр) астæуыггаг (астæуккаг) скъолаты ахырдзауты (ахуырдзауты) бæрæгкæнæнтæ (бæрæггæнæнтæ) цифрæтæй* ывдыст *(æвдыст) нæ цæуынц, фæлæ сын ывæрынц (æвæрынц) дамгъæтæй бæрæгкæнæнтæ (бæрæггæнæнтæ): S бæрæгкæны (бæрæг кæны) идтæг (иттæг) хорз, A ( – ) хорз, B – рæстымбис (рæстæмбис), C – æвзæр æмæ D ( – ) тынг æвзæр.*

1-аг æмæ 2-аг фæлтæрæнты æрмæджы бындурыл саразæн ис диалог нырыккон ахуырады тыххæй; абарын алы бæстæты ахуырадон системæтæ, æрдзурын нæ бæстæйы ахуырады ногдзинæдтыл, сбæрæг кæнын ахуыргæнинæгты ахаст уыцы ногдзинæдтæм, бафæрсын, цы сæ фæнды нæ ахзуырадон системæйы аивын, уымæй.

*3-аг фæлтæрæн.* Таблицæ баххæст кæнын фæстæ саразæн ис монолог лæвæрд темæйыл.

*4-æм фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

17-æм ахуыр

*1-аг фæлтæрæн.* Дыккаг хъуыдыйад саразæн ис афтæ: *Ахуыры азы цы æртын аст къуырийы ис, уыдонæй арæзт сты æртæ триместры; сæрдыгон каникулты скъоладзаутæ сæ фæллад уадзынц æхсæз къуырийы дæргъы, Цыппурсы æмæ Куадзæны каникултæ та сты дыууæ-æртæ къуырийы.* 1-аг æмæ 2-аг хæйтты æхсæн ис домгæ бастдзинад, 2-аг æмæ 3-аг – æнæбæттæг, 3-аг æмæ 4-æм – бабæтгæ. Хъуыдыйады схемæ: (цы), [уыдонæй], ( ), та ( ). Хъуыдыйад æвзаргæйæ, рахицæн кæнын хъæуы йæ аразæг хæйттæ – хуымæтæг хъуыдыйæдтæ, сбæрæг кæнын бастдзинады хуызтæ, бастдзинады фæрæзтæ (бæттæг дзырд цы, æмбарынгæнинаг дзырд уыдон, бæттæг та); хæйтты æхсæн ахастытæ (1 – 2: æмбарынгæнæн ахастытæ, 3 – 4: ныхмæвæрды ахастытæ), стæй алы хай дæр равзарын хуымæтæг хъуыдыйады хуызæн.

Æмхуызон уæнгтæ æвзарын хъæуы æппæт хъуыдыйæдты дæр (æргом аздахын хъæуы, *дыууæ-æртæ, фынддæсæвддæсаздзыд* æмхуызон уæнгтæ кæй не сты, уымæ, стæй *Цыппурсы æмæ Куадзæны*-йы синтаксисон рольмæ – ахуыргæнинæгтæ арæх æмхæццæ кæнынц æххæстгæнæн æмæ бæрæггæнæн, гуырынон хауæны æвæрд номæй загъд куы уой, уæд; ацы хъуыдыйады лæвæрд дзырдтæ сты бæрæггæнæнтæ).

*2-аг фæлтæрæн.* æххæст кæнгæйæ, ссарын хъæуы орфограммæтæ æмæ равзарын дзырдты растфыссынад (*скъоладзаутæ* –

*ц*-йы рахызт *дз*-мæ; *астæуккаг* – дывæргонд бавæргæ *к* суффикс *аг*-ы размæ; *иугонд* – *к*-йы рахызт *г*-мæ).

*3-аг фæлтæрæн*. фыццаг скъуыддзаг (Хетæгкаты Къ. æмдзæвгæйæ) у бирæхайон вазыгджын хъуыдыйад домгæ æмæ æнæбæттæг бастдзинæдтимæ; дыккаг скъуыддзаджы (Ходы К.) ис бабæтгæ æмæ æнæбæттæг бастдзинæдтæ. Цомайты Р. Æмдзæвгæйæ скъуыддзаджы фыццаг хай у æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад, дыккаг цыппар рæнхъон – хуымæтæг хъуыдыйад æмхуызон уæнгтимæ. Хъодзаты Æ. æмдзæвгæйæ скъуыддзаг – домгæвазыгджын хъуыдыйад дыууæ уæлæмхæст хаимæ. Малиты В. Æмдзæвгæйæ скъуыддзаг: фыццаг дыууæ хъуыдыйады сты сидæнтæ (æмæ сæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ æвзарын нæ хъæуы). 3-аг хъуыдыйад – хуымæтæг. Иннæ рæнхъытæ аразынц бирæхайон вазыгджын хъуыдыйад домгæ æмæ æнæбæттæг бастдзиндтимæ.

*5-æм фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

Научно-методический журнал

**ПРОСВЕТИТЕЛЬ**
2(2014)

Технический редактор А.Ю.Цопанова
Компьютерная верстка Д.А. Джиоева
Оформление обложки Е.Н.Макарова

Подписано в печать 24.04.2014. Формат 60×84 1/8.
Усл. печ. лист 13,25. Гарнитура «Times».
Бумага офсетная. Печать цифровая. Тираж 300 экз. Заказ №79.

Издательско-Полиграфический Комплекс «Литера»
Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.
362000, г.Владикавказ, пер.Павловский, 3.